НОХЧИЙН РЕСПУБЛИКИН ДЕШАРАН А, ІИЛМАНАН А МИНИСТЕРСТВО

ПАЧХЬАЛКХАН КАЗЕННИ УЧРЕЖДЕНИ

«НОХЧИЙН МЕТТАН ИНСТИТУТ»

**Ас дІалур йу ПКЭ!**

# НОХЧИЙН МОТТ

## ПАЧХЬАЛКХАН КОЬРТАЧУ ЭКЗАМЕННА КЕЧАМБАР

# 9

**Соьлжа-ГІала**
**2022 шо**

**Авторш:**
Абдуразаков Ш.И., Дудаев С.А.-Х., Дашаева Л.Х., Тутаева С.Л., Хунарикова П.А.
**Верстка:**

ПКЭ-2022. Нохчийн мотт. 9 класс. Пачхьалкхан коьртачу экзаменна кечам бар: дешаран-методически гIо-Iамат. Соьлжа-ГIала. 2022 – 192 агIо.

ГIо-Iаматана йукъайогIу: жоьпийн бланкаш, бланкаш кхочушйаран инструкци, хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбечу йозанан белхан кеп, тексташ-масалш, сочинени-ойлайар йазйаран методически хьехамаш, сочиненеш-масалш, сочинени-ойлайар йазйан пайдаэца коьчал, талламан-лараран коьчалийн варианташ (ТЛК), экзаменационни белхан мах хадоран къепе (критереш), жима лингвистически дошам, ТЛК-н жоьпаш.

ГIо-Iамат лерина йу нохчийн меттан хьехархошна а, 9-чу классийн дешархошна а пачхьалкхан коьртачу экзаменна (ПКЭ) кечам беш методически гIо-накъосталла дан Iалашонца.

## ЧУЛАЦАМ


**1. Дӏадолор .......................................................................................... .. 4**

**2. Дешархой нохчийн меттан пачхьалкхан коьрта экзамен дӏайахьа кийча хиларан тӏегӏанан лехамийн а, чулацаман элементийн а кодификатор**

**3. Нохчийн меттан пачхьалкхан коьрта экзамен дӏайахьа лерина йолу таллама-лараран коьчалийн спецификаци**

**4. Экзаменационни белхан жоьпийн бланкаш ..........................................................5-6**

**5. Нохчийн меттан экзаменан декъашхочо жоьпийн бланкаш кхочушйаран инструкци .......................................................................................................7-8**

**6. Талламан-лараран коьчалш тӀехь болх бар ...................................... 9-28**

Экзаменационни белхан 1 дакъа кхочушдар

Жима йозанан болх кхочушбаран методически хьехамаш

Жима йозанан болх кхочушбан лерина teксташ

Экзаменационни белхан 2 дакъа кхочушдар

Экзаменационни белхан 2 дакъа кхочушдаран алгоритм

2-чу декъан тӏедахкарш кхочушдаран ойлайаран кеп

Экзаменационни белхан 3 дакъа кхочушдар

Сочинени-ойлайар йазйаран методически хьехамаш

Сочиненеш-масалш

9.3 тӀедилларехь пайдаэца лерина коьчал

**7. Талламан-лараран коьчалш (№ 1–30) ......................................................... 29-178**

**8. Нохчийн меттан экзаменационни белхан мах хадоран къепе (система) ........................................................................................... 179-186**

**9. Жима лингвистически дошам ........................................................... 187-188**

**10. Талламан-лараран коьчалийн хьалхарчу декъан тӀедахкарийн жоьпаш ........................................................................................................ 189-190**

**11. Талламан-лараран коьчалийн шолгӀачу декъан тӀедахкарийн жоьпаш ................................................................. .......................................... 191**

**12. Пайдаэцна литература ........................................................... ................. 192**

# ДIадолор

Муьлххачу а адаман дахарехь мехала гIирс лору ненан мотт. ТIаьххьарчу шерашкахь пачхьалкхан тIегIанехь къаьсттина тIе тидам бахийтина и Iамо безарна, дешархой шайн къоман гIиллакх-оьздангаллин буха тIехь, кхидолчу къаьмнашка лерам болуш кхиорехь и коьрта чIагIо лараpна, дешархой личносташ санна кхиорехь цо мехала меттиг дIалоцуш хиларна.

Цунна тоьшалла ду Россин Федерацин дешаран декъехь долчу законехь бина хийцамаш (№317-ФЗ от 3 августа 2018 г. «О внесении изменений в статьи 11 и 14 федерального закона "Об образовании в Российской Федерации"»), Федеральни пачхьалкхан дешаран стандартийн чулацамехь ненан мотт Iамор тIедиллар, «Россин Федерацин къаьмнийн ненан меттанаш хьехаран Концепци» тIечIагIийар, и.д кх.

Оцу дерригено а гIо-накъосталла до, ненан меттан декъехь вайн куьйгалхочун Р.А.Кадыровн пурбанца лаккхарчу тIегIанехь вайн махкахь кхочушдийриг эвсаралле дерзо, тIекхуьу чкъор нохчийн маттаца уьйр йолуш, шен махках, халкъах дог лозуш, вайн дайн оьздачу масалшца кхио.

Ткъа иштта кхин цхьа мехала сацам бу – арахецархошна, шайн лаамехь ненан мотт, ненан меттан литература предметаш экзаменаш луш, пачхьалкхан жамIадаран аттестацин гурашкахь харжа бакъо йалар. Ненан меттан пачхьалкхан жамIадаран аттестацин тайп-тайпана кепаш хила тарло, уьш харжар хIора регионан лаамехь дитина ду.

9-чу классашкахь нохчийн меттан пачхьалкхан жамIадаран аттестаци (кхидIа – ПКЭ) оьрсийн меттан ОГЭ кепехь дIайахьа аьтто кхоьллина вайн республикехь.

ПКЭ (пачхьалкхан коьрта экзамен) – 9-чу классашкахь пачхьалкхан жамIдаран аттестацин коьрта кеп.

ХIара болх вовшахтоьхна Нохчийн Республикин дешаран а, Iилманан а Министерствос тIечIагIийнчу спецификацица цхьаьнабогIуш.

ХIокху гIо-Iаматах, жамIдаран аттестацина кечам беш, пайдаэца таро хир йу хьехархойн. Иштта – дешархойн а, шаьш экзаменна кечам беш.

ХIокху балха йукъайогIу: жоьпийн бланкаш, бланкаш кхочушйаран инструкци, хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбечу йозанан белхан кеп, жима йозанан болх кхочушбан лерина teксташ, сочиненеш-масалш, сочинени-ойлайар йазйан пайдаэца лерина коьчал, талламан-ларaран коьчалийн (ТЛК) варианташ (контрольно-измерительные материалы – КИМ), экзаменационни белхан мах хадоран къепе (критереш), ТЛК-н жоьпаш.

Цул сов, гIо-Iаматехь гайтина экзаменационни белхан 1 дакъа (хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбен жима йозанан болх), 3 дакъа (сочинени-ойлайар) кхочушдаран алгоритмаш.

Иштта йукъайалийна Арсанукаевн I.М. «Нохчийн литературин Iилманан терминийн лугIатан» а, Халидовн А.И. «Нохчийн меттаIилманан терминийн лугIатан» а коьчалех пайдаоьцуш хIоттийна жима лингвистически дошам.

Болх кхочушбаран инструкци массо а вариантехь цхьаъ йу. Иза ТЛК-н №1 йолчу вариантехь гайтина.

ХIара болх авторша вовшахтоьхна хьехархойн а, дешархойн а пачхьалкхан жамIдаран аттестацина кечамбаран эвсаралла ма-хуьллу лакхайаккхаран Iалашонца.

4

Нохчийн Республикин дешаран а,
Іилманан а Министерствон
2020-чу шеран _________ беттан
__-чу дийнан № ___омрина йуххедиллар

**Йийцаре йина**
Нохчийн меттан
институтан директор
_________________ Овхадов Р.М.
202__-чу шеран ________ беттан ___ де.

**ТІечІагІйо**
Нохчийн Республикин дешаран а,
Іилманан а министр
________________ Дааев Б.Х-Б.
202__-чу шеран ________ беттан ___ де.

# Пачхьалкхан коьртачу экзаменан (ПКЭ) кепехь коьртачу йукъарчу дешаран Іаморан программашца дІахьош йолу пачхьалкхан жамІдаран аттестаци

# Дешархой НОХЧИЙН МЕТТАН пачхьалкхан коьрта экзамен дІайахьа кийча хиларан тІегІанан лехамийн а, чулацаман элементийн а кодификатор

Кечйина нохчийн меттан институтан дешаран-методикин кхачойаран Центро

**Дешархой НОХЧИЙН МЕТТАН пачхьалкхан коьрта экзамен дІайахьа кийча хиларан тІегІанан лехамийн а, чулацаман элементийн а кодификатор**

Нохчийн меттан пачхьалкхан коьрта экзамен дІайахьарехь коьртачу йукъардешаран коьрта дешаран программа Іаморан жамІаш толлучу лехамийн а, чулацаман элементийн а кодификатор талламан-дараран коьчалийн (кхин дІа – ТЛК) чулацам а, дІахІоттам а билгалбечу документех цхьаъ йу. Кодификатор – иза коьртачу йукъардешаран коьрта дешаран программа Іаморан жамІаш толлучу лехамийн а, толлучу чулацаман элементийн а системе балийна ларам (перечень) бу, шена чохь хІора декъана билгалйина код а йолуш.

Кодификаторо гойту коьртачу йукъардешаран Федеральни пачхьалкхан дешаран стандарт (приказ Минобрнауки России от 17.12.2010 № 1897; «О внесении изменений в федеральный государственный образовательный стандарт основного общего образования», утвержденный приказом Минобрнауки России от 17.12.2010 № 1897 (приказ Минобрнауки России от 31.12.2015) нохчийн меттан коьртачу йукъардешаран пачхьалкхан стандартан федеральни компонентаца цхьаьнадар (приказ Минобразования России от 05.03.2004 № 1089 «Об утверждении Федерального компонента

государственных образовательных стандартов начального общего основного общего и среднего (полного) общего образования»

Кодификатор шина декъах лаьттна: 1-ра дакъа. «НОХЧИЙН

МЕТТАН коьрта йукъардешаран программаш карайерзийна дешархой кийча хиларан тӀегӀан лехамийн ларам (перечень)»;

– 2-гӀа дакъа. «НОХЧИЙН МЕТТАН пачхьалкхан коьрта экзаменехь толлучу чулацаман элементийн ларам (перечень)».

Кодификаторна йукъа ца балийна экзаменехь талла йиш йоцу кийча хиларан тӀегӀан лехамаш.

**1-ра дакъа. НОХЧИЙН МЕТТАН коьрта йукъардешаран программаш карайерзийна дешархой кийча хиларан тӀегӀанан лехамийн ларам**

ХӀокху декъехь гайтина арахецархой ПКЭ-на (ОГЭ) кийча хиларан тӀегӀанан лехамийн ларам.

| **Толлучу лехаман код** | | **Экзаменационни белхан тӀедахкарша толлучу коьрта йукъардешаран программа карайерзоран жамӀийн лехамаш** | |
|---|---|---|---|
| | | **Коьртачу йукъарчу дешаран пачхьалкхан стандартан федеральни компонент** | **Коьртачу йукъарчу дешаран федеральни пачхьалкхан дешаран стандарт** |
| **1** | | ***Анализан тайп-тайпана кепаш*** | |
| | 1.1 | Меттан дакъош довзар, церан анализ йаран тайп-тайпана кепаш | ***Къамелан гӀуллакхдаран некъаш кхиор (ладогӀар, йешар, йоза):*** хьалха хӀоттийнчу Ӏалашоне а, уьйр лелоре а хьаьжжина, тайп-тайпанчу текстан аларш кхолла хаар (хӀоттийнчу хаттарна тӀечӀагӀдаран жоп, изложени, сочинени, аннотаци, план, и.д.кх.); барта а, йозанан а коьрта башхаллаш билгалйахар |
| | 1.2 | Текстан тема а, коьрта маьӀна а, текстан йа цуьнан декъан маьӀнин тайпа къастор | |
| | 1.3 | Къамелан мотт, Ӏилманан стиль, гӀуллакхан стиль, публицистически стиль, исбаьхьаллин литературин мотт къасто хаар | |
| **2** | | ***Аудировани а, йешар а*** | |
| | 2.1 | Барта а, йозанан а хааман информацих (Ӏалашонах, коьртачу а, тӀетоьхначу а темех, гуш йолчу а, къайлахчу а информацих) нийса кхетар | ***Къамелан гӀуллакхдаран некъаш кхиор (ладогӀар, йешар, йоза):*** нохчийн маттахь йешаран хаарш кхиор (Ӏаморан, довзаран, хьажаран), йешначу коьчалан чулацам тобар, ткъа иштта, текстан коьрта ойла а, кхетамаш а схьакъасто хаар; тӀечӀагӀдаран гӀирсийн мах хадор; ладогӀаран тайп-тайпана некъаш карадерзор (кхоччуш кхетарца а, коьртачу чулацамах кхетарца а оьшу хаамаш схьахаржа хаарца); йозанан а, барта а къамелан аларийн мах хадо хаар; коммуникативни цанисделлачун коьрта бахьанех кхетар а, царах кхето хаар а; нийса а, шен метта а дош далош, шен а, кхечун а къамелан мах хадор. **Дешнийн бараман хьал кхиор; къамелдаран кепе а,** |
| | 2.2 | Тайп-тайпанчу стилийн, жанрийн тексташ йешар | |
| | 2.3 | Йешаран тайп-тайпана кепаш хаар (Ӏаморан, йовзаран, хьажаран) | |
| | 2.4 | Тайп-тайпанчу хаарийн хьостанашкара информаци схьахаржар | |
| | 2.5 | Лингвистически дошамех, литературех паргӀат пайдаэца хаар | |

Нохчийн мотт.  9 класс

**2-гӀа дакъа. НОХЧИЙН МЕТТАН пачхьалкхан коьртачу экзаменехь толлучу чулацаман элементийн ларам**

Нохчийн меттан пачхьалкхан коьртачу экзаменехь толлучу чулацаман элементийн ларам хӀоттийна 2004-чу шеран коьртачу йукъарчу дешаран пачхьалкхан стандартан компонентан буха тӀехь.

Стоммачу курсиваца гайтина чулацаман дакккхий дакъош (блокаш), лахахь уьш мелла а кегийчу дакъошка декъна. Цу кодификаторан хӀора декъо гойту дешаран чулацаман алсамдаьkkхина дидактически дакъа (единица), шеца масех тематически дакъа (единица) хила йиш йолу. ШолгӀачу бӀогӀамалгехь гойту шена ТЛК-н (КИМ) тӀедахкарш кхуллуш болчу чулацаман элементан код.

| екъан код | Толлучу элемен тан код | Экзаменационни белхан тӀедахкарша толлучу чулацаман элементаш | |
|---|---|---|---|
| | | **Коьртачу йукъарчу дешаран пачхьалкхан стандартан федеральни компонент** | **Коьртачу йукъарчу дешаран федеральни пачхьалкхан дешаран стандарт** |
| | | ***Фонетика*** | |
| | 1.1 | Аьзнаш а, элпаш а | **Дешан тайп-тайпана анализ йаран а (фонетически, морфемни, дошкхолладаларан, лексически, морфологически), предложенин синтаксически анализ йаран а хаарш кхоллар:** дешан аьзнийн хӀоттам билгалбаккхар, дакъошка нийса декъар, дешан аьзнийн характеристика;  дешан фонетически, морфемни, дошкхолладаларан, лексически, морфологически анализ йар |
| | 1.2 | Дешан фонетически анализ | |
| | | ***Лексика а, фразеологи а*** | |
| | 2.1<br>2.2 | Дешан лексически маьӀна.<br>Синонимаш. Омонимаш. Антонимаш | **Дешан тайп-тайпана анализ йаран а (фонетически, морфемни, дошкхолладаларан, лексически, морфологически), предложенин синтаксически анализ йаран а хаарш кхоллар:** дешан а, масех маьӀна долчу дешан а, стилистически башхалла йолчу дешан а лексически маьӀна а, царах пайдаоьцу меттиг а билгалйаккхар; синонимаш, антонимаш йалор; дешан фонетически, морфемни, дошкхолладаларан, лексически, морфологически анализ йар |
| | 2.3 | Фразеологически карчамаш | |
| | 2.4 | Схьадовларца а, пайдаэцарца а декъалучу дешнийн тобанаш | |
| | 2.5 | Лексически анализ | |

| |
|---|
| 3.1 |
| 3.2 |
| 3.3 |
| 3.4 |
| 4.1 |
| 4.2 |
| 4.3 |
| 5.1 |
| 5.2 |
| 5.3 |
| 5.4 |
| 5.5 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | 5.6 | Йуьззина а, йуьззина йоцу а предложенеш | довзар; предложенин грамматически лард билгалйаккхар; чолхе предложени йовзар |
| | 5.7 | Чолхейаьлла цхьалхе предложени | |
| | 5.8 | Чолхе предложени | |
| | 5.9 | Хуттургаш йоцу чолхе предложенеш. Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенера цхьалхечу предложенийн маьІнаш | |
| | 5.10 | Ийна чолхе предложенеш | |
| | 5.11 | Ма-дарра къамел лач къамеле дерзор | |
| | 5.12 | Цхьалхечу предложенин синтаксически таллам | |
| | 5.13 | Чолхечу предложенин синтаксически анализ | |
| | 5.14 | Синтаксически анализ (жамІ дар) | |
| | | ***Орфографи*** | |
| | 6.1 | Орфограмма | **Литературни меттан коьрта норманаш а (лексически, грамматически, орфографически, пунктуационни, стилистически), къамелан оьздангаллин норманаш а карайерзор;** барта а, йозанан а белхаш кхуллуш, къамелехь меттан норманех пайдаэца хаар; дош нийсайаздаран бакъонех пайдаэцар; гІуллакхан къамелан дакъош нийсайаздаран бакъонаш карайерзор а, царах йозанехь пайдаэца хаар а; дош нийса сехьадаккха хаар; цІердешнийн, билгалдешнийн, цІерметдешнийн, терахьдешнийн, хандешнийн кепаш бакъонашца хийцар. **Дешаран а, ша-шен дешаран а процессехь личностан интеллектуальни а, кхоллараллин а хьуьнарш кхиарехь матто лоцучу декъах кхетар:** барта а, йозанан а къамелехь меттан коьрта норманаш ларйар |
| | 6.2 | Дешнийн чаккхенгахь шала мукъаза элпаш йаздар | |
| | 6.3 | Дешнийн орамехь шала мукъаза элпаш йаздар | |
| | 6.4 | Шала шалха элпаш нийсайаздар | |
| | 6.5 | Мукъачу элпийн Е, Ё, Ю, ЮЬ, Я, ЯЬ нийсайаздар | |
| | 6.6 | Дешхьалхенийн нийсайазйар | |
| | 6.7 | Дешнийн орамаш вовшахккхетарца чолхе дешнаш кхолладалар а, нийсайаздар а | |
| | 6.8 | Дешхьалхенийн, дештІаьхьенийн нийсайазйар | |
| | 6.9 | Дожарийн чаккхенаш нийсайазйар | |
| | 6.10 | Хандешнийн чаккхенаш нийсайазйар | |
| | 6.11 | Дацаран дакъалгаш ЦА, МА нийсайаздар | |
| | 6.12 | Дацаран цІерметдешнийн нийсайаздар | |
| | 6.13 | Куцдешнийн нийсайаздар | |
| | 6.14 | Къамелан дакъош цхьаьна а, къаьстина а, дефисца а йаздар | |
| | 6.15 | Орфографически анализ | |
| | | ***Пунктуаци*** | |
| | 7.1 | Подлежащиний, сказуеминий йуккъехь сацаран хьаьркаш | **Литературни меттан коьрта норманаш а (лексически, грамматически, орфографически, пунктуационни, стилистически), къамелан оьздангаллин норманаш а карайерзор;** диалогехь, цитированехь, ма-дарра къамелехь, чолхе, цхьалхе предложенешкахь, предложенин чаккхенехь сацаран хьаьркаш хІиттОран бакъонех пайдаэцар |
| | 7.2 | Чолхейаьллачу цхьалхечу предложенехь сацаран хьаьркаш | |
| | 7.3 | Шакъаьстинчу къастамашца сацаран хьаьркаш | |
| | 7.4 | Шакъаьстинчу латтамашца сацаран хьаьркаш | |
| | 7.5 | Дустаран карчамашца сацаран хьаьркаш | |
| | 7.6 | Латтаман дурсашца сацаран хьаьркаш | |

| | |
|---|---|
| | 7.7 |
| | 7.8 |
| | 7.9 |
| | 7.10 |
| | 7.11 |
| | 7.12 |
| | 7.13 |
| | 7.14 |
| | 7.15 |
| | 7.16 |
| | 7.17 |
| | 7.18 |
| | 7.19 |
| | |
| | 8.1 |
| | 8.2 |
| | 8.3 |
| | 8.4 |
| | 8.5 |
| | 8.6 |
| | |
| | 9.1 |
| | 9.2 |
| | 9.3 |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | | | хlитторехь а грамматически норманаш ларйар |
| | | ***Нохчийн меттан къамелан суртхlоттор*** | **Нохчийн меттан коммуникативни-эстетически таронех пайдаэцар:** |
| | 10.1 | Суртхlотторан гlирсийн анализ | къамелехь синтаксисан, лексикин, фонетикин суртхlотторан гlирсийн коьрта тайпанаш довзар а, церан характеристика а (эпитет, метафора, гипербола, олицетворени, дустар, дустаран карчам, фразеологизм, синонимаш, антонимаш, омонимаш); къамелехь оьшучохь фразеологически карчамех пайдаэцар; синхаамаш гайтарехь айдардешнаш нийса йукъадалор |

Нохчийн Республикин дешаран а,
Іилманан а Министерствон
202__-чу шеран ________ беттан
___-чу дийнан № ___омрина йуххедиллар

**Йийцаре йина**
Нохчийн меттан
институтан директор
_________________ Овхадов Р.М.
202__-чу шеран ________ беттан ___ де.

**ТІечІагІйо**
Нохчийн Республикин дешаран а,
Іилманан а министр
________________ Дааев Б.Х-Б.
202__-чу шеран ________ беттан ___ де.

# Пачхьалкхан коьртачу экзаменан (ПКЭ) кепехь коьртачу йукъарчу дешаран Іаморан программашца дІахьош йолу пачхьалкхан жамІдаран аттестаци

## 2023 шарахь НОХЧИЙН МЕТТАН коьрта пачхьалкхан экзамен дІайахьа лерина йолу талламан лараран коьчалийн спецификаци

Кечйина нохчийн меттан институтан дешаран-методикин кхачойаран Центро

**2023 шарахь НОХЧИЙН МЕТТАН пачхьалкхан коьрта экзамен дІайахь**

## а лерина йолу талламан-лараран коьчалийн спецификаци

### 1. ПКЭ-на леринчу талламан-лараран коьчалийн лехам

ПКЭ (ОГЭ) – иза федеральни пачхьалкхан дешаран стандартан лехамашца цхьаьнайогIуш йолчу коьртачу йукъардешаран программашца дешархоша карадерзийначу жамIийн цхьаьнадар билгалдаккхаран Iалашонца дIахьош йолчу пачхьалкхан жамIдаран аттестацин кеп йу.

Билгалйаьхначу Iалашонашка кхачархьама, пайдаоьцу стандартизированни кепехь йолчу тIедахкарийн комплексех лаьттачу талламан-лараран коьчалех (ТЛК) 29.12.2012 №273-ФЗ «Российски Федерацин дешаран хьокъехь» йолчу федеральни бакъонца а, 07.11.20l8 №189/1513 Россин Минпросвещенис а, Рособрнадзора а омрица тIечIагIдинчу коьртачу йукъардешаран программашца пачхьалкхан жамIдаран аттестаци дIайахьаран низамца а цхьаьнайогIуш дIахьо ПКЭ.

### 2. ТЛК-н чулацам билгалбен документаш

ТЛК-н чулацам билгалболу коьртачу йукъардешаран федеральни пачхьалкхан дешаран стандартан а (приказ Минобрнауки России от 17.12.2010 № 1897), иштта, коьртачу йукъардешаран герггара программа тидаме а оьцуш (одобрена решением Федерального учебно-методического объединения по общему образованию (протокол от 08.04.2015 № 1/15), коьртачу йукъардешаран «федеральни пачхьалкхан дешаран стандартехь биначу хийцамийн хьокъехь» документан а буха тIехь (приказ Минобрнауки России от 31.12.2015).

ТЛК хIоттийна, толлучу чулацаман хьалха-тIаьхьалла нохчийн меттан коьртачу йукъардешаран пачхьалкхан стандартан федеральни компонентаца цхьаьнайар тидаме а оьцуш (приказ Минобразования России от 05.03.2004 № l089 «Об утверждении Федерального компонента государственных образовательных стандартов начального общего, основного общего и среднего (полного) общего образования»).

### 3. ТЛК-н дIахIоттам кхолларан а, чулацам харжаран а некъаш

Экзаменационни балхо толлу дешархойн лингвистически компетенци (маттах а, къамелах а долу хаарш; шайн балха тIехь лингвистически хаарех пайдаэца хаар, иштта довзийтаран, классификацин, жамIдаран дешаран меттан хаарш а, карадирзинарш а). Меттан норманаш (лексически, грамматически, стилистически, нийсайаздаран, пунктуационни) ларйарца доьзна долчу хаарша а, карадирзинчара а гойту дешархойн меттан компетенцин барам. Къамелан белхан продуктивни а, рецептивни а карадирзинарш дешархошна хааран барамехь толлу белхан коммуникативни компетенци.

Коьртачу ишколехь дешар чекхдоккхуш, экзамен лучеран кечамбаран барам а, нохчийн маттана кечамбаран барамехь болу пачхьалкхан лехамаш а цхьаьнабогIуш хиларан мах хадо таро ло экзаменехь делла тIедахкарш кхочушдаро. Цо таро хуьлуьйту лакхарчу классашкахь дешар кхиамца дIадахьа.

ПКЭ-н экзаменационни болх вариативность ларйеш хIоттийна: экзамен лучунна бакъо ло сочиненин кхаа вариантех цхьаъ харжа.

Къаьстинчу тIедахкарийн а, берриге экзаменационни белхан а мах хадоран къепе (система) кхоьллина нохчийн мотт хьехаран ламасташ а, педагогически дустарийн белхан а, теорин а лехамаш ларбеш.

-радакъа (l-ратIедилар) – ладоьгIначу текстан бухатIехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбе



### 4. ТЛК-н чулацаман а, дIахIоттаман а характеристика

ТЛК-н хIора вариант кхаа декъах а лаьтта, шайн кепаца а, чолхаллин барамца а къаьсташ долу 9 тIедиллар йукъа а лоцу.

н жима йозанан болх.

2-гIа дакъа (2-8 тIедахкарш) – доцца жоп даларан тIедахкарш.

Экзаменационни балха тIехь хьалха хIиттийна хIокху тайпана доцца жоп даларан тIедахкарш:

– ша вовшахтоьхна доцца жоп дIайаздаран тIедиллар;

– хьалха хIиттийнчу жоьпашна йукъара нийса долу цхьаъ схьакъасто а, дIайаздан а хаар.

3-гIа дакъа (9-гIа альтернативни тIедиллар) – йешначу текстан буха тIехь, йалийнчу клишех пайда а оьцуш, шена хетарг схьаала хаар толлуш долу даьржинчу жоьпаца йиллинчу кепехь тIедиллар (сочинени).

ТIедахкарш экзаменационни белхан дакъошка декъар гайтина 1-чу таблицехь.

Тlедахкарш белхан дакъошца декъар

*1-ра таблица.*

| Белхан дакъош | ТIедахкарийн барам | Лаккхара йуьхьанцара балл | ТIедахкарийн тайпанаш |
|---|---|---|---|
| 1-ра дакъа | 1 (1-ра тIедиллар) | 5 | Даьржинчу жоьпаца тIедиллар |
| 2-гIа дакъа | 7 (2-8 тIедахкарш) | 7 | Доццачу жоьпаца тIедиллар |
| 3-гIа дакъа | 1 (9-гIа тIедиллар) | 9 | Даьржинчу жоьпаца тIедиллар |
| 1, 3-гIий дакъош | | Къамел ма-дарра а, нийса а дIайаздан хаарна – 10 балл | |
| Дерриг а | 9 | 31 | |

«Нохчийн мотт» дешаран предмет Iаморан предметни жамIийн тайп-тайпанчу дакъошна таллам барна лерина тIедахкарш декъар гайтина 2-чу таблицехь.

*2-гlа таблица.*

Тlедахкарш lаморан предметни жамlаш толлучу блокашка декъар

| lаморан предметни жамlийн блокаш (ФГОС цхьаьнайогIуш) | ТIедахкарийн барам | Лаккхара йуьхьанцара балл | Берриге а белхан лаккхарчу йуьхьанцарчу баллах (3l балл) чулацаман хIора декъан тIедах-карийн лаккхарчу йуьхьанцарчу баллан процент |
|---|---|---|---|
| Къамелан гIуллакхдаран некъаш кхиор (ладогIар, йешар, йоза) | 2 | 14 | 45 |
| Дешан тайп-тайпана анализ йаран а (фонетически, морфемни, дошкхолладаларан, лексически, морфологически), предложенин синтаксически анализ йаран а хаарш кхоллар | 7 | 7 | 23 |
| Маттах долчу Iилманийн хаарийн систематизаци; меттан дакъойн а, тIегIанийн а дозуш хиларх кхеташ хилар; лингвистикин йуьхьанцара кхетамаш караберзор | Дакъош 1,3 | | |
| Дешнийн бараман хьал кхиор; къамел даран кепе а, хьоле а | Дакъош 1,3 | | |

йн мотт» предметан коьртачу чулацаме дакъошка декъар 3-чу таблицехь гайтина.

*3-гIа таблица*

Тlедахкарш «Нохчийн мотт» предметан коьртачу чулацаме дакъошка декъар

| Чулацаме дакъош | ТIедахкарийн барам | Лаккхара йуьхьан цара балл | Берриге а белхан лаккхарчу йуьхьанцарчу баллах (31 балл) чулацаман хIора декъан тIедахкарийн лаккхарчу йуьхьанцарчу баллан процент |
|---|---|---|---|
| Къамел. ЛадогIар. Барта къамелах нийса кхетар. Йозанца чулацам схьабийцар (ладоьгIначу текстан буха тIехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш далар) | 1 | 5 | 16 |
| Синтаксис | 2 | 2 | 7 |
| Пунктуаци | 1 | 1 | 3 |
| Орфографи | 1 | 1 | 3 |
| Къамел. Дешар. Йозанан къамелах нийса кхетар | 1 | 1 | 3 |
| Нохчийн меттан къамелан суртхIоттор | 1 | 1 | 3 |
| Лексика | 1 | 1 | 3 |
| Къамел. Йоза. ТIедилларе хьаьжжина, шен чулацамца а, маьIница а йогIу текст хIоттор | 1 | 9 | 29 |
| Къамел ма-дарра а, нийса а дIайаздар | 1,3 дакъош (дерриш а) | 10 | 33 |
| Дерриг а | 9 | 31 | 100 |

Нохчийн меттан ПКЭ-н экзаменационни кепан тIедахкарш тайп-тайпана ду, шен меттан коьчалшка хьаьжжина (хьажа 4-чу таблице).

Экзамен лучо болх бо текстан чулацаман меттан хиламашца; хаттаршна жоьпаш даларца жима йозанан болх кхочушбо, шен йозанан монологически дIаалар кхуллу.

*4-гIа таблица.*

Тlедахкарш меттан коьчалца болчу белхан тайпанашка декъар

| Меттан коьчалца болчу белхан тайпанаш | Тlедах карийн барам | Лаккхара йуьхьанцара балл | Берриг а белхан лаккхарчу йуьхьанцарчу баллах (31 балл) процентах меттан коьчалца болчу белхан тайпанийн кхочушдинчу тIедахкарийн лаккхарчу йуьхьанцарчу баллан процент |
|---|---|---|---|
| Хаттаршна жоьпаш даларца жима йозанан болх кхочушбар | l | 5 | l6 |
| Текстаца болх: текстан чулацаман меттан хиламашца болх бар (текстан меттан анализ) | 7 | 7 | 22 |
| Сочинени йазйар | 1 | 9 | 29 |
| Практически нийсайаздар | | l0 (йазйинчу сочиненин, хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбинчу йозанан белхан буха тIехь) | 33 |

Дерри

6. ТЛК-нтIедахкарш шайн чолхаллин барамашца декъар Экзамен

ационни белхан дерриге тIедахкарш йуьхьанцарчу чолхаллин барамехь ду.

### 7. Нохчийн меттан ПКЭ дIайахьаран хан

Экзаменационни болх кхочушбарна лерина йу 235 минот.

### 8. ГIоьнна лерина коьчалш

Экзамен лучарна бакъо ло нийсайаздаран (орфографически) дошамах пайдаэца.

### 9. Къаьстина тIедахкарш а, берриге экзаменационни болх а кхочушбаран мах хадоран къепе (*система*)

Белхан **1-чу декъан** тIедилларан (хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбинчу йозанан белхан) жоьпан мах хадабо леррина хIоттийнчу критерешца. Хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбинчу йозанан балхана лерина лаккхара балл – **5**.

Белхан **2-чу декъан** хIора тIедиллар нийса кхочушдарна арахецархочунна 1 балл ло. Жоп нийса цадаларна йа жоп делла цахиларна ноль балл хIоттайо. Экзамен лучунна белхан 2-чу декъан тIедахкарш нийса кхочушдарна хIитточу баллийн лаккхара барам – **7**.

Белхан **3-чу декъан** тIедилларан жоьпан мах хадабо леррина хIиттийнчу критерешца.

Сочиненина-ойлайарна (альтернативни тIедилларна) лерина лаккхара балл – **9**.

Экзамен лучун йозанан къамел ма-дарра а, нийса а дIайаздаран мах хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбина йозанан болх, сочинени талларан буха тIехь цхьаьна **10** баллаца хадабо.

Нохчийн меттан экзамен лучо берриге а экзаменационни болх кхочушбарна хIитточу **баллийн лаккхара барам – 31.**

Экзаменационни белхаш шина эксперто толлу. Эксперташа экзаменационни белхан хIора тIедилларна йогIуш йолу балл хIоттайо. Нагахь санна цу шина эксперто хIиттийна баллаш цхьаьнайогIуш ца хилахь, и болх кхоалгIачу эксперто толлу. Дешаран предметаца йогIуш йолчу мах хадоран критерешкахь билгалдина ду баллийн цхьаьнацадар.

Предметни комиссин председатело кхоалгIа талламхо (эксперт) хIоттаво хьалха и белхаш толлуш цахиллачарах.

Хьалха теллинчу белхийн мах хадоран баллийн информаци кхоалгIачу талламхочуьнга (эксперте) дIало.

КхоалгIачу талламхочо (эксперто) хIиттийна баллаш тIаьххьара йу.

Ладам боллуш лору шина талламхочо 1-чунна тIера 9-чунна тIекхаччалц долу тIедахкарш кхочушдарехь хIиттийнчу баллийн барам 10 а, цул сов а цхьаьнацабар нислахь (хIора эксперто тIедахкарийн мах хадоран массо позицешца (критерешца) хIиттийна баллаш вовшахтуху: ХЖК1 ХЖК3, С1К1– С1К4, С2К1– С2К4, С3К1– С3К4, ГК1–ГК4, ФК1).

*И тайпа хьал нислахь, кхоалгIачу талламхочо (эксперто) мах хадоран йерриг а позицешца 1,9-гIий тIедахкаршна йуха а таллам бо.*

Белхан дерриге а тIедахкаршна хIиттийнчу баллийн буха тIехь йукъара балл йагар а йой,
**5** баллан тIегIанца мах хадабо.

### 10. Экзамен дIайахьаран хьелаш (*говзанчашка лехамаш*)

Нохчийн меттан экзамен йолчу аудитори чу нохчийн меттан говзанчаш-филологаш ца Хуьту. Экзаменехь вовшахтохархо (организатор) хила веза нохчийн мотт хьоьхуш воцу хьехархо. Экзамена дIайахьаран йукъара инструкци хиларо таро хуьлуьйту, предметан говзанчаш йукъа ца озош, цхьатерра хьелаш лардан.

КхидIа даладо экзамен дIайахьаран магийна низам.

Экзаменационни коьчал чохь йолу пакет каракхаьчначул тIаьхьа экзамен лучара дерриг кехаташца бланкаш, шайх болу хаамаш тIейазбой, охьадохку, оьшучу низамехь белхан меттехь.

Цкъа хьалха экзамен лучара ладугIу йуьхьанцарчу тексте. Тексте ладугIучу хенахь экзамен лучеран

бакъо чернов ехь цхьацц йозана ш дан. Шозла а йешна чул аьхьа хаттар шна жоьпа даларц йозана н болх кхочу шбо экзаме лучара Тексте ладу у, аудиоз аписах пайда оьцуш. *5-гIа таб лиц а.* Култур мен жра паш дала рца йоза ран

болх дIабахьаран кеп

| № | Организаторан болх | Экзамен лучеран болх | Герггарчу хьесапан хан |
|---|---|---|---|
| 1 | Дуьххьара аудиозапись хIоттор | Йуьхьанцарчу тексте ладогIар. Тексте ладугIучу хенахь черновик тIехь цхьацца йозанаш дар | 3-4 минот |
| 2 | Текстан ойлайан хан йалар | Черновикашца болх бар | 5-6 минот |
| 3 | Аудиозапись шолгIа хIоттор | Йуьхьанцарчу тексте ладогIар | 3-4 минот |
| 4 | Запись дIайаккхар. Болх йазбан болабан безарх а, дошам лело бакъо хиларх а хаам бар | | |
| 5 | | Йозанан болх кхочушбар | |

Цул тIаьхьа экзамен лучара кхочушдо экзаменационни белхан 2-чу а, 3-чу а дакъойн тIедахкарш.

Белхан дерриге дакъош тIехь болх бечу хенахь экзамен лучеран бакъо йу нийсайаздаран (орфографически) дошамах пайдаэца.

## 11. 2022-чу шеран ТЛК-хь хиллачуьнца дуьстича, 2023 шарахь хийцамаш бац.

### 2023 шеран 9-чу классан дешархойн нохчийн меттан ПКЭ-н ТЛК-н вариантан жамIдаран хьесап

*6-гIа таблица.*

Экзаменационни белхан дерриге тIедахкарш йуьхьанцарчу чолхаллин барамехь ду

| № | Толлучу чулацаман дакъош | Толлучу чулацаман дакъойн код | Толлучу хаарийн код | Кхочушдинчу тIедилларан лаккхара балл | ТIедиллар кхочушдан герггарчу хьесапехь йелла хан (минот) |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | **Дешан тайп-тайпана анализ йаран а (фонетически, морфемни, дошкхолладаларан, лексически, морфологически), предложенин синтаксически анализ йаран а хаарш кхоллар:** текстан анализ а, текстан коьрта билгалонаш йовзар а; тема а, коьрта маьIна а, коьрта дешнаш а, микротемаш а къасто хаар; къамелан гIуллакхан-маьIнин тайпанаш къастор а, иштта тайп-тайпанчу кепехь тексташ кхоллар а, церан дIахIоттаран норманаш ларйар а.<br>**Къамелан гIуллакхдаран некъаш кхиор (ладогIар, йешар, йоза):** къамелан гIуллакхан-маьIнин тайпанаш (дийцар, суртхIоттор, ойлайар), меттан гIуллакхдаран башхаллаш къасто хаар а; текстера хаамех кхетар а, барта а, йозанан кепехь а цуьнан чулацам схьакховдо | 8.1<br>8.4<br>8.6<br>9.2<br>9.3<br>9.1<br>7.18<br>6.1 | 2.1<br>2.4<br>3.1<br>3.3<br>3.5<br>3.6<br>3.8 –3.10 | 5[1] | 90 |

хаар.
**Деш къам хьаь синх къам грам алса** къам хаар, а, тар схьа пайда пайда
**Деш а (фо дош морф синт хаар** дакъо синта предл предл предл тIеде предл билга йовза
**Лите норм грам пунк къам а кар белх къам** диало къам предл чакк бакъо
**Деш а (фо дош морф синт хаар** дакъо синта предл предл

| | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|
| | предложенин шакъаьстина меженаш, тӀедерзарш, йукъадало дешнаш довзар; предложенин грамматически лард билгалйаккхар; чолхе предложени йовзар | | | | |
| 5 | **Литературни меттан коьрта норманаш а (лексически, грамматически, орфографически, пунктуационни, стилистически), къамелан оьздангаллин норманаш а карайерзор:** барта а, йозанан а белхаш кхуллуш, къамелехь меттан норманех пайдаэца хаар; дош нийсайаздаран бакъонех пайдаэцар; гӀуллакхан къамелан дакъош нийсайаздаран бакъонаш карайерзор а, царах йозанехь пайдаэца хаар а; дош нийса сехьадаккха хаар; цӀердешнийн, билгалдешнийн, цӀерметдешнийн, терахьдешнийн, хандешнийн кепаш бакъонашца хийцар | 6.1 – 6.14 | l.l | 1 | 13 |
| 6 | Тайп-тайпана йешаран кепаш хаар; йешначу публицистически, исбаьхьаллин, дешаран-Ӏилманан тайп-тайпанчу текстийн чулацамах нийса кхетар (дийцар, суртхӀоттор, ойлайар), барам 400-450 дашал кӀезга боцуш: йозанца тема а, текстан коьрта маьӀна а къастор, текстан чулацамца догӀуш, хаттаршна жоьпаш далар | 8.1 | 2.1<br>2.3<br>2.4 | l | l2 |
| 7 | **Нохчийн меттан коммуникативни-эстетически таронех пайдаэцар:** къамелехь синтаксисан, лексикин, фонетикин суртхӀотторан гӀирсийн коьрта тайпанаш довзар а, церан характеристика а (эпитет, метафора, гипербола, олицетворени, дустар, дустаран карчам, фразеологизм, синонимаш, антонимаш, омонимаш) | 10.1 | 1.1 | 1 | 12 |
| 8 | **Дешан тайп-тайпана анализ йаран а (фонетически, морфемни, дошкхолладаларан, лексически, морфологически), предложенин синтаксически анализ йаран а хаарш кхоллар:** дешан а, масех маьӀна долчу дешан а, стилистически башхалла йолчу дешан а лексически маьӀна а, царах пайдаоьцу меттиг а билгалйаккхар; синонимаш, антонимаш йалор | 2.1 – 2.5 | 1.1<br>l.3 | 1 | 12 |
| 9 | **Коммуникативни ойланца а, темица а, Ӏалашонца а цхьаьнадогӀуш алар кхолларехь меттан башхаллаш нийса къасто хаар:** къамелан гӀуллакхан-маьӀнин | 6.1<br>7.18<br>8.1<br>8.2 | 2.1 – 2.4<br>3.2 – 3.5<br>3.7 – 3.10 | 9 ˈ | 60 |

| |
|---|
| тайпа<br>тайпа<br>(дийц<br>дахар<br>йешн<br>схьаб<br>метта<br>**Деш**<br>**къам**<br>**хьаь**<br>**синх**<br>**къам**<br>**грам**<br>**алса**<br>къам<br>хаар,<br>а, тар<br>схьаэ<br>пайда<br>пайда |
| Дерр<br>Цара<br>чолха<br>Лакк<br>Болх |

1-рий,
9-гӀий

едахк
арш
толлу
ш,
экзаме

лучун
йозана

къамел
ма-
дарра

нийса

йазд
аран
мах
хаттар
шна

жоьпаш даларца кхочушбина йозанан болх, сочинени талларан буха тIехь цхьаьна **10** баллаца хадабо.


2020-чу шеран коьрта юкъарчу дешаран программашца йолу
ПАЧХЬАЛКХАН ЖАМIДАРАН АТТЕСТАЦИ

**№1 йолу жоьпийн бланк**

ДIаяхьаран хан: – –

| Регион | Дешаран хьукматан код | Класс лоьмар элп | ДIаяхьаран меттиган код | Аудиторин лоьмар | Вариантан лоьмар |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | |

Предметан код

Предметан цIе: ЧЕЧЕНСКИЙ

Экзаменан декъашхочо куьг таlош йолу меттиг.

ТЛК-н (КИМ) лоьмар

IАЬРЖА шекъа долчу гелеви ручкица яздe хIокху кепехь:
А Б В Г Д Е Ё Ж З И Й К Л М Н О П Р С Т У Ф Х Ц Ч Ш Щ Ъ Ы Ь Э Ю Я 0 1 2 3 4 5 6 7 8 9 ( )
A B C D E F G H I J K L M N O P Q R S T U V W X Y Z , – ;

ТИДАМЕ! ТЛК-н массо бланк а, кехат а цхьаьна толлу.

**Пачхьалкхан жамIдаран аттестацин декъашхочух хаамаш.**

Фамили: ИБРАГИМОВ

ЦIе: АБУБАКАР

Ден цIе: ХАМЗАТОВИЧ

Документ Сери: 9973 Номер: 156128

ТIедахкаршна жоьпаш — Жоьпийн гIалаташ нисдар ца магадо

| № | Жоп | № | Жоп |
|---|---|---|---|
| 1 | ТIедиллар кхочушдо №2 йолчу бланка тIехь | 17 | Хьиэ ца йо |
| 2 | 2 | 18 | Хьиэ ца йо |
| 3 | 1456 | 19 | Хьиэ ца йо |
| 4 | ОЬЗДАНГАЛЛЕХЬ | 20 | Хьиэ ца йо |
| 5 | 2 | 21 | Хьиэ ца йо |
| 6 | 4 | 22 | Хьиэ ца йо |
| 7 | 3 | 23 | Хьиэ ца йо |
| 8 | ВАЛАР | 24 | Хьиэ ца йо |
| 9 | ТIедиллар кхочушдо №2 йолчу бланка тIехь | 25 | Хьиэ ца йо |
| 10 | Хьиэ ца йо | 26 | Хьиэ ца йо |
| 11 | Хьиэ ца йо | 27 | Хьиэ ца йо |
| 12 | Хьиэ ца йо | 28 | Хьиэ ца йо |
| 13 | Хьиэ ца йо | 29 | Хьиэ ца йо |
| 14 | Хьиэ ца йо | 30 | Хьиэ ца йо |
| 15 | Хьиэ ца йо | 31 | Хьиэ ца йо |
| 16 | Хьиэ ца йо | 32 | Хьиэ ца йо |

ГIалаташ девлла жоьпаш нисдар

Резерв-1 Резерв-2

Низам дохорна экзаменера араваьккхина

Бехказа долчу бахьанина экзамен чекх ца яьккхина

Экзаменационни белхан № 2 йолу жоьпийн бланк нийса кхочушйаран кеп

2020-чу шеран коьрта юкъарчу дешаран программашца йолу
ПАЧХЬАЛКХАН ЖАМ1ДАРАН АТТЕСТАЦИ

Лист №

Резерв-3

## №2 йолу жоьпийн бланк

Регион | Предметан код | Предметан ц1е: ЧЕЧЕНСКИЙ | Вариантан лоьмар

№1 йолчу жоьпийн бланка т1ера схьаязъе ТЛК-н (КИМ) лоьмар, "вариантан лоьмар", "предметан ц1е", "предметан код", "регион".
Т1едахкаршна дуьззина жоьпаш луш, билгалйинчу меттигна т1ех а ца волуш, ц1ена а, йоза къастош а язде.
Шаьш жоп лучу т1едилларан лоьмар дIаязъян диц ма де.
Т1едилларан чулацам схьаязбан ца оьшу.

ТЛК-н лоьмар

ТИДАМЕ! ТЛК-н массо бланк а, кехат а цхьаьна толлу. Іаьржа шекъа долчу гелеви ручкица язде.

1\. 1. ХӀара дерриге а дуьне ду Делан къинхетамах дуьзна.

2\. Дала, къинхетам беш, адамна делла бӀаьрса а, лерса а, баккха коьг а, кховдо куьг а, ойлаян хьекъал а.

3\. Вовшашца а, гонахарчу Ӏаламца а къинхетаме хилар а тӀедиллина вайна.

4\. Къинхетам гучуболу хьан комаьршаллица, хьайн долчух кхечунна дакъа дан хьо кийча хиларца.

5\. Ахь хьайна дитинарг, ахь айхьа пайда а эцна, дӀадер ду.

9\.2. Текстан тӀаьхьарчу могӀанех со нийса кхета: стага, дуьненахь мел веха, лардан деза цӀийлакх, эхь-иман, ша деш долу дика цӀарна а доцуш. Бакъду, даьллачу цхьана осалчу хӀумано йожа-м йо стеган цӀе.

Шен текстехь Ахмадов Мусан Ӏалашо ю цӀийлакх долчу стеган деган хазалла гайтар. Цуьнан масал вайна го Лечас больницера цӀа йоьдучу зудчуьнца хьоттийначу цӀийлакхехь. Ша динарг цо дагара диний а, ахь йолуш, оьзда кхант и вуй а хаало цуьнан къамелехь (47, 48-чуй предложенеш).

ХӀокху тезисан нийса хилар текстера 17, 18-чуй предложенешца тӀечӀагӀдо вай. Кхузахь машенан да осала стаг хилар гучудолу вайна. Ша динчу къамелаца шен мах хадабо цо, шен кӀезгалла а гойту. Эхь-иман долчу стага и тайпа къамел дийр дац.

Вайна ма-гарра, дукха хӀума ца оьшу нахалахь стеган сий лакхадаккха. Цхьа кӀеззигчу хӀумано цуьнан цӀе йожа а йо. Цунах вай лардала деза.

## НОХЧИЙН МЕТТАН ЭКЗАМЕНАН ДЕКЪАШХОЧО ЖОЬПИЙН БЛАНКАШ КХОЧУШЙАРАН ИНСТРУКЦИ

**ПКЭ-н бланкаш:**

№1 йолу жоьпийн бланк
№2 йолу жоьпийн бланк
№2 йолу жоьпийн бланкан тIетоьхна дакъа

**Экзаменан декъашхочо жоьпийн бланкаш кхочушйаран коьрта бакъонаш**

Йерриге а ПКЭ-н бланкаш тIехь болх бо Iаьржа шекъа долчу гелеви ручкица.

Бланка тIехь йеш йолу билгало (×)дукха стомма хила ца йеза. Нагахь ручкано дукха стомма йазйеш йелахь, цхьана маьIера вукху маьIе кхаччалц цхьа сиз а хьаькхна, дита мегар ду. ПКЭ-н декъашхочо бланка тIехь ма-гайттара йаздан деза массо элп а, терахь а.




ж

цIе а) бланка тIера хьалхарчу клетки чуьра доладо.

Нагахь санна ПКЭ-н декъашхочун муьлххачу а цхьана хIуманах хаамаш бацахь, и меттиг, тIе сизаш а ца хьоькхуш, йеса йита йеза.

***Бланкаш тIехь ца магадо:***

- бланкийн йистошкахь йа кхечу йозанна билгалйаьхна йоцчу меттигашкахь цхьана а тайпана билгалонаш йан;
- Iаьржачу гелеви ручкана метта бес-бесара ручканаш, къоламаш лело;
- бланкаш тIехь йаздинарг дIадайа («замазкица», «ластикца» и.дI.кх.).

***Бланкаш тIехь болх дIаболабале, хьажа:***

Хьайна йелла йолу ИК (№ 1, № 2 бланкаш, ТЛК тIехь йолу кехаташ) йерриге а йуйла; штрихкодан терахьашка а, ТЛК-н номере а.

Муьлхха а цхьа кехат йа терахь нийса ца хилахь, аудиторехь волчу вовшахтохархочуьнга (организаторе) кхин конверт йоьху.

Массо а кехат а, терахь а нийса делахь, экзаменан декъашхочо шен куьг йаздо.

***Бланкаш тIехь болх бар***

Бланка тIехь дIайаздеш долу жоп **17** хьаьркал сов хила йиш йац.

**Хаалахь!** Элп йа хьаьрк **«I»** йукъахь долу дош жоьпехь хила ца деза.

Шалха элп долу жоп йаздеш, цу элпан хIора хьаьрк къаьстинчу клетки чу йаздо.

**ЦА, МА** дакъалгаш грамматически лардана йукъайогIу. Масала: *Нене ца хаийтира доьзало хилларг (ца хаийтира доьзало).*

Коьрта меженаш дIайазйарехь рогIалла ларйар маьIне дац. Масала: *Лайлаа йалийра цхьалхечу предложенин кеп (Лайлаа йалийра <йа> йалийра Лайлаа).*

Нагахь санна жоп шиннах йа цул сов дешнех лаьтташ делахь, хIора дош дIайаздо, йуккъехь клетка а ца йуьтуш, цIоьмалг а, кхидолу хьаьркаш а ца хIиттош.

Дош даццдина йаздан мегаш дац.

Текста йукъара дош йа дешнийн цхьаьнакхетар схьайаздеш, текстехь долу церан дожар а, терахь а лардан деза.

№ 1 йолчу жоьпийн бланка тIехь гIалаташ девлла жоьпаш нисдан билгалйаьхна меттигаш йу.

№ 2 йолчу жоьпийн бланка тIехь кхочушдо 1-рий (хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбен жима йозанан болх), 9-гIий (сочинени-ойлайар) тIедахкарш.

Жима йозанан болх а, сочинени-ойлайар а зорбанан элпашца ца йазйо. Жима йозанан болх йазбинчул тIаьхьа, йукъахь кIезиг меттиг йитий, йазйан йолайе сочинени-ойлайар.

Нагахь санна № 2 йолчу жоьпийн бланка тIехь дуьззина жоп йаздан меттиг ца тоахь, экзамен лучо № 2 йолчу жоьпийн бланкан тIетоьхна дакъа доьху.

## ТАЛЛАМАН-ЛАРАРАН КОЬЧАЛШ ТӀЕХЬ БОЛХ БАР

**9-чу классан пачхьалкхан коьрта экзаменационни болх ланьтта 3 декъах:**

1-ра дакъа – ладоьгӀначу текстан буха тӀехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбен жима йозанан болх;

2-гӀа дакъа – талламан-ларaран коьчалехь (ТЛК) йеллачу (йешначу) текстан буха тӀехь доцца жоп даларан тӀедахкарш;

3-гӀа дакъа – жима сочинени-ойлайар (9.1, 9.2, 9.3) йазйар.

## ЭКЗАМЕНАЦИОННИ БЕЛХАН 1 ДАКЪА КХОЧУШДАР

### Жима йозанан болх кхочушбаран методически хьехамаш

*Тексте ла а догӀий, къаьстинчу кехат тӀехь 1-ра тӀедиллар кхочушде. Цкъа хьалха тӀедилларан лоьмар дӀайазйе, цул тӀаьхьа – йозанан болх.*

1-чу декъехь ладоьгӀначу текстан буха тӀехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца жима йозанан болх йазбо. Цу белхан барам 50 дашал кӀезиг хила ца беза.

Жима йозанан болх йазбеш, дешархо декхарийлахь ву билгалдаьхначу хаттарийн рогӀалла а ца йохош, нийса, дуьззина жоьпаш дала.

И болх кхиамца кхочушбархьама хила деза хьелаш:

• дешархочунна, хаттарна жоп дала оьшу хаам а къастош, тексте ладогӀа хаар;

• ладоьгӀначу текстера тӀеэцна хаамаш йозанехь билгалбаха хаар.

Доцца аьлча, жима йозанан болх йуьхьанцарчу текстан коьрта чулацам боцца схьабийцаран кеп йу. Йозанан болх хила беза чулацаме а, жоьпаш шайн маьӀница вовшех дозуш а. Иза 5 жоьпах ланьтта. Кхочушбинчу балха тӀехь жоьпийн рогӀалла, хаттарийн рогӀалле хьаьжжина, ларийна хила йеза.

Жима йозанан болх кхочушбеш, дешархой Ӏема текстера коьртаниг схьакъасто а, хӀора хаттарна нийса жоп дала.

Хаттаршна жоьпаш луш, хаа деза авторна хетарг нийса гайта а, хиламийн маьӀнин хьалха-тӀаьхьалла ларйан а.

**Жимачу йозанан балхана кечам бар**

1. Леррина деша шайна хьалха хӀиттийна (шайн ТЛК тӀера) хаттарш.
2. Йуьхьанцарчу тексте ладогӀа.
3. Текстан коьрта хаамаш тидаме эца.
4. Хиламийн, ойлайаран хьалха-тӀаьхьалла билгалйаккха.
5. ХӀора хаттарна жоп дала оьшу хаамаш билгалбаха.
6. Йуьхьанцарчу тексте ладогӀа шозлагӀа.
7. Тидаме эцначу хаамех пайда а оьцуш, хӀора хаттарна нийса а, дуьззина а жоп ло.

8. Черновик тIехь кхочушбе йозанан болх.

9. Йозанан болх дIа а беший, дешнаш дагарде (уьш 50 дашал кIезиг хила ца деза). Нагахь барам кIезиг хилахь, тIедуза йиш йолу жоп къастаде.

10. Йозанан белхан чулацаме дакъа теллича, текстан (жоьпийн) грамматически, орфографически, пунктуационни, къамелан гIалаташ леррина талла.

11. № 2 йолчу бланка тIехь цIена а, къаьсташ а дIайазбе йозанан болх.

**Кхочушбинчу балхо (жимачу йозанан балхо) жоп дала деза методически лехамашна:**

- хиламийн кхиаран хьалха-тIаьхьалла ларйар;
- хIора хаттарна жоп луш йолу предложенеш хилар;
- предложенеш йукъахь маьIнин а, грамматически а уьйр дIахIоттор.

**Дуьххьарлера хьехархо (ТЛК №16, 17, 18)**

Тхешан куьпарчу берашца ишколе йигира со а. Мел хаза хетара суна!

Моьттура, дерриге дуьне оцу сайн жимачу тIоьрмиг чохь ду, цу чуьрчу абато со цхьана тамашийначу ирсе кхачор йу. Лулахойн бераша хьехархочуьнга дIайелира со. Тхан йишин Элитин хенара йоI йара иза. ХIетахь дуьйна дуккха а шераш дIадевлла. Амма суна цкъа а диц ца ло и де а, сайн дуьххьарлерчу хьехархочун сурт а.

ХIинца а гуш санна хета цуьнан эсала, йекхна, кIайн горга йуьхь, къинхетаме бIаьргаш, букъ буьззина ловзу стомма Iаьржа ши чIаба, дIаса тIемаш тесна даьржина Iаьржа цIоцкъамаш, кIеда аз. Суна а, тхуна массарна а Белител дагна хьоме адам дацара. Цо тIейуьйхина муьлхха коч, тиллина йовлакх, лергех оьхкина чIагарш, когара мачаш – уьш механа мел йорах хиллехь а, тхуна исбаьхьа хетара. Тхо дерриш а цунах тардала гIертара.

Тхуна йукъахь тасаделла доттагIалла милла а хьоьгур волуш, довха, безаме дара. Массанхьа а тхоьца йара Белита. ХIинца а ойла йо ас: цо йешаза книга, цунна ца хууш хIума хила а хиллий техьа? Муьлхха хаттар шега даларх, эсала йела а къежий, нийса жоп лора цо. Дуьйцура муьлххачу а книгах лоций. Ткъа туьйранаш! Цкъа а кIордор дацара цаьрга ладогIа.

*Айдамиров А.А. (183 дош)*

**Хаттарш:**

1. Муьлха де а, хьенан сурт а ца дицло суна цкъа а?
2. Массарал а хьоме мила хетара тхуна?
3. Мила вара Белитех тарвала гIерташ?
4. Муха дара тхуна йуккъера доттагIалла?
5. Муха жоп лора Белитас шега деллачу хаттарна?

**Жоьпаш:**

1. Суна цкъа а диц ца ло со школе йахана де а, сайн дуьххьарлерчу хьехархочун сурт а.
2. Тхуна массарна а Белител дагна хьоме адам дацара.
3. Тхо дерриш а цунах тардала гIертара.

4. Тхуна йукъахь тасаделла доттагIалла, милла а хьоьгур волуш, довха, безаме дара.
5. Муьлхха хаттар шега даларх, эсала йела а къежаш, нийса жоп лора цо.

## ЖИМА ЙОЗАНАН БОЛХ КХОЧУШБАН ЛЕРИНА ТЕКСТАШ

### 1. Оьзда мотт (ТЛК №1, 2, 3)

Дайн орамашкара дуьйна схьадогIуш цхьа гIиллакх ду нохчийн – стаг верг а, стаг воцург а шен дашца къастош. Цигара схьадаьлла ду «Хьайн багах схьадалазчу дешан эла ву хьо, багах схьадаьллачу дешан лай ву хьо» боху кица. Нахалахь айхьа мел аьллачу дашах жоьпалла ву бохург ду и.

Далла а, нахана а гергахь деза, сийлахь ду адамо шен меттан доладар йа багах схьа мел долучу дешан оьздангалла ларйар. Ткъа и мотт харц а, шалхонца а лебар, адамна бала хин болчу кепара бийцар даккхийчу къинойх, зуламечу лазарех ду.

Оьзда мотт бийца стаг шен бераллехь дуьйна Iама веза, баккхийчаьрга ла а дугIуш, цаьргара масал а оьцуш. Хала делахь а, иза дахарехь ца хилча йиш йоцу уггаре а коьртаниг ду. Оьзда мотт адамийн йукъаметтиган дакъа хилла ца Iа, иза вайх хIораннан сица, кхетамца хила догIу жовхIар ду. Цо гIо до оьзда боцчу нехан лаамна кIел ца воьдуш, цунах ларвала а, шен дахаран новкъахь цIена чекхвала а.

*Уциев А.Х. (150 дош)*

### 2. Къинхетам (ТЛК №4, 5, 6)

ХIара дерриг а дуьне дуьзна ду Делан къинхетамах. Дала къинхетам бо ша мел кхоьллинчу хIуманах: адамах а, Iаламах а. Дала догIа а доуьйтий, льттах хьаладовлу дитташ, бецаш, коьллаш, йалта, стоьмаш. Йуха малхе йовхо, серло йолуьйтуш, уьш хьалакхуьуьйту. Дала, къинхетам беш, адамна делла бIаьрса а, лерса а, баккха ког а, кховдо куьг а, ойлайан хьекъал а. Иштта Цо вайна делла йалтийн хIу а, хьайбанаш а, стоьмаш а... Дагардина ца валлал даккхий ду Дала вайна дина диканаш, бийцина ца валлал боккха бу Дала вайх бина къинхетам.

Вовшашца а, гонахарчу Iаламца а къинхетаме хилар а тIедиллина вайна Дала. ХIун ду иза «къинхетаме хилар»? И дера ду хьуна хьайл гIийланиг гар а, ахь цунна оьшуш долу гIо дар а. ГIо дар, дашца хилла ца Iаш, дечу гIуллакхца, хьайн долчу хIуманца хила деза. Къинхетам гучуболу хьан комаьршаллица, хьайн долчух кхечунна дакъа дан хьо кийча хиларца.

Нохчийн кица ду: «ДIаделларг – карийна, дIадиллинарг – дайна».

ХIун маьIна ду цуьнан? Ахь нахана гIо дича, хьайн дерг луш, цкъа делахь, хьайн дика гIуллакхаш алсамдоху ахь. Делера йал а хир йу хьуна. ШолгIа делахь, ахь шайна гIо дина нах, хьуна цхьа хала киртиг тIехIоьттича, орцахбовла кийчча а хир бу. Ткъа ахь хьайна дитинарг, ахь айхьа пайда а эцна, дIадер ду.

*Ахмадов М.М. (200 дош)*

### 3. Вайнехан доьзал (ТЛК №7, 8, 9)

Халкъан уггар доккха хьал – иза хIора доьзал сица а, дегIаца а могаш хилар ду. Нагахь доьзал чIогIа хилахь, къам а хир ду чIогIа. Иза, дийца а ца оьшуш, бакъдерг ду.

Нохчийн къам мел йаккхий халонаш тӀехӀиттарх, царах чекхдуьйлуш, хӀаллак ца хуьлуш, схьадар дукха хьолахь доьзна дара вайнехан доьзалан чӀогӀаллех. Хьалха заманахь дуьненчу даьлла бер доккха а хилла, нахана

12

йуккъе даллалц, цIахь шен деций, ненаций, вежаршций, йижаршций хьалакхуьура. Цара луш хилла цунна дуьненах, Iаламах, динах, оьздангаллех болу кхетам. Цундела доьзалехь йоккху хан коьрта йара стеган кхиарехь.

Вайнехан доьзал шатайпана дуьне ду, шен гIиллакхаш а, ламасташ а долуш. Оцу дуьненахь уггаре воккха хьаькам Да ву. Да доьзалхошна масал хила хьакъ ву массо хIуман тIехь. Дуьнен чуьра дIаваллалц цуьнан а, дIаваьлча цуьнан цIеран а сий-ларам бар тIехь ду берашна. Бераш кхетош-кхиор, коьрта долчунна, ненан гIуллакх хилла хьалха заманахь. Ткъа дас оцу гIуллакхехь дакъалоцуш хилла ненехула. Иштточу доьзалшкахь ийман а, беркат а лаьттина. Цара шайн къоман йуьхь а, сий а лардина.

*Ахмадов М.М. (157 дош)*

### 4. Оьзда кIант (ТЛК №10, 11, 12)

Гонахара дерриг Iалам а шен дуьхьа кхолладелла хеташ вара исс шо кхаьчна Iела.

Iаламца йолчу марзоно хьоьстуш, ловзарна сов тIера вара иза. Цундела хийла гора иза хин бердан йистошца уьдуш, ловзуш, хьаннашкахь кхерсташ, олхазарийн эшаршка ладоьгIуш, церан дахаран ойлайеш, тидаме вуьйлуш. Цу Iаламца санна, чIогIа йара цуьнан берашца йолу уьйр-марзо а, балхаца шовкъ а.

Бакъду, ловзарна мел тIера велахь а, шен ненера пурба доцуш, цхьана а метте ца воьдура кIант. Ков-кертахь гIуллакх деш, нанна гIо дора цо. УьйтIе а цIанйора, синтаршна хи а тухура, шел жимачу йишин Зулайн терго а йора. Иштта гIуллакхаш дешшехь, урокаш йан а кхуьура Iела.

Аьхкенан каникулашкахь колхозан уьстагIий лелош волчу шен деца Рашидаца же оьхура иза. Ша тидам болуш а, болх безаш а хиларе терра, уьстагIий Iалашдаран а, уьш дажоран а говзалла дика карайерзийнера Iелас.

*Берсанов Х.-А.А. (131 дош)*

### 5. Бабин тIорказ (ТЛК №13, 14, 15)

Цхьана хазачу бIаьстенан дийнахь Шовда денана йолчу йаханера, жимма цуьнца марзо эца. Бабина чIогIа дукхайезара иза, ша йолчу йеъча цунна там бан а гIертара йоккха стаг. Нанас йоIе цIахь, йохайарна кхоьруш, пхьегIаш ца йуьлуьйтура. Ткъа бабина Шовдас чу нуй, горгам хьоккхура, пхьегIаш йуьлура, уьйтIе а цIанйора. ТIаккха цо динчу гIуллакхашна бекхамна санна, бабас, сихха нохчийн пешан цIергахь сискал а йоттий, цуьнца йетшура молуьйтура йоIе.

Жимма луьйш-олуш Iийначул тIаьхьа, Шовдина уггар мерза хета къайле гучуйоккхура йоккхачу стага. Шен даг тIе гилгаш дохуш санна, хетара йоIана, бабас шен куьйган керайукъахь масех шекаран бIелиг кховдийча. Ткъа наггахь гIожан буьххьехь долу цIазамаш а, бIараш а лора.

Шовдина даима а хазахетара бабин тIорказ. Цу тIехь цхьа хазачу басаршца дехкина зезагаш дара, тIетесна шурул-кIайн тир йаькххина кечдина кIадин киса а дара. ЙоIана моьттура, бабин массо а къайле цу чохь лачкъийна йу. Шен бераллин хьекъале хьаьжжина, цу чуьра и къайле лаьтташ йу, мотталора, цу чохь долчу дуккха а бIелигех, кампетех, кхийолчу бес-бесарчу хIуманех.

*Дашаева Ш.Х. (156 дош)*

### 6. Дуьххьарлера хьехархо (ТЛК №16, 17, 18)

Тхешан куьпарчу берашца ишколе йигира со а. Мел хазахетара суна! Моьттура, дерриг дуьне оцу сайн жимачу тIоьрмиг чохь ду, цу чуьрчу абато со цхьана тамашийнчу ирсе кхачор йу. Лулахойн бераша хьехархочуьнга дIайелира со. Тхан йишин Элитин хенара йоI йара иза. ХIетахь дуьйна дуккха а шераш дIадевлла. Амма суна цкъа а диц ца ло и де а, сайн дуьххьарлерчу хьехархочун сурт а.

ХIинца а гуш санна хета цуьнан эсала, йекхна, кIайн горга йуьхь, къинхетаме бIаьргаш, букъ буьззина ловзу стомма Iаьржа ши чIаба, дIаса тIемаш тесна даьржина Iаьржа цIоцкъамаш, кIеда аз. Суна а, тхуна массарна а Белител дагна хьоме адам дацара. Цо тIейуьйхина муьлхха коч, тиллина йовлакх, лергех оьхкина чIагарш, когара мачаш – уьш механа мел йорах хиллехь а, тхуна исбаьхьа хетара. Тхо дерриш а цунах тардала гIертара.

Тхуна йуккъехь тасаделла доттагIалла милла а хьоьгур волуш, довха, безаме дара. Массанхьа а тхоьца йара Белита. ХIинца а ойла йо ас: цо йеша-за книга, цунна ца хууш хIума хила а хиллий-техьа? Муьлхха хаттар шега даларх, эсала йела а къежий, нийса жоп лора цо. Дуьйцура муьлххачу а книгах лоций. Ткъа туьйранаш! Цкъа а кIордор дацара цаьрга ладогIа.

*Айдамиров А.I. (183 дош)*

### 7. Фермера дахар (ТЛК №19, 20, 21)

Колхозо йуьртана гена йоцуш, тогIи чу хи а хецна, бедийн ферма йиллира.

Хи тIехь луьйчуш а, йистошца йежаш а хьалакхиира бедан кIорнеш. Ши эзар сов йара уьш.

Бедаш Iалашйан тIейиллина кхоъ белхало йара. Цара шен хенахь хIоъ а тосура бедашна, бIаьргъIуналла а дора. Буьйсанна бедаш чуйерзо бIаьлланган серий а дуцуш, эрз тIе а тухуш, йина баннаш йара. Сарахь оцу баннаш чу лохкура и бедаш Асетий, Маретий, Кхокхассий. Iомана гонаха луьстта коьллаш йара вовшахъийна. И коьллаш хилар бахьана долуш, боккха аьтто бара чагIалкхийн а, цхьогалийн а йуьстахйаьлла бад лаца. Бедаш а къахкош, даррехь тIекхетта бад лаца ца лаьара акхарошна. ХIилла ма ду цаьргахь а. И дича коьртахйевр ма йу уьш. ТIаккха хехочо тоьпан цIарца шайн цIока морцур йуйла ма хаьа царна. Цундела кондаршна кIелахь дIа а лечкъий, гIа меттах ца хьадеш, бедашна къайлаха тебара уьш.

*Берсанов Х.-А. А. (133 дош)*

**8. Деган йовхо (ТЛК №22, 23, 24)**

«Муха стаг хила лаьа хьуна?» – аьлла, динчу хаттарна бІеннаша божабераша делла жоп дагаоьхуьйту ас. Майра, ницкъ болуш, доьналла, хьекъал долуш. Амма цхьамма а ца элира къинхетаме, дика стаг хила лаьа. Ткъа дикалла хIунда ца хIоттайо вай майралла, доьналла бохучу кхетамца цхьана могIаре? Дикалла ца хилча – бакъйолу деган йовхо – адаман син хазалла хуьлийла дац. Дика синхаамаш шайн орамашца бераллера схьабогIуш хила беза. Ткъа и хан дIаэккхахь, уьш кхин цкъа а кхиалур бац, хIунда аьлча уьш мехала, дуьххьарлера бакъдерг довзарца цхьаьна булуш хуьлу сих.

Синхааме а, къинхетаме а хила Iамор – иза кхетош-кхиорехь уггаре халаниг ду. Адамалла, дикалла, диканиг хила лаар кхоллало гIайгIанашкахь, сахьийзаршкахь, хазахетаршкахь, сингаттамашкахь. Нагахь бер шен гергарчаьрца, йуххерчаьрца, мискачаьрца, цомгашчаьрца, цхьалхачаьрца, дIатийсинчаьрца, Iехийнчаьрца хуьлуш дерг бен ца хеташ, дог ца лозуш кхиахь, цунах цкъа а хир дац бакъдолу адам.

Дика синхаамаш, амалан оьздангалла – иза адамаллин бух бу. Тахана, вуьшта а, тоъал вонаш долчу дуьненахь, вовшашца а, гонахарчу жилIаламца а тарлуш, тидаме, дика хила деза вай, диканна дуьхьа уггаре а майра, тоьлла хьуьнарш гайта деза вай. Адамна уггаре а богIуш болу цхьаъ бен боцу некъ – иза диканан некъаца вар ду. Адамна шена цхьанна а, доллучу йукъараллина а и некъ пайде а, нийса а, зийна а бу.

*Сухомлинский В.А. (196 дош)*

**9. Хьалхара гIулч (ТЛК №25, 26, 27)**

ДIайахара бераллин хаза хан, тIаьхьайисира ишкол а. Хьалхахьа лаьттара кIезиг девза, чолхе делахь а, тамашийна дахар. Оцу тIаьххьарчу дешаран шарахь охашимма дукха ойланаш йора, дахаран муьлхачу новкъа гIуо-техьа вайша бохуш. Дог-ойла школана тIехь сецарна, тхойшинна лаьара, хьехархо а хилла, школе вухаверза.

Хьехархочун болх бан кхин дIа а деша дезара. Ткъа итт класс чеккхйоккхуш ткъаткъа шо хенаш а йолуш, кхин дIа а доьшуш лела воккха хиларна, хьехархочун говзалла Iамо аьтто бацара тхойшиннан. Жима волуш да-нана делла, байлахь висна шен вежарщца вехачу сан доттагIчун Анзоран хьал кхин а аьтто боцуш дара. Вежарий мел дика белахь а, дукха хена дуьйна несарех ийзалуш, эхь хеташ, амма балха а вахана, школа дIатаса ца лууш, хан йоккхуш вара иза.

Аттестаташ каракхаьчначу буса тхойшинна наб ца кхийтира. Хазахетаро а, шолгIачу дийнахь дахаре дуьххьара таса йезачу гIулчо а йайинера наб. И хьалхара гIулч тесира охашимма тракторна тIаьхьа тийсинчу нахаршца йалтийн аренаш

охуш. Цул тIаьхьа шо даьлча тхойшиннан аьтто белира нахаршна тIера оццу тракторна тIехаа. Иштта дIадоладелира тхойшиннан къинхьегаман дахар.

*Айдамиров А.I. (161 дош)*

**10. Вежарийн гIиллакх (ТЛК №28, 29, 30)**

Ахьмадан кхо кIант вара: Хьамзат, Хьасан, Хьусайн. Ша валале воккхахволчу шина кIантана: Хьамзатана а, Хьасанна а – цIенош дан, зударий бало, бовваьккхина охьахао кхиъна да. Хьусайнна зуда йало ца кхиъна да. Амма шина вашас тесна ца вуьту жимахволу ваша. Йукъахь лелош долчу лаьтта тIехь бертахь йалта кхиадора цара. Шина вешин зударша йуург латтайора кхаа вешина. Цхьана сарахь шина вашас барт бира, шайн вешина зуда йало йеза аьлла.

Йалта чудерзийна делира. Нийсса кхаа декъе дийкъира цара иза. Буса массо дIавижинчу хенахь воккхахволчу вашас, шен йалти тIера дакъа схьа а эцна, жимахволчу вешин йалти тIе доьхкира. Изза дира шолгIачу вашас а. Iуьйре хуьлучу хенахь гIаьттина кхоалгIачу вашас, шен йалти тIера цхьацца дакъа схьаоьций, шина вешин сайраш чу духку, церан доьзалш бу, царна шеначул дукха дезар ду олий. Вовшашка олуш, дуьйцуш хIума доцуш, иштта дика деш, къинхетам беш бара вежарий. Мерза, аьхна йара церан йукъаметтиг. Цундела Дала царна шаьш лелочух беркат дора: йалта хьоькъура, бахам стамлора, даьхни дебара, доьзалш ийманехь кхуьура.

Шаьш барт бина ма-хиллара, шина вашас дикачу цIентIера зуда йалайо шайн жимахволчу вешина. Сарралц хьанал болх бой, суьйранна цхьанхьа гуллой, сакъоьруш Iара доьзалш. Лулахой, йуьртахой хьоьгуш вехара кхо ваша. Ткъа гурахь, йалта чудерзийча, вовшашна а ца хоуьйтуш, сайраш тIе некъ бора цара, йалта тIедухкуш.

*Халкъан барта кхоллаpалла (205 дош)*

## ЭКЗАМЕНАЦИОННИ БЕЛХАН 2-гIа ДАКЪА КХОЧУШДАР

2-гIа дакъа лаьтта 7 тIедилларх (2–8).

2–8-чуй тIедахкарийн жоьпаш дIайаздо дешан (дешнийн цхьаьнакхетаран), терахьан, терахьийн хьалха-тIаьхьаллин кепехь белхан текстехь жоп йаздан билгалйинчу меттехь.

2-чу декъана кечам беш, карладаха деза меттан Iилманан дакъош:

- синтаксис;
- пунктуаци;
- орфографи;
- лексикологи.

**Экзаменационни белхан 2 дакъа кхочушдаран алгоритм**

**2. Синтаксически анализ.**

Дешархочунна, тIедиллар кхочушдеш, хаа деза тIедилларехь нийса схьайазйинчу грамматически лардаца йолу предложени къасто, ткъа и кхиамца кхочушдан цуьнан хаарш хила деза предложенех, грамматически лардах, подлежащех, сказуемех.

**ТIедиллар кхочушдаран алгоритм.**

1. Леррина дIайеша йалийна текст а, жоьпийн варианташ а.
2. ТIедиллар дIа а дeший, дагадаййта, стенах олу грамматически лард, подлежащи, сказуеми.
3. Йалийнчу предложенешкара грамматически лардаш схьалаха.
4. Талла хIора вариантан жоп. Къастаде, нийса ду иза йа дац.
5. Нийса грамматически лард къастийнчу жоьпан вариант билгалйаккха.

**3. Пуктуационни анализ.**

Дешархочунна, тIедиллар кхочушдеш, хаа йеза предложенехь сацаран хьаьркаш хIитторан бакъонаш, хIунда аьлча хIокху тIедилларехь предложенина пуктуацин декъехь анализ йар ду: шайца догIучу терахьийн метта тIехIитто деза нийса билгалдаьхна сацаран хьаьркаш (йа тIехIитто йеза нийса билгалйаьхна цIоьмалгаш).

**ТIедиллар кхочушдаран алгоритм.**

1. Леррина дIайеша йерриг текст.
2. Билгалйаккха хIора предложенин грамматически лард, къастаде предложенин тайпа (цхьалхе, чолхейаьлла цхьалхе, чолхе-цхьаьнакхетта, чолхе-карара, хуттургаш йоцу чолхе). Нагахь предложени чолхе йелахь, цу чу йогIучу цхьалхечу предложенийн дозанаш къастаде, тIаккха догIу сацаран хьаьркаш дIахIиттаде.
3. Билгалдаккха, стенца чолхейевлла цхьалхе предложенеш (йукъадало дешнаш, тIедерзарш, предложенин цхьанатайпана меженаш, предложенин шакъаьстина меженаш).
4. Талла хIора синтаксически конструкци, цаьрца сацаран хьаьркаш хIитторан бакъонаш дагайаийта.
5. Предложенешкахь догIуш долу дерриге сацаран хьаьркаш (цIоьмалгаш) дIахIиттаде.
7. ТIечIагIде айхьа хIиттийна цIоьмалгаш бакъонца йогIуш хилар.
8. Айхьа хIиттийнчу цIоьмалгийн терахьаш схьайазде.

**4. Синтаксически анализ.**

Дешархочунна, тIедиллар кхочушдеш, хаа деза предложенин коьртаза меженаш, предложеница грамматически уьйр йоцу дешнаш: тIедерзар, йукъадало дешнаш къасто.

**ТIедиллар кхочушдаран алгоритм.**

1. Леррина дIайеша предложени.
2. Хаттар хIоттаде хIора дашна (меженна).
3. Билгалйаккха, тIедилларе хьаьжжина, оцу предложенера оьшу коьртаза меже йа предложеница грамматически уьйр йоцу дош: тIедерзар, йукъадало дош.
4. ТIечIагIде шаьш хаьржина дош оьшу коьртаза меже хилар йа предложеница грамматически уьйр йоцу дош хилар.

Диц ма де йукъадало дешнаш предложени йукъара дIадаха а йа цуьнан маьIнехь долчу кхечу йукъадало дешнашца хийца а мегаш хилар.

Дагахь латтаде предложенехь тIедерзар даимна цIерниг дожарехь лаьтташ долчу цIердашах йа цуьнан маьIнехь лелачу кхечу къамелан дакъойх хуьлуш хилар.

Диц ма де тIедерзар, шеца кхеторан дешнаш долуш, даьржина а хуьлуш хилар.

**5. Орфографически анализ.**

Дешархочунна, тIедиллар кхочушдеш, хаа йеза нохчийн меттан нийсайаздаран бакъонаш.

**ТIедиллар кхочушдаран алгоритм.**

1. Леррина дIайеша хьалхара вариант (тIечIагIдар). Жоп ло хаттарна: йуй и санна йолу бакъо? Нагахь йацахь, цул тIаьхьарниг йеша. Нагахь йелахь, кхин дIа талла и.
2. Талла хьалхарчу тIечIагIдарехь билгалдаьккхина дош, бакъоне хьаьжжина, нийса йаздина ду йа дац.
3. Цу кеппара таллам бе хIора тIечIагIдарехь билгалдаьккхинчу дешан.
4. Дош йаздарехь гIалат доцу кхетор (тIечIагIдар) долу жоп схьайазде.

**6**. **Текстан чулацаман анализ**.

Дешархочунна, тIедиллар кхочушдеш, хаа йеза хIара теманаш: «Текст – къамелан произведени», «Текстан маьIнин а, композиционни а цхьаалла», «Текстан анализ».

**ТIедиллар кхочушдаран алгоритм.**

1. Леррина, ойла а йеш, лаххара а шозза дIайеша текст.
2. ДIайеша жоьпийн (тIечIагIдарийн) варианташ.
3. Схьалаха текстехь хIора далийнчу тIечIагIдарца богIу хаамаш.
4. Нагахь тIечIагIдар текстан чулацамца догIуш делахь, схьайазде тIедилларехь и билгалден терахь.

**7. Меттан суртхIотторан гIирсийн анализ.**

Дешархочунна, нийса жоп къасторхьама, дикка бовза беза нохчийн меттан суртхIотторан гIирсаш.

**ТIедиллар кхочушдаран алгоритм.**

I. Леррина дIадеша тIедиллар.

2.ТIедилларехь йалийнчу предложенешкара билггала меттан суртхIотторан гIирс шеца болу предложени карорхьама, дагадаийта, тIедилларехь гайтинчу лингвистически терминан хIун маьIна ду.

3. Леррина дIайеша хьалхара предложени, схьалаха хьажа цуьнан чулацамехь и меттан суртхIотторан гIирс.

4. Нагахь оцу предложенехь и бацахь, талла рогIера вариант.

5. Цу кеппара талла массо а схьакховдийна(йалийна) предложени.

6. Схьайазде нийса жоп шеца долчу предложенин терахь.

**8. Лексически анализ.**

Дешархочунна, тIедиллар кхочушдеш, хаа деза гергара (синонимаш), дуьхь-дуьхьал (антонимаш) маьIна долу дешнаш дало.

**ТIедиллар кхочушдаран алгоритм.**

I. Леррина дIадеша тIедиллар.

2.ТIедилларехь йалийнчу лингвистически терминан билгалонаш дагалаца.

3.Схьакарайе текстехь тIедилларехь билгалйаьккхина предложени (йерриг текстаца болх бан безаш хила а тарло).

4. Предложени дIа а йеший, тIедилларехь далийнчу дешан лексически маьIна къастаде.

5. Оцу дашна, тIедилларе хьаьжжина, хила тарло синонимаш йа антонимаш йалайе.

6. Талла шаьш йалийнчу синониман йа антониман кеп (тIедилларе хьаьжжина) предложеница йогIуш хилар (дожарца, терахьца, классаца).

7. ДIайазде и дош.

## 2-ЧУ ДЕКЪАН ТIЕДАХКАРШ КХОЧУШДАРАН ОЙЛАЙАРАН КЕП

**2. Синтаксически анализ.**

**ТIедилларан чулацам.**

ТIедилларехь йалийна 4 предложенех льатта текст йу, иштта оцу предложенийн хила тарло грамматически лардаш йу. Царна йукъара билгалйаккха йеза нийса грамматически лард йолу вариант.

**Ойлайаран кеп.**

Йоьшу йерриге (4 предложени) текст, жоьпийн варианташ а.

Дагалоцу: предложенехь йолчу коьртачу меженех (подлежащих, сказуемих) предложенин грамматически лард олу.

Леррина дIайоьшу хьалхара предложени.

***Корта тIулга тIе а биллина, хина дуьхьал вирзина, вехха Iиллира со***.

Кху предложенин грамматически лард хила тарло вариант йу – ***корта тIе а биллина.***

Предложени дIайешча, билгалдолу сказуеми хила тарлуш долу дош ***Iиллира*** хилар, хIунда аьлча цо подлежащин дар йа хилар гойту.

ХIун дира? ***Iиллира***. Сказуеми тIера хаттар хIоттийна, билгалдоккху подлежащи.

**Iиллира** мила? ХIоттийнчу хаттаро гойту хIокху предложенехь шех льацна дуьйцу коьрта меже (подлежащи) **со** хилар. Биначу талламо тIечIагIдо хьалхарчу предложенин грамматически лард ***Iиллира со*** хилар а, ***корта тIе а биллина*** боху вариант кху предложенин грамматически лард цахилар а.

Билгалдолу тIедилларехь йалийна хьалхара вариант нийса цахилар.

ДIайоьшу шолгIа предложени.

Кху предложенин грамматически лард хила тарло вариант йу – ***хьоьстура дегI.***

***Аьхкенан довхачу дийнахь гIеххьа малделлачу, шовда санна, цIеначу хин кегийчу тулгIеша эсала хьоьстура дегI.***

Предложени дIайешча, билгалдолу сказуеми хила тарлуш долу дош ***хьоьстура*** хилар, хIунда аьлча цо подлежащин дар йа хилар гойту.

ХIун дора? – ***хьоьстура***. Сказуеми тIера хаттар хIоттийча, билгалдоккху подлежащи.

***Хьоьстура*** стен? ХIоттийнчу хаттаро хIокху предложенера ***тулгIеша*** бохучу дашо дар йа хилар стен кхочушдо билгалдоккхуш хилар гойту.

Бинчу талламо тIечIагIдо шолгIачу предложенин грамматически лард ***тулгIеша хьоьстура*** хилар а, ***хьоьстура дегI*** боху вариант кху предложенин грамматически лард цахилар а.

Билгалдолу тIедилларехь йалийна шолгIа вариант нийса цахилар.

Цу кепара таллам бо кхоалгIачу предложенина.

Кху предложенин грамматически лард хила тарло вариант йу – ***тар туьйсуьйтура.***

***Бер дижочу эшаран мукъамехь декачу хиэ набаран тар туьйсуьйтура.***

Предложени дIайешча, билгалдолу сказуеми хила тарлуш долу дош ***туьйсуьйтура*** хилар, хIунда аьлча цо подлежащин дар йа хилар гойту.

ХIун дора? – ***туьйсуьйтура***. Сказуеми тIера хаттар хIоттийча, билгалдоккху подлежащи.

***Туьйсуьйтура*** стен? ХIоттийнчу хаттаро хIокху предложенера ***хиэ*** бохучу дашо дар йа хилар стен кхочушдо билгалдоккхуш хилар гойту.

Бинчу талламо тIечIагIдо кхоалгIачу предложенин грамматически лард ***хиэ туьйсуьйтура*** хилар а, ***тар туьйсуьйтура*** боху вариант кху предложенин грамматически лард цахилар а.

Билгалдолу тIедилларехь йалийна кхоалгIа вариант нийса цахилар.

Цу кепара таллам бо йоьалгIачу предложенина а.

Кху предложенин грамматически лард хила тарло вариант йу - ***дIанисвелира со.***

***Меллаша хи чуьра хьала а шершина, гомхачу берда йистехь, бIаран Iиндагlе корта а буьллуш, аркъалнехьа бай тIе дIанисвелира со.***

Предложени дIайешча, билгалдолу сказуеми хила тарлуш долу дош ***дIанисвелира*** хилар, хIунда аьлча цо подлежащин дар йа хилар гойту.

ХIун дира? – ***дIанисвелира***. Сказуеми тIера хаттар хIоттийча, билгалдоккху подлежащи.

***ДIанисвелира*** мила? ХIоттийнчу хаттаро хIокху предложенера ***со*** бохучу дашо дар йа хилар хьан кхочушдо билгалдоккхуш хилар гойту.

Биначу талламо тIечIагIдо йоьалгIачу предложенин грамматически лард ***дIанисвелира со*** хилар а, иза йалийнчу вариантаца йогIуш хилар а.

Билгалдолу тIедилларехь йалийна йолу йоьалгIа  вариант нийса хилар.

ДIайаздо нийса жоп: **4.**

**3. Пуктуационни анализ.**

**ТIедилларан чулацам.**

ТIедилларехь йалийна жима текст йу. Цу текстехь оьшу сацаран хьаьркаш хIитто деза.

**Ойлайаран кеп.**

ДIайоьшу йерриг текст**.**

Леррина дIайоьшу йалийнчу текстан хьалхара предложени.

***Готтачу новкъа (1) гIали чу схьадалийра талорхоша йийсарш.***

Толлу, маса грамматически лард йу хIокху предложенехь. ХIун дира? – **схьадалийра. Схьадалийра** хьан? **Талорхоша.**

Предложени теллича, билгалдолу оцу предложенехь цхьа грамматически лард бен цахилар. Предложени цхьалхе йу, чолхейаьлла йац. Цу тIера схьа тIечIагIдан йиш йу: хIокху предложенехь сацаран хьаьркаш ца хIиттадо.

ШолгIачу предложенина таллам бо. ***Зударша а (2) бераша а уьйтIе йуьзира.*** Предложени шена чохь цхьа грамматически лард йолуш, цхьалхе хилар къастийнчул тIаьхьа, вайна гучудолу оцу предложенехь цхьана дашах дозуш долуш, цхьана хаттарна жоп луш долу дешнаш хилар. ***Йуьзира*** хьан? – ***зударша а, йуьзира*** хьан?– ***бераша а. Зударша а, бераша а*** предложенин цхьанатайпана меженаш йу, уьш йозанехь цIоьмалгаца къастайо.

Иштта таллам бо рогIерчу предложенина. ***Барза (3) тхов тIера охьа а воьссина (4) паргIатчу боларехь (5) йийсархошна тIевахара.*** ХIун дира? – ***тIевахара. ТIевахара*** мила? – ***Барза.*** Билгалйолу предложенин цхьа грамматически лард. Кхин дIа таллам беш, гучудолу ***тхов тIера охьа а воьссина*** бохучу дешнаша сказуемина кхин а совнаха хаам тIетухуш хилар. Иза деепричастин карчам бу, предложенехь шина агIор цIоьмалгашца билгалбоккху. Цу кеппара рогIера ши предложени теллича, вайна билгалдолу и предложенеш чолхейевлла цахилар а, сацаран хьаьркаш цу предложенешкахь хIитто оьшуш цахилар а. ***Нажина вевзира иза. ЧIогIа хийцавелла воккха стаг.*** ТIаьххьара предложени теллича, вайна хаало цуьнан чулацамехь предложеница грамматически уьйр йоцу дош (йукъадало дош) хилар. Ткъа иза йозанехь цIоьмалгашца къастадо. ***Схьахетарехь, дог а хийцаделла.*** ХIиттийна йерриг а цIоьмалгаш бакъонца йогIуш хилар тIечIагIдинчул тIаьхьа, цу цIоьмалгийн терахьаш схьайаздо.

ДIайаздо нийса жоп: **2347.**

**4. Синтаксически анализ.**

**ТIедилларан чулацам.**

ТIедилларехь йалийнчу предложенера схьакаро йеза коьртаза меже (лач кхачам).

**Ойлайаран кеп.**

Лач дожарийн хаттаршна жоп луш, х1ума билгалйечу коьртазчу меженах **лач кхачам** олу.

Леррина дIайоьшу предложени. ***Шелонах экама хебачу ангалин корех сиха дог1учу дог1анан т1адамаш деттало.***

Схьалоху лач дожаран хаттарна жоп луш долу цIердош йа цуьнан маьIнехь лела кхин къамелан дакъа.

**Деттало** хIун? – **тIадамаш.** ХIара цIердашах хилла грамматически подлежащи ду.

Кхин дIа таллам бо.

**Деттало** стенах? – **корех.** Бинчу талламо гойту **корех** хIокху предложенехь коьчалниг дожарехь лаьттачу цIердашах хилла лач кхачам хилар.

ДIайаздо нийса жоп: **<u>корех</u>**.

**5. Орфографически анализ.**

**ТIедилларан чулацам.**

ТIедилларехь далийна диъ тIечIагIдар ду. Царна йукъара билгалйаккха йезаш йу нийса тIечIагIдар далийнчу жоьпан вариант.

**Ойлайаран кеп.**

Нийсайаздаран бакъонаш Iамочу Iилманан декъах орфографи олу.

Леррина дIадоьшу хьалхара тIечIагIдар.

***ЦА ДЕШАР** – «ЦА» дакъалг масдарца къаьстина йаздо.*

ТIечIагIдар дIадешча, билгалдолу дош, бакъоне хьаьжжина, нийса йаздина цахилар, хIунда аьлча «ЦА» дакъалг масдарца цхьаьна йаздо.

ДIадоьшу шолгIа тIечIагIдар.

***ХIАЙТ-АЬЛЛА** – АЬЛЛА боху дош тIекхетарца кхолладелла чолхе куцдешнаш дефисца йаздо.*

ТIечIагIдар дIадешча, билгалдолу дош, бакъоне хьаьжжина, нийса йаздина хилар, хIунда аьлча АЬЛЛА боху дош тIекхетарца кхолладелла чолхе куцдешнаш дефисца йаздо.

Цу кеппара таллам бо дисинчу шина тIечIагIдарна.

ДIайаздо нийса жоп: **<u>2</u>**.

**6. Текстан чулацаман анализ.**

**ТIедилларан чулацам.**

ТIедилларехь йалийна предложенеш йу. Царах цхьаъ йу «***ХIун бахьана дара Къосума кехатан чулацам хийцаран***?» бохучу хаттарна нийса тIечIагIдаран хаам шеца болуш. Иза билгалйаккха йеза.

**Ойлайаран кеп.**

ТIедилларехь йалийна 4 предложени йу, шайна чохь тайп**-**тайпана хаамаш болуш.

«***Къосумна шерра деша ца хаьара***». ХIокху предложенин чулацамехь балийна тIечIагIдаран хаам нийса бац, хIунда аьлча текстан чулацамо хоуьйту Къосумна деша хууш хилар.

«***Къосуман бIаьрса дика дацара***». ШолгIачу предложенехь а ца карабо вайна хаттарна нийса тIечIагIдаран хаам, хIунда аьлча бIаьрса дика цахиларна, цо шен куьзганаш схьадаийтира.

«***Кехат тIехь йаздинчух Къосум ца тешара***» бохучу предложенера тIечIагIдаран хаам нийса бац: текстехь вайна го Къосум шена кхо маьIиг йолу кехат гушшехь, хиллачух кхетар.

«***Къосум ненан дог ца дохо гIертара***». ХIокху предложенехь вайна го нийса тIечIагIдаран хаам, хIунда аьлча текстера 26-чу предложенехь билгалдолу вайна, ненан дог ца дохо гIерташ, Къосуман холчухIоттар.

ДIайаздо нийса жоп: **<u>4</u>.**

**7. Меттан суртхIотторан гIирсийн анализ.**

**ТIедилларан чулацам.**

ТIедилларехь йалийна предложенеш йу. Царах цхьана предложенехь пайдаэцна меттан суртхIотторан гIирсах – эпитетах. И предложени схьа а карийна, цуьнан терахь схьайаздан деза.

**Ойлайаран кеп.**

ТIедилларехь йалийна 4 предложени йу.

***Тхан лулахь Iаш йара, кIант эскаре вигначу шарахь тIера цIийнда а велла, йисина йоккха стаг Кхокха.*** 1-чу предложенин чулацамехь тIедеъначу маьIнехь цхьа а дош дац.

***Ткъа цуьнгара кхочуш долу кехаташ ден а, ненан а цIарах хуьлура.*** 2-чу предложенина таллам бича, тIедеъначу маьIнехь далийна цхьа а дош цахилар билгалдолу.

***Хийла нене кхаьчна и шийла кхаъ.*** 3-чу предложенехь долу дешнаш теллича, гучудолу «***шийла кхаъ***» бохучу дешнийн цхьаьнакхетарехь «***шийла***» боху дош тIедеъначу маьIнехь хилар.

***Амма хIинца а дагара ца долу суна Къосума дешна кехат.*** 4-чу предложенехь а дац тIедеъначу маьIнехь далийна дош.

Цу кепара предложенеш теллича, билгалдолу меттан суртхIотторан гIирс 3-чу предложенехь хилар.

ДIайаздо нийса жоп: **<u>3</u>.**

**8. Лексически анализ.**

**ТIедилларан чулацам.**

ТIедилларехь йалийна предложени йу. Оцу предложенера «**кхалхар**» бохучу дашна синоним йало йеза.

**Ойлайаран кеп.**

Шен алар, йаздар тайп-тайпана а долуш, маьIна кхечу дешан маьIнина герга долчу дашах **синоним** олу.

ДIайоьшу предложени. ***«КIанте хаийтина дацара да <u>кхалхар</u>».***

Оцу предложенера **кхалхар** бохучу дешан маьIна **валар** бохучу дешан маьIнина герга ду. Цундела **кхалхар** дешан синоним йу **валар**. Масала, «***КIанте хаийтина дацара да <u>валар</u>».*** Дешан кеп а (дожарца, терахьца, классаца) предложеница йогIуш йу.

Предложени дIайешча, тIечIагIдан йиш йу йалийна синоним нийса хилар.

ДIайаздо нийса жоп: **<u>валар</u>**.

## ЭКЗАМЕНАЦИОННИ БЕЛХАН 3 ДАКЪА КХОЧУШДАР
## 3 ДАКЪА – ЖИМА СОЧИНЕНИ-ОЙЛАЙАР (9.1, 9.2, 9.3) ЙАЗЙАР

*2-чу декъера йешначу текстах пайда а оьцуш, къаьстинчу кехат тIехь 9.1, 9.2 йа 9.3 тIедилларех кхочушде ЦХЬАЪ. Оцу тIедилларна, йалийнчу клишех пайда а оьцуш, дуьззина йозанан жоп ло. Сочинени йазйан йолайале, дIайазйе хаьржинчу тIедилларан лоьмар: 9.1, 9.2 йа 9.3*

3-чу декъан тIедиллар кхочушдо 2-чу декъан тIедахкаршца болх беш йешначу текстан буха тIехь.

3-чу декъан болх болош, далийнчу кхаа тIедилларх (9.1, 9.2 йа 9.3) цхьаъ хоржу, цунна кхоччуш (аргументированни) дуьззина йозанан жоп а луш.

### Сочинени-ойлайар йазйаран методически хьехамаш

Сочинени-ойлайар йазйаран методически некъ.

### 9.1 тIедиллар (2-гIа вариант)

Сочинени-ойлайар йазйе, Л.Н. Толстойн **«Нохчийн мотт уггар хазачу а, хьал долчу а меттанех цхьаъ бу, нагахь кхоччуш дика иза хууш хьо велахь»** бохучу дешнийн маьIна а достуш.

Хьайн жоп тIечIагIдеш, йешначу текста тIера **ши** масал даладе.

Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.

Лингвистически материал тIехь тема схьайоьллуш, Iилманан йа публицистически стилехь болх йазбан таро йу хьан.

Сочинени дIайоло мегар ду Л.Н. Толстойн дешнашца. Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Йешначу текстана (йалийнчу текстана) тIе а ца тевжаш йазбинчу белхан мах хадош бац. Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайиийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

### <u>1-ра гIулч</u>

1-чу абзацехь йаздо дIадолор. Л.Н. Толстойн дешнийн маьIна досту.

**Клише:**

- Суна хетарехь (суна хета), ...
- ТIечIагIдийр ду иза текстера масалшца…
- Иза иштта хилар шеко йоцуш ду…
- Цу тIехь авторца (авторан цIе) реза ца хила йиш йац…
- Авторан дешнашца реза ца хила хала ду…
- Тезис тIечIагIйеш, хьовсур вай …
- Хьовсур вай тексте…

17

**Масала**

*ГIаравааьллачу йаздархочо Л.Н. Толстойс шен дешнашкахь гойту нохчийн мотт Iаламат доккха хьал долуш а, исбаьхьа а хилар. Цу тIехь йаздархо-*

*чуьнца реза ца хила йиш йац, хIунда аьлча тайп-тайпанчу суртхIотторан гIирсашца муьлхха а ойла говза йийца йиш йолу хазна йу вайн мотт. ХIара тезис тIечIагIйеш, хьовсур вай П.З. Абубакарован тексте. (1-ра абзац)*

*(47 дош)*

**2-гIа гIулч**

Масалш-тIечIагIдарш кепе даладо. Коьртачу декъехь уьш шиъ хила деза.

Меттан суртхIотторан гIирсаш карийча ца тоьа, цара деш долу гIуллакх гайта деза. Текстера предложенеш ца йазийча а мега, церан терахь дIайаздичхьана предложенехь.

**Клише:**

- ХIара тезис тIечIагIйеш, айса йешначу текстера … предложенера масал далор ду.
- Масална текстан … предложени йало мегар ду.
- Масала, текстера … предложенехь…
- Текстан … предложенехь … кхин цхьаъ …
- Автора шен текстан … предложенехь меттан гIирсах пайдаоьцу…
- Меттан гIирс каро йиш йу текстан …предложенехь.
- Автора меттан суртхIотторан гIирс гойтучу… предложенин масалца тIечIагIдан йиш йу и ойла нийса хилар.
- Текстан … предложени йешча, …

**Масала**

*Меттан таронех – суртхIотторан гIирсех – шуьйрра пайдаэцна йаздархочо. Масала, текстан 8-чу предложенехь «бIаьргийн туьтеш» бохучу метафорица говза гойту кхокханан бIаьргаш, туьтеш санна, горга а, къегаш а хилар. (2-гIа абзац)*

*(26 дош)*

*Ткъа 9-чу предложенехь йалийна «кхоьлира йоьIан дог» боху метафора. Оцу меттан гIирсо вайна хоуьйту, мел чIогIа халонга даьлла йоIана кхокханан тIам лазийна гар. Цул сов, хаало, кхечунна баьлла бохам, шениг санна, тIеоьцуш, иза къинхетаме адам хилар а. (3-гIа абзац)*

*(37 дош)*

**3-гIа гIулч**

ЖамI кепе даладо.

**Клише:**

- Цу тайпана…
- Текстера масалшка хьаьжча, …
- Лакхахь далийнчу масалшка хьаьжча, …
- Вайн тIечIагIдан йиш йу…
- Вайна ма-гарра, …
- Вайн таро йу жамI дан…



**Масала**

*Лакхахь далийнчу масалшка хьаьжча, вайн тIечIагIдан йиш йу нох-*

*чийн мотт «уггар хазачу а, хьалдолчу а меттанех цхьаъ» хилар. (4-гIа абзац)*

*(18 дош)*

**Диц ма де!** Сочиненехь 4 абзац хила йеза:

1. Дешнийн маьIна дастар.
2. Хьалхара масал.
3. ШолгIа масал.
4. ЖамI (дерзор).

**9.1 сочинени йазйаран алгоритм:**

**ДIадолор:** тIечIагIйан йезаш йолу тезис кепе йалор (2-3 предложени). Оцу тезисна масалш-тIечIагIдарш далор: тайп-тайпана меттан гIирсаш а, цара текстехь лоцу дакъа а гойтуш долу ши тIечIагIдар далор.

**Дерзор:** йалийна тезис тIечIагIйеш долу жамI далор (и ца хилча, ойлайар кхачаме хир дац).

**Диц ма де!** ХIора дакъа керлачу абзацехь хила деза.

## Дешархочун болх

*ГIараваьллачу йаздархочо Л.Н. Толстойс шен дешнашкахь гойту нохчийн мотт Iаламат доккха хьал долуш а, исбаьхьа а хилар. Цу тIехь йаздархочуьнца реза ца хила йиш йац, хIунда аьлча тайп-тайпанчу суртхIотторан гIирсашца муьлхха а ойла говза йийца йиш йолу хазна йу вайн мотт. ХIара тезис тIечIагIйеш, хьовсур вай П.З. Абубакарован тексте.*

*Меттан таронех – суртхIотторан гIирсех – шуьйрра пайдаэцна йаздархочо. Масала, текстан 8-чу предложенехь «бIаьргийн туьтеш» бохучу метафорица говза гойту кхокханан бIаьргаш, туьтеш санна, горга а, къегаш а хилар.*

*Ткъа 9-чу предложенехь йалийна «кхоьлира йоьIан дог» боху метафора. Оцу меттан гIирсо вайна хоуьйту, мел чIогIа халонга даьлла йоIана кхокханан тIам лазийна гар. Цул сов, хаало, кхечунна баьлла бохам, шениг санна, тIеоьцуш, иза къинхетаме адам хилар а.*

*Лакхахь далийнчу масалшка хьаьжча, вайн тIечIагIдан йиш йу нохчийн мотт «уггар хазачу а, хьалдолчу а меттанех цхьаъ» хилар.*

*(128 дош)*

## 9.2 тIедиллар (10-гIа вариант)

Йазйе сочинени-ойлайар. Дийца, муха кхета хьо текстан тIаьххьарчу предложенин маьIнех: **«Долчуьнгахь ду хьуна гIиллакх а, хьекъал а, эхь-йиман а, доцчуьнгахь – дац…».** Сочиненехь айхьа йешначу текстера хьайн ойлайар нийса хилар гойтуш долу **ши тIечIагIдар** (аргумент) даладе.

**1-ра гIулч**

2-3 предложеница ойлайан йеллачу кийсакан маьIнех кхетор

- коьртачу дешнашна тIетовжар;
- йерриге а текстан коьрта ойла схьагайтар;
- лексически а, синтаксически а агIор совдолу «кечдарш» доцуш, ойланаш кепе йалор а, церан маьIна дар а.

**Клише:**

- Текстан тIаьххьарчу могIанийн (текстера йеллачу кийсакан) маьIна ду…
- ХIокху текстан автора (авторан цIе) йешархо ойлайарна тIевуьгу…
- Суна хетарехь, автор йешархошка тидам байта гIерта…
- Йеллачу кийсакан маьIнех (цитированиx пайдаэцa мегар ду) со ишт-та кхета…
- Суна хетарехь, йеллачу кийсако текстан коьрта ойла чулоцу…

**Масала**

*Текстан тIаьххьарчу могIанех со иштта кхета: стага, дуьненахь мел веха, лардан деза гIиллакх, эхь-йиман, ша деш долу дика цIарна а доцуш. Бакъду, даьллачу цхьана осалчу хIумано йожа-м йо стеган цIе. (I-ра абзац)*

*(30 дош)*

**2-гIа гIулч**

Шайн тезисехь коьртаниг чулоцуш йолу ши ойла билгалйаккха

**Масала**

*Стага, дуьненахь мел веха, лардан деза гIиллакх, эхь-йиман, ша деш долу дика цIарна а доцуш.*

*Даьллачу цхьана осалчу хIумано йожайо стеган цIе.*

**3-гIа гIулч**

Леррина дIайеша хьалхара ойла. Текстера 1-3 предложени карайе, и ойла нийса хилар тIечIагIдеш йолу.

**Масала**

*Стага, дуьненахь мел веха, лардан деза гIиллакх, эхь-йиман, ша деш долу дика цIарна а доцуш.*

*Текстехь: – (47) Сан цIарах дан хIума дац ахь. (48) Хьан некъ дика хуьлда, – аьлла, иза хьала а хьажийна, дIавахара хьуна и кIант.*

**4-гIа гIулч**

Леррина дIайеша шолгIа ойла. Текстера и ойла нийса хилар тIечIагIдеш йолу 1-3 предложени карайе.

**Масала**

*Даьллачу цхьана осалчу хIумано йожайо стеган цIе.*

Текстехь: (17) Пхи сом доцуш, хьо хIунда йаьлла Шуьйта йаха, дуй? (18) Пхи сом дацахь, хьайн больнице дIа а йахана, дIайижча гIоли ду хьуна, дуй, тIехьаьжча а йу хьо беса, вахь-хьа-хьа, – велавелла, ша аьллачух чIогIа там хилла, ирх хьийзина мекхаш кхин тIе а хьовзийра вукхо.



**5-гIа гIулч**

Кечдо масалш-тIечIагIдарш

**Клише:**

- ХIокху кхетамах лаьцна сайна хетарг олуш, билгалдаккха лаьа...
- ХIокху текстехь авторан (авторан цIе) Iалашо йу…
- Аьлларг тIечIагIдархьама, хьовсур вай предложенешка…
- ХIокху тезисан нийса хилар текстера … предложеница (-йешца) тIечIагIдо вай.
- Сайн жамIаш тIечIагIдеш, … предложенера (-шкара) масал далор ду ас.
- … предложенино (- йеша) тIечIагIйо ойла…
- Ткъа шолгIа ойла тIечIагIйеш, хьовсур вай йуха а тексте ...

**Масала**

*Шен текстехь Ахмадов Мусан Iалашо йу гIиллакх долчу стеган деган хазалла гайтар. Цуьнан масал вайна го Лечас больницера цIа йоьдучу зуд-чуьнца хIоттийнчу гIиллакхехь.*
*Ша динарг цо даггара диний а,йахь йолуш, оьзда кIант и вуй а хаало цуьнан къамелехь (47, 48-гIий предложенеш). (2-гIа абзац)*

*(40 дош)*

*ХIокху тезисан нийса хилар текстера 17, 18-гIий предложенешца тIечIагIдо вай. Кхузахь машенан да осала стаг хилар гучудолу вайна. Ша динчу къамелаца шен мах хадабо цо, шен кIезгалла а гойту. Эхь-ийман долчу стага и тайпа къамел дийр дац.*
*(3-гIа абзац)*

*(35 дош)*

## <u>6-гIа гIулч</u>

Йаздо дерзор

Дерзоран декхар – ойлайаран жамI дар; кхин цкъа а коьртачу ойланан тергам бина, болх берзор.

**Клише:**

- Чаккхенехь (дерзорехь) билгалдоккху…
- Иштта…
- Цу тайпана, баккъала а ойла нийса йу…
- Вайна ма-гарра, …
- Текстера масалша тIечIагIдо...

**Масала**

*Вайна ма-гарра, дукха хIума ца оьшу нахалахь стеган сий лакхадаккха.*
*Иштта кIеззигчу хIумано цуьнан цIе йожа а йо. Цунах вай лардала деза. (4-гIа абзац)*

*(22 дош)*

**9.2 тIедилларехь сочинени-ойлайар хIотторан алгоритм**

1) Йалийнчу предложенийн маьIна даста. 1-чу абзацехь, кепе а далош, комментари йе, хьо муха кхетта цу предложенийн маьIнех (къамелан клишех пайдаэца).

2) Шайн тезисехь коьртаниг чулоцуш йолу ши ойла билгалйаккха.

3) Леррина дIайеша хьалхара ойла. Текстера 1-3 предложени карайе, и ойла нийса хилар тIечIагIдеш йолу (2-гIа абзац).

4) ДIайеша шолгIа ойла. Текстера и ойла нийса хилар тIечIагIдеш йолу 1-3 предложени карайе (3-гIа абзац).

5) Масалш-тIечIагIдарш кечде хIора а къаьстинчу абзацехь.

6) 4-чу абзацехь хьайн сочинени-ойлайар йерзоран дош даладе (къамелан клишех пайдаэца).

**Дешархочун болх**

Текстан тIаьххьарчу могIанех со иштта кхета: стага, дуьненахь мел веха лардан деза гIиллакх, эхь-йиман, ша деш долу дика цIарна а доцуш. Бакъду даьллачу цхьана осалчу хIумано йожа-м йо стеган цIе.

Шен текстехь Ахмадов Мусан Iалашо йу гIиллакх долчу стеган деган кIант и вуй а хаало цуьнан къамелехь (47, 48-гIий предложенеш).

ХIокху тезисан нийса хилар текстера 17, 18-гIий предложенешца тIечIагIдо вай. Кхузахь машенан да осала стаг хилар гучудолу вайна. Ша диначу къамелаца шен мах хадабо цо, шен кIезгалла а гойту. Эхь-йиман долчу стага и тайпа къамел дийр дац.

Вайна ма-гарра, дукха хIума ца оьшу нахалахь стеган сий лакхадаккха. Иштта кIеззигчу хIумано цуьнан цIе йожа а йо. Цунах вай лардала деза.

*(127 дош)*

**9.2 тIедилларехь сочинени-ойлайар йазйеш, дешархочунна, дукха хьолахь, нислуш йолу халонаш:**

– тIедилларан маьIнех цакхетар;
– текстан кийсакан нийса маьIна цадар;
– текстера масалш-тIечIагIдарш дало цахаар.

**ТIедиллар кхочушдарехь мах хадоран критерешца хаа дезарг:**

• текстера йеллачу кийсакан чулацаман нийса маьIна дар, интерпретацехь гIалаташ цадахар;
• йеллачу кийсакан чулацаман маьIница цхьаьнадогIуш долу текстера ши масал-тIечIагIдар далор;
• маьIнин гIалаташ а, абзацашка йекъаран талхор а доцуш, маьIница нийса, йозуш йолу текст йазйар.



**9.3 тIедиллар (7-гIа вариант)**

9.3 Муха кхета хьо **ХЬАРАМЛО** бохучу дешан маьIнех? Кепе а далош,

комментари йе айхьа цунах билгалдаькххинчунна.

Йазйе **«Дахарехь хьарамлонах ларвалар»** темина сочинени-ойлайар айхьа билгалдаькххинчун буха тӀехь. **Хьарамлонах** лаьцна айхьа билгалдаькххинарг тӀечӀагӀдеш, **ши** масал-тӀечӀагӀдар даладе: **цхьа** масал-тӀечӀагӀдар даладе йешначу текстера, **шолгӀаниг** – хьайн дахарехь зеделлачух.

ХӀун ду **дахарехь зеделларг?**

**Дахарехь зеделларг** – иза йалийна тезис нийса хилар тӀечӀагӀдеш долу шена зеделлачун хьал ду.

**Дахарехь зеделларг** довзуьйтуш, дало мегар ду масалш:

- **исбаьхьаллин литературера;**
- **Ӏилманан литературера;**
- **кинофильмашкара, спектакалшкара, телевиденера;**
- **йукъараллин а, шен а дахарера.**

**Сочинени-ойлайар йазйаран методически некъ ДӀадолор**

**Клише:**

- Суна хетарехь, …
- ХӀокху дешан маьӀнех со иштта кхета …
- Сан кхетамехь, хӀокху дешан маьӀна иштта ду …

**ХЬАРАМЛО бохучу дешан маьӀнах муха кхета, комментари йо.**

**Хьарамло** – *иза Дала ца магийнчу новкъа лелар ду: харцо лелайар, къола дар, хьо санна долчу адамна гӀело йар.*

**«Дахарехь хьарамлонах ларвалар»** темина сочинени-ойлайар йазйо айхьа билгалдаькххинчун буха тӀехь.

**Масала**

*Хьарамло – иза Дала ца магийнчу новкъа лелар ду: харцо лелайар, къоладар, хьо санна долчу адамна гӀело йар. Стаг шен дахарехь хьарамлонах ларвала веза, хӀунда аьлча, цо дечу гӀуллакхашка хьаьжжана, сийлаллин гу тӀе вала йиш йу цуьнан. Бакъду, эхьан ор чу вожа а тарло иза, нагахь харц новкъа и валахь. Цу йукъадогӀу къола дар а.*

*(56 дош)*

**Коьрта дакъа йаздо (2-гӀа абзац)**

**Клише:**

- Хьовсур вай тексте…
- Текстан авторна хетарехь, хӀокху кхетамо вайн ойла тӀекхиайо…



- ХӀокху текстан авторан Ӏалашо йара… гайта
- Текстан автора вайн ойла тӀейуьгу…
- ХӀокху текстан авторна (авторан цӀе) къаьсттина вайна гайта лиънарг ду…

- ХӀокху текстан автора нийса билгал ма-даккхара, …
- Текстан автора вайга ойла йойту...

**1-ра масал-тӀечӀагӀдар**

*Айдамиров Абузара вайна 43-46-гӀий предложенешкахь гойту йамарт хилар нийса доций а, иза эхь дуй а. Текстан авторна хетарехь, шена тӀе мел йоккха хало хӀоьттича а, стаг собаре хила веза. Къола дар Далла а, нахана а хьалха гӀиллакхехь дац. Иза хьарам рицкъ ду, цунах ларвала веза.*

*(44 дош)*

**Коьрта дакъа йаздо (3-гӀа абзац)**

**Клише:**

- Балийнчу кхетамо вайга ойла йойту…
- Балийнчу кхетамах лаьцна сайна хетарг олуш, билгалдаккха лаьа…
- Дахарера масал далош, ала лаьа…
- И тезис тӀечӀагӀйеш, йешначу произведенера иштта масал далор ду…
- Сайн дахарехь зеделлачуьнга а хьаьжна, айса йалийна ойла тӀечӀагӀйан лаьа…
- ХӀара ойла тӀечӀагӀйан таро йу гӀараваьллачу (Ӏилманчин, йаздархочун, суртдилллархочун …) дешнашца.

**2-гӀа масал-тӀечӀагӀдар**

*Сайн дахарехь зеделлачуьнга а хьаьжна, айса йалийна ойла тӀечӀагӀйан лаьа суна хӀокху масалца: Советан Ӏедал духучу муьрехь Ӏеламстаге хьаттина хилла сан дедас, йукъарчу бахамах долу хӀума цӀа дахьар муха ду аьлла.*

*Цо жоп деллера, стагана къола дарал а бӀозза къинехь ду иза аьлла, хӀунда аьлча иза халкъан къинхьегамца гулдина долу дела. Ткъа и йац йамартло?*

*(54 дош)*

**Дерзор йаздо (4-гӀа абзац)**

**Клише:**

**Йукъадало дешнаш:** цу тайпана, иштта, дерзорехь, вайна ма-гарра, тӀаьххьара а и. д. кх.

Синтаксически конструкцеш:

- Ойла йинчул тӀаьхьа вайна билгалдолу…
- Текстера далийнчу масалша тӀечӀагӀдо…
- Цу тӀера схьа жамӀ дан таро йу…
- Лакхахь аьллачунна тӀера билгалдолу…
- Айса йинчу ойланийн жамӀ деш, ала лаьа…

**Масала**

*Вайна ма-гарра, хьарамлонах, харцонах лар а луш, Дала ма-бохху, цӀена чекхвала веза шен дахаран новкъахь.*

*(16 дош)*



**9.3 тӀедилларехь сочинени-ойлайар хӀотторан алгоритм**

1. ДӀадеша тӀедиллар. Далийнчу дашна нийса къастам ло. Кепе а далош, комментари йе, хьо муха кхета цу дешан маьӀнех.

2. 1-чу абзацехь айхьа билгалдаьккхинчун буха тӀехь сочинени-ойлайар дӀайолайе.

3. 2-чу абзацехь текстера цхьа масал даладе, айхьа билгалдаьккхинарг тIечIагIдеш. Цу предложенин терахь дIайазде (клишех пайдаэца).

4. 3-чу абзацехь хьайн дахарехь зеделлачух цхьа масал даладе, айхьа билгалдаьккхинарг тIечIагIдеш (клишех пайдаэца).

5. 4-чу абзацехь хьайн сочинени-ойлайар йерзоран дош даладе (клишех пайдаэца).

**Дешархочун болх**

**Хьарамло** – иза Дала ца магийнчу новкъа лелар ду: харцо лелайар, къола дар, хьо санна долчу адамна гIело йар. Стаг шен дахарехь хьарамлонах ларвала веза, хIунда аьлча, цо дечу гIуллакхашка хьаьжжина, сийлаллин гу тIе вала йиш йу цуьнан. Бакъду, эхьан ор чу вожа а тарло иза, нагахь харц новкъа и валахь. Цу йукъа догIу къола дар а.

Айдамиров Абузара вайна 43-46-гIий предложенешкахь гойту йамарт хилар нийса доций а, иза эхь дуй а. Текстан авторна хетарехь, шена тIе мел йоккха хало хIоьттича а, стаг собаре хила веза. Къола дар Далла а, нахана а хьалха гIиллакхехь дац. Иза хьарам рицкъ ду, цунах ларвала веза.

Сайн дахарехь зеделлачуьнга а хьаьжна, айса йалийна ойла тIечIагIйан лаьа суна хIокху масалца: Советан Iедал духучу муьрехь Iеламстаге хаьттина хилла сан дедас, йукъарчу бахамах долу хIума цIа дахьар муха ду аьлла. Цо жоп деллера, стагана къола дарал а бIозза къинехь ду иза аьлла, хIунда аьлча иза халкъан къинхьегамца гулдина долу дела. Ткъа и йац йамартло?

Вайна ма-гарра, хьарамлонах, харцонах лар а луш, Дала ма-бохху, цIена чекхвала веза шен дахаран новкъахь.

*(169 дош)*

## СОЧИНЕНЕШ – МАСАЛШ

### 9.1 тIедиллар (1-ра вариант)

Халкъан хьехархочун Ш.И. Абдуразаковн дешнаша хоуьйту адаман ойла, мел чолхе и йелахь а, «башхачу жовхIаршца» – суртхIотторан гIирсашца – гайта таро йуйла нохчийн меттан. Иза иштта хилар шеко йоцуш ду, хIунда аьлча вайн маттахь шена хетарг говза а, хаза а ала йиш йу, тайп-тайпанчу гIирсех пайда а оьцуш: метафорех, эпитетех, дустарех, фразеологизмех и. д. кх. а.

Оцу гIирсех шуьйрра пайдаоьцу дешан говзанчаша. Масала, Хь.Б. Саракаевн текстера 20-чу предложенехь йалийна «шийла» боху эпитет. Цуьнца автора исбаьхьаллин кепехь хоуьйту вайна «хийла нене» кхаьчнарг вон хаам шеца болу кхаъ хилар.

Текстан 26-гIа предложени йешча, кхин цхьаъ «башха жовхIар» карадо вайна – «дог ца дохо» боху фразеологизм. Цуьнан синоним йу «хала ца хетийта». ХIокху предложенехь меттан говзачу гIирсах – фразеологизмах пайдаэцарца йаздархочо кIорггера гойту шен кIанте сатуьйсучу нанна хила тарлуш болу бохам.

Хь.Б. Саракаевн текстера масалшка хьаьжча, вайн аьтто хили нохчийн мотт «башхачу жовхIарех» льатта йоккха хазна хилар тIечIагIдан.

*(134 дош)*

### 9.1 тIедиллар (8-гIа вариант)

«Нохчийн мотт уггар хазачу а, хьалдолчу а меттанех цхьаъ бу, нагахь кхоччуш дика иза хууш хьо велахь», – аьлла Л.Н. Толстойс. Йаздархочун дешнашца реза ца хила хала ду: мел кIорггера ойла а, синхаам а нийса гайта йиш йу вайн маттахь. Тезис тIечIагIйеш, хьовсур вай С.-Хь. М. Нунуевн тексте.

ХIокху текстехь, турпалхойн дахар а, церан синхаамаш а бовзуьйтуш, алссам пайдаэцна меттан говзачу гIирсех. Царна йукъахь йу фразеологизмаш а. Масала, 4-чу предложенехь йалийна «дог даьллера» боху фразеологизм. Цуьнан маьIна «ца йезара» ду. Кхузахь автора «йуург ца йезара» аьлла ца далош, меттан суртхIотторан гIирсаца мелла а къегина гайтина цамгаро лаьцначу Хурмигахь долу хьал.

Текстан 34-чу предложенехь «бIаьрг тухура» бохучу фразеологизмах пайдаэцна. Цуьнан синоним «хьожура» йу. Ткъа дешнийн чIагIделлачу цхьаьнакхетарца автора вайна хоуьйту Илесан оцу дитте хьажар, ларамаза нисделла а доцуш, шен денене болчу боккхачу безамца а, дагалецамашца а доьзна хилар.

Вайна ма-гарра, С.-Хь.М. Нунуевс шен текстаца кхин цкъа а тоьшалла до нохчийн мотт хаза а, хьалдолуш а хиларна.

*(150 дош)*

### 9.1 тIедиллар (25-гIа вариант)

Халкъан хьехархочо Ш.И. Абдуразаковс шен дешнашкахь гойту нохчийн мотт, мел кIорггера ойла а, синхаам а цIена гайта йиш йолуш, башха хазна хилар. Иза, цхьа а шеко йоцуш, бакъдерг ду: тайп-тайпанчу меттан суртхIотторан гIирсех пайда а оьцуш, дог-ойла нийса, йуьззина йийца йиш йу вайн маттахь.

Царах шуьйра пайдаэцна I.Э. Гайсултановс шен текстехь. Масала, 15-чу предложенехь йалийна «кехато садоура» боху метафора. Оцу меттан говзачу гIирсо вайна хоуьйту, ша кехат чудожор бахьана долуш, Вадуде хIоьттина хьал.

Текстан 30-чу предложенехь «йуьхь йекхайелира» бохучу фразеологизмах пайдаэцна. Дешнийн чIагIделлачу цхьаьнакхетарца авторна говза гайта хиъна дена кехатан чулацам хазахетта хилар.

Лакхахь далийнчу масалшка хьаьжча, вайн кхин цкъа а тIечIагIдан йиш йу нохчийн маттахь уггар хаза, кIорггера дог-ойланаш ма-йарра цIена, нийса йийцалур йолуш хилар.

*(112 дош)*

### 9.2 тIедиллар (7-гIа вариант)

Суна хетарехь, хIокху кийсакан коьрта ойла иштта йу: стаг ша Iаш волу пачхьалкх, шен хIусам санна, ларйеш, цуьнан доладеш ваха веза. Ткъа

цунна чохь дехачу адамашца, уьш муьлххачу къомах делахь а, тешаме, хьанал хила а веза.

Текстан авторна хетарехь, хIокху кхетамо духе кхиаво цигахь гойту пачхьалкхан рицкъ дерриге а адамийн хьаналчу къинхьегамца гулдеш хиларна. ТIехула тIе, и адамаш гIийлачун гIо лоцуш, вовшашца къинхетам беш, бертахь дехаш ду, ткъа царна къола дар – иза доккха эхь ду (33-37- гIий предложенеш).

Лакхахь йалийна ойла тIечIагIйеш, ала лаьа дас кIанте динчу къамелах лаьцна. Шен кIант хьарамлонах ларван гIерта иза. Дас хьехар до цунна, къола дар дика гIуллакх дац, иза бусулба динехь дихкина ду, нохчийн гIиллакхехь оьзда дац бохуш. Иза вайна дика гойту 27, 28-чуй предложенешкахь.

Текстера далийнчу масалша тIечIагIдо стаг, ша миччахь вехаш велахь а, шена гонахарчаьрца, йамартло йоцуш, тешаме, хьанала чекхвала везаш хилар.

*(140 дош)*

**9.2 тIедиллар (13-гIа вариант)**

ХIокху предложенин маьIнех со иштта кхета: мел боккха бахам белахь а, стаг вехаш вац, нагахь нехан цунах тешам байнехь. И тайпа стаг цкъа а хир вац йуьхькIайн. Цунах бер жимчохь дуьйна кхето деза.

ХIокху кхетамах лаьцна сайна хетарг олуш, билгалдаккха лаьа, хьехархочо шайна дина хьехарш дага а оьхуш, Мурадан сахьийзар. Стаг бераллехь дуьйна оьзда, гIиллакхе, тешаме, шеца харцо йоцуш, нахаца догцIена, хьанал а хила везаш хиларна тIейуьгу вайн ойла текстан автора. Баккхийчеран сийдар, нахана диканиг дар – иза вайн хIораннан декхар ду (15, 16-гIий предложенеш).

Ткъа шолгIа ойла тIечIагIйеш, хьовсур вай йуха а тексте. 17-21-чуй предложенешкахь вайна го Мурад ша динчунна дохковаьлла хилар. Ша-шех эхь хеташ, лелара иза, и осалалла шегара йаларна. Цунна хаьара шех тешам байний а, ша дина хIума оьздангаллица цхьана а кепара догIуш доций а. Цу ойлано сахьийзош, цуьнан дагна халахетар дора.

Текстера далийнчу масалша тIечIагIдо стаг шен сица а, леларца а оьзда, тешаме хила везар. Ткъа и кхетам жимчохь дуьйна кхио беза.

*(157 дош)*

**9.2 тIедиллар (25-гIа вариант)**

Йалийнчу предложенин маьIнех со иштта кхета: стаг тешаме хилар адаман синмехаллех цхьаъ йу. Амма цкъа харцо гучуйалахь, цунах тешам бов, ткъа шех тешам байинчух нехан бIаьрг боду.

ХIокху тезисан нийса хилар текстера 51-гIий, 54-гIий предложенешца тIечIагIдо вай. Шайгара даьллачу гIалатана мукIарло до шина кIанта. Дена дикахеттарг цу шимма шена харцдерг цадийцар ду. Ткъа иза стаг тешаме хиларан коьрта билгало йу.

Ткъа шолгIа ойла тIечIагIйеш, хьовсур вай йуха а тексте. 52, 53-гIий предложенешкахь билгалдолу, цкъа харцдерг дийцича, адамах тешам бовш хилар. Ткъа шех тешам байина стаг нахана осала хета.

Текстера масалша тIечIагIдо тешам вайх хIораннан амалехь уггар а ца хилча йиш йоцу синмехалла хилар. Стаг дахаран новкъахь, шен сий а лардеш, массарна тешаме а волуш, чекхвала веза.

(112 дош)

**9.3 тIедиллар (13-гIа вариант)**

Оьздангалла – иза стаг шен ойланца а, духарца а, гIиллакхашца а цIена хилар ду. Нохчочун оьздангалла гучуйолу цуьнан дог-ойла а, гIуллакхаш а, цаьрца нийсса цуьнан духар а оьзда хиларца. Иштта нахаца хила йеза оьзда йукъаметтиг а, цаьрца хьанал хила везар а коьртачех лору вайн къоман оьздангаллехь.

ХIокху кхетамах лаьцна сайна хетарг олуш, билгалдаккха лаьа Мурад ша динарг нийса доций кхетта хилар. Коьртаниг рицкъ дац, ткъа тешам, гIиллакх, оьздангалла йу. Мурад хIинца цунах дика кхетта, цо кхин цкъа а йолуьйтур йац шегара и кIезгалла. Иза вайна билгалдолу 17, 18-чуй предложенешкахь.

Дахарера масал далош, лакхахь йалийна ойла тIечIагIйеш, ала лаьа вайнахана йукъахь осала дош алар, къола дар а доккха эхь хилла хилар. Иза тIечIагIдо Мадин Жаьммарзас аьллачу дешнаша: «Буоберана къола де а ма ала, нахана йукъахь осала дош ала а ма ала соьга». Кху дешнаша вайна гойту стеган мах цо олучу дашца, цуьнан гIуллакхашца хадош хилар.

Цу тIера схьа жамI дан таро йу вайн къоман ламастех оьздангалла сийлахьчех цхьаъ хиларан. Иза вайн хIораннан а кхетамехь хила деза.

*(164 дош)*

**9.3 тIедиллар (10-гIа вариант)**

ГIиллакх – иза адамаша вовшашца лелочу йукъаметтигийн, гергарлонийн кепаш, куьцаш, дозанаш ду. Сан кхетамехь, гIиллакх-оьздангалла хIора стеган шен чуьра дуьйна дIадолалуш ду. ГIиллакхе стаг чохь а, арахь а цхьатерра оьзда а, нахаца лараме а хила веза. Къаьсттана мискачунна, гIийлачунна гIоьнна кийча хила веза.

Текстан авторна хетарехь, хIокху кхетамо духе кхиаво Леча жимчохь дуьйна гIиллакх-оьздангаллица кхиъна хиларан а, гIо-накъосталла оьшучунна орцахвала кийча хиларан а. Иза вайна хаало 31-чу предложенехь.

ХIокху кхетамах лаьцна сайна хетарг олуш, билгалдаккха лаьа гIиллакх вайн къоман ламастийн орам хилар. Стеган къамелаца, гIуллакхашца гуш хуьлу иза. Бакъду, тIаьхьарчу заманахь уьш цхьаболчара, цIеначу дагара доцуш, цIарна йа шена цхьа пайда хир болчу меттехь лелош хуьлу. И тайпа нах вайн йукъараллехь кIезиг бац аьлла, хета суна.

Лакхахь аьллачунна тIера билгалдолу гIиллакх стеган шен сица, ойланца хила дезар а, ша лелочо иза цIеначу дагара лело дезаш хилар а.

*(136 дош)*

**9.3 тӀедиллар (25-гӀа вариант)**

Тешам – иза стагана, цхьана а хӀуманна тӀехь шеко йоцуш, харцо йарх ца кхоьруш, майрра шен ойла а, къайле а кхечуьнга кховдо йиш хилар ду. Тешаме хила стаг бераллехь дуьйна Ӏамо веза. Цуьнан сица а, кхетамца а чӀагӀйан йезаш йу и синмехалла.

ХӀокху текстан авторна вайна гайта лиънарг ду Вадуддий, Дауддий тешам болуш хилар а, шайгара йаьлла ледарло дех цара лачкъацайар а. Иза вайна билгалдолу 21-24-гӀий предложенешкахь.

И тезис тӀечӀагӀйеш, айса дешначу Махмаев Жамалдинан «*Буьйсанна гӀулчаш*» дийцар тӀера масал далор ду. Солсина хаьара нахана хи мала хӀоттийна кад схьаэцар ледара хӀума дуй. «ХӀунда байи ахь сан а, нехан а тешам?» – бохуш, лерехь декачу ненан озо Солса кхетийра тешам массо хӀуманал беза хиларх.

Лакхахь аьллачунна тӀера билгалдолу хӀора стаг шен сица а, ойланца а цӀена, тешаме хила везар. Ткъа и синмехалла жимчохь дуьйна кхио йеза.

*(132 дош)*



**9.3 тӀедилларехь пайдаэца лерина коьчал**

**Адамалла** – иза стеган догдикалла, догцӀеналла, оьздангалла, нахаца болу ларам, тешам, нахах доглазар чулоцу синмехалла йу.

**Бакълер** – шена мел эшам хилахь а, гӀуллакхан баккъалла а долу хьал къайладоккхур а доцуш, харцлуьйр а доцуш долу адам билгалден оьздангаллин мехалла.

**Баккхийчаьрга безам** – иза воккхачун терго йар, цуьнан доладар, цуьнан хьашташ кхочушдар ду. Воккханиг лара а веза, цуьнан сий дан а деза.

**Безам** – адамийн лааман, церан вовшех кхетаран буха тӀехь кхоллайеллачу йукъаметтигашца а, уьйрашца а цхьаьнабогӀуш болу синхаам. (Безам хила тарло адаме, Ӏаламе, дахаре, бакъдолчуьнга и. д. кх.)

**Бехк** – иза стагана, шен гергарчарна, лулахошна, йуьртахошна, халкъана хьалха декхаре хилча, олу дош ду.

**ГӀиллакх** – иза адамаша вовшашца лелочу йукъаметтигийн, гергарлонийн кепаш, куьцаш, дозанаш ду.

**ГӀиллакх** – наха вовшашлахь нийса вазавала а, йукъахь адамаллин уьйраш латтон а кхоьллина дайх йисна къепе.

**Даймохк** – иза цхьа лаьмнаш, хиш, аренаш хилла ца Ӏа. Даймохк – иза уггар а хьалха хӀокху лаьттан адамаш ду, церан вовшашца йолу оьзда йукъа-меттигаш, гӀиллакхаш, марзонаш, баккхийчеран хьекъал, Ӏеламнехан беркате серло, кегийрхойн доьналла, мехкарийн оьздангалла, нахана йуккъера нийсо… Хьайбанашка, акхарошка, дитташка, бецашка, хишка, Ӏаьмнашка болу лерам, цаьрца лелон йеза къинхетаме йукъаметтигаш.

**Дегайовхо** – ирсах, толамах, диканах догдиллина цахилар, ткъа иштта тӀехӀоьттинчу халачу киртигехь дикачу чаккхене сатийсам.

**Деган хазалла** – гонахарчу Ӏаламца, адамашца ларame а, къинхетаме а хилар; кхечуьнгара йаьллачу ледарлонна гечдеш, кӀеда хилар; оьшучохь нехан хьашташ шечарел хьалхадахар.

**Довха дош** – гӀайгӀанан боданашка дирзинчу адамна кхане диканах йуьззина хиларх дегайовхо луш, цуьнан сатедеш а, бер хьостуш, иштта кхечу хьелашкахь адамийн вовшашца болу безам, ларам, марзо, доглазар а гучудоккху

дош.

**ДоттагIалла** – вовшийн лараран, вовшех тешаран, хьашташ цхьаьнадаран буха тIехь кхоллайелла безаман, марзонан гергара йукъаметтиг.

**Доьналла** – иза муьлххачу тIекхаьчначу халонах а, бохамах а, воха ца вухуш, шен сий ца дойуш, чекхвалар ду. Ког тасабелла воьжнехь, йуха хьала а айавелла, шен некъ чекхбаккха де хилар а, ша харц вуй хиъча, цунна къера хила кийча хилар а ду.

**Жоьпалла** – дан дезачу хIуманан сацам бан а, иза кхочушбан а кийча хилар, цунах шена а, нахана а хьалха жоп дала доьналла хилар.

**Ирс** – шен Iер-дахаран хьелашна кхоччуш резахилар, дахаран Iалашоне кхачар, Дала магийнчу нийсачу новкъахь хилар.

**Къинхетам** – кхечу адамехь, ткъа иштта дийнатехь долчу хьолах кхетар а, царах доглазар а, оьшучохь гIо дар а.

**Къонахалла** – шен дахаран коьрта Iалашо халкъана, махкана вацар хетачу стеган сийн кодекс.

**Къонах** – иза халкъо кхоьллина, боьрша стаг муха хила веза бохучу хаттарна жоп луш, массо хIума а меттехь долчу стеган васт ду.



**Къонах** – массо агIор шех масал эца догIу стаг ву, цо шен гIуллакхал хьалха нехан гIуллакх доккху дела. И декхар цо ша-шена тIелаьцна хиларна лору иза деза а, доккха а. Ша дIакхохьучу новкъахь нехан хастамаш оьшушший, цIедозалла дезашший ца хуьлу иза.

**Ламаст** – дайх дисна нах болчу йа говзачу наха, йа дерриге къомо, йа халкъо шайлахь товш а, тамехь а хеташ леладен оьзда гIуллакх.

**Ларам** – адаман дикалла къобалйар, цуьнца оьзда йукъаметтиг лелор, цуьнан хьашташ лоруш хилар.

**Маршо** – иза стага, цхьамма а ницкъ беш а воцуш, шен лаамехь оьздангаллин бехкамийн гурахь ша латтавар ду. Стаг диканиг дан паргIат хилар – иза йу маршонан билгало.

**МаслаIат** – иза вайн нохчийн дахарехь уггаре а мехалчу гIуллакхех цхьаъ а, муьлхха а Iоттабаккхам, дов, тIом дIаберзо ницкъ болу барт баран кеп а йу.

**Нене безам** – цхьаъ бен доцчу йа кхин хила йиш йоцчу уггар хьомечу адамна, шен нанна, муьтIахь хилар, иза ларйар, цуьнан сий-ларам бар.

**Оьздангалла** – иза, кхечу садолчу хIуманийн хила йиш йоцуш, синкхетамечу адамийн вовшашца а, гонахарчу Iаламца а йолчу йукъаметтигашкахь хила догIу дозанаш, барамаш, кепаш а йу.

**Оьздангалла** – иза стаг шен ойланца а, духарца а, гIиллакхашца а цIена хилар ду.

**Оьздалла** (внутренняя культура) – гIиллакхо тIехь гIа-маргIал, заза-стом кхио гIад. Адамашна юкъара гIиллакх лахдаларан гайтам бу адаман кхетам а, ийман а, гомхадалар, цара таханенан бен кханенан ойла цайар.

**Патриотизм** – шен халкъ, вина мохк безар а, царна тешаме хилар а.

**Сий** – иза стагана деза хета, дохо йа кхечуьнга дохадайта йиш йоцу, цо ша шен лаамехь тIелаьцна оьздангаллин декхарш а, уьш хаддаза кхочушдеш IаIийна дикачу гIуллакхийн мохь а, гонахарчу наха церан мах хадош шен дIайахана дика цIе а, и бахьанехь нахана йуккъехь корта айбина дIалела йуьхькIайн а хилар ду.

**Собар** – иза шена тIекхаьчначу муьлххачу а бохамна, гIелонна, воьхна ца хьийзаш, сихаллехь, ойлайар доцуш, цхьаъ ца деш сацавала, хиллачух нийса кхета а, маьIна дан а хьекъал кхачар ду.

**Стогалла** – иза дахарехь тIехIоьттинчу муьлххачу киртигехь доьналлех, йохьах цавохар а, ткъа иштта шен бехк тIелаца кийча хилар а ду.

**Тешам** – иза стагана, цхьана а хIуманна тIехь шеко а йоцуш, майрра шен ойла а, къайле а, даьхни а кхечуьнга кховдо таро лун халкъо йеза леринчу синмехаллех цхьаъ йу.

**Хьарамло** – иза Дала ца магийнчу новкъа лелар ду: харцо лелайар, къола дар, хьо санна долчу адамна гIело йар.



**Эхь** – иза, шен декхар кхочуш ца дича, йа цхьа оьзда доцург далийтича, стеган сий дожар ду.

**Йахь** боху синмехалла вайн къоман синъоьздангаллин башхалла гойту шатайпа гIиллакх ду.

**Йахь** – иза гуттар а дикачу гIуллакхаш тIехь, амалшкахь (комаьршаллехь, майраллехь и д. кх. а) шена гонахарчу нахал оьшуш ца хила гIерташ хилар ду.

# ТАЛЛАМАН ЛАРАРАН КОЬЧАЛШ

## 1 ВАРИАНТ

### Болх кхочушбаран инструкци

Экзаменационни болх кхаа декъах льтташ бу, шена чохь 9 тIедиллар а долуш.

Нохчийн меттан экзаменационни болх кхочушбарна луш 3 сахьт 55 минот хан йу (235 минот).

1-чу декъана йукъадогIу цхьа тIедиллар. Иза **ладоьгIначу текстан буха тIехь** билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбен жима йозанан болх бу. Тексте шозза ладугIу.

И тIедиллар кхочушдо къаьстинчу кехата тIехь.

2-гIа дакъа льтта 7 тIедилларх (2-8). 2-чу декъан кхо тIедиллар кхочушдо **йешначу текстан буха тIехь.**

2-8-чуй тIедахкарийн жоьпаш дIайаздо дешан (дешнийн цхьаьнакхетаран), терахьан, терахьийн хьалха-тIаьхьаллин кепехь белхан текстехь жоп йаздан

билгалйинчу меттехь.

Нагахь 2-чу декъан тIедахкаршна нийса жоп ца йаздинехь, цунна тIе сиз хьакхий, йуххехь керла жоп дIайазде.

3-чу декъан тIедиллар кхочушдо 2-чу декъан тIедахкаршца айхьа болх беш **йешначу текстан буха тIехь.**

3-чу декъан болх болош, далийнчу кхаа тIедилларх (9.1, 9.2 йа 9.3) цхьаъ харжа. Оцу тIедилларна, йалийнчу клишех пайда а оьцуш, дуьззина йозанан жоп ло.

И тIедиллар кхочушдо къаьстинчу кехата тIехь.

Экзаменехь бакъо ло орфографически лугIатах пайдаэца.

ТIедахкарш кхочушдеш, черновиках пайдаэца мегар ду. Белхан мах хадош, черновик тIехь дина йозанаш лоруш дац.

Ахь кхочушдинчу тIедахкаршна йаьхна йерриге а баллаш вовшахтуху. Хьайн ма-хуьллу дукха тIедахкарш кхочушдан а, баллаш йаха а хьажа.

**Дала аьтто бойла!**

## 1 дакъа

***Тексте ла а догIий, къаьстинчу кехата тIехь 1-ра тIедиллар кхочушде. Цкъа хьалха тIедилларан лоьмар дIайазйе, цул тIаьхьа – йозанан болх.***

1

Тексте ла а догIий, жима йозанан болх кхочушбе.
Хаалахь, хьо декхарийлахь ву, хIора хаттарна дуьззина (1-2 предложеница) жоп дала.

Йозанан белхан барам 50 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь ладоьгIначу текстан буха тIехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбина йозанан болх ма-йарра схьайазйина ладоьгIна текст йелахь, оцу белхан **ноль баллаца** мах хадабо.

Жоьпаш терахьашца билгалдаха.

Хаттарш къаьстинчу кехата тIе схьайаздан ца оьшу.

Йозанан болх кхочушбе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Хаттарш:**

1. Дайн орамашкара дуьйна схьадогIуш муха гIиллакх ду вайн?

3. Маца Iама веза стаг оьзда мотт бийца?
4. ХIун йу оьзда мотт?
5. Стенах ларвала гIо до оьздачу матто?

## 2 дакъа

***2-8 тIедахкарийн жоьпаш хуьлу белхан текстехь жоьпана билгалйинчу дош (дешнийн цхьаьнакхетар).***

2

***Синтаксически анализ.***

Д1айеша текст.

(1)Корта тIулга тIе а биллина, хина дуьхьал вирзина, вехха Iиллира со.

(2)Аьхкенан довхачу дийнахь гIеххьа малделлачу, шовда санна, цIеначу хин кегийчу тулгIеша эсала хьоьстура дегI. (3)Бер дижочу эшаран мукъамехь декачу хиэ набаран тар туьйсуьйтура. (4)Меллаша хи чуьра хьала а шершина, гомхачу берда йистехь, бIаран IиндагIе корта а буьллуш, аркъалнехьа бай тIе дIанисвелира со.

Нийса **грамматически бух** къастийнчу жоьпан вариант билгалйаккха. Д1айазйе цуьнан лоьмар.

1) корта тIе а биллина (1-ра предложени)
2) хьоьстура дег1 (2-гIа предложени)
3) тар туьйсуьйтура (3-гIа предложени)
4) дIанисвелира со (4-гIа предложени)

Жоп ________________________________________________________

30

3

***Пунктуационни анализ.***

**Оьшу сацаран хьаьркаш хIиттаде.** Айхьа хIиттийнчу цIоьмалгийн терахьаш схьайазде.

Готтачу новкъа (1) гIали чу схьадалийра йийсарш. Зударша а (2) бераша а уьйтIе йуьзира. Барза (3) тхов тIера охьа а воьссина (4) паргIатчу боларахь (5) йийсаршна тIевахара. Нажина вевзира иза. ЧIогIа хийцавелла (6) воккха стаг. Схьахетарехь (7) дог а хийцаделла.

Жоп ____________________________________________________________

4

***Синтаксически анализ.***

Предложенера **кхачам** схьайазбе.

**Шелонах экама хебачу ангалин корех сиха догIучу догIанан тIадамаш деттало.**

Жоп ____________________________________________________________

5

***Орфографически анализ.***

Билгалдаьккхина дош йаздаран нийса тIечIагIдар далийнчу жоьпан вариант билгалйаккха. Оцу жоьпан лоьмар дIайазйе.

1) **ЦА ДЕШАР** – «ЦА» дакъалг масдарца къаьстина йаздо.
2) **ХIАЙТ-АЬЛЛА** – АЬЛЛА боху дош тIекхетарца кхолладелла чолхе куцдешнаш дефисца йаздо.
3) **ХЬОСТА** – хьалхарчу спряжени чудогIучу карарчу хенан хандешан чаккхенгахь «А» йаздо.
4) **ВЕДАНА** – долахь цIердешнаш жимачу элпаца йаздо.

Жоп ____________________________________________________________

**Текст дIа а йеший, 6-9 тIедахкарш кхочушде.**

(1)Тхан лулахь Iаш йара, кIант эскаре вигначу шарахь тIера цIийнда а велла, йисина йоккха стаг Кхокха. (2)ХIора баттахь кехат кхочура Кхокхига шен кIантера.

(3)КӀанте хаийтина дацара да кхалхар. (4)Ткъа цуънгара кхочуш долу кехаташ ден а, ненан а цӀарах хуьлура. (5)Къеначу цу шиннан догъэца гӀерташ санна, къонахаллех дуьзна а, самукъане а хуьлура кӀентан Аюбан хӀора кехат. (6)Шен тӀаьххьарчу кехат тӀехь Аюба йаздинера, мостагӀий вайн махкара дӀа а лаьхкина, накха буьззина орденаш а, мидалш а йахьаш, цӀавоьрзур ву ша бохуш. (7)И дешнаш шена хезча, коьртарчу йовлакхан тӀам бӀаьргех а хьоькхуш, гӀийла йелакъежара йоккха стаг.

(8)КӀантера кехат мосазза деа а, соьга и дешийта йогӀура Кхокха. (9)Ши бутт сов хан дӀайелира, Аюбера кехат ца кхочуш. (10)ГӀайгӀане йуьйжира йоккха стаг. (11)Шайн кетӀарчу тӀулга тӀе а хоий, сарралц Ӏара иза, кӀентан кехате сатуьйсуш. (12)Ткъа луларчу ПетӀамата хӀоразза а кӀант цӀа вогӀу, иза могаш а, паргӀат а ву олий, пал тосура цунна.

(13)Цхьана дийнахь, Ӏуьйранна, пхийттара йаьлча санна, каде йогӀучу Кхокхех бӀаьрг кхийтира сан. (14)Кертарчу гӀантахь хиъна Ӏаш Къосум гира суна. (15)Цунна тӀе йахара йоккха стаг.

(16)Шен кучан шуьйрачу пхьуьйшара кехат дӀакховдийра Кхокхас хьалагӀаьттинчу Къосуме. (17)Кхо маьӀиг йолу тӀамера салташа кхоьхьуьйту конверт йацара цо дӀакховдийнарг. (18)Конверт йаста воьлча, хаа а луш, дего долийра цуьнан куьйгаш. (19)Къосума конверт чуьра схьайаькккхинчу кехатан цуьргах бӀаьрг ма-кхийтти, хиира суна, суо гӀалат ца ваьллийла: «Вайн Даймохк ларбечу тӀамехь... шун кӀант майрачеран Ӏожаллех воьжна...»

(20)Хийла нене кхаьчна и шийла кхаъ. (21)Соьга бӀаьца йира Къосума, стоьла тӀера шен куьзганаш схьада а олуш. (22)Оьрсийн маттахь соьга вистцахилар а дехна, кехат деша вуьйлира иза.

(23)Шен дега а, нене а кехат хьедаларна бехк цабиллар доьхура кӀанта.
(24)Ша могаш а, паргӀат а ву, шена сагатдан оьшуш дац бохура кхидӀа а цо.
(25)Цецваьлла хьоьжучу суна гира цуьнан ши бӀаьрг тӀунлуш.
(26)Схьагарехь, хала садетташ, кьийлалуш, легашка къурдаш хӀуьттуш, воллура Къосум, ненан дог ца дохо гӀерташ.

(27)КӀентан цӀераш йохуш, йоккха стаг йелха хӀоьттира.

(28)Сан легашка шад хӀоьттира, бӀаьргаш чуьра цхьа ларамаза хи хьаьдира...

(29)Йуха со тӀевеъча, Къосум йоккхачу стагана хьехарш деш воллура, сагатдан ца оьшу, тӀамехь ма-аьлла ца хуьлу, хан йаларх дийна вац аьлла, дагадаийта а мегар дац бохуш. (30)ТӀаьххьара а тӀера адрес схьайаздан и кехат шегахь дитар дийхира цо, Аюбе шен кӀант ца хаавелла-те аьлла, кехат йаздан дагахь ву ша, олуш. (31)Йоккха стаг дукха сиха реза хилира. (32)«Къосум, баркалла, Дела реза хуьлда хьуна», – аьлла, дӀайахара Кхокха.

(33)Оцу деношкахь дикка букар йаханчу цуьнан дегӀ хаъал хьаланис-деллера. (34)Болар а дайделлера.

(35)Дикка хан йаьлла хӀетахь дуьйна. (36)Шен кӀанте сатуьйсуш, кхелхира йоккха стаг. (37)Дийна вац Къосум а. (38)Амма хӀинца а дагара ца долу суна Къосума дешна кехат.

*(Саракаев Хь.Б.)*

6

***Текстан чулацаман анализ.***

«ХIун бахьана дара Къосума кехатан чулацам хийцаран?» бохучу хаттарна нийса **тIечIагIдаран хаам** жоьпийн муьлхачу вариантехь бу?

***1) Къосумна шерра деша ца хаьара.***

***2) Къосуман бIаьрса дика дацара.***

***3) Кехат тIехь йаздинчух Къосум ца тешара.***

Жоп ___

7

***Меттан суртхIотторан гIирсийн анализ.***

Меттан суртхIотторан гIирс – **эпитет** шеца йолу предложени билгалйаккха.

***1) Тхан лулахь Iаш йара, кIант эскаре вигначу шарахь тIера цIийнда а велла, йисина йоккха стаг Кхокха.***

***2) Ткъа цуьнгара кхочуш долу кехаташ ден а, ненан а цIарах хуьлура.***

***3) Хийла нене кхаьчна и шийла кхаъ.***

***4) Амма хIинца а дагара ца долу суна Къосума дешна кехат.***

Жоп ___

8

***Лексически анализ.***

3-чу предложенера **«кхалхар»** бохучу дашна синоним йалайе. ДIайазйе иза.

Жоп ___

**3 дакъа**

***2-чу декъера йешначу текстах пайда а оьцуш, къаьстинчу кехата тIехь 9.1, 9.2 йа 9.3 тIедахкарех кхочушде ЦХЬАЪ. Оцу тIедилларна, йалийнчу клишех пайда а оьцуш, дуьззина йозанан жоп ло. Сочинени йазйан йолайале, дIайазйе хаьржинчу тIедилларан лоьмар: 9.1, 9.2 йа 9.3.***

9.1

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, сочинени-ойлайар йазйе, халкъан хьехархочун Абдуразаковн Ш.И. **«Нохчийн мотт башхачу жовхIарех йуьзна йоккха хазна йу. Оцу жовхIарех бу ойланан муьлхха а агIо гайта таро хуьлуьйту меттан суртхIотторан гIирсаш»** бохучу дешнийн маьIна а достуш.

Хьайн жоп тIечIагIдеш, йешначу текста тIера **ши** масал даладе.
Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.
Лингвистически материал тIехь тема схьайоьллуш, Iилманан йа публицистически стилехь болх йазбан таро йу хьан.

Сочинени дIайоло мегар ду Абдуразаковн Ш.И. дешнашца.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.
Йешначу текстана (йалийнчу текстана) тIе а ца тевжаш йазбинчу белхан мах хадош бац. Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайиийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Иза иштта хилар шеко йоцуш ду ...
2. Масала, текстера ... предложенехь ...
3. Текстан ... предложенени йешча, ...
4. ... вайн аьтто хуьлу ... тIечIагIдан ...

**<u>Магадо:</u>** йалийна клишеш хийца.

9.2

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе сочинени-ойлайар. Дийца, муха кхета хьо хIокху предложенийн маьIнех: **«Оцу деношкахь дикка букар йаханчу цуьнан дегI хаьал хьаланисделлера. Болар а дайделлера»**.
Сочиненехь айхьа йешначу текстера хьайн ойлайар нийса хилар гойтуш долу **ши** тIечIагIдар (аргумент) даладе.
Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.
Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайиийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Йеллачу кийсакан маьІнех со иштта кхета ...
2. Сайн жамІаш тІечІагІдеш, ... предложенера (-шкара) масал далор ду ас.
3. ... предложенино (-еша) тІечІагІйо ойла ...
4. Дерзорехь билгалдоккху ...

**<u>Магадо:</u>** йалийна клишеш хийца.

9.3

Муха кхета хьо **ДЕГАЙОВХО** бохучу дешан маьІнех? Кепе а далош, комментари йе айхьа цунах билгалдаьккхинчунна.

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе **«Ненан дегайовхо»** темина сочинени-ойлайар айхьа билгалдаьккхинчун буха тІехь. **Дегайовхонах** лаьцна айхьа билгалдаьккхинарг тІечІагІдеш, **ши** масал-тІечІагІдар даладе: **цхьа** масал-тІечІагІдар даладе йешначу текстера, **шолгІаниг** – хьайн дахарехь зеделлачух.

Сочиненин барам 70 дашал кІезиг хила ца беза.

Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайиийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цІена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Дегайовхо – иза ... Суна хетарехь, ...
2. Текстан авторо вайга ойла йойту...
3. Сайн дахарехь зеделлачуьнга а хьаьжна, айса йалийна ойла тІечІагІйан лаьа ...
4. Цу тІера схьа жамІ дан таро йу ...

**<u>Магадо:</u>** йалийна клишеш хийца.

## 2 ВАРИАНТ

### 1 дакъа

***Тексте ла а догIий, къаьстинчу кехата тIехь 1-ра тIедиллар кхочушде. Цкъа хьалха тIедилларан лоьмар дIайазйе, цул тIаьхьа – йозанан болх.***

1

Тексте ла а догIий, жима йозанан болх кхочушбе.

Хаалахь, хьо декхарийлахь ву, хIора хаттарна дуьззина (1-2 предложеница) жоп дала.

Йозанан белхан барам 50 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь ладоьгIначу текстан буха тIехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбина йозанан болх ма-йарра схьайазйина ладоьгIна текст йелахь, оцу белхан **ноль баллаца** мах хадабо.

Жоьпаш терахьашца билгалдаха.

Хаттарш къаьстинчу кехата тIе схьайаздан ца оьшу.

Йозанан болх кхочушбе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Хаттарш:**

1. Дайн орамашкара дуьйна схьадогIуш муха гIиллакх ду вайн?
2. Далла а, нахана а гергахь деза, сийлахь хIун ду?
3. Маца Iама веза стаг оьзда мотт бийца?
4. ХIун йу оьзда мотт?
5. Стенах ларвала гIо до оьздачу матто?

### 2 дакъа

***2-8 тIедахкарийн жоьпаш хуьлу белхан текстехь жоьпана билгалйинчу меттехь дIайаздан дезаш долу терахь, терахьийн хьалха-тIаьхьалла йа дош (дешнийн цхьаьнакхетар).***

2

***Синтаксически анализ.***

ДIайеша текст.

(1)Лам-м лаьтта, Органах йал а оьцуш, шен когашкара охьайаьржина хьун дебош. (2)Ка хьоькхуш лелийна, дахдина мекх санна, Iинца дIайахло буьрса хьун. (3)Гаьннаш дIаса а тийсина, шуьйрра къерза хенара нежнаш; царах орамаш хьерчадо куьцечу пепнаша. (4)Хьуьнан маша буцуш, хьийкъина хьерчачу бIаьллангах пебетташ, цIен къегаш лаьтта стех дуьзна гаьннаш.

Нийса **грамматически бух** къастийнчу жоьпан вариант билгалйаккха. ДӀайазйе цуьнан лоьмар.

1) охьайаьржина хьун дебош (1-ра предложени)
2) дӀайахло хьун (2-гӀа предложени)
3) орамаш хьерчадо (3-гӀа предложени)
4) хьийкъина гаьннаш (4-гӀа предложени)

Жоп ______________________________________________

3

***Пунктуационни анализ.***

**Оьшу сацаран хьаьркаш хӀиттаде.** Айхьа хӀиттийнчу цӀоьмалгийн терахьаш схьайазде.

Произведени йоьшуш (1) йаздархочун (2) исбаьхьаллин идеях кхета йиш йу (3) нагахь санна цо шен кхетам а (4) ойла а исбаьхьаллин вастехула (5) дахаран суьрташца гайтича. Оцу идеях кхета таро хуьлу (6) йаздархочун йерриге а произведени йеша а йешна (7) цуьнан чулацам дика бевзича.

Жоп ______________________________________________

4

***Синтаксически анализ.***

Предложенера **тӀедерзар** схьайазде.

**Хьан декаро, хьан хазачу мукъамо сан кийрахь дукха хенахь дуьйна схьа лаьттина йолу гӀайгӀа йашийна дӀайаьккхинера, сан жима олхазар!**

Жоп ______________________________________________

5

***Орфографически анализ.***

Билгалдаьккхина дош йаздаран нийса тӀечӀагӀдар далийнчу жоьпан вариант билгалйаккха. Оцу жоьпан лоьмар дӀайазйе.

1) **ДИЙЦИНАКХ** – чӀагӀдаран дакъалг «КХ» дешнашца цхьаьна йаздо.
2) **ЦХЬА-КІЕЗЗИГ** – ЦХЬА боху дош тӀекхетарца кхолладелла чолхе куцдешнаш дефисца йаздо.

3) **МОК-ХА** – дош сехьадоккхуш шалха элпаш декъа мега.

4) **КХОЧУШЙО** – цхьана дешдекъах лаьттачу хандешан гIоьнца кхолладелла чолхе хандешнаш цхьаьна йаздо.

Жоп ____________________________________________________________

*Текст дIа а йеший, 6-9 тIедахкарш кхочушде.*

(1)...Кегийрачу гIулчашца болар эцна йоьдура Хеда. (2)ЦIаьххьана сацайелира и. (3)Некъа йккъехь, тIемаш дIаса а тесна, Iуьллура мокха кхокха. (4) Цхьана гауро, Iодаца тIулг тоьхна, божийнчух тера дара миска. (5)Цуьнан цхьа тIам берриг а цIийх буьзнера.

(6)Меллаша тIе а йахана, схьаийцира йоIа кхокха. (7)Цунах къахка а, дIабада а де дацара пекъаран. (8)ЙоьIан каракхаьчча, меллаша тIеттIадахара цуьнан бIаьргийн туьтеш. (9)Кхокханах къахетта, кхоьлира жимма хьалха ирсах деттаделла йоьIан дог. (10) Цуьнгара дакъа кхаьчча санна, кхоьлина дIахIоьттира аьхкенан малх бийлинчу арахь а. (11) Чан йойуш, куьйса догIа а хьаьрсира…

(12) Лазийна кхокха а эцна, маса цIехьа йахара Хеда. (13)ХIинца цунна Бабин орца оьшура.

– (14) ЭхI, баркалла ма хуьлда хьуна тIехь хIара таIзар динчунна, ма тIулгах дина дог хилла-кх цуьнан кийрахь, – бохуш, даггара дов дора йоккхачу стага.

– (15)Баба, хIун де ас кхуьнан лазийнчу тIомана? – хаьттира Хедас.

– (16)Дера, Хеда, ца хаьа суна-м, цунна хIун дича бакъахьа хир дара а, – элира Бабас. – (17)Молханел дарбане йу, олура, цIечу аьттан шура. (18)Цуьнца била а билина, цIеначу шаршух аса а йаьккхина, дIабихкича хIун дара-те?

(19)Нанас дIадиллина цIена киса карийра Хедина шайн чохь. (20)ЦIечу аьттан шура а йолуш йара, кхеран шайн атто йелла, бамба а схьаийцира цо чов цIанйан.

(21)Лоьралла дан хIоьттинчу Хедас бошхепа шура а йоьттина, цу чу а Iуьттуш, бамбица цIанбира кхокханан лазийна тIам. (22)Цу хенахь, йоIана хаа а луш, кIен буьртигел хиш Iийдалора кхокханан бIаьргех. (23)Делахь а, дарба ца лелийча ца долура. (24)ТIе йетшура а йуьллуш, байн дIахьарчийра Хедас ша билина тIам. (25)Йуха, баьхьна, шайн цициг тIе ца кхочче, рагIу кIеларчу сов хIума чуйуьллучу цIа чохь бен а кечбина, дIахаийра, йуххехь даа хьаьжкIан буьртигаш а, мала хи а дуьтуш.

(26)ШолгIачу Iуьйранна сов цIа чу йаьлла Хеда йоккхайеш сецира. (27)ХьаьжкIаш дIа а йиъна, кисин асина йуккъера схьа а баьлла, когаш тIехь чухула дIасалелаш бара кхокха.

(28)Дика хиллера Бабин дарба. (29)Чов йерза йоьллехь а, тIам меттабан генахь дара. (30)ЦIаьххьана дагадеана, Мокхалаг аьлла цIе тиллира цунна йоIа.

– (31)Схьабоьл, Мокхалаг, кхин цкъа дӀабехкий вайша хьан тӀам, – олуш, Хеда шена тӀекхевдича, цуьнан маттах кхеташ санна, дӀа ца бодуш, сецира кхокха – (32)Вайшимма тахана жимма тӀо а хьокхур бу хьан чевнна. (33)Хьоналла дика йу ма элира Бабас.

(34)Иштта жимачу лоьро дарба лелош, дӀаделира кхин а ши де. (35)ХӀинца мелла а тобала буьйлира Мокхалаг. (36)Цуьнца цхьаьна Хедех буола а. (37)Цо хьалхатесна а, куьйган керайуккъехь кховдийна а кӀа, хьаьжкӀаш йуура, цуьнгара хи а молура. (38)ЙоӀ чӀогӀа тайнера цунна. (39)Цхьана Хедин сакъераделла ца Ӏара кхокханах. (40)Диллина гуонах хьийзаш дара кхуьнан ши йиша а, ваша а. (41)Амма Хедина бен куьйга тӀе а, белша тӀе а ца хуура Мокхалаг.

– (42)Мел хьекъал долуш а бу! – цецйуьйлура Хеда.

(43)Денна чӀагӀлуш дара кху шиннан гергарло.

(44)Кестта, ша тӀома ара а болуш, буьйса йаккха кхеран сов цӀа чу а боьдуш, тобелла дӀаболабелира Мокхалаг.

*(Абубакарова П.З.)*

6

***Текстан чулацаман анализ.***

«Ирсах деттаделла йоьӀан дог кхоларан хӀун бахьана дара?» бохучу хаттарна нийса **тӀечӀагӀдаран хаам** жоьпийн муьлхачу вариантехь бу?

***1) Дарбанна оьшу гӀирс ца карийра Хедина.***

***2) Кисин асина йуккъера схьа а баьлла, чухула дӀасалелаш кхокха гира цунна.***

***3) Лазийнчу кхокханах къахийтира йоӀана.***

***4) Бабас дов динера йоӀана.***

Жоп ____________________________________________

7

***Меттан суртхӀотторан гӀирсан анализ.***

Меттан суртхӀотторан гӀирс – **метафора** шеца йолу предложени билгалйаккха.

***1) Некъа йуккъехь, тӀемаш дӀаса а тесна, Ӏуьллура мокха кхокха.***

***2) ЙоьӀан каракхаьчча, меллаша тӀеттӀадахара цуьнан бӀаьргийн туьтеш.***

***3) Лазийна кхокха а эцна, маса цӀехьа йахара Хеда.***

***4) Нанас дӀадиллина цӀена киса карийра Хедина шайн чохь.***

Жоп ____________________________________________

8

***Лексически анализ.***

4-чу предложенера **«миска»** бохучу дашна синоним йалайе. ДӀайазйе иза.

Жоп ____________________________________________________________

**3 дакъа**

***2-чу декъера йешначу текстах пайда а оьцуш, къаьстинчу кехата тӀехь 9.1, 9.2 йа 9.3 тӀедахкарех кхочушде ЦХЬАЪ. Оцу тӀедилларна, йалийнчу клишех пайда а оьцуш, дуьззина йозанан жоп ло. Сочинени йазйан йолайале, дӀайазйе хаьржинчу тӀедилларан лоьмар: 9.1, 9.2 йа 9.3.***

9.1

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, сочинени-ойлайар йазйе, Толстойн Л.Н. **«Нохчийн мотт уггар хазачу а, хьалдолчу а меттанех цхьаъ бу, нагахь кхоччуш дика иза хууш хьо велахь»** бохучу дешнийн маьӀна а достуш.

Хьайн жоп тӀечӀагӀдеш, йешначу текста тӀера **ши** масал даладе.

Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.

Лингвистически материал тӀехь тема схьайоьллуш, Ӏилманан йа публицистически стилехь болх йазбан таро йу хьан.

Сочинени дӀайоло мегар ду Толстойн Л.Н. дешнашца.

Сочиненин барам 70 дашал кӀезиг хила ца беза.

Йешначу текстана (йалийначу текстана) тӀе а ца тевжаш йазбинчу белхан мах хадош бац. Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цӀена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Цу тӀехь йаздархочуьнца реза ца хила йиш йац …
2. ХӀара тезис тӀечӀагӀйеш, хьовсур вай ...
3. Масала, текстан ... предложенехь ...
4. Лакхахь далийнчу масалшка хьаьжча ...

<u>**Магадо:**</u> йалийна клишеш хийца.

9.2

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе сочинени-ойлайар. Дийца, муха кхета хьо хIокху предложенин маьIнах: **«ЭхI, баркалла ма хуьлда хьуна тIехь хIара таIзар динчунна, ма тIулгах дина дог хилла-кх цуьнан кийрахь, – бохуш, даггара дов дора йоккхачу стага».**

Сочиненехь айхьа йешначу текстера хьайн ойлайар нийса хилар гойтуш долу ши тIечIагIдар (аргумент) даладе.

Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Йеллачу кийсакан маьIнах со иштта кхета ...
2. Шен текстехь авторан Iалашо йу ...
3. ХIокху тезисан нийса хилар текстера ... предложенешца тIечIагIдо вай.
4. Цу тайпана, баккъал а ойла нийса ...

**<u>Магадо:</u>** йалийна клишеш хийца.

9.3

Муха кхета хьо **КЪИНХЕТАМ** бохучу дешан маьIнех? Кепе а далош, комментари йе айхьа цунах билгалдаькххинчунна.

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе **«Къинхетаме стаг»** темина сочинени-ойлайар айхьа билгалдаькххинчун буха тIехь. **Къинхетамах** лаьцна айхьа билгалдаькххинарг тIечIагIдеш, **ши** масал-тIечIагIдар даладе: **цхьа** масал-тIечIагIдар даладе йешначу текстера, **шолгIаниг** – хьайн дахарехь зеделлачух.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Къинхетам – иза ... Сан кхетамехь, ...
2. Текстан авторна хетарехь, ...
3. Дахарера масал далош, ала лаьа ...
4. Цу тIера схьа жамI дан таро йу ...

**<u>Магадо:</u>** йалийна клишеш хийца.

## 3 ВАРИАНТ

### 1 дакъа

***Тексте ла а догIий, къаьстинчу кехата тIехь 1-ра тIедиллар кхочушде.***

***Цкъа хьалха тIедилларан лоьмар дIайазйе, цул тIаьхьа – йозанан болх.***

1

Тексте ла а догIий, жима йозанан болх кхочушбе.

Хаалахь, хьо декхарийлахь ву хIора хаттарна дуьззина (1-2 предложеница) жоп дала.

Йозанан белхан барам 50 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь ладоьгIначу текстан буха тIехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбина йозанан болх ма-йарра схьайазйина ладоьгIна текст йелахь, оцу белхан **ноль баллаца** мах хадабо.

Жоьпаш терахьашца билгалдаха.

Хаттарш къаьстинчу кехата тIе схьайаздан ца оьшу.

Йозанан болх кхочушбе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Хаттарш:**

1. Дайн орамашкара дуьйна схьадогIуш муха гIиллакх ду вайн?
2. Далла а, нахана а гергахь деза, сийлахь хIун ду?
3. Маца Iама веза стаг оьзда мотт бийца?
4. ХIун йу оьзда мотт?
5. Стенах ларвала гIо до оьздачу матто?

### 2 дакъа

***2-8 тIедахкарийн жоьпаш хуьлу белхан текстехь жоьпана билгалйинчу меттехь дIайаздан дезаш долу терахь, терахьийн хьалха-тIаьхьалла йа дош (дешнийн цхьаьнакхетар).***

2

***Синтаксически анализ.***
ДIайеша текст.

(1)Сийлахь-боккхачу Даймехкан тIамехь лелийнарш дуьйцуш, Iара тхо. (2)

ХIораммо а шен-шен дагах доьлла, диц ца луш дерг дуьйцура. (3)ТIамехь хиллачу хIора стагана а лаьа шен бIаьхаллин дахарехь хилла дика а, вон а, олуш ма-хиллара, мерзаниг а, чаьмзаниг а дийца. (4)Амма оцу къийсадаларшкахь
дакъалаца сих ца луш Iаш верг цхьа Ширвани бен вацара.

Нийса **грамматически бух** къастийнчу жоьпан вариант билгалйаккха. ДIайазйе цуьнан лоьмар.

1) лелийнарш дуьйцуш Iара (1-ра предложени)
2) хIораммо а дуьйцура (2-гIа предложени)
3) мерзаниг а, чаьмзаниг а дийца (3-гIа предложени)

Жоп ______________________________________________

3

***Пунктуационни анализ.***

**Оьшу сацаран хьаьркаш хIиттаде.** Айхьа хIиттийнчу цIоьмалгийн терахьаш схьайазде.

Цуьнан мохь хезна лулахой а (1) урамехь нисбелла нах а (2) схьахьаьлхира. Цхьаболчара бераш йуьстахдехира. Ткъа вукхара (3) корах чу а лилхина (4) йогуш лаьтта хIуманаш (5) корах аракхийса йолийра. Догучуьра цIенош а (6) дукхахйолу чуьра хIуманаш а (7) кIелхьарйехира наха.

Жоп ______________________________________________

4

***Синтаксически анализ.***

Предложенера **къастам** схьайазбе.

**Башха гена доццуш цкъа гучу а баьлла, йуха а цхьана тIулга тIехьахь къайлабелира экханан букъ.**

Жоп ______________________________________________

5

***Орфографически анализ.***

Билгалдаькхина дош йаздаран нийса тIечIагIдар далийнчу жоьпан вариант билгалйаккха. Оцу жоьпан лоьмар дIайазйе.

1) **ПАРТАЬЛЛА** – АЬЛЛА боху дош тIекхетарца кхолладелла чолхе куцдешнаш цхьаьна йаздо.

2) **ВА-РШ** – дош сехьадоккхуш, цхьана дешдекъах лаьтта дош декъа мегар ду.

3) **ТIКЪА** – дашехь мукъаза шалха ши элп йух-йуххехь нислахь, и ши элп дуьззина дIайаздо.

4) **СУЬЙРЕ** – деха мукъа аьзнаш «И», «УЬ» билгалдеш, царна тІехьа элп «Й» йаздо.

Жоп ___________________________________________________________

*Текст дІа а йеший, 6-9 тІедахкарш кхочушде.*

(1)Цхьа наггахь догІура хІаваэхь хІума доцуш, йовхонан тов хьийзош, Іаь ца гІуьттуш денош. (2)Говрахь ГІизлара ара а волий, геннахь йолчу раьгІнашка, царна дехьарчу лаьмнашка дІахьоьжура Александр. (3)«Цигахь йу-кх со вина йурт. (4)Муха ду-те цигахь? (5)Дийна вуй-те цхьа а со дагавогІург? (6)Гича вевзар варий-те?» – ойланаш хьийзара коьрте.

(7)Николай Николаевичана ца хаалуш ца дисира ша кхиочу, шена веза-веллачу кІантана лууш дерг.

(8) ШолгІачу дийнахь, малх кхетаза а болуш, лома боьдучу новкъа вогІура ши бере.

(9)Некъ кІезиг хьешна гора, шина а агІорйа баьццара буц йара, йуккъехь наггахь кІайн, цІен зезагаш а долуш. (10) Некъана цхьа гІулч нацкъара ваьлча, кога лар а йоцуш йуькъа хьун лаьттара, тайп-тайпанчу олхазарша шакарш а йетташ.

(11)Раевскийс йийцинчу йуьртан йисте кхечира ши бере. (12)Делкъхан хуьлуш лаьттара.

– (13)ХІара йу-кх и йурт.

(14) Сихделла тохаделира Александран дог. (15)«Сан йурт... хІара йу-кх со вина йурт», – бохура цуьнан балдаша. (16)Леррина дІахьежарх девзаш хІума дацара. (17)«Комарийн дитт... дитт мукьана а гахьара», – хьаьвзира коьрте.

(18)Йуьртах чувуьйлира ши бере. (19)Гомачу урамашна шина а агІор лоха, латта тІетесна тхевнаш долу цІенош гора. (20)Кхузахь а девзаш хІума ца хааделира кІантана. (21)Йуьртах чекхдолучу хи тІе кхечира и шиъ. (22)Говрашна хи а малош, сецира цигахь. (23)Хи чу охьавуссучохь болу берд бевзира Александрана. (24)Дагадеара цунна шай, Хьасинний хийлазза цхьаьна оцу берда тІера охьаидар, айми тІе лийча оьхуш. (25)ХІан-хІа, гург хІетахьлерчух хІумма а тера дацара.

– (26)Схьахетарехь, хІокху новкъа иштта дІавахча, дара-кх тхан цІенош, – элира Александра.

(27)Йуха а, меллаша говраш йохкуьйтуш, йуьртан кхечу урамехула вогІура ши бере.

(28)Цхьана меттехь цІенош лаьттина хилла ах дохийна пенаш гира Александрана. (29)Дехьара беш къух даьлла гора.(30) Цигахьахула бІаьрг кхарстийнчу Александрана гира лекха комарийн дитт. (31) И девзина, сиха элира цо:

– (32)Дитт!(33) Дитт! (34)ДІо ду!

(35)Говрара охьа а иккхина, йараш йуккъехула хьаьдда вахара Александр. (36)Адам санна, марадоьллира цо диттан гIад, безамца хьалахьоьжура генашка. (37)Цуьнан бIаьргаш чу хи хьаьвзира, дагалецамаша дог дуткъадина.

(38)Кхуза кхаччалц дагахь Александра кхаьбна ойланаш, дохк санна, айайелла, йаьржина дIайахара. (39)Цецваьлла, дIасахьоьжура иза. (40)Цхьаъ мукъана вевзаш стаг карор вац-те, бохура цо ша-шега. (41)Дагадеара Александрана лулахочо шаьш дийначу бежанан ахкарг а делла, шай, Хьасинний, и а дуьйсина, кху новкъахь цIенна хьалха левзина. (42)И ахкарг делларг таллархо Мажа вара, хьаьжа тIехь муо а болуш. (43)И а шерра дагавеара. (44)Хьалха лаьттачу воккхачу стагана тIедерзийра Александра хьажар. (45) Воккхачу стага можах куьг хьаькхира, бIаьргашна тIе беана куй хьалатеттира. (46)Цуьнан хьаьжа тIера муо гира кIантана.

– (47)Мажа! – мохь белира Александре, тIаккха вахана маракхийтира иза воккхачу стагана.

(48)Воьхна, цецваьлла, висинера воккха стаг.

– (49)Хьо хьенан, мила ву, жима къонаха? – хаьттира Мажас.

(50)БIаьргаш чу хьаьдда хи дIа а доккхуш, велакъежира Александр.

– (51)Тхо кхузахь даьхна, – аьлла, дIатесна лаьттачу декъана тIе куьг хьажийра Александра.

– (52)Там бара хьо Олхазаран воI Iали хилча? – элира Мажас цецваьлла.

– (53)Iали ву! (54)Iали ву! – бохура Александра.

– (55)Дела ва хьо марша! (56) Хьажахьа, Олхазаран воI веца. (57)Воккха стаг хилла хьох-м. (58)Дуьлол, тхоьга гIур ду вай.

(59)Цу буса, сахиллалц бохург санна, Iийра уьш цхьацца дуьйцуш. (60)Александран хеттарш кхачалуш дацара.

(61)Iуьйранна шен къона хьеший новкъабаха йуьртах валлалц веара Мажа. (62)ДIасакъаьсташ, элира цо:

– (63)Хазахета суна, Iали, хьо тIелаьцнарг дика стаг волуш. (64)Дала Iалашволда хьо. (65)Хьайн аьтто баьллачахула схьанехьа вогIуш хила. (66)Марша гIолда шу!

*(Гайсултанов I.Э.)*

6

**_Текстан чулацаман анализ._**

«ГIизлара ара а волий, Александр лаьмнашка дIахьежаран хIун бахьана дара?» бохучу хаттарна нийса **тIечIагIдаран хаам** жоьпийн муьлхачу вариантехь бу?

1) ***Цигахь йара Александр вина йурт.***
2) ***Александрана лаьмнаш цкъа а ца гинера.***
3) ***Александрана лаьмнаш хазахетара.***
4) ***Лаьмнийн баххьаш даима кIайн лаьттара.***

Жоп ______________________________________________

7

***Меттан суртхIотторан гIирсан анализ.***

Меттан суртхIотторан гIирс – **дустар** шеца долу предложени билгалйаккха.

***1) Николай Николаевичана ца хаалуш ца дисира ша кхиочу, шена везавеллачу кIантана лууш дерг.***

***2) Раевскийс йийцинчу йуьртан йисте кхечира ши бере.***

***3) Цецваьлла, дIсахьоьжура иза.***

***4) Кхуза кхаччалц дагахь Александра кхаьбна ойланаш, дохк санна, айайелла, йаьржина дIайахара.***

Жоп ____________________________________________________________

8

***Лексически анализ.***

10-чу предложенера **«йуькъа»** бохучу дашна **антоним** йалайе. ДIайазйе иза.

Жоп ____________________________________________________________

**3 дакъа**

***2-чу декъера йешначу текстах пайда а оьцуш, къаьстинчу кехата тIехь 9.1, 9.2 йа 9.3 тIедахкарех кхочушде ЦХЬАЪ. Оцу тIедилларна, йалийнчу клишех пайда а оьцуш, дуьззина йозанан жоп ло. Сочинени йазйан йолайале, дIайазйе хаьржинчу тIедилларан лоьмар: 9.1, 9.2 йа 9.3.***

9.1

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, сочинени-ойлайар йазйе, халкъан хьехархочун Абдуразаковн Ш.И. **«Нохчийн мотт хьалдолуш а, аьхна а мотт бу, уггаре хаза, кIорггера дог-ойланаш ма-йарра цIена, нийса, йуьззина йийца йиш йолуш»** бохучу дешнийн маьIна а достуш.

Хьайн жоп тIечIагIдеш, йешначу текста тIера **ши** масал даладе.

Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.

Лингвистически материал тIехь тема схьайоьллуш, Iилманан йа публицистически стилехь болх йазбан таро йу хьан. Сочинени дIайоло мегар ду Абдуразаковн Ш.И. дешнашца.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Йешначу текстана (йалийнчу текстана) тIе а ца тевжаш йазбинчу белхан мах хадош бац. Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Суна хетарехь, ... Тезис тIечIагIйеш, хьовсур вай ...
2. Масална текстан ... предложени йало мегар ду.
3. Авторо шен текстан ... предложенехь меттан гIирсах ... пайдаоьцу.
4. Вайна ма-гарра, ...

**Магадо:** йалийна клишеш хийца.

9.2

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе сочинени-ойлайар. Дийца, муха кхета хьо хIокху предложенин маьIнех: **«Цуьнан бIаьргаш чу хи хьаьвзира, дагалецамаша дог дуткъадина».**

Сочиненехь айхьа йешначу текстера хьайн ойлайар нийса хилар гойтуш долу **ши** тIечIагIдар (аргумент) даладе.

Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Йеллачу текстан маьIнех со иштта кхета ...
2. Сайн жамIаш тIечIагIдеш, ... предложенера (-шкара) масал далор ду ас.
3. ... предложенино (-еша) тIечIагIйо ойла ...
4. Дерзорехь билгалдоккху ...

**Магадо:** йалийна клишеш хийца.

9.3

Муха кхета хьо **ДАЙМОХК** бохучу дешан маьIнех? Кепе а далош, комментари йе айхьа цунах билгалдаьккхинчунна.

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе **«Вина мохк мазал merza бу»** темина сочинени-ойлайар айхьа билгалдаьккхинчун буха тIехь. **Даймахках** лаьцна айхьа билгалдаьккхинарг тIечIагIдеш, **ши** масал-тIечIагIдар даладе: **цхьа** масал-тIечIагIдар даладе йешначу текстера, **шолгIаниг** – хьайн дахарехь зеделлачух.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайиийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Даймохк – иза ... Йеллачу текстан анализ йеш, ...
2. ХIокху текстан автора нийса билгал ма-даккхара, ...
3. ХIара ойла тIечIагIйан таро йу гIараваьллачу (Iилманчин, йаздархочун, суртдиллархочун) дешнашца.
4. Ойла йинчул тIаьхьа вайна билгалдолу ...

**<u>Магадо:</u>** йалийна клишеш хийца.

## 4 ВАРИАНТ

### 1 дакъа

***Тексте ла а догIий, къаьстинчу кехата тIехь 1-ра тIедиллар кхочушде.***

***Цкъа хьалха тIедилларан лоьмар дIайазйе, цул тIаьхьа – йозанан болх.***

1

Тексте ла а догIий, жима йозанан болх кхочушбе.
Хаалахь, хьо декхарийлахь ву, хIора хаттарна дуьззина (1-2 предложеница) жоп дала.

Йозанан белхан барам 50 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь ладоьгIначу текстан буха тIехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбина йозанан болх ма-йарра схьайазйина ладоьгIна текст йелахь, оцу белхан **ноль баллаца** мах хадабо.

Жоьпаш терахьашца билгалдаха.

Хаттарш къаьстинчу кехата тIе схьайаздан ца оьшу.

Йозанан болх кхочушбе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Хаттарш:**

1. Стенах дуьзна ду хIара дуьне?
2. Адамна, къинхетам беш, Дала хIун делла?
3. ХIун т1едиллина вайна Дала?
4. Стенца гучуболу къинхетам?
5. Ахь хьайна дитинчух хIун хир ду?

### 2 дакъа

***2-8 тIедахкарийн жоьпаш хуьлу белхан текстехь жоьпана билгалйинчу меттехь дIайаздан дезаш долу терахь, терахьийн хьалха-тIаьхьалла йа дош (дешнийн цхьаьнакхетар).***

2

***Синтаксически анализ.***
Д1айеша текст.

(1)Хи мелла а даьлла, лакхарчу басех раз, наггахь охьа а кхевдаш, ду-

кхахдолчунна ла а дуг1уш, сихо и экха хьаладоладелча, цуьнан коьрта т1ехула д1аиккхира цхьа хьоза. (2)Со санна, экханна т1аьхьахьоьжуш хилла Дерказ меллаша, парг1атчу веларца схьахьаьжира соьга.
(3)Б1аьргаш нийсса сан б1аьргаш чу хьоьжура. (4)Царна чохь цхьа хазахетар, къинхетам, суна х1ун ду ца хуу воккхавер гора.

Нийса **грамматически бух** къастийнчу жоьпан вариант билгалйаккха. Д1айазйе цуьнан лоьмар.

1) д1аиккхира цхьа хьоза (1-ра предложени)
2) схьахьаьжира соьга (2-г1а предложени)
3) б1аьргаш чу хьоьжура (3-г1а предложени)
4) суна воккхавер гора (4-г1а предложени)

Жоп ____________________

3

***Пунктуационни анализ.***

**Оьшу сацаран хьаьркаш х1иттаде.** Айхьа х1иттийнчу ц1оьмалгийн терахьаш схьайазде.

Литературни произведенехь Іаламан суьрташа г1о до (1) хиламех дика кхета а (2) вуьйцуш волчун хьал хаа а. Пейзажо гойту хиламан хан а (3) турпалхочун догойла а. Іалам гайтарца (4) йаздархочо хиламехь турпалхочун (5) йа персонажан дог-ойланех а (6) хьолах а кхетаво. Цул сов (7) дахарехь хуьлуш долу (8) диканиг а (9) вониг а гучудолу.

Жоп ____________________

4

***Синтаксически анализ.***

Предложенера **тІедерзар** схьайазде.

**– Оха декъалво хьо, тхан турпал! – геннара схьахазийра гонахарчу курачу лаьмнаша, Іаннаша, хиша, шовданаша.**

Жоп ____________________

5

***Орфографически анализ.***

Билгалдаькккхина дош йаздаран нийса тІечІаг1дар далийнчу жоьпан вариант билгалйаккха. Оцу жоьпан лоьмар дІайазйе.

1) **ВИСТ ЦА ХИЛАР** – чолхечу масдарехь шина орамна йуккъе нислахь, «ЦА» дакъалг къаьстина йаздо.
2) **ЦОЬСТА** – хьалхарчу спряжени чудогІучу карарчу хенан хандешан чаккхенгахь «А» йаздо.

3) **ШИ КХОЪ** – чолхе билгалза-масаллин терахьдешнаш къаьстина йаздо.

4) **БОХЬ** – дукхаллин терахьехь х1окху цIердешан чаккхенгара му-къаза аз шала долу.

Жоп ____________________________________________________________

***Текст дIа а йеший, 6-9 тIедаххкарш кхочушде.***

(1)Тхан йуьртахь вехаш ши доттагI вара: Iаьлвий, Махьмий. (2)Мукъачу хенахь цу шинна уггаре а сакъералуш долу гIуллакх чIерийлецар дара. (3)ЧIерий цу шиммо муьлххачу а хенахь: Iай а, бIаьста а, аьхка а, гурахь а – лоьцура. (4)Ши доттагI ваханера цхьана Iай чIерий леца. (5)Хаза шаьшшинна мIерий догIа меттигаш кечйина, цIе латийна, шалго коьжалгана тIе йай оьллина, кхано шайна чIерий кхехко кечам бира доттагIаша. (6)Тахана муьрг дика тухура чIеро. (7)МIера тIера охьабаьккх-баьккхина чIара Iаьлвиссий, Махьмассий шайна тIехьа лай тIе охьакхуссура. (8)Делкъал тIаьххьалц чIерий а лецна, мацвеллачу шина доттагIчун хIума йаа безам хилира. (9)Лецна чIерий схьагулдан дагахь хьалагIаьттина ши доттагI лай тIехула дIасахьоьжура, амма гуш цхьа а чIара-м бацара. (10)Йуххе деана цхьа а адам доцуш, чIерий дайнера. (11)Гондахьа гуш цхьа олхазар лелла лар йара. (12)Кху шиммо башха тидам а ца бора оцу лоран. (13)ЦIаьххьана Махьмас элира:

– (14)ХIара лараш вайшиннан букъа тIехьара дуьйна дIаоьхуш йу. (15)Вайн къу цигахь хила мегара.

(16)ХIара шиъ лорах вахара. (17)Бердах йоллуш къона бIаьлланг йара. (18)Цуьнан орамаш кIелахь баьккхина жима кIаг а бара. (19)Леррина хьаьжча, тIедеанчу шина адамна дуьхьало йен сурт хIиттош, зIок а гIиттош, Iаш чIегIаг йара.

– (20)Собар делахь, Iаьлви. (21)Кхуьнан бенахь гуш дерш вайшиннан чIерий ду моьттуш ву-кх со, – элира Махьмас. (22)Улле ваханчу Iаьлвис дуьхьало йеш, зIок йетташ йолу чIегIаг схьалецира.

(23)ДIахьаьжча, чIегIаган тIам лазийна а бара. (24)Цу тIехула тIе, лайлахула теккхийна баша а бина, тIоман пелагех ша а бина, тIам базбелла бара. (25)1аьлвис, цIерга а йаьхьна, тIома тIера ша башош, цIера тIе уьйхьира иза. (26)ТIам паргIатбелира.

(27)1аьнан доца де чекхделира. (28)ЧIегIагна бенахь долу чIерий шаьш долччохь а дитина, ши доттагI цIа вахара. (29)Иза йамарта олхазар делахь а, шаьшшингахь адамалла хиларе терра, де доьхначу чIегIагах къахийтира цу шинна. (30)Цул тIаьхьа Iаьлвий, Махьмий, чIерий леца кхечу айми тIе ца воьдуш, чIегIаг-дархо йолчу вогIура. (31)ЦIера йаахIума а йахьара цара чIегIагна. (32)Хьалха санна, ца къаьхкара иза адамех хIинца. (33)Де-дийне мел дели, толуш лаьттара чIегIаг. (34)ТIома йала а гIертара, амма гена ца йахалора хIаваэхула.

(35)Цхьана дийнахь, хьалха санна, ши доттагI айми тIе чIерий леца веара. (36)ЧIерийлецархой айме схьакхаьчча, чIегIаго лакха тIера чу къамелаш дора. (37)Хетарехь, иза баркалла олуш йара ша балех цу шиммо хьалхайаккхарна. (38)ЧIегIаго аймина гена доцчу моан дитта буьххьехь бIаьста бен а бира. (39)Адамаша шена гIо дина меттиг дIа ца тасалуш, айми йистехь йехха йехира чIегIаг.

*(Хасаев Хь.Б.)*

6

***Текстан чулацаман анализ.***

**«Iаьлвий, Махьмий чIерий леца кхечу айми тIе цавахаран хIун бахьана дара?»** бохучу хаттарна нийса **тIечIагIдаран хаам** жоьпийн муьлхачу вариантехь бу?

1) ***Цу шинна кхин меттиг ца йевзара.***
2) ***ЦIера йаахIума йахьара цара чIегIагна.***
3) ***Цу айми тIехь чIерий дукха хуьлура.***
4) ***ЧIерий леца цигахь кхин меттиг йацара.***

Жоп ______________________________

7

***Меттан суртхIотторан гIирсан анализ.***

Меттан суртхIотторан гIирс – **метафора** шеца йолу предложени билгалйаккха.

1) ***Йуххе деана цхьа а адам доцуш, чIерий дайнера.***
2) ***ЧIерийлецархой айме схьакхаьчча, чIегIаго лакха тIера чу къамелаш дора.***
3) ***Кхуьнан бенахь гуш дерш вайшиннан чIерий ду моьттуш ву-кх со, – элира Махьмас.***
4) ***ТIома йала а гIертара, амма гена ца йахалора хIаваэхула.***

Жоп ______________________________

8

***Лексически анализ.***

35-чу предложенера **«доттагI»** бохучу дашна **синоним** йалайе. ДIайазйе иза.

Жоп ______________________________

## 3 дакъа

*2-чу декъера йешначу текстах пайда а оьцуш, къаьстинчу кехата тIехь дIайазйе хаьржинчу тIедилларан лоьмар: 9.1, 9.2 йа 9.3.*

9.1

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, сочинени-ойлайар йазйе, Толстойн Л.Н. **«Нохчийн мотт уггар хазачу а, хьалдолчу а меттанех цхьаъ бу, нагахь кхоччуш дика иза хууш хьо велахь»** бохучу дешнийн маьIна а достуш.

Хьайн жоп тIечIагIдеш, йешначу текста тIера ши масал даладе.
Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.
Лингвистически материал тIехь тема схьайоьллуш, Iилманан йа публицистически стилехь болх йазбан таро йу хьан.
Сочинени дIайоло мегар ду Толстойн Л.Н. дешнашца.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.
Йешначу текстана (йалийнчу текстана) тIе а ца тевжаш йазбинчу белхан мах хадош бац. Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Иза иштта хилар шеко йоцуш ду ...
2. Масална текстан ... предложени йало мегар ду.
3. Авторо шен текстан ... предложененехь меттан гIирсах ... пайдаоьцу.
4. Вайна ма-гарра, ...

**<u>Магадо:</u>** йалийна клишеш хийца.

9.2

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе сочинени-ойлайар. Дийца,

муха кхета хьо хIокху предложенин маьIнех: **«Иза йамарта олхазар делахь а, шаьшшингахь адамалла хиларе терра, де доьхначу чIегIагах къахийтира цу шинна».** Сочиненехь айхьа йешначу текстера хьайн ойлайар нийса хилар гойтуш долу ши тIечIагIдар (аргумент) даладе.
Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированиx пайдаэца.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьан-

цара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Суна хетарехь, автор (авторан цIе) йешархошка тидам байта гIерта ...
2. ХIокху тезисан нийса хилар текстера ... предложеница (-ешца) тIечIагIдо вай.
3. Ткъа шолгIа ойла тIечIагIйеш, хьовсур вай йуха а тексте...
4. Вайна ма-гарра, ...

**Магадо:** йалийна клишеш хийца.

9.3

Муха кхета хьо **КЪИНХЕТАМ** бохучу дешан маьIнех? Кепе а далош, комментари йе айхьа цунах билгалдаькхинчунна.

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе **«Къинхетаме стаг»** темина сочинени-ойлайар айхьа билгалдаькхинчун буха тIехь. Къинхетамах лаьцна айхьа билгалдаькхинарг тIечIагIдеш, **ши** масал-тIечIагIдар даладе: **цхьа** масал-тIечIагIдар даладе йешначу текстера, **шолгIаниг** – хьайн дахарехь зеделлачух.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Къинхетам – иза ... Сан кхетамехь, ...
2. Автора (авторан цIе) вайна ... предложенехь гойту ...
3. Сайн дахарехь зеделлачуьнга а хьаьжна, айса йалийна ойла тIечIагIйан лаьа ...
4. Текстера далийнчу масалша тIечIагIдо ...

**Магадо:** йалийна клишеш хийца.

## 5 ВАРИАНТ

### 1 дакъа

***Тексте ла а догIий, къаьстинчу кехата тIехь 1-ра тIедиллар кхочушде.***

***Цкъа хьалха тIедилларан лоьмар дIайазйе, цул тIаьхьа – йозанан болх.***

1

Тексте ла а догIий, жима йозанан болх кхочушбе.

Хаалахь, хьо декхарийлахь ву, хIора хаттарна дуьззина (1-2 предложеница) жоп дала.

Йозанан белхан барам 50 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь ладоьг1начу текстан буха тIехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбина йозанан болх ма-йарра схьайазйина ладоьгIна текст йелахь, оцу белхан **ноль баллаца** мах хадабо.

Жоьпаш терахьашца билгалдаха.

Хаттарш къаьстинчу кехата тIе схьайаздан ца оьшу.

Йозанан болх кхочушбе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Хаттарш:**

1. Стенах дуьзна ду хIара дуьне?
2. Адамна, къинхетам беш, Дала хIун делла?

4. Стенца гучуболу къинхетам?
5. Ахь хьайна дитинчух хIун хир ду?

### 2 дакъа

***2-8 тIедахкарийн жоьпаш хуьлу белхан текстехь жоьпана билгалйинчу меттехь дIайаздан дезаш долу терахь, терахьийн хьалха-тIаьхьалла йа дош (дешнийн цхьаьнакхетар).***

2

***Синтаксически анализ.***

Д1айеша текст.

(1)Сахиллалц, чIогIа мох а хьоькхуш, догIа деънера. (2)Ткъа ишттачу буса дитташ тIера бIараш, охьа а оьгий, бацалахь шортта Iохкуш хуьлий хаьара Салманна. (3)Цундела иза когашIуьйра аравелира, хIинца а гIовттаза болу баккхийнаш сама ца баха гIерташ. (4)Меллаша зайл дIа а баьккхина, уча а ваьлла, йуьхьанца цкъа кертахула бIаьрг туьйхира кIанта.

Нийса **грамматически бух** къастийнчу жоьпан вариант билгалйаккха.  Д1айазйе цуьнан лоьмар.

1) догIа деънера (1-ра предложени)
2) бIараш охьа а оьгий (2-гIа предложени)
3) баккхийнаш сама ца баха (3-гIа предложени)

Жоп ________________________________________________

☐

| 3 |

***Пунктуационни анализ.***

**Оьшу сацаран хьаьркаш х1иттаде.** Айхьа хIиттийнчу цIоьмалгийн терахьаш схьайазде.

Йуьрта ваханчуьра гIала (1) цIа вогIуш вара со сайн деца. Тхуна дуьхьала йогIучу зудчунний (2) тхуний йуккъехь йолу йукъ (3) хIора минотехь жимлуш лаьттара. Суна йевзаш йацара и зуда. Цул совнаха (4) суна тосаделира (5) дада цуьнца къамел дан лууш цахилар а. Цуьнга сихха вист а хилла (6) хьалхахьа дIаволавелира дада.

Жоп ________________________________________________

☐

| 4 |

***Синтаксически анализ.***

Предложенера **латтам** схьайазбе.

**Хьаналчу куьйгаша а, оьздачу дог-ойлано а, бертахьчу шина адамо а атта хIоттор ду шайн ирсе дахар.**

Жоп ________________________________________________

☐

| 5 |

***Орфографически анализ.***

Билгалдаьккхина дош йаздаран нийса тIечIагIдар далийнчу жоьпан вариант билгалйаккха. Оцу жоьпан лоьмар дIайазйе.

1) **МА-ЛХ** – дош сехьадоккхуш, цхьана дешдекъах лаьтта дош декъа мегар ду.
2) **ВО** – доьшуш доцу (шеконан) чаккхенгара «Н» ца йаздо цхьана дешдекъах лаьттачу билгалдешнийн йуьхьанцарчу кепехь.
3) **СО, ХЬО, ТХО** – хIара йаххьийн цIерметдешнаш хотталург, дустург дожаршкахь ораман мукъа аз ца хуьйцуш йаздо.
4) **МА ГАРРА** – дакъалг «МА» къаьстина йаздо, шеца лелачу дешан орамера мукъаза аз шалхадолуш делахь.

Жоп ____________________________________________________________

|  |
|---|
|  |

***Текст дIа а йеший, 6-9 тIедахкарш кхочушде.***

(1)Массо а бер, белхан бедар а йуьйхина, белаш, нораш, девзигаш дохьуш, схьагулделлера ишколан уьйтIа. (2)Липа Умаровнас белхан меттиг дIагайтира берашна, дан дезарг а дуьйцуш. (3)Шайна тIедиллина гIуллакх дIадолийра дешархоша.

(4)Массеран а дегнаш ловзадохуш, хаза де дара тIедеънарг. (5)ЧIогIа сакъералуш, забаршца, беларшца, эшаршца сихха гIуллакх деш бохкучу царна, кисанашка куьйгаш а доьхкина, техкачу боларца тIевеара Абу.

(6)Синтарийн гонаш самсадаьхна а девлла, хIинцца зудаберашкара нораш, девзигаш схьаэца дагахь, царна тIедаьхкира божабераш.

– (7)Схьаэца, Абу, ахьа а нуй, – элира Сулимас.

– (8)Нуй хьекха со йоI йац, – аьлла, д1аволавелира Абу.

– (9)Хуур дара-кх, стогалла оьшуш долу гIуллакх тIеIоттаделча, ахь хIун до, – резавоцуш вистхилира Сулима. (10)Цо аьлларг бакъдан санна, цу дийнахь хилира цхьа гIуллакх.

(11)Бераша ша кхин тергал ца вича, Органна йисте ваха дагахь дIаволавелира Абу.

(12)Эвла йистте ваьллачунна ма-дарра гуш дара дистина догIу Орга. (13)Цо д1акхоьхьуш йолу дечигаш йехачу коьжалгаца схьалоьцуш гора бераш. (14)Абу тIекхочуш, цIаьххьана дIасаида дуьйладелира уьш.

– (15)Лоьма хи чу ваха! – мохь оьхура берийн. (16)ТIехьаьддачу Абуна гира тулгIешца кхиссалуш воллу жима кIант. (17)Абу сихха, цунна гIо дан дагахь, тIехьаьдира. (18)ЦIаьххьана хи буха а вахана, йуха гучуваьллачу кIентан сенйеллачу йуьхьах бIаьрг кхийтира цуьнан. (19)Цхьаммо лере а веана, «Хи буха воьдучо ша схьаваккха гIоьртинарг чутакхаво, боху», – олуш санна хийтира кIантана. (20)Мажвелла, вухавелира кIант…

(21)Абуна тIаьхь-тIаьхьа схьадогIучу берашна а хезира берийн маьхьарий. (22)Хиллачух кхетта Сулима, мох санна, дIахьаьдира хи йисте. (23)Генара кхоьссинчу тIулган хьесапехь, Органна чуиккхира иза. (24)ГIора эшна, тулгIеш тола а тоьлла, хи буха воьдуш вара кIант, амма Сулима цуьнан месаш схьалаца кхиира.

(25)Дукха хан йалале, Сулимас Іожаллех кІелхьараваьккхира жима кІант. (26)Схьаваьккхинчу кІентан кийрара хи охьа а дахийтина, цунна садаІа гІо деш дохкура бераш. (27)Йуьстах лаьтташ вара Абу, йуьхьІаьржа а хІоьттина.

(28)Хетарехь, цхьаммо а тергал ца вора иза.

(29)«ХІара муха хили? (30) Ма эхь ду хІара?!» – боху гІайгІане ойла йара, вота хилла, коьрта чохь йетталуш.

*(Чантиев І.А.)*

6

***Текстан чулацаман анализ.***

«Абу мажвелла вухаваларан хІун бахьана дара?» бохучу хаттарна нийса **тІечІагІдаран хаам** жоьпийн муьлхачу вариантехь бу?

1) ***Хи буха воьдучо ша чутакххаварна кхеравелира иза.***
2) ***Абуна ца гира хи чохь жима кІант.***
3) ***Цунна ша бераша Іехаво моьттура.***
4) ***Абуна нека дан ца хаьара.***

Жоп ____________________________________________________________

7

***Меттан суртхІотторан гІирсан анализ.***

Меттан суртхІотторан гІирс – **фразеологизм** шеца йолу предложени билгалйаккха.

1) ***Абу тІекхочуш, цІаьххьана дІасаида дуьйладелира уьш.***
2) ***Цо аьлларг бакъдан санна, цу дийнахь хилира цхьа гІуллакх.***
3) ***Массеран а дегнаш ловзадохуш, хаза де дара тІедеънарг.***
4) ***Т1ехьаьддачу Абуна гира тулгІешца кхиссалуш воллу жима кІант.***

Жоп ____________________________________________________________

8

***Лексически анализ.***

10-чу предложенера **«бакъдан»** бохучу дашна **антоним** йалайе. ДІайазйе иза.

Жоп ____________________________________________________________

## 3 дакъа

***2-чу декъера йешначу текстах пайда а оьцуш, къаьстинчу кехата тIехь***

***дIайазйе хаьржинчу тIедилларан лоьмар: 9.1, 9.2 йа 9.3.***

9.1

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, сочинени-ойлайар йазйе, Толстойн Л.Н. **«Нохчийн мотт уггар хазачу а, хьалдолчу а меттанех цхьаъ бу, нагахь кхоччуш дика иза хууш хьо велахь»** бохучу дешнийн маьIна а достуш.

Хьайн жоп тIеч1агIдеш, йешначу текста тIера **ши** масал даладе.

Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.

Лингвистически материал тIехь тема схьайоьллуш, Iилманан йа публицистически стилехь болх йазбан таро йу хьан.

Сочинени дIайоло мегар ду Толстойн Л.Н. дешнашца.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Йешначу текстана (йалийнчу текстана) тIе а ца тевжаш йазбинчу белхан мах хадош бац. Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Иза иштта хилар шеко йоцуш ду ...
2. Масала, текстера ... предложенехь ...
3. Текстан ... предложени йешча, ...
4. Вайна ма-гарра ...

**<u>Магадо:</u>** йалийна клишеш хийца.

9.2

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе сочинени-ойлайар. Дийца, муха

кхета хьо хIокху предложенин маьIнех: **«Хуур дара-кх, стогалла оьшуш долу гIуллакх тIеIоттаделча ахь хIун до, – элира Сулимас».** Сочиненехь айхьа йешначу текстера хьайн ойлайар нийса хилар гойтуш долу **ши** тIечIагIдар (аргумент) даладе.

Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. ХIокху текстан автора (авторан цIе) йешархо ойлайарна тIевуьгу ...
2. Аьлларг тIечIагIдархьама, хьовсур вай предложенешка ...
3. ... предложенино (-еша) тIечIагIйо шолгIа ойла.
4. Цу тайпана, баккъала а ойла нийса йу ...

**<u>Магадо:</u>** йалийна клишеш хийца.

9.3

Муха кхета хьо **СТОГАЛЛА** бохучу дешан маьIнех? Кепе а далош, комментари йе айхьа цунах билгалдаькккхинчунна.

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе **«Стогаллех цавалар»** темина сочинени-ойлайар айхьа билгалдаькккхинчун буха т1ехь. **Стогаллех** лаьцна айхьа билгалдаькккхинарг тIечIагIдеш, **ши** масал-тIечIагIдар даладе: **цхьа** масал-тIечIагIдар даладе йешначу текстера, **шолг1аниг** – хьайн дахарехь зеделлачух.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Стогалла – иза ... Суна хетарехь, ...
2. ХIокху текстан авторна (авторан цIе) къаьсттана вайна гайта лиъ-нарг ду ...
3. Сайн дахарехь зеделлачуьнга а хьаьжна, айса йалийна ойла тIечIагIйан лаьа ...
4. Цу тIера схьа жамI дан таро йу ...

**<u>Магадо:</u>** йалийна клишеш хийца.

## 6 ВАРИАНТ

### 1 дакъа

***Тексте ла а догӀий, къаьстинчу кехата тӀехь 1-ра тӀедиллар кхочушде. Цкъа хьалха тӀедилларан лоьмар дӀайазйе, цул тӀаьхьа – йозанан болх.***

1

Тексте ла а догӀий, жима йозанан болх кхочушбе.

Хаалахь, хьо декхарийлахь ву, хӀора хаттарна дуьззина (1-2 предложеница) жоп дала.

Йозанан белхан барам 50 дашал кӀезиг хила ца беза.

Нагахь ладоьгӀначу текстан буха тӀехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбина йозанан болх ма-йарра схьайазйина ладоьгӀна текст йелахь, оцу белхан **ноль баллаца** мах хадабо.

Жоьпаш терахьашца билгалдаха.

Хаттарш къаьстинчу кехата тӀе схьайаздан ца оьшу.

Йозанан болх кхочушбе цӀена а, йоза къаьсташ а.

**Хаттарш:**

1. Стенах дуьзна ду хӀара дуьне?
2. Адамна, къинхетам беш, Дала хӀун делла?

4. Стенца гучуболу къинхетам?
5. Ахь хьайна дитинчух хӀун хир ду?

### 2 дакъа

***2-8 тӀедахкарийн жоьпаш хуьлу белхан текстехь жоьпана билгалйинчу меттехь дӀайаздан дезаш долу терахь, терахьийн хьалха-тӀаьхьалла йа дош (дешнийн цхьаьнакхетар).***

2

***Синтаксически анализ.***
ДӀайеша текст.

(1)Гуьйре тӀекхаьчча, йочанаш йахйеллера. (2)Йукъ-йуккъера гӀодамаш хьаькхна, наха хьаьжкӀаш цӀаоьзна, къарзделлера Шуьйта-гӀалина гобаьккхина Іохкуш долу кхаш. (3)ХӀинца мукъа нах ламанан йарташкахь бан а бацара. (4)Царах цхьаберш мангалахь бара, вуьйш, хьаьжкӀаш хьокхуш, уьш ворданашкахь дӀакхоьхьуш, доьрчашна чу уьш дӀайерзош,

| хала къахьоьгуш боххура. |
|---|

Нийса **грамматически бух** къастийначу жоьпан вариант билгалйаккха. ДӀайазйе цуьнан лоьмар.

1) гуьйре тӀекхаьчча (1-ра предложени)
2) къарзделлера кхаш (2-гӀа предложени)
3) мукъа нах бацара (3-гӀа предложени)
4) уьш къахьоьгуш боххура (4-гӀа предложени)

Жоп ____________________________________________________________

| 3 |
|---|

***Пунктуационни анализ.***

**Оьшу сацаран хьаьркаш х1иттаде.** Айхьа хӀиттийнчу цӀоьмалгийн терахьаш схьайазде.

ГӀийла хьаькхначу мохехь (1) техкара Ӏежийн (2) кхорийн дитташ. Ц1аьххьана царах цхьанна тӀера охьа а боьжна (3) керччина дӀабахара цӀарулцӀен (4) боккха Ӏаж. И хийла тергалбинера Зеламхас (5) цо хийла сатийсинера (6) и охьабожаре. Хазахетарца ведда тӀе а вахана (7) схьаийцира цо и Ӏаж.

Жоп ____________________________________________________________

| 4 |
|---|

***Синтаксически анализ.***

Предложенера **меттиган латтам** схьайазбе.

**Шена хилла хазахетар, халахетар дийца стаг цахиларе терра, дерриг кийрахь дисира.**

Жоп ____________________________________________________________

5

***Орфографически анализ.***

Билгалдаькkхина дош йаздаран нийса тӀечӀагӀдар далийнчу жоьпан вариант билгалйаккха. Оцу жоьпан лоьмар дӀайазйе.

1) **ХОЬТТА** – хьалхарчу спряжени чудогӀучу карарчу хенан хандешан чаккхенгахь «А» йаздо.

2) **ЦАЛЕКХНА** – «ЦА» дакъалг дацаран маьӀнехь хандашца цхьаьна йаздо.

3) **ДАН** – доьшуш доцу (шеконан) чаккхенгара «Н» йаздо цхьана дешдекъах лаьттачу хандешнийн билгалзчу кепехь.

4) **ДӀАХЕЦНАКХ** – чӀагӀдаран дакъалг «КХ» дешнашца цхьаьна йаздо.

Жоп ____________________________________________________

***Текст дӀа а йеший, 6-9 тӀедахкарш кхочушде***

(1)КӀирандийнахь сарралц ловзуш а лелла, шаьш дӀасакъаьсташ, бераша барт бира кхана кино даха. (2)«Тимур а, цуьнан команда а» цӀе йолчу фильме а хьаьвсина цӀа богӀуш, трамвай тӀе хевшира уьш, кинох лаьцна шайн-шайна хетарш а дуьйцуш. (3)Трамвай меттахйелира, амма, сихха саца а йеш, неӀарш дӀайиллира иза лелочу йоӀа.

(4)Хьуьхьвоьлла цхьа воккхастаг, шел хьалха тускар а, Ӏаса а йоккхуш, трамвай тӀе сихвелира. (5)Уллохьа болчара гӀо а деш, хьалавелира иза.

(6)Охьахоийла йоцуш, йоьттина йара вагон. (7)Воккхастаг гин-гинарг хьалаийалора цунна меттиг йала. (8)Ткъа хьалхарчу гӀантахь Ӏаш волу Новраз, массарначул а иза шена йуххехь воллушехь, ца гучуха Ӏара, корах ара а хьоьжуш.

(9)ХьалагӀаьттина, дуьхьал а волалуш, цуьнан нийсархочо Хьамзата воккхастаг шен метта охьахаийра. (10)ХьалагӀевттинчу вукхарна баркалла а олуш, иза Хьамзате хьаьжира:

– (11)Жиманиг, хьан Ӏойла йохий-кх ас. (12)Баркалла хьуна!

– (13)ХӀумма а дац,– велакъежира Хьамзат. (14)ГӀовталан кисанара шена а, тускарна а тӀера билеташна дала къаьстина ахча схьадаькkхира воккхачу стага.

(15)Иза хьала ца гӀоттуьйтуш, Хьамзата сихха вахана билеташ ийцира.

– (16)Дукха вехийла хьо, кӀант, – олуш, цуьнан белшах дайн куьг а хьокхуш, хаьттира воккхачу стага:

– (17)Хьан цӀе хӀун йу?

– (18)Хьамзат йу-кх.

– (19)Мичахь Ӏаш ду шу, Хьамзат?

– (20)Микрорайонехь.

– (21)Цига вогIуш ву со дуьххьара. (22)Шун хенара ву сан кIентан кIант Хьамид.

– (23)Дукаев вуй и?

– (24)Ву-те.

– (25)Вевза. (26)Тхойшиъ цхьана ишколехь доьшуш ву.

– (27)Дика доьший аш?

– (28)ХIаъ...

– (29)Дада, схьакхечи вай, – олуш, воккхачу стеган тускар схьа а эцна, ша хьалха а ваьлла, цунна охьавосса гIо дира Хьамзата.

– (30)Дада, ахь хьо дуьххьара вогIу ма бохура. (31)Хьуна хуур дуй ткъа ХьамидгIаьрга ваха? – хаьттира Хьамзата.

– (32)Хуур ду. (33)Йаздина адрес ду соьгахь, хоттуш дIакхочур ву.

– (34)ХIан-хIа, хьо дIа а кхетийна бен гIур вац тхойшиъ, – аьлла, тускаран цхьацца тIам а лаьцна, хьалха дIаволавелира Хьамзаттий, Халиддий.

– (35)Маржа-йаI, сан воккхаллех кира хили-кх шуьшинна, – олуш, Iаса а луьйзуш, тIаьхьахIоьттира воккхастаг. (36)– Ма декъала хилла дай-наной ду-кх шуьнаш.

(37)Пхоьазза тIекIелдинчу цIеношка дIакхаьчча, шолгIачу этажа тIе хьала а бевлла, горгали туьйхира цара. (38)Сихха схьайиллира неI.

– (39)Дада вогIу! (40)Дада! – хазахеташ, Хьамид а, цуьнан нана ХIазан а воккхачу стагана маракхийтира сени чохь.

(41)Уьш тIекаре бевллачу хенахь, Iодика а йеш, дIаваха Халиддий, Хьамзаттий вухавоьрзуш, воккхачу стага элира Хьамиде:

– (42)Чу ца валош, дIа ма вахийталаш и ши кIант.

(43)Хьамида, шел хьалха а тоьттуш, чоьхьаваьккхира и шиъ.

– (44)Дада, суна ма ца бевза хIара кIентий. (45)Хьенан бу хIорш? – хаьттира ХIазана.

– (46)Делахь хIета, хIинца дуьйна дIа бевзар бу-кх хьуна Хьамидан доттагIий, – элира воккхачу стага, – дIалацал кхааммо а вовшийн куьйгаш, мармара а кхеташ. (47)ХIинца дуьйна доттагIий ду шу, иза вошалла а ду. (48)Хьанал а, тешаме а хилалаш даима а. (49)Сий а довр дац шун цкъа а. (50)Оьздангалла, гIиллакх жимачохь дулу дагах.

(51)Майданахь ша буьрканах ловзуш лелаш вара Новраз, ХьамзатгIар тIебоьлхучу хенахь. (52)Когаца буьрка а керчош, дуьхьалхьаьдира иза:

– (53)Хуур ду-кх, тахана мила тоьлу!

(54)Хьамзаттий, Халиддий резавоцуш дIахьаьжира Новразе:

– (55)Кхузахь тола, когаш кхоош Iийна хир вара хьо, воккхастаг тIевеъча хьала ца гIоттуш? (56)Хьуна ца хеттехь а, цабезамца хьан бIаьра хьуьйсучу адамех тхуна-м эхь хийтира. (57)ХIун накъост хир ву хьох?

(58)Новраз меллаша бай тIе охьалахвелира, накъостийн бехко а, цара шена

тIебоьгIначу бIаьргаша а йуьхь а кхолийна.

(59)Цо дош делира накъосташна иштта осалалла шегара кхин ца йалийта.

*(Кагерманов Д. Д.)*

6

**Текстан чулацаман анализ.**
«ХIун бахьана дара ши доттагI Новразана резавоцуш хиларан?» бохучу хаттарна нийса **тIечIагIдаран хаам** жоьпийн муьлхачу вариантехь бу?

***1) Новраз буьрканах дика ловзура.***
***2) Новраз шина доттагIчуьнца ХьамидгIаьрга ца веара.***
***3) Воккхачу стагана хьала ца гIаьттира Новраз.***
***4) Новраз доттагIашца къийсалора.***

Жоп ________________________________________________________________

7

***Меттан суртхIотторан гIирсан анализ.***
Меттан суртхIотторан гIирс – **метафора** шеца йолу предложени билгалйаккха.

***1) Иза хьала ца гIоттуьйтуш, Хьамзата сихха вахана билеташ ийцира.***
***2) Шун хенара ву сан кIентан кIант Хьамид.***
***3) Тхойшиъ цхьана ишколехь доьшуш ву.***
***4) Новраз меллаша бай тIе охьалахвелира, накъостийн бехко а, цара шена тIебоьгIначу б1аьргаша а йуьхь а кхолийна.***

Жоп ________________________________________________________________

8

***Лексически анализ.***
46-чу предложенера **«доттагIий»** бохучу дашна **синоним** йалайе. ДIайазйе иза.

Жоп ________________________________________________________________

**3 дакъа**

***2-чу декъера йешначу текстах пайда а оьцуш, къаьстинчу кехата тIехь 9.1, 9.2 йа 9.3 тIедахкарех кхочушде ЦХЬАЪ. Оцу тIедилларна, йалийнчу клишех пайда а оьцуш, дуьззина йозанан жоп ло. Сочинени йазйан йолайале, дIайазйе хаьржинчу тIедилларан лоьмар: 9.1, 9.2 йа 9.3.***

9.1

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, сочинени-ойлайар йазйе, Толстойн Л.Н. **«Нохчийн мотт уггар хазачу а, хьалдолчу а меттанех цхьаъ бу, нагахь кхоччуш дика иза хууш хьо велахь»** бохучу дешнийн маьIна а доступ.

Хьайн жоп тIечIагIдеш, йешначу текста тIера **ши** масал даладе.

Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.

Лингвистически материал тIехь тема схьайоьллуш, Iилманан йа публицистически стилехь болх йазбан таро йу хьан.

Сочинени дIайоло мегар ду Толстойн Л.Н. дешнашца.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Йешначу текстана (йалийнчу текстана) тIе а ца тевжаш йазбинчу белхан мах хадош бац. Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Суна хетарехь, ... Тезис тIечIагIйеш, хьосур вай ...
2. Масала, текстера ... предложенехь ...
3. Текстан ... предложененехь кхин цхьаъ ...
4. Лакхахь далийнчу масалшка хьаьжча, ...

<u>**Магадо:**</u> йалийна клишеш хийца.

9.2

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе сочинени-ойлайар. Дийца, муха кхета хьо хIокху предложенин маьIнех: **«Оьздангалла, гIиллакх жимачохь дулу дагах».**

Сочиненехь айхьа йешначу текстера хьайн ойлайар нийса хилар гойтуш долу **ши** тIечIагIдар (аргумент) даладе.

Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Суна хетарехь, автор (авторан цIе) йешархошка тидам байта гIерта ...
2. ХIокху кхетамах лаьцна сайна хетарг олуш, билгалдаккха лаьа ...

3. ... предложененино (-еша) тIечIагIйо шолг1а ойла ...
4. Цу тайпана, баккъала а ойла нийса йу ...

**Магадо:**йалийна клишеш хийца.

9.3

Муха кхета хьо **Г1ИЛЛАКХ** бохучу дешан маьIнех? Кепе а далош, комментари йе айхьа цунах билгалдаьккхинчунна.

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе **«Муха хила веза гIиллакхе стаг?»** темина сочинени-ойлайар айхьа билгалдаьккхинчун буха тIехь. **ГIиллакхах** лаьцна айхьа билгалдаьккхинарг тIечIагIдеш, **ши** масал- тIечIагIдар даладе: **цхьа** масал-тIечIагIдар даладе йешначу текстера, **шолгIаниг** – хьайн дахарехь зеделлачух.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. ГIиллакх – иза ... Сан кхетамехь, ...
2. Текстан авторна хетарехь, ...
3. ХIокху кхетамах лаьцна сайна хетарг олуш, билгалдаккха лаьа ...
4. Лакхахь аьллачун тIера билгалдолу ...

**Магадо:** йалийна клишеш хийца.

## 7 ВАРИАНТ

### 1 дакъа

***Тексте ла а догIий, къаьстинчу кехата т1ехь 1-ра тIедиллар кхочушде. Цкъа хьалха тIедилларан лоьмар дIайазйе, цул тIаьхьа – йозанан болх.***

1

Тексте ла а догIий, жима йозанан болх кхочушбе.

Хаалахь, хьо декхарийлахь ву, хIора хаттарна дуьззина (1-2 предложеница) жоп дала.

Йозанан белхан барам 50 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь ладоьгIначу текстан буха тIехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбина йозанан болх ма-йарра схьайазйина ладоьгIна текст йелахь, оцу белхан **ноль баллаца** мах хадабо.

Жоьпаш терахьашца билгалдаха.

Хаттарш къаьстинчу кехата тIе схьайаздан ца оьшу.

Йозанан болх кхочушбе ц1ена а, йоза къаьсташ а.

**Хаттарш:**

1. Халкъан уггаре доккха хьал хIун ду?
2. Нохчийн къам шена тIех1иттинчу халонех чекхдалар стенах доьзна дара?
3. Хьалха заманахь берана дуьненах, Iаламах, динах, оьздангаллех болу кхетам хьан луш хилла?
4. Вайнехан доьзалехь бераш кхетош-кхиош мила хилла?
5. ХIун лаьттина ишттачу доьзалшкахь, цара хIун лардина?

### 2 дакъа

***2-8 тIедахкарийн жоьпаш хуьлу белхан текстехь жоьпана билгалйинчу меттехь дIайаздан дезаш долу терахь, терахьийн хьалха-тIаьхьалла йа дош (дешнийн цхьаьнакхетар).***

2

***Синтаксически анализ.***

Д1айеша текст.

(1)Ламанца некъаш чIогIа готта а, ирхнехьа а ду. (2)И некъ ларбан со чIогIа кхоьрура, ткъа бераш, шайн хазачу, эсалчу, цхьана а хIуманна тIаьхьа ца кхуьучу бIаьргашца гонахарчу исбаьхьачу Iаламе хьоьжура. (3)Церан самукъадолура, машен тIехйолучу хенахь цхьайолчу меттигашка

кхаьчча, шаьш лаьмнийн бердех Іуьттучу куьйгех. (4)Берийн самукъадалар алсамдаьккхира цхьана жимачу беречо, шен маса дин машенна тІаьхьа а кхиийна, цаьрга куьйгаш хьоькхуьйтуш, дин хьастийтарца.

Нийса **грамматически бух** къастийнчу жоьпан вариант билгалйаккха. Д1айазйе цуьнан лоьмар.

1) некъаш ирхнехьа ду (1-ра предложени)
2) Iаламе хьоьжура (2-гIа предложени)
3) машен кхаьчча (3-гIа предложени)
4) алсамдаьккхира цхьана беречо (4-гIа предложени)

Жоп ____________________________________________________________

☐

3

***Пунктуационни анализ.***

**Оьшу сацаран хьаьркаш хIиттаде.** Айхьа хIиттийнчу цIоьмалгийн терахьаш схьайазде.

Йекхайелла хьоьжура Тамара (1) Лоьмас дийриг хазахетта. ХIинццалц ша (2) дукха ойланаш йинера цо (3) цхьа дика хIума (4) хIун дийр дара-техьа бохуш. Тамара хитIа йахара (5) ткъа Лоьма дечиг даккха волавелира. Дукха а (6) ца оьшура йоккхачу стагана-м дечиг. ХьастагIа Лоьмас даьккхинарг а (7) кхачоза дара.
Жоп ____________________________________________________________

☐

4

***Синтаксически анализ.***

Предложенера **йукъадало дош** схьайазде.

**Уллохь хьекъал, оьздангалла, собар, къинхетам а боцу майралла – иза сонталла йу, ткъа и сонта майралла, шеко йоццуш, оцу стагана шена а, адамашна а бале, зуламе йолу.**
Жоп ____________________________________________________________

5

***Орфографически анализ.***

Билгалдаькккхина дош йаздаран нийса тIечIагIдар далийнчу жоьпан вари-

ант билгалйаккха. Оцу жоьпан лоьмар дIайазйе.

1) **ДА-РЦ** – дош сехьадоккхуш, цхьана дешдекъах лаьтта дош декъа мегар ду.

2) **ЦХЬАБОССА** – ЦХЬА боху дош тIекхетарца кхолладелла чолхе куцдешнаш цхьаьна йаздо.

3) **ТКЪЕВОРХ1** – хIоттаман терахьдешнаш цхьаьна йаздо.

4) **ДИКЧУ** – шина дешдекъах лаьттачу лаамазчу мухаллин билгалдешнийн чаккхенгара «А» лач дожаршкахь ца йаздо.

Жоп ___________________________________________________________

***Текст дIа а йеший, 6-9 тIедахкарш кхочушде.***

(1)Мусан да кхузткъе итт шо хенара къена стаг ву. (2)Иштта къена йу десте а. (3)Оцу кхааннан кхин гергара а, йуьртара а стаг вац кху агIор. (4)Схьадалийнчу хьалхарчу шина-кхаа баттахь шаьш цIера йеанчу ши гали хьаьжкIех гIетакх деш Iийра. (5)ТIаккха, кхаш тIера кIен, мекхан кан лехьош, акха стоьмаш дууш, кIел ца диса гIиртира. (6)Iа тIедеъча, йалтех буьртиг боцуш дисира.

(7)ХIинца болх бийр бу бохург хьехочохь а дацара. (8)Iа ма дара. (9)Дохнан фермехь ца бича, кхин болх а ма бацара Iай. (10)ТIаьхь-тIаьхьа гIеллуш, мажлуш, кIелвуьсуш лаьтта шен къена да гича, дог дешара цуьнан.

(11)«ХIан-хIа, кIелхьаравала некъ лаха беза, – сацам бира цо тIаьххьара а, – хIара мацалла а валийтина, мацца а цкъа кхуьнан, сайн вежаршна тIекхаьчча, ас хIун ала деза?»

(12)ХIинца, къола ца дича, кхин некъ бацара кIелхьаравала.

– (13)Дада, вай иштта мацалла далла Iийна деврдуй-те? – элира цо цхьана суьйранна.

– (14)Ца Iийна хIун дийр ду вай? (15)Со къена ву, хьо жима ву. (16)Болх Далла тIе а биллина, совцур вай. (17)Рицкъанаш Делехь ду, – суьлхьанаш хьийзочуьра йукъах а ца волуш, жоп делира цо.

– (18)Наха, къола дой а, шайна рицкъ лоху. (19)Изза дийр ду ас а… (20)Ден карара суьлхьанаш охьаийгира.

– (21)ХIун элира ахь? – тевжина Iачуьра охьахиира иза. – (22)Къола? (23)Хьанна дан воллура хьо къола? (24)Хьо хьера-м ца ваьлла?

(25)Дена тIейеана моха сихха дIайелира, кIант шена дуьхьал вист ца хилча:

– (26)Варийлахь, Муса, кхин цкъа а дага ма даийталахь иза. (27)Къола дар дика гІуллакх дац. (28)Бусалба динехь дихкина иза, нохчийн

гIиллакхехь оьзда дац иза. (29)Хьо хьенан хIун лачкъо воллура? (30)Кхузара бахархой а ма бу, шайна дита а, вайна дала а доцуш.

– (31)Ас неханиг лачкъор йац, ткъа колхозаниг лачкъор йу, – халла вистхилира Муса.

– (32)Цуьнан хIун башхо йу? (33)Колхоз а, пачхьалкх а адамийн йу. (34)Дерриге а ду адамийн къинхьегамца IаIийна. (35)ТIехула тIе, колхозо а, пачхьалкхо а до вайна гIо. (36)Варийлахь, мегар дац хьуна! (37)Иэхь ду хьуна иза.

(38)Да, ойлане а ваьлла, цхьана ханна вист ца хуьлуш сецира.

– (39)Гой хьуна, Муса, цхьа де цхьаьнгахь ца льтта. (40)ХIара пачхьалкх вайн цIа ду, ткъа хIокхунна чохь деха къаьмнаш цхьа нана-доьзал бу. (41)Йиша-вешех цхьанна цхьа бохам, цхьа халахетар хилча, биснарш цунна гIоьнна, цуьнан догъэца гIурту. (42)Иштта шайн ницкъ ма-кхоччу вайна гIо дан гIерташ, вайн лазамна дарба лоьхуш лела кху мехкан къаьмнаш а. (43)Царна йамарт хилча, нийса хир дуй? (44)Иэхь ма ду иза. (45)Далла а, Iедална а хьалха гIиллакх доцург ма ду ахь дагалаьцнарг. (46)Сатоха деза, собаре хила веза, Муса.

*(Айдамиров А.I.)*

☐

6

***Текстан чулацаман анализ.***

«ХIун бахьана дара Мусана къола дан дагадаран?» бохучу хаттарна нийса **тIечIагIдаран хаам** жоьпийн муьлхачу вариантехь бу?

***1) Муса къола дан Iемина вара.***

***2) Дас Iамийнера Муса къола дан.***

***3) Да мацалла ца валийта гIертара Муса.***

***4) Мусана ца хаьара хьарам, хьанал къасто.***

Жоп ______________________________________________

☐

7

***Меттан суртхIотторан гIирсан анализ.***

Меттан суртх1отторан г1ирс – **метафора** шеца йолу предложени билгалйаккха.

***1) ХIинца болх бийр бу бохург хьехочохь а дацара.***

***2) ТIаьхь-т1аьхьа гIеллуш, мажлуш, кIелвуьсуш лаьтта шен къена да гича, дог дешара цуьнан.***

***3) ХIинца, къола ца дича, кхин некъ бацара кIелхьаравала.***

***4) Со къена ву, хьо жима ву.***

Жоп ______________________________________________

8

***Лексически анализ.***

35-чу предложенера **«гIо»** бохучу дашна **синоним** йалайе. Д1айазйе иза.

Жоп ___________________________________________________________

**3 дакъа**

***2-чу декъера йешначу текстах пайда а оьцуш, къаьстинчу кехата тIехь дIайазйе хаьржинчу тIедилларан лоьмар: 9.1, 9.2 йа 9.3.***

9.1

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, сочинени-ойлайар йазйе, халкъан хьехархочун Абдуразаковн Ш.И. **«Нохчийн мотт башхачу жовхIарех йуьзна йоккха хазна йу. Оцу жовхIарех бу ойланан муьлхха а агIо гайта таро хуьлуьйту меттан суртхIотторан гIирсаш»** бохучу дешнийн маьIна а достуш. Хьайн жоп тIечIагIдеш, йешначу текста тIера **ши** масал даладе.

Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.

Лингвистически материал тIехь тема схьайоьллуш, Iилманан йа публицистически стилехь болх йазбан таро йу хьан.

Сочинени дIайоло мегар ду Абдуразаковн Ш.И. дешнашца.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Йешначу текстана (йалийнчу текстана) тIе а ца тевжаш йазбинчу белхан мах хадош бац. Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Авторан дешнашца реза ца хила хала ду ...

2. ХIара тезис тIеч1агIйеш, йешначу текстера ... предложенера ... масал далор ду.
3. Текстан ... предложенехь ... кхин цхьаъ ...
4. Вайн таро йу жамI дан ...

**<u>Магадо:</u>** йалийна клишеш хийца.

9.2

Лахахьйа клишех пайда а оьцуш, йазйе сочинени-ойлайар. Дийца, муха кхета хьо хIокху предложенин маьIнех: **«ХIара пачхьалкх вайн цIа ду, ткъа хIокхунна чохь деха къаьмнаш цхьа нана-доьзал бу».** Сочиненехь айхьа й е ш начу текстера хьайн ойлайар нийса хилар гойтуш долу **ши** тIечIагIдар (аргумент) даладе.
Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.
Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.
Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.
Сочинени йазйе ц1ена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Суна хетарехь, хIокху кийсакан коьрта ойла иштта йу ...
2. Текстан авторна хетарехь, хIокху кхетамо духе кхиаво ...
3. Лакхахь йалийна ойла тIечIагIйеш, ала лаьа ...
4. Текстера далийнчу масалша тIечIагIдо ...

<u>**Магадо:**</u> йалийна клишеш хийца.

9.3

Муха кхета хьо **ХЬАРАМЛО** бохучу дешан маьIнех? Кепе а далош, комментари йе айхьа цунах билгалдаьккхинчунна.
Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе **«Дахарехь хьарамлонах ларвалар»** темина сочинени-ойлайар айхьа билгалдаьккхинчун буха тIехь. **Хьарамлонах** лаьцна айхьа билгалдаьккхинарг тIечIагIдеш, **ши** масал-тIечIагIдар даладе: **цхьа** масал-тIечIагIдар даладе йешначу текстера, **шолгIаниг** – хьайн дахарехь зеделлачух.
Сочиненин барам 70 дашал к1езиг хила ца беза.
Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.
Сочинени йазйе ц1ена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Хьарамло – иза ... Сан кхетамехь, ...
2. Автора (авторан ц1е) вайна ... предложенешкахь гойту ...
3. Сайн дахарехь зеделлачуьнга а хьаьжна, айса йалийна ойла тIечIагIйан лаьа ...
4. Вайна ма-гарра, ...

<u>**Магадо:**</u> йалийна клишеш хийца.

## 8 ВАРИАНТ

### 1 дакъа

***Тексте ла а догIий, къаьстинчу кехата тIехь 1-ра тIедиллар кхочушде.***
***Цкъа хьалха тIедилларан лоьмар дIайазйе, цул тIаьхьа – йозанан болх.***

1

Тексте ла а догIий, жима йозанан болх кхочушбе.

Хаалахь, хьо декхарийлахь ву, хIора хаттарна дуьззина (1-2 предложеница) жоп дала.

Йозанан белхан барам 50 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь ладоьгIначу текстан буха тIехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбина йозанан болх ма-йарра схьайазйина ладоьгIна текст йелахь, оцу белхан **ноль баллаца** мах хадабо.

Жоьпаш терахьашцца билгалдаха.

Хаттарш къаьстинчу кехата тIе схьайаздан ца оьшу.

Йозанан болх кхочушбе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Хаттарш:**

1. Халкъан уггаре доккха хьал хIун ду?
2. Нохчийн къам шена тIех1иттинчу халонех чекхдалар стенах доьзна дара?
3. Хьалха заманахь берана дуьненах, Iаламах, динах, оьздангаллех болу кхетам хьан луш хилла?
4. Вайнехан доьзалехь бераш кхетош-кхиош мила хилла?
5. ХIун лаьттина иштачу доьзалшкахь, цара хIун лардина?

### 2 дакъа

***2-8 тIедахкарийн жоьпаш хуьлу белхан текстехь жоьпана билгалйинчу дош (дешнийн цхьаьнакхетар).***

2

***Синтаксически анализ.***

Д1айеша текст.

(1)Дехьарчу, тхуна дуьхьаларчу лаьмнийн экханан кIомсарех тера бах-
хьаш малхо, кIайн куйнаш техкича санна, серладаьхнера. (2)И серло, ламанан коьртах чухьоду дохк санна, тIаьхь-тIаьхьа чууьдура, массо а меттиг дIалоцуш. (3)ХIинца-м тхойша вогIу меттиг а йаьллера йерриг а серла, малх тIекхоче йацахь а. (4)Наг-наггахь, когаш кIелара дIаоьккхий, тулгIенан хьесапехь цкъа лахлуш, йуха айалуш, генна дIадовра цхьацца хьоза.

Нийса **грамматически бух** къастийнчу жоьпан вариант билгалйаккха. ДӀайазйе цуьнан лоьмар.

1) малхо серладаьхнера (1-ра предложени)
2) чухьоду дохк (2-гӀа предложени)
3) меттиг а йаьллера (3-гӀа предложени)
4) генна дӀадоврa хьоза (4-гӀа предложени)

Жоп ____________________________________________

3

***Пунктуационни анализ.***

**Оьшу сацаран хьаьркаш хӀиттаде.** Айхьа хӀиттийнчу цӀоьмалгийн терахьаш схьайазде.

Арахь бӀаьстенан (1) т1аьххьара денош лаьттара. Ц1ен-можа богу и боккха малх (2) стигалхула шен беха некъ бина а баьлла (3) дӀабуза кечлуш бара. Некъана аьтту агӀорхьа (4) гӀовгӀанца догӀуш доккха хи дара (5) делахь а некъаца цхьа нисйелла кхиъначу хьуьн йуккъера схьахеза и тайп-тайпана (6) олхазарийн эшарш къар ца лора цуьнга.

Жоп ____________________________________________

4

***Синтаксически анализ.***

Предложенера **йукъадало дош** схьайазде.

**Цкъа цхьана девнехь цхьаннан карах велла хилла доьналла хиларна гӀараваьлла волчу ворхӀ вешех цхьаъ. Хетарехь, дов даларан бехк веллачун хилла.**

Жоп ____________________________________________

5

***Орфографически анализ.***

Билгалдаьккхина дош йаздаран нийса тӀечӀагӀдар далийнчу жоьпан вариант билгалйаккха. Оцу жоьпан лоьмар дӀайазйе.

1) **КЕЧВИНА-КХ** – чӀагӀдаран дакъалг «КХ» дешнашца дефисца йаздо.
2) **ЦА ХЕЗНАРГ** – «ЦА» дакъалг лаамечу причастица къаьстина йаздо.
3) **КЪА ЦА ХЕТАР** – чолхечу масдарехь шина орамна йуккъе нислахь, «ЦА» дакъалг къаьстина йаздо.

4) **ЦIЕНКЪОРЗА** – мухаллин билгалдешнийн лардех лаьтташ долу чолхе билгалдешнаш цхьаьна йаздо.

Жоп ______________________________________________________

| |
|---|
| |
| ***Текст д1а а йеший, 6-9 т1едахкарш кхочушде.*** |

(1)Оцу шарахь йеанчу бIаьста гIа а, заза а ца хийцира малхбасерчу муьргийн дитто…

(2)Иза дара пхи-йалх шо хьалха. (3)Цомгаш а хилла, кIелйиснера Илесан денана, къена Хурма. (4)Йуучух дог даьллера. (5)Халла бен ца айалора меттара хьала а.(6) Кхоьлина, чубоьжнера цуьнан эсала ши бIаьрг. (7)Вуьшта а хебаршка йаханчу йуьхь т1ехь цхьа чкъор бен ца диснера.

(8)Илес чуваьлча, хазахетий, йелалора Хурма.

–(9)Схьавоьл, бабиниг. (10)Баба муха Iаш йу, хьажа веана хьо?

(11)Дененан гIайби кIел дIалачкъабой гуттар а йа Iаж, йа кхор, йа кхин цхьа мерза хIума хуьлура.

–(12)ХIан, бабиниг, вало, ловза гIо х1инца. (13)Хьан соьца кIезиг самукъадер ма ду.

(14)Цхьана йуккъехь Хурма гуттар а чIагIйелира. (15)Халла бен йист а ца хилалора. (16)Йуучух дIахаьддера. (17)К1аргйеллачу гуьйренан хенахь дара иза. (18)Даккъашкарчу хьаннийн г1а дерриге а охьадоьжнера. (19)«Дуьххьара ло деана де хIинца Iаьнан ду-кха», – олура баккхийчара.

(20)Шийла йелахь а, йекхна Iуьйре йара. (21)Ша школе вахале, гуттара а санна, чувеара Илес шен денана йолчу.

–(22)Баба, гIоли ца хета хьуна?

–(23)ГIоли йу суна-м, бабиниг, – халла йистхилира Хурма. (24)ТIаккха, гIийла йела а къежна, хьаьттира кIанте:

–(25)Илес, хьуна вайн шовданан тогIи чухула жимма хьалавахча, малхбасехь цхьа муьргийн дитт гиний?

–(26)ХIаъ, гина, – аьшпаш боьттира кIанта, шен цу диттан тидам ца хиллашехь.

–(27)Цу дитта тIехь хIокху хенахь цIарул-цIен, горга, ша-тайпа чам а болуш, муьргаш хуьлура. (28)Цу муьргийн цхьа курс йахьа суна, хьуо доьшучуьра цIа веъча.

–(29)Дика ду! – араиккхира Илес.

(30)Делкъхан хиллалц а ца Iаш, ведда вахана, муьргийн курсаш йеара Илеса денанна.

(31)Цу гурахь Хурмина мелла а г1оли хилира. (32)Цул тIаьхьа кхаа

шарахь герггa йехира иза. (33)Илес тешна вара хIетахь иза цу муьргаша тойина хиларх. (34)Хийла бIаьрг тухура кIанта цу муьргийн диттах, ша аьхкенан заманчохь тогIи чу лийча а, чIерий леца а мел воьду. (35)Кхин цхьа а бахьана ца хилча, леррина цу дитте бIаьрг а тухуш,

дагна аьхначу Iаламе бIаьрг бетташ, лела а воьдура. (36)Шен денана дагайогIура, диттах бIаьрг ма-кхийттинехь. (37)ЧIогIа хьоме а хетара и дитт.

*(Нунуев С.-Хь.М.)*

6

***Текстан чулацаман анализ.***

«ХIун бахьана дара Илеса шен денанна харцдерг дийцаран?» бохучу хаттарна нийса **тIечIагIдаран хаам** жоьпийн муьлхачу вариантехь бу?

***1) Илес кхоьрура денанас ша човхорна.***
***2) Шен тидам цахилар нисдан гIертара Илес.***
***3) Дenанна халахетийта ца лаьара Илесана.***
***4) Илеса цкъа а бакъдерг ца дуьйцура.***

Жоп ______________________________________________

7

***Меттан суртхIотторан гIирсан анализ.***

Меттан суртх1отторан г1ирс – **фразеологизм** шеца йолу предложени билгалйаккха.

***1) Иза дара пхи-йалх шо хьалха.***
***2) Хийла бIаьрг тухура кIанта цу муьргийн диттах, ша аьхкенан заманчохь тогIи чу лийча а, чIерий леца а мел воьду.***
***3) Даккъашкарчу хьаннийн гIа дерриге а охьадоьжнера.***
***4) Халла бен йист а ца хилалора.***

Жоп ______________________________________________

8

***Лексически анализ.***

11-чу предложенера **«гуттар»** бохучу дашна **синоним** йалайе. Д1айазйе иза.

Жоп ______________________________________________

**3 дакъа**

***2-чу декъера йешначу текстах пайда а оьцуш, къаьстинчу кехата тIехь 9.1, 9.2 йа 9.3 тIедахкарех кхочушде ЦХЬАЪ. Оцу тIедилларна, йалийнчу клишех пайда а оьцуш, дуьззина йозанан жоп ло. Сочинени йазйан йолайале, дIайазйе хьаржинчу тIедилларан лоьмар: 9.1, 9.2 йа 9.3.***

9.1

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, сочинени-ойлайар йазйе, Толстойн Л.Н. **«Нохчийн мотт уггар хазачу а, хьалдолчу а меттанех цхьаъ бу, нагахь кхоччуш дика иза хууш хьо велахь»** бохучу дешнийн маьIна а достуш.

Хьайн жоп тIеч1агIдеш, йешначу текста тIера **ши** масал даладе.

Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.

Лингвистически материал тIехь тема схьайоьллуш, Iилманан йа публицистически стилехь болх йазбан таро йу хьан.

Сочинени дIайоло мегар ду Толстойн Л.Н. дешнашца.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Йешначу текстана (йалийнчу текстана) тIе а ца тевжаш йазбинчу белхан мах хадош бац. Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Йаздархочун дешнашца реза ца хила хала ду ...

3. Текстан ... предложенехь ...
4. Вайна ма-гарра, ...

**<u>Магадо:</u>** йалийна клишеш хийца.

9.2

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе сочинени-ойлайар. Дийца, муха кхета хьо хIокху предложенин маьIнех: **«Кхин цхьа а бахьана ца хилча, леррина цу дитте бIаьрг а тухуш, дагна аьхначу Iаламе бIаьрг бетташ, лела а воьдура».** Сочиненехь айхьа йешначу текстера хьайн ойлайар нийса хилар гойтуш долу **ши** тIечIагIдар (аргумент) даладе.

Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Текстера йеллачу кийсакан маьIна ду ...
2. Аьлларг тIечIагIдархьама, хьовсур вай предложенешка ...

3. Ткъа шолг1а ойла т1еч1аг1йеш, хьовсур вай йуха а тексте.
4. Дерзорехь билгалдоккху ...

__**Магадо:**__ йалийна клишеш хийца.

9.3

Муха кхета хьо **БЕЗАМ** бохучу дешан маьIнех? Кепе а далош, комментари йе айхьа цунах билгалдаькххинчунна.
Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе **«Баккхийчаьрга безам»** темина сочинени-ойлайар айхьа билгалдаькххинчун буха тIехь. **Безамах** лаьцна айхьа билгалдаькххинарг тIечIагIдеш, **ши** масал-тIе-чIагIдар даладе: **цхьа** масал-тIечIагIдар даладе йешначу текстера, **шолгIаниг** – хьайн дахарехь зеделлачух.
Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.
Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.
Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Безам – иза ... Суна хетарехь, ...
2. ХIокху текстан авторан Iалашо йара ...
3. И тезис тIечIагIйеш, сайн дахарехь зеделлачух масал далор ду ...
4. Ойла йинчул тIаьхьа вайна билгалдолу ...

__**Магадо:**__ йалийна клишеш хийца.

## 9 ВАРИАНТ

### 1 дакъа

***Тексте ла а догӀий, къаьстинчу кехата тӀехь 1-ра тӀедиллар кхочушде. Цкъа хьалха тӀедилларан лоьмар дӀайазйе, цул тӀаьхьа – йозанан болх.***

1

Тексте ла а догӀий, жима йозанан болх кхочушбе.

Хаалахь, хьо декхарийлахь ву, хӀора хаттарна дуьззина (1-2 предложениица) жоп дала.

Йозанан белхан барам 50 дашал кӀезиг хила ца беза.

Нагахь ладоьгӀначу текстан буха тӀехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбина йозанан болх ма-йарра схьайазйина ладоьгӀна текст йелахь, оцу белхан **ноль баллаца** мах хадабо.

Жоьпаш терахьашца билгалдаха.

Хаттарш къаьстинчу кехата тӀе схьайаздан ца оьшу.

Йозанан болх кхочушбе цӀена а, йоза къаьсташ а.

**Хаттарш:**

1. Халкъан уггаре доккха хьал хӀун ду?
2. Нохчийн къам шена тӀехӀиттинчу халонех чекхдалар стенах доьзна дара?
3. Хьалха заманахь берана дуьненах, Ӏаламах, динах, оьздангаллех болу кхетам хьан луш хилла?
4. Вайнехан доьзалехь бераш кхетош-кхиош мила хилла?
5. ХӀун лаьттина иштта доьзалшкахь, цара хӀун лардина?

### 2 дакъа

***2-8 тӀедахкарийн жоьпаш хуьлу белхан текстехь жоьпана билгалйинчу меттехь дӀайаздан дезаш долу терахь, терахьийн хьалха-тӀаьхьалла йа дош (дешнийн цхьаьнакхетар).***

2

***Синтаксически анализ.***

ДӀайеша текст.

(1)Делкъал тIаьххьалц чIерий лоьцуш а Iийна, цIехьа волавеллера и шиъ. (2)Хьуьнхахь дитташ тIерачу гIашна йуккъехула, цхьа тамашена хаза лепара маьлхан зIенарш. (3)Тайп-тайпанчу олхазарийн самукъанечу эшарша йекайора хьун. (4)ХIара шиъ цхьана кулла йуххе кхаьчна схьавогIуш, цу йукъара, кху шиннан некъ а хадош, дIаиккхира цхьа хIума.

Нийса **грамматически бух** къастийначу жоьпан вариант билгалйаккха. ДІайазйе цуьнан лоьмар.

1) чІерий лоьцуш а Іийна (1-ра предложени)
2) хаза лепара зІенарш (2-гІа предложени)
3) эшарша йекайора (3-гІа предложени)
4) дІаиккхира хІума (4-гІа предложени)

Жоп ______________________________________________

3

***Пунктуационни анализ.***

**Оьшу сацаран хьаьркаш хІиттаде.** Айхьа хІиттийнчу цІоьмалгийн терахьаш схьайазде.

Муьлххачу а къоман (1) литературин санна (2) нохчийн къоман (3) литературин бух дІаболало халкъан барта кхоллараллина тІера. Вайн литературина а (4) тІеІаткъам бина цо Іаламат дикачу агІор (5) хІунда аьлча литература синхаамийн уггаре экамечу (6) хазачу (7) ойланийн кхайкхамхо йу.

Жоп ______________________________________________

4

***Синтаксически анализ.***

Предложенера **къастам** схьайазбе.

**Цхьана сарахь царна йукъара схьа а ваьлла, некъа йистехь садаІа охьахиъна цхьа воккха стаг.**

Жоп ______________________________________________

5

***Орфографически анализ.***

Билгалдаьккхина дош йаздаран нийса тІечІагІдар далийнчу жоьпан вариант билгалйаккха. Оцу жоьпан лоьмар дІайазйе.

1) **СИЙНА** – деха мукъа аьзнаш «И», «УЬ» билгалдеш, царна тІехьа элп «Й» йаздо.
2) **ТІКЪА** – дашехь мукъаза шалха ши элп йух-йуххехь нислахь, и ши элп дуьззина дІайаздо.
3) **ХЬАЬК-ХНА** – дош сехьадоккхуш, шалха элпаш декъа мега.

4) **ГIАТТАЛА-Ц** – дацаран дакъалг «Ц» хандешан чаккхенгахь дефисца йаздо.

Жоп ___________________________________________________________

***Текст дIа а йеший, 6-9 тIедахкарш кхочушде.***

(1)Цхьана дийнахь ши йиша вовшашца къамеле йелира. (2)Жимахйолчу йишас шен йише хьаьттира:

– (3)Лууш дерг хIуъа а хуьлуш хилча, ахь хIун доьхур дара?

(4)Цуьнан йишас цуьнга элира:

– (5)Ас дикалла а, хьекъал а доьхур дара, цуьнца цхьаьна тешаме а, догцIена а, къинхетаме а, хьекъале а доьзал а, доьзалан да а, тешаме а, къинхетаме а цIийнда а воьхур вара.

(6)Жимачу йишас йоккхачуьнга элира:

– (7)Со реза йац ахь бохучунна. (8)Ас бахам а, хазалла а, хьал а доьхур дара. (9) Цуьнца цхьаьна хьалдолу, вехаш волу цIийнда а воьхур вара.

(10)Йоккхачу йишас тIаккха элира:

– (11)Хьо бакъ йац, хIунда аьлча хьоло стаг атта Iехаво, шозлагIа-делахь, иза, куьйга тIе лоцу мода санна, хIума ду, цкъа хуьлуш, тIаккха ца хуьлуш, кхозлагIа-делахь, хьоло стаг сонтаваккха а, коча Iамо а тарло. (12)Нохчийн кица ду, мискалла лан-м хала дацара, хьал лан ду-кх хала бохуш. (13)Хьуна лаахь, нанас хIун олу а хьожур йу вайша… (14)Сайна хетарг ас хьоьга аьлла, ненах дагайала а мегар ду вайшиъ.

(15)И шиъ шайн нана йолчу чуйахара, цуьнга иза хатта дагахь. (16)Нене ма-дарра, шаьшшимма ма-дийццара, дIадийцира цу шимма. (17)ТIаккха нанас элира шен шина йоIе:

– (18)Сан ши йоI, ас, дагахь ма-дду, цIена бакъдерг эр ду шуьга. (19)Шуьшиннах йоккханиг нийса лоь, ткъа жимахйерг нийса ца кхета цунах, цундела, сан жима йоI, хьо гIалат йу, хIунда аьлча хьолах а, хазаллех а дан хIума дац, къинхетаме а, тешаме а, цIена дог долуш а стаг вацахь.

(20)Цул тIаьхьа масех шо а делира, ши йиша маре а йахара, цхьаъ цхьана йуьрта, важа кхечу эвла.(21) Йоккханиг къен а, хьекъал долуш а, къинхетаме а, тешаме а волчу стаге йаханера, жимахйерг хьалдолчу, оьгIазечу, курачу стаге нисйеллера.

(22)Жимахйолу йиша, хьалдолчу доьзалехь хиллехь а, сиха къанйала йуьйлира, ткъа йоккхахйерг чIогIа къинхетаме а, оьзда а, хьекъал долуш а, тешаме а волчу цIийндас, цхьа а хало ца гойтуш, къа а хеташ, терго йеш дика лелорна, къан ца луш, жима лаьтташ йара.

(23)ДIайоьдуш зама а йара. (24)Кхин а масийтта шо делира. (25)Цхьана дийнахь нана йолчу йеанера йоккхахйолу йоI. (26)Иза къона лаьтташ а, хаза а йара. (27)Наний, йоIIий вовшех йоккхайийна а ца йолуш, вовшийн гина хаза а хеташ, вовшашца къамеле йаьлла Iаш, царна корехула гира уьйтIа йогIу зуда. (28)Иза йоккха а, тишйелла а, гIийла а хетара. (29)Нанна моьттира иза сагIа доьхуш лела

йоккха стаг йу. (30)Цундела цо йоIе элира:

– (31)Арайалий хьажахьа, йоI, цу мискачу зудчунна сагIина хIума кховдайехьа, – аьлла.

(32)ЙоI ара а йелира, иза чIогIа цец а йелира, шен йиша шена йевзича. (33)Цуьнан йиша чIогIа аз а йеллера, эрча а йаьллера, йоккха а хиллера. (34)Цуьнга хьаьжча, йишин бIаьргех хи делира. (35)Йоьлхуш цунна мара а иккхина, чуйигира йишас шен йиша. (36)Шен гIийла йоI йевзина, цунах дог лозуш, нана а йилхира. (37)Эххар а ненас шен эрчайаьлла, къанйала йоьллачу жимахйолчу йоIе элира:

– (38)Сан гIийла, декъаза йоI, дагадогIий хьуна ашшимма соьга, вовшашца къовса а къевсина, цхьа хIума хаьттина. (39)Хьол йоккхахйолчу хьан йишас хьоьга хIетахь аьлларг нийса а, хьекъале а дара. (40)Хьо нийса а, дика а ца кхетара цунах. (41)Стеган цIена а, тешаме а, къинхетаме а дог дацахь, цуьнан бахамах а, йа хьолах а, йа цуьнан хазаллех а дан хIума дац. (42)Стеган дог хаза дацахь, цуьнан дегIан хазаллех а дан хIума дац. (43)Цуьнан дог а, дегI а хаза делахь, тIаккха и хазалла оьзда а, дика а бакъ хазалла йу. (44)Дуьненахь уггаре а тоьлла хазалла – иза деган хазалла йу, адамалла долуш, къинхетаме дог долуш хиларан а, адамийн оьздангаллин а, гIиллакхан а хазалла йу. (45)Хаа деза хазалла гуттаренна а цахилар, иза сарралц бен йоций, цIена дог, тешаме доттагIалла, лаьтта тIехь адамалла долуш хилар, адаме болу безам – иза гуттаренна а хилар, иза доза доцуш хилар.

*(Халкъан барта кхолларалла)*

6

***Текстан чулацаман анализ.***

«Жимахйолу йиша дакъазйаларан хIун бахьана дара?» бохучу хаттарна нийса **тIечIагIдаран хаам** жоьпийн муьлхачу вариантехь бу?

***1) Шен бахам ца тоьара жимахйолчунна.***

***2) Шен къоналлех Iехайеллера жимахйерг.***

***3) Жимахйерг хьалдолчу, амма оьгIазечу, курачу стаге нисйеллера.***

***4) Жимахйерг сагIа доьхуш леллера.***

Жоп ____________________________________________________________

7

***Меттан суртхIотторан гIирсан анализ.***

Меттан суртхIотторан гIирс – **дустар** шеца долу предложени билгалйаккха.

***1) Ас бахам а, хазалла а, хьал а доьхур дара.***

***2) Хьо бакъ йац, хIунда аьлча хьоло стаг атта Iехаво, шозлагIа-делахь, иза куьйга тIе лоцу мода санна хIума ду, цкъа хуьлуш, тIаккха ца хуьлуш.***

*3) Хьуна лаахь, нанас хIун олу а хьожур йу вайша.*

*4) Нохчийн кица ду, мискалла лан-м хала дацара, хьал лан ду-кх хала бохуш.*

Жоп ______________________________________________

8

***Лексически анализ.***

26-чу предложенера **«къона»** бохучу дашна **антоним** йалайе. ДIайазйе иза.

Жоп ______________________________________________

**3 дакъа**

***2-чу декъера йешначу текстах пайда а оьцуш, къаьстинчу кехата тIехь 9.1, 9.2 йа 9.3 тIедахкарех кхочушде ЦХЬАЪ. Оцу тIедилларна, йалийнчу клишех пайда а оьцуш, дуьззина йозанан жоп ло. Сочинени йазйан йолайале, дIайазйе хаьржинчу тIедилларан лоьмар: 9.1, 9.2 йа 9.3.***

9.1

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, сочинени-ойлайар йазйе, Толстойн Л.Н. **«Нохчийн мотт уггар хазачу а, хьалдолчу а меттанех цхьаъ бу, нагахь кхоччуш дика иза хууш хьо велахь»** бохучу дешнийн маьIна а достуш.

Хьайн жоп тIечIагIдеш, йешначу текста тIера **ши** масал даладе.

Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированиж пайдаэца.

Лингвистически материал тIехь тема схьайоьллуш, Iилманан йа публицистически стилехь болх йазбан таро йу хьан.

Сочинени дIайоло мегар ду Толстойн Л.Н. дешнашца.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Йешначу текстана (йалийнчу текстана) тIе а ца тевжаш йазбинчу белхан мах хадош бац. Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьа-йазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Цу тIехь авторца реза ца хила йиш йац …
2. ХIара тезис тIечIагIйеш, айса йешначу текстера … предложенера масал далор ду.

3. Автора шен текстан … предложенехь меттан гIирсах … пайдаоьцу.
4. Вайн тIечIагIдан йиш йу …

**Магадо:** йалийна клишеш хийца.

9.2

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе сочинени-ойлайар. Дийца, муха кхета хьо хIокху предложенин маьIнех: **«Стеган цIена а, тешаме а, къинхетаме а дог дацахь, цуьнан бахамах а, йа хьолах а, йа цуьнан хазаллех а дан хIума дац».**
Сочиненехь айхьа йешначу текстера хьайн ойлайар нийса хилар гойтуш долу **ши** тIечIагIдар (аргумент) даладе.
Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.
Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.
Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.
Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Суна хетарехь, автор йешархошка тидам байта гIерта …
2. Сайн жамIаш тIечIагIдеш, … предложенера (-шкара) масал далор ду ас.
3. … предложенино (-еша) тIечIагIйо ойла …
4. Дерзорехь билгалдоккху …

**<u>Магадо:</u>** йалийна клишеш хийца.

9.3

Муха кхета хьо **ДЕГАН ХАЗАЛЛА** бохучу дешнийн цхьаьнакхетаран маьIнех? Кепе а далош, комментари йе айхьа цунах билгалдаьккхинчунна. Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе **«Адаман деган хазалла»** темина сочинени-ойлайар айхьа билгалдаьккхинчун буха тIехь. **Деган хазаллех** лаьцна айхьа билгалдаьккхинарг тIечIагIдеш, **ши** масал- тIечIагIдар даладе: **цхьа** масал-тIечIагIдар даладе йешначу текстера, **шолгIаниг** – хьайн дахарехь зеделлачух.
Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.
Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.
Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Деган хазалла – иза … ХIокху дешнийн маьIнех со иштта кхета …
2. Текстан автора вайга ойла йойту …
3. Балийнчу кхетамах лаьцна сайна хетарг олуш, билгалдаккха лаьа …
4. Айса йинчу ойланийн жамI деш, ала лаьа …

**<u>Магадо:</u>** йалийна клишеш хийца.

## 10 ВАРИАНТ

### 1 дакъа

***Тексте ла а догӀий, къаьстинчу кехата тӀехь 1-ра тӀедиллар кхочушде. Цкъа хьалха тӀедилларан лоьмар дӀайазйе, цул тӀаьхьа – йозанан болх.***

1

Тексте ла а догӀий, жима йозанан болх кхочушбе.
Хаалахь, хьо декхарийлахь ву, хӀора хаттарна дуьззина (1-2 предложеница) жоп дала.
Йозанан белхан барам 50 дашал кӀезиг хила ца беза.
Нагахь ладоьгӀначу текстан буха тӀехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбина йозанан болх ма-йарра схьайазйина ладоьгӀна текст йелахь, оцу белхан **ноль баллаца** мах хадабо.
Жоьпаш терахьашца билгалдаха.
Хаттарш къаьстинчу кехата тӀе схьайаздан ца оьшу.
Йозанан болх кхочушбе цӀена а, йоза къаьсташ а.

**Хаттарш:**

1. Исс шо кхаьчна Ӏела муха ойла йолуш вара?
2. Муха йара цуьнан берашца йолу уьйр-марзо а, балхаца шовкъ а?
3. Хьенан пурба доцуш цхьана а метте ца воьдура кӀант?
4. Стенна тӀехь гӀо дора нанна цо?
5. ХӀун говзалла карайерзийнера Ӏелас?

### 2 дакъа

***2-8 тӀедахкарийн жоьпаш хуьлу белхан текстехь жоьпана билгалйинчу меттехь дӀайаздан дезаш долу терахь, терахьийн хьалха-тӀаьхьалла йа дош (дешнийн цхьаьнакхетар).***

2

***Синтаксически анализ.***
ДӀайеша текст.

(1)Урокаш дIайуьйлайалар хоуьйтуш, горгали бийкира. (2)Массо а бер шайн-шайн классаш чу дахара. (3)ХIетталц йолчу ханна дешар тIехь кхиамаш бохуш схьавогIуш, самукъадолуш волу Iийса тахана-м урокана генахь вара. (4)Цуьнан йерриге ойла дIалаьцнера нанас, кхоьрура цунна цхьа хIума хиларна.

Нийса **грамматически бух** къастийнчу жоьпан вариант билгалйаккха. ДІайазйе цуьнан лоьмар.

1) урокаш дІайуьйлайалар (1-ра предложени)
2) классаш чу дахара (2-гІа предложени)
3) Іийса генахь вара. (3-гІа предложени)
4) йерриге дІалаьцнера (4-гІа предложени)

Жоп ____________________________________________

3

***Пунктуационни анализ.***

**Оьшу сацаран хьаьркаш хІиттаде.** Айхьа хІиттийнчу цІоьмалгийн терахьаш схьайазде.

Йоккхачу стеган (1) Іодика а йина (2) араделира Лоьмий (3) Тамарий. Самукъане бІаьргаш а теІош (4) хьоьжура цу шинга (5) стиглара седарчий. Гонаха дерриге а (6) тийна дара. Наггахь (7) цхьанхьа (8) дог ца догІуш санна (9) жІаьла летара. Йуха а дІатоьра.

Жоп ____________________________________________

4

***Синтаксически анализ.***

Предложенера **къастам** схьайазбе.

**Иза дуьнен чу а веанера сирлачу Іалашонца – махкана, халкъана хьанала ваца.**

Жоп ____________________________________________

5

***Орфографически анализ.***

Билгалдаьккхина дош йаздаран нийса тІечІагІдар далийнчу жоьпан вариант билгалйаккха. Оцу жоьпан лоьмар дІайазйе.

1) **ЙАЗДИНАКХ** – чІагІдаран дакъалг «КХ» дешнашца цхьаьна йаздо.
2) **КІАЙНКЪОРЗА** – мухаллин билгалдешнийн лардех лаьтташ долу чолхе билгалдешнаш цхьаьна йаздо.
3) **ЦА ХЕЗНА ДОШ** – «ЦА» дакъалг лаамазчу причастица къаьстина йаздо.

4) **РОГIГIАНА** – дашехь мукъаза шалха ши элп йух-йуххехь нислахь, и ши элп дуьззина дIайаздо.

Жоп ______________________________________________

**2 дакъа**

***Текст дIа а йеший, 6-9 тIедахкарш кхочушде.***

(1)Автобус дIасацийча, боккха аьтто баьлла хьийзара долахь машенаш йерш. (2)ХIора дийнахь санна, тIетухура цара мах.

(3)Цхьана шийлачу дийнахь суьйренца цIа ван дагахь ваьлла со а ву, со санна, дуккха а нах бу. (4)Эццахь йеана схьаикккхин, хьуна, цхьа къона зуда. (5)ТIедуьйхина, шелонга хьаьжча, ледаро барзакъ а ду кхуьнан.

– (6)Шуьйта воьдуш цхьа а вац шух? – хаьттира цо долахь машенаш йолчаьрга.

– (7)Ву со-м, хIун бохура ахь? – вистхилира царех цхьаъ, хенаро стаг, дукха варстарна даьтта тIе а даьлла йолчу шен йуьхьах куьг а хьоккхуш.

– (8)Деллахь, ма цIа кхача йезаш йара со.

– (9)Йуьгур йу-кх, ахча лахь.

– (10)Мел дала деза?

– (11)Мел ца мел хаац суна, тхан мах цхьанна тIера пхи сом бу. (12)Хьайца кхин кхо накъост а лахий, схьайола.

– (13)Пхи сом? (14) Соьгахь-м кхо сом бен дан а дац. (15)ЦIерачарна а ца хоуьйтуш, тахана больницера арайаьлла со, – гIийло эли зудчо.

– (16)Пхи сом дац?.. (17)Пхи сом доцуш, хьо хIунда йаьлла Шуьйта йаха, дуй? (18)Пхи сом дацахь, хьайн больнице дIа а йахана, дIайижча гIоли ду хьуна, дуй, тIехьаьжча а, йу хьо беса, вахь-хьа-хьа, – велавелла, ша аьллачух чIогIа там хилла, ирх хьийзина мекхаш кхин тIе а хьовзийра вукхо. (19)Деллахь, къонах, хьо Шуьйта хьалакхаьчча, аса итт туьма а лур дара хьуна. (20)ЦIахь кегий бераш дара сан, царна сагатделла йоьдура со.

– (21)Э, дIайала, цунах гIуллакх хир дац, – машенан багажник хьала а йиллина, цу чу корта а боьллина, цхьаъ леха хIоьттира важа.

– (22)Бераш, дуй, хилар дика ду. (23)Сан а ду бераш. (24)Берашна, дуй, са ма гатде ахь, майра вац хьан цIахь, цо Iалашдийр ду хьуна.

(25)Уллорчу нахах цхьаберш шайна ца хезачуха лаьттара; вуьйш, кху зудчух къахеташ, делахь а вукхуьнга хIума ала ца хIуттуш, лаьттара. (26)Дуьххьара дуьйна и зуда тергалйеш лаьтташ со а вара, иштта, оцу шопарна тIера бIаьрг дIа ца боккхуш, лаьттара Сайд-Хьамидан кIант Леча. (27)Цуьнан кхохкийнчу йуьхье хьаьжча, хьаьра иза чIогIа оьгIазвахана хилар.

(28)ТIаьххьара а – кхин сатохаделла хир дацара цуьнга – тIе а вахана, багажник чу охьатаьIна волу шопар хьала а таIийна:

– (29)Кху машенан мах хIун бу хьан? – хаьттира цо.

(30)Ши туьма доккху-кх веанна тІера, дуй, – мекхех куьг хьаькхира шопаро.

– (31)Делахь, хІара ши туьма ду хьуна, и зуда цІа кхетайехьа, – киса-на куьг а дахийтина, шина туьманан цІен ши кехат кховдийра Лечас. (32)Лечас шега оццул эвхьаза аларна, лан ца делла:

– (33)Ца кхетайо ас, – элира цо.

– (34)ХІунда ца кхетайо ахь?

– (35)Иштта, аса ца кхетийча, хІун дан воллура хьо? – шен ишта а тІедаьлла ге кхин тІе а даьккхина, вусавелла, боргІал санна, дІахІоьттира важа.

– (36)Хьуна дан хІума а дац, амма, ахьа дуу хІара дуьне ца дууш, сагІа де-хар гІоли ду хьуна, ге хиларх ца хуьлу къонах.

– (37)Деллахь, къонах, соьга хьалайигийтахьа и зуда, аса йуьгур йу иза Шуьйта, – элира цхьаммо.

– (38)Аса кхетор йу иза Шуьйта дІа, – элира кхин цхьамма а.

– (39)Деллахь, кхетор йац, хІара ши туьма дІа а ца оьцуш-м.

– (40) ХІан-хІа, ца оьшу, – дуьхьалвелира шопар.

– (41)Аса дуй биъний, дІаэцал.

– (42)ВаллахІ, ца оьцу-кх, дІавала. (43)ХІара-м доккха хІума дацара, схьайало, зуда, чухаа, кхин а даккхий хІуманаш делара аса дан дезаш…

– (44)Деллахь, кІант, суна эхь хетийти ахь. (45)Дела реза хуьлда хьуна, баркалла. (46) Хьо мичхьара ву а, хьайн цІе хІун йу а, схьадийцахьа суна, – элира зудчо Лечига.

– (47)Сан цІарах дан хІума дац ахь. (48)Хьан некъ дика хуьлда, – аьлла, иза хьала а хьажийна, дІавахара хьуна и кІант.

(49)Долчуьнгахь ду хьуна гІиллакх а, хьекъал а, эхь-ийман а, доцчуьнгахь – дац…

*(Ахмадов М.М.)*

6

***Текстан чулацаман анализ.***

«КхоалгІа волчу шопаро зуда Шуьйта дІакхеторан хІун бахьана дара?» бохучу хаттарна нийса **тІечІагІдаран хаам** жоьпийн муьлхачу вариантехь бу?

***1) Шопаро шена ахча даларе сатуьйсура.***
***2) И зуда йевзаш йара шопарна.***
***3) Шех тамаша байта гІертара шопар.***
***4) Шопаран оьздангалла йара иза.***

Жоп ____________________________________________

7

***Меттан суртхIотторан гIирсан анализ.***

Меттан суртхIотторан гIирс – **дустар** шеца долу предложени билгалйаккха.

***1) Эццахь йеана схьаиккхин, хьуна, цхьа къона зуда.***

***2) – Иштта, аса ца кхетийча, хIун дан воллура хьо? – шен ишта а тIедаьлла ге кхин тIе а даьккхина, вусавелла, боргIал санна, дIахIоьттира важа.***

***3) ЦIахь кегий бераш дара сан, царна сагатделла йоьдура со.***

***4) Хьо мичхьара ву а, хьайн цIе хIун йу а, схьадиййцахьа суна, – элира зудчо Лечига.***

Жоп ____________________________________________

8

***Лексически анализ.***

4-чу предложенера **«къона»** бохучу дашна **синоним** йалайе. ДIайазйе иза.

Жоп ____________________________________________

**3 дакъа**

***2-чу декъера йешначу текстах пайда а оьцуш, къаьстинчу кехата тIехь дIайазйе хаьржинчу тIедилларан лоьмар: 9.1, 9.2 йа 9.3.***

9.1

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, сочинени-ойлайар йазйе, Усларан П.К. **«Нохчийн мотт чIогIа къен хетар даржош берш цунах цхьана а кепара кхеташ боцу нах бу. Мелхо а, и мотт, шен гIоьнца адаман ойланан уггаре кIоргера агIонаш а йиййцалур йолуш, чIогIа хьалдолуш бу»** бохучу дешнийн маьIна а достуш.

Хьайн жоп тIечIагIдеш, йешначу текста тIера **ши** масал даладе.
Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.
Лингвистически материал тIехь тема схьайоьллуш, Iилманан йа публицистически стилехь болх йазбан таро йу хьан.
Сочинени дIайоло мегар ду Усларан П.К. дешнашца.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.
Йешначу текстана (йалийнчу текстана) тIе а ца тевжаш йазбинчу белхан мах хадош бац. Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Суна хетарехь, ... Тезис тIечIагIйеш, хьовсур вай ...
2. Автора меттан суртхIотторан гIирс гойтучу ... предложенин масалца тIечIагIдан йиш йу и ойла нийса хилар.
3. Ткъа ... предложенехь ...
4. Текстера масалшка хьаьжча, ...

**Магадо:** йалийна клишеш хийца.

9.2

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе сочинени-ойлайар. Дийца, муха кхета хьо хIокху предложенин маьIнех: **«Долчуьнгахь ду хьуна гIиллакх а, хьекъал а, эхь-йиман а, доцчуьнгахь – дац…».**
Сочиненехь айхьа йешначу текстера хьайн ойлайар нийса хилар гойтуш долу **ши** тIечIагIдар (аргумент) даладе.
Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированиш пайдаэца.
Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.
Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Текстан тIаьххьарчу могIанех со иштта кхета ...
2. Шен текстехь авторан (авторан цIе) Iалашо йу ...
3. ХIокху тезисан нийса хилар текстера ... предложеница (-ешца) тIечIагIдо вай.
4. Вайна ма-гарра, ...

**Магадо:** йалийна клишеш хийца.

9.3

Муха кхета хьо **ГIИЛЛАКХ** бохучу дешан маьIнех? Кепе а далош, комментари йе айхьа цунах билгалдаьккхинчунна.
Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе **«Муха хила веза гIиллакхе стаг?»**

темина сочинени-ойлайар айхьа билгалдаьккхинчун буха тӀехь. **ГӀиллакхах** лаьцна айхьа билгалдаьккхинарг тӀечӀагӀдеш, **ши** масал-тӀечӀагӀдар даладе:

**цхьа** масал-тIечIагIдар даладе й е ш начу текстера, **шолгIаниг** – хьайн дахарехь зеделлачух.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. ГIиллакх – иза ... Сан кхетамехь, ...
2. Текстан авторна хетарехь, ...
3. ХIокху кхетамах лаьцна сайна хетарг олуш, билгалдаккха лаьа ...
4. Лакхахь аьллачун тIера билгалдолу ...

**<u>Магадо:</u>** йалийна клишеш хийца.

## 11 ВАРИАНТ

### 1 дакъа

***Тексте ла а догIий, къаьстинчу кехата тIехь 1-ра тIедиллар кхочушде. Цкъа хьалха тIедилларан лоьмар дIайазйе, цул тIаьхьа – йозанан болх.***

1

Тексте ла а догIий, жима йозанан болх кхочушбе.

Хаалахь, хьо декхарийлахь ву, хIора хаттарна дуьззина (1-2 предложеница) жоп дала.

Йозанан белхан барам 50 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь ладоьгIначу текстан буха тIехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбина йозанан болх ма-йарра схьайазйина ладоьгIна текст йелахь, оцу белхан **ноль баллаца** мах хадабо.

Жоьпаш терахьашца билгалдаха.

Хаттарш къаьстинчу кехата тIе схьайаздан ца оьшу.

Йозанан болх кхочушбе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Хаттарш:**

1. Исс шо кхаьчна Iела муха ойла йолуш вара?
2. Муха йара цуьнан берашца йолу уьйр-марзо а, балхаца шовкъ а?
3. Хьенан пурба доцуш цхьана а метте ца воьдура кIант?
4. Стенна тIехь гIо дора нанна цо?
5. ХIун говзалла карайерзийнера Iелас?

### 2 дакъа

***2-8 тIедахкарийн жоьпаш хуьлу белхан текстехь жоьпана билгалйинчу меттехь дIайаздан дезаш долу терахь, терахьийн хьалха-тIаьхьалла йа дош (дешнийн цхьаьнакхетар).***

2

***Синтаксически анализ.***

ДIайеша текст.

(1)Малх схьакхетале хьала а гӀоттий, когаш Ӏуьйра йис йиллинчу бацахула дӀасалелара иза. (2)Ткъа тхан кертара буц лекха а, цхьа кӀеда а, хаза хьожа йогӀуш а йара. (3)Ӏуьйранна хӀума йиинчул тӀаьхьа тхан кертарчу бӀарийн дитташ йукъахь гаьнгали шина диттах дӀа а тосий, цу тӀе а вуьжий, книжка йоьшуш Ӏара воккха стаг. (4)Наггахь и йоьшуш Ӏаччохь наб а озайой, лаьтта охьайоьжна книжка а йолуш, Ӏуьллура иза.

Нийса **грамматически бух** къастийнчу жоьпан вариант билгалйаккха. ДӀайазйе цуьнан лоьмар.

1) малх схьакхетале (1-ра предложени)
2) буц лекха йара (2-гӀа предложени)
3) гаьнгали дӀа а тосий (3-гӀа предложени)
4) Ӏуьллура иза (4-гӀа предложени)

Жоп ___________________________________________

3

***Пунктуационни анализ.***

**Оьшу сацаран хьаьркаш хӀиттаде.** Айхьа хӀиттийнчу цӀоьмалгийн терахьаш схьайазде.

Вайх хӀоранна а тӀехь ду (1) вайн Даймохк безар (2) мостагӀех и ларбар. ХӀораммо а (3) чӀагӀо йан йеза (4) бехдийр дац хиш (5) локъуьйтур дац шовданаш (6) эрна хӀаллакйийр йац хьаннаш (7) аьлла. Шен даг чу дижийта деза (8) ша кхузахь ваха дезаш хилар а (9) шел тӀаьхьа богӀу болчарна и оьшур буйла а.

Жоп ___________________________________________

4

***Синтаксически анализ.***

Предложенера **тӀедерзар** схьайазде.

**Бовр буй-техьа цкъа а хьоьга болу безам, Даймохк, гур вуй-те сайл дукха хьо безаш верг.**

Жоп ___________________________________________

5

***Орфографически анализ.***

Билгалдаькккхина дош йаздаран нийса тӀечӀагӀдар далийнчу жоьпан вариант билгалйаккха. Оцу жоьпан лоьмар дӀайазйе.

1) **ЧОВХИЙНАКХ** – чӀагӀдаран дакъалг «КХ» дешнашца цхьаьна йаздо.
2) **КӀАЙН-КЪОРЗА** – мухаллин билгалдешнийн лардех лаьтташ долу чолхе билгалдешнаш дефисца йаздо.

3) **ЦАБИНА НЕКЪ** – «ЦА» дакъалг лаамазчу причастица цхьаьна йаздо.
4) **ДАЬКХКХИНА** – дашехь мукъаза шалха ши элп йух-йуххехь нислахь, и ши элп дуьззина дӀайаздо.

Жоп ____________________________________________________________

***Текст дӀа а йеший, 6-9 тӀедахкарш кхочушде.***

(1)Нохчийчохь уггаре а хазачу йартех йолчу Шелан кӀоштарчу Сиржа-Эвлахь ду Гайсуркаев Мохьмад вехаш долу цӀенош. (2)Хил дехьа а, сехьа а лаьтташ бу йуькъачу хьаннийн арц. (3)Цул дехьа кӀайчу мархийн обанаш оьхкина гуш ду Кавказан къоьжа лаьмнаш. (4)Цу хазачу меттигаша, тешамечу доттагӀалло дог-ойла хьоьстуш, Мохьмадан хӀусаме биссира беза хьеший. (5)Иза дара I965-чу шеран июль баттахь.

(6)«Тамашийна, веза, воккха хьаша веъна ГӀойсаркъин МохьмадгӀаьрга. (7)Цуьнан командир – доттагӀа!» – боккха кхаъ хилла дӀахезира лулахошна. (8)Йуьртахой а схьагулбелира. (9)И кхаъ кӀошта а, республике а дӀакхечира. (10)Дуккха а векалш баьхкира безачу хьешашка маршалла хатта а, уьш ган а, декъалбан а.

(11)Массарна а лаьара тӀамехь халонаш цхьаьна лайна, кхераман сахьташ цхьаьна текхна, вовшашна вошаллин гӀо дина ши доттагӀ оьрси Шумов а, нохчо Гайсуркаев а цхьаьнакхеттачу дезачу дийнахь дакъалаца а, и шиъ ган а, декъалван а, цаьршиннан хабаршка ладогӀа а.

(12)ТӀаьхь-тӀаьхьа адам схьагуллуш, Мохьмадан ков-керт йуьзира. (13)КӀоштара куьйгалхой а кхечира, республикера цхьацца йукъараллин векалш а баьхкира.

– (14)Вай Веданан парке хьаладаха деза, – элира Веданарчу райкоман хьалхарчу секретара.

(15)Дукха адам дара Веданан паркехь вовшахкхетта. (16)Ша лерина а, шен а, Мохьмадан а доттагӀалла лерина а и адам вовшахкхетта хазахеташ, воккхавера Шумов. (17)Оццул чӀогӀа ша сийдеш тӀеэцар, кхин хуьлийла доццуш, деган доккха совгӀат хилира цунна. (18)Мохьмадан доьзалехь хилла ца Ӏаш, иза вехачу йуьртахь, районехь, республикехь боккха кхаъ хилла, доттагӀаллин дезде хилира иза кхуза варах.

(19)Оцу дийнан дуьхьа санна, къеггина хаза кхеттера малх. (20)Цу хазачу дийно самадаьккхинера гонахара Ӏалам. (21)ТӀекхевдина герггахь лаьттара исбаьхьа лаьмнаш. (22)Церан лекхачу даккъех хьерчаш, йист йоцчу паналле дӀашершара кӀайн мархаш…

– (23)Муха хета хьуна, Александр Иванович, тхо долчу Кавказехь? – хоьттура хӀинца вовшахкхеттачу дезачу дийнан тхьамда ларалуш волчу, Веданан райкоман хьалхарчу секретара.

– (24)ЧӀогӀа хаза хета. (25)ХӀара схьагуш долу Ӏалам санна, шатайпа куц долуш хета суна кхузара адам а. (26)Иштта хӀокху схьагулделлачу адамийн йуьхь-сибат тергалдо ас. (27)И сан доттагӀ Мохьмад санна, догцӀена а, тешаме а, эшначохь

шайн кийрара са адаман гӀуллакхна дӀа а лур долуш, майра а, доьналла долуш а нах хета суна и сайна гуш берш а.

– (28)Бакъ ду иза, цу тӀе, болх чӀогӀа беш, хьуьнар долуш а ду и хьуна гуш долу адамаш.

– (29)Хьаша везаш тӀеэцар, хьаша ларар, иза къаьсттана дика ду шун къоман. (30)ХӀара тахана аш соьца лаьцна долу гӀиллакх цхьана а барамца дуста ницкъ ца кхочу сан.

–(31)«Хьаша беркат ду», – аьлла тхан дайша. (32)Иза бакъ дуйла хаьий хьуна? (33)Хьажал, хьо бахьана долуш, тахана вайн хилла ирс. (34)Ирс ма ду адамаш вовшийн довзар, дезар, вовшех марзо эцар.

(35)«ХӀорш ду-кх уьш, Лермонтовс дийцина адамаш. (36)ХӀетахьлерачийн тӀаьхьенаш, доьналлина, гӀуллакхна, оьздангаллина хӀумма а эшаза…» – ойла йора Шумовс.

*(Берсанов Х.-А.А.)*

6

***Текстан чулацаман анализ.***

«ХӀун бахьана дара оьрси Шумов Нохчийчу варан?» бохучу хаттарна нийса **тӀечӀагӀдаран хаам** жоьпийн муьлхачу вариантехь бу?

***1) Шумов цига балха ваийтинера.***

***2) Иза хьалха цигахь ваьхна вара.***

***3) Шен доттагӀ Мохьмад волчу веънера Шумов.***

***4) Нохчийчуьра лаьмнаш ган лиънера цунна.***

Жоп ____________________________________________________________

7

***Меттан суртхӀотторан гӀирсан анализ.***

Меттан суртхӀотторан гӀирс – **фразеологизм** шеца йолу предложени билгалйаккха.

***1) КӀоштара куьйгалхой а кхечира, республикера цхьацца йукъараллин векалш а баьхкира.***

***2) Цу хазачу меттигаша, тешамечу доттагӀалло дог-ойла хьоьстуш, Мохьмадан хӀусаме биссира беза хьеший.***

***3) Хил дехьа а, сехьа а лаьтташ бу йуькъачу хьаннийн арц.***

***4) Оцу дийнан дуьхьа санна, къеггина хаза кхеттера малх.***

Жоп ____________________________________________________________

8

***Лексически анализ.***

11-чу предложенера **«хабаршка»** бохучу дашна **синоним** йалайе. ДІайазйе иза.

Жоп ____________________________________________________________

**3 дакъа**

***2-чу декъера йешначу текстах пайда а оьцуш, къаьстинчу кехата тІехь 9.1, 9.2 йа 9.3 тІедахкарех кхочушде ЦХЬАЪ. Оцу тІедилларна, йалийнчу клишех пайда а оьцуш, дуьззина йозанан жоп ло. Сочинени йазйан йолайале, дІайазйе хаьржинчу тІедилларан лоьмар: 9.1, 9.2 йа 9.3.***

9.1

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, сочинени-ойлайар йазйе, Толстойн Л.Н. **«Нохчийн мотт уггар хазачу а, хьалдолчу а меттанех цхьаъ бу, нагахь кхоччуш дика иза хууш хьо велахь»** бохучу дешнийн маьІна а достуш.

Хьайн жоп тІечІагІдеш, йешначу текста тІера **ши** масал даладе.

Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.

Лингвистически материал тІехь тема схьайоьллуш, Іилманан йа публицистически стилехь болх йазбан таро йу хьан.

Сочинени дІайоло мегар ду Толстойн Л.Н. дешнашца.

Сочиненин барам 70 дашал кІезиг хила ца беза.

Йешначу текстана (йалийнчу текстана) тІе а ца тевжаш йазбинчу белхан мах хадош бац. Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цІена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Суна хетарехь ... Тезис тІечІагІйеш, хьовсур вай ...
2. Масала, текстера ... предложенехь ...
3. Текстан ... предложенехь кхин цхьаъ ...
4. Лакхахь далийнчу масалшка хьаьжча, ...

<u>**Магадо:**</u> йалийна клишеш хийца.

9.2

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе сочинени-ойлайар. Дийца, муха кхета хьо хIокху предложенин маьIнех: **«ХIара схьагуш долу Iалам санна, шатайпа куц долуш хета суна кхузара адам а».**
Сочиненехь айхьа йешначу текстера хьайн ойлайар нийса хилар гойтуш долу **ши** тIечIагIдар (аргумент) даладе.
Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитирова-них пайдаэца.
Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.
Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьан-цара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.
Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**
1. Суна хетарехь, автор (авторан цIе) йешархошка тидам байта гIерта ...

3. ... предложенино (-еша) тIечIагIйо шолгIа ойла ...
4. Цу тайпана, баккъала а ойла нийса йу ...

**<u>Магадо:</u>** йалийна клишеш хийца.

9.3

Муха кхета хьо **ЛАРАМ** бохучу дешан маьIнех? Кепе а далош, комментари йе айхьа цунах билгалдаьккхинчунна.
Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе **«Вайнаха хьаша ларар»** темина сочинени-ойлайар айхьа билгалдаьккхинчун буха тIехь.
**Хьаша ларарх** лаьцна айхьа билгалдаьккхинарг тIечIагIдеш, **ши** масал-тIечIагIдар даладе: **цхьа** масал-тIечIагIдар даладе йешначу текстера, **шолгIаниг** – хьайн дахарехь зеделлачух.
Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.
Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьан-цара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.
Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**
1. Ларам – иза ... Сан кхетамехь, ...
2. Текстан авторна хетарехь, ...
3. ХIокху кхетамах лаьцна сайна хетарг олуш, билгалдаккха лаьа ...
4. Лакхахь аьллачун тIера билгалдолу ...

**<u>Магадо:</u>** йалийна клишеш хийца.

## 12 ВАРИАНТ

### 1 дакъа

***Тексте ла а догIий, къаьстинчу кехата тIехь 1-ра тIедиллар кхочушде. Цкъа хьалха тIедилларан лоьмар дIайазйе, цул тIаьхьа – йозанан болх.***

1

Тексте ла а догIий, жима йозанан болх кхочушбе.

Хаалахь, хьо декхарийлахь ву, хIора хаттарна дуьззина (1-2 предложени-ца) жоп дала.

Йозанан белхан барам 50 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь ладоьгIначу текстан буха тIехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбина йозанан болх ма-йарра схьайазйина ладоьгIна текст йелахь, оцу белхан **ноль баллаца** мах хадабо.

Жоьпаш терахьашца билгалдаха.

Хаттарш къаьстинчу кехата тIе схьайаздан ца оьшу.

Йозанан болх кхочушбе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Хаттарш:**

1. Исс шо кхаьчна Iела муха ойла йолуш вара?
2. Муха йара цуьнан берашца йолу уьйр-марзо а, балхаца шовкъ а?

4. Стенна тIехь гIо дора нанна цо?
5. ХIун говзалла карайерзийнера Iелас?

### 2 дакъа

***2-8 тIедахкарийн жоьпаш хьулу белхан текстехь жоьпана билгалйинчу***

***дош (дешнийн цхьаьнакхетар).***

2

***Синтаксически анализ.***

ДIайеша текст.

(1)ХIинца дика гуш йолу нохчий чохь Iаш болу гIишло тишделла говрийн божал хиллера. (2)Малхо човхийна мажйеллачу баца тIера, кегий нуьйдарчий санна, горга хIуманаш йууш дара дукхахдолу бераш. (3)Вокхастаг чу а вахийтина, буц йуучу берашка хьажаро сацийна лаьттара хIара. (4)Оцу берийн хIора меттахъхьарца шега лаза ма-ллу хIара лазош, дагах меллаша чекхбуьйлура цхьа аьрта, дегабааме синхаам.

Нийса **грамматически бух** къастийнчу жоьпан вариант билгалйаккха. ДӀайазйе цуьнан лоьмар.

1) тищделла божал (1-ра предложени)
2) йууш дара бераш (2-гӀа предложени)
3) воккхастаг чу а вахийтина (3-гӀа предложени)
4) дагах чекхбуьйлура (4-гӀа предложени)

Жоп ___________________________________________________________

3

***Пунктуационни анализ.***

**Оьшу сацаран хьаьркаш хӀиттаде.** Айхьа хӀиттийнчу цӀоьмалгийн терахьаш схьайазде.

Цхьаболчу йаздархоша (1) Ӏаламан суьрташ кхолларца дуьйцу адаман а (2) Ӏаламан а (3) вовшех йозайеллачу уьйрех а (4) оцу Ӏаламо цунна бечу тӀеӀаткъамах а (5) лаьцна. Хьомечу лаьттан исбаьхьалла (6) хазалла шега эцарца пейзажо йаздархочун патриотически дог-ойла а(7) гойту.

Жоп ___________________________________________________________

4

***Синтаксически анализ.***

Предложенера **йукъадало дош** схьайазде.

**Йахь – иза гуттар а дикачу гӀуллакхаш тӀехь амалшкахь, шена гонахарчу нахал оьшуш ца хила гӀерташ, мелхо а, царал тола гӀерташ хилар ду.**

Жоп ___________________________________________________________

5

***Орфографически анализ.***

Билгалдаьккхина дош йаздаран нийса тӀечӀагӀдар далийнчу жоьпан вариант билгалйаккха. Оцу жоьпан лоьмар дӀайазйе.

1) **ХАЗЧУ** – шина дешдекъах лаьттачу лаамазчу мухаллин билгалдешнийн чаккхенгара «А» лач дожаршкахь ца йаздо.

2) **ЦХЬА-БОССА** – ЦХЬА боху дош тӀекхетарца кхолладелла чолхе куцдешнаш дефисца йаздо.

3) **ШИ ЭЗАР** – хIоттаман терахьдешнаш къаьстина йаздо.

4) **ГIА-НТ** – дош сехьадоккхуш, цхьана дешдекъах лаьтта дош декъа мегар ду.

Жоп ______________________________________________________________

***Текст дIа а йеший, 6-9 тIедахкарш кхочушде.***

(1)Iуьйранна, сиха хьаьвзина, бевза-безачийн Iодика а йина, Дауд хIинца нара тIехь ойлане Iачу Тавсолтина хьалха хIоьттира.

– (2)КIант! – элира Тавсолтас, – вай йуха гой а ца хаьа... (3)Дела воцчунна! (4)Ас сайн весеташ цундела хьалххехь дIахоуьйту хьоьга. (5)Адамна дуьненчохь массо хIуманал а дукхадезарг шен са ду, шен сил а дезарг бер ду!

(6)Амма берел а хьоме бу Даймохк. (7)Хьо лахь а, висахь а, вайн Даймахкана хьанал чекхвалар – сан уггаре хьалхара весет ду хьоьга! (8)Иванций, Керимций йохье валий, дика кхочушделахь командиро тIедиллинарг! (9)Ца оьшучохь хьайн корта Iожална кIел ма лецалахь, амма толамна оьшучохь – и кхоо а ма гIорталахь! (10)ТIаьхьенан ойла тIех йиначух къонах ца хилла! (11)Iожаллех ларло, амма ма кхера! (12)Тахана дуьххьара араволу хьо хьайн цIен тIера: дин некъаца бевза, кIант арахь вевза. (13)Адамашца ийна хила. (14)Царна дика дан мало ма йе, вониг дан сих а ма ло: ахь динарг, го боккхий, йухакхочу хьуна. (15)Йуххерчарна хьайн хIума а ма кхоайе: нахана делларг йуха карийна, шена дитинарг – дайна. (16)Хьайна оьшург дика Iалашде, амма хIуманна тIехь сутара ма хила: кIезиг эшнарг хьолахойл а тоьлла. (17)Нахаца чорда ма хила, амма сов кIеда хила а эшац: тIех эсалалла осалалла йу. (18)Сов муьста хилахь – наха охьатосур ву, тIех мерза хилахь – верриг дIакхоллур ву. (19)Де тоьлча, кура а ма вала, амма де эшарх кураллех а ма вала, коьртаниг къонахчалла ду! (20)Бакъду, ойла йича – дуьне дош дац!.. (21)Амма, кIоргга ойла йича, дуьненал дош долуш кхин хIума а-м дац кху дуьненахь… йуха а къонахчун цIе йоцург! (22)Цундела даьхнел а чIогIа ларйе хьайн цIе: веллачул тIаьхьа а йуьсург иза йу. (23)Хьуо санна болчу нийсархошлахь накъост харжа – дог цIенаниг, куьг чIогIаниг: цхьана косказа тIехь гена вахалац... (24)Ткъа кегийчу сакхташна тIехула доттагIчуьнца эгIа кийча а ма хила: айп данне а доцу доттагI лехнарг ванне а доттагI воцуш висина. (25)ГIалат гечде, йамартло ма гечйе. (26)Хьуо даима тешаме а хила доттагIчунна: накъост кхерамехь а витина, хьуо кIелхьарвалахь, дийна воллушехь велла ву хьо тIаккха хьайн сица! (27)Амма накъостех тарвалархьама цаьргара вониг схьа а ма эца. (28)Цкъа а ма Iамаделахь маларрий, цигаьркий! (29)Зударшца леррина оьзда а хилалахь! (30)ТIе... хьуо мукъаваьллачу сохьтехь цIехьа кехат а дайиталахь!.. – дехха дийцира Тавсолтас иштта, йукъ-кара соцунгIа а хуьлуш. (31)Дийцина ваьлча, бIаьрнегIарш охьадийшийра цо, кIанта аьндолчуьнга ладоьгIуш.

– (32)Дика ду, дада! (33)Ма кхералахь, со ледара хир вац хьуна!

(34)Оцу къамелан а, кху сохьтан а доккхаллех кхетта, Дауд ша лаьттачохь вулавелира.

(35)Тавсолтас, нара тIера хьала а гIаьттина, меллаша маравоьллира и. (36)Шен некха тIеоззийнчохь латтийра цо и вехха, дагахь доIанаш доьшуш. (37)Ден куьг тIедижжинчохь шен кач логана тIетаьIча, тIуналла хаайелла, цецвелира Дауд, бIаьрхиш ду моьттина. (38)Амма и кхийтира: уьш дан а дара, кху чу а вале, дехьачохь кхунах къаьстинчу нанас, хIара мара а къевлина, кхунна тIе Iенийна бIаьрхиш. (39)Дас меллаша дIахийцира воI.

*(Сулаев М.А.)*

6

***Текстан чулацаман анализ.***

«ХIун бахьана дара Тавсолтас шен кIанте Дауде весет хьалхе дIахаийтаран?» бохучу хаттарна нийса **тIечIагIдаран хаам** жоьпийн муьлхачу вариантехь бу?

***1) Тавсолтин могашалла дика йацара.***

***2) Тавсолтина хаьара шен кIентан кхин накъост воцийла.***

***3) Тавсолтина ца хаьара, шаьш йуха гур ду йа дац.***

***4) ТавсолтагIеран ламаст дара шайн весет хьалхе дIахоуьйтуш.***

Жоп ____________________

7

**Меттан суртхIотторан гIирсан анализ.**

Меттан суртхIотторан гIирс – **метафора** шеца йолу предложени билгалйаккха.

***1) Сов муьста хилахь – наха охьатосур ву, тIех мерза хилахь – верриг дIакхоллур ву.***

***2) Ма кхералахь, со ледара хир вац хьуна.***

***3) Iожаллех ларло, амма ма кхера!***

***4) Бакъду: ойла йича – дуьне дош дац!***

Жоп ____________________

8

**Лексически анализ.**

7-чу предложенера **«хьанал»** бохучу дашна **антоним** йалайе. ДIайазйе иза.

Жоп ____________________

## 3 дакъа

*2-чу декъера йешначу текстах пайда а оьцуш, къаьстинчу кехата тIехь дIайазйе хаьржинчу тIедилларан лоьмар: 9.1, 9.2 йа 9.3.*

9.1

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, сочинени-ойлайар йазйе, халкъан хьехархочун Абдуразаковн Ш.И. **«Нохчийн мотт хьалдолуш а, аьхна а мотт бу, уггар хаза, кIорггера дог-ойланаш ма-йарра цIена, нийса, йуьззина йийца йиш йолуш»** бохучу дешнийн маьIна а достуш.

Хьайн жоп тIечIагIдеш, йешначу текста тIера **ши** масал даладе.
Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.
Лингвистически материал тIехь тема схьайоьллуш, Iилманан йа публицистически стилехь болх йазбан таро йу хьан. Сочинени дIайоло мегар ду Абдуразаковн Ш.И. дешнашца.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.
Йешначу текстана (йалийнчу текстана) тIе а ца тевжаш йазбинчу белхан мах хадош бац. Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайиййцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. ... Иза иштта хилар шеко йоцуш ду ...
2. Автора меттан суртхIотторан гIирс гойтучу ... предложенин масалца тIечIагIдан йиш йу и ойла нийса хилар.
3. Текстан ... предложенехь а каро йиш йу меттан гIирс.

**<u>Магадо:</u>** йалийна клишеш хийца.

9.2

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе сочинени-ойлайар. Дийца, муха

кхета хьо хIокху предложенин маьIнех: **«Тахана дуьххьара араволу хьо хьайн цIен тIера: дин некъаца бевза, кIант арахь вевза».**

Сочиненехь айхьа йешначу текстера хьайн ойлайар нийса хилар гойтуш долу ши тIечIагIдар (аргумент) даладе.

Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Суна хетарехь, автор йешархошка тидам байта гIерта ...
2. ХIокху кхетамах лаьцна сайна хетарг олуш, билгалдаккха лаьа ...
3. Сайн жамIаш тIечIагIдеш, ... предложенера (-шкара) масал далор ду ас.
4. Текстера далийнчу масалша тIечIагIдо ...

**<u>Магадо:</u>** йалийна клишеш хийца.

9.3

Муха кхета хьо **Къонахалла** бохучу дешан маьIнех? Кепе а далош, комментари йе айхьа цунах билгалдаьккхинчунна.

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе **«Къонахаллин билгалонаш»** темина сочинени-ойлайар айхьа билгалдаьккхинчун буха тIехь. **Къонахаллех** лаьцна айхьа билгалдаьккхинарг тIечIагIдеш, **ши** масал-тIечIагIдар даладе: **цхьа** масал-тIечIагIдар даладе йешначу текстера, **шолгIаниг** – хьайн дахарехь зеделлачух.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Къонахалла – иза ... Суна хетарехь, ...
2. ХIокху текстан авторан Iалашо йара ...
3. Дахарера масал далош, ала лаьа ...
4. Цу тайпана, баккъала а ойла нийса йу ...

**<u>Магадо:</u>** йалийна клишеш хийца.

## 13 ВАРИАНТ

### 1 дакъа

***Тексте ла а догIий, къаьстинчу кехата тIехь 1-ра тIедиллар кхочушде. Цкъа хьалха тIедилларан лоьмар дIайазйе, цул тIаьхьа – йозанан болх.***

1

Тексте ла а догIий, жима йозанан болх кхочушбе.
Хаалахь, хьо декхарийлахь ву, хIора хаттарна дуьззина (1-2 предложеница) жоп дала.
Йозанан белхан барам 50 дашал кIезиг хила ца беза.
Нагахь ладоьгIначу текстан буха тIехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбина йозанан болх ма-йарра схьайазйина ладоьгIна текст йелахь, оцу белхан **ноль баллаца** мах хадабо.
Жоьпаш терахьашца билгалдаха.
Хаттарш къаьстинчу кехата тIе схьайаздан ца оьшу.
Йозанан болх кхочушбе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Хаттарш:**

1. Цхьана хазачу бIаьстенан дийнахь Шовда стенга йаханера?
2. ХIун гIуллакхаш дора Шовдас бабина?
3. Бабас шега масех шекаран бIелиг кховдийча, муха хетара йоIана?
4. Шовдина даима а хIун хазахетара?
5. ЙоIана хIун моьттура?

### 2 дакъа

***2-8 тIедахкарийн жоьпаш хуьлу белхан текстехь жоьпана билгалйинчу меттехь дIайаздан дезаш долу терахь, терахьийн хьалха-тIаьхьалла йа дош (дешнийн цхьаьнакхетар).***

2

**Синтаксически анализ.**
ДIайеша текст.

(1)Цу аьхкенан дийнахь бовхачу малхо дохдина латта а, хIаваъ а кхарзлуш дара. (2)Дийнахь сарралц малхо бохбинчу асфальтан некъа тIера, йогучу пешах санна, схьайетталора йовхо. (3)Новкъа вогIург IиндагI долчухьа теIаш вогIуш тосалора. (4)Кхидолчу деношкахь санна доцуш, мелла а човхийнера йовхоно адамаш, дуькъа дацара урамаш.

Нийса **грамматически бух** къастийнчу жоьпан вариант билгалйаккха. ДӀайазйе цуьнан лоьмар.

1) малхо дохдина (1-ра предложени)
2) схьайетталора йовхо (2-гӀа предложени)
3) вогӀуш тосалора (3-гӀа предложени)
4) дацара урамаш (4-гӀа предложени)

Жоп ___

3

***Пунктуационни анализ.***

**Оьшу сацаран хьаьркаш хӀиттаде.** Айхьа хӀиттийнчу цӀоьмалгийн терахьаш схьайазде.

Иза хӀинца кхийтира шегарчу хьолан чолхаллех. Цуьнан ша-шех тешарх (1) кураллех (2) цхьа зирх а ца бисинера. Цунна сов чӀогӀа ийшира хӀинца (3) масех сахьт хьалха новкъа хилла долу адам. Сохьтехь гергга мохь хьийкхира цо (4) амма хезехь стаг вацара. Эххар а (5) йиш хаьлла (6) дӀатийра иза.

Жоп ___

4

***Синтаксически анализ.***

Предложенера **нийса кхачам** схьайазбе.

**Диллинчу доккхачу корехь хиъна Ӏаш волчу кӀентан коьртара месаш ловзайора махо.**

Жоп ___

5

***Орфографически анализ.***

Билгалдаькккхина дош йаздаран нийса тӀечӀагӀдар далийнчу жоьпан вариант билгалйаккха. Оцу жоьпан лоьмар дӀайазйе.

1) **КӀАЙ** – доьшуш доцу (шеконан) чаккхенгара «Н» ца йаздо цхьана дешдекъах лаьттачу билгалдешнийн йуьхьанцарчу кепехь.

2) **МА-ХУЬЛЛУ** – дакъалг «МА» дефисца йаздо, шеца лелачу дешан орамера мукъаза аз шалхадолуш делахь.

3) **КХОБӀЕДИЪ** – хӀоттаман терахьдешнаш цхьаьна йаздо.

4) **ЭША-Ц** – дацаран дакъалг «Ц» хандешан чаккхенгахь дефисца йаздо.

Жоп ____________________________________________________________

***Текст дIа а йеший, 6-9 тIедаххкарш кхочушде.***

(1)ЙоьалгIачу классехь доьшуш вара Мурад. (2)Шайн классехь дикачу дешархойх цхьаъ вара иза: дика доьшуш а, эсала а, аьлларг деш а. (3)Цкъа, занятеш чекхйевлла, школера цIа вогIура иза. (4)Новкъахь Iуьллуш кIайн ахсом гира цунна. (5)Цхьаммо а ша тергалвой-техьа бохучу ойланца дIасахьаьжна, схьаэцна ахча кисана а диллина, болар сихдира цо. (6)Амма дукха гена валале, цхьа йайна хIума лоьхучу хьесапехь новкъахула дIаса а хьоьжуш, шена дуьхьал йогIучу йоккхачу стагах бIаьрг кхийтира цуьнан.

– (7)Деллахь, кIант, новкъахь ахсом ахча ца карийра хьуна? – элира цо.

– (8)Кхаллар эцна йогIуш, охьадоьжна, дайна сан иза.

– (9)Суна-м ца карийра, – аьлла, йуьхь тIера цIий а луш, сихха жоп делира Мурада. (10)Амма дог, цхьа кхеравелла, детталора. (11)Де суьйренгахьа лестачу хенахь ураме велира Мурад. (12)Туькана а вахана, печенеш а, конфеташ а йууш, урамехула сакъоьруш а лелла, сарахь чувеара иза. (13)Амма цхьа ойла йоьхна, гIайгIане вара. (14)Хаддаза коьрта чу оьхучу ойланаша сахьийзадора цуьнан. (15)Цунна дагаоьхура шайн хьехархочо Хамидов Iелас шайна деш долу хьехарш: «Дешархо декхарийлахь ву оьзда, гIиллакхе, тешаме, цхьана а тайпа йамартло йоцуш, шен накъосташца а, нахаца а догцIена, хьанал хила. (16)Баккхийчеран сийдар, харцдерг цадийцар, нахана шега далун диканиг дар – иза хIора дешархочун а декхар ду», – бохуш.

(17)Ша дина хIума дага а оьхуш, даг чохь ша-шега хоьттура цо: «Ткъа мичахь ду сан тешаме хилар? (18)Мичахь ду сан гIиллакх, оьздангалла, харц ца луьйш хилар? (19)Ас муха жоп делира шен дайна ахча лоьхуш лелачу йоккхачу стаге?» (20)Цу гIуллакхо, ша-шех эхь хоьтуьйтуш, дагна халахетар дора цунна, хорам бечу тIе кхачош, цхьа шеддаш хIуьттуьйтура легашка: «Стенна дира ас иштта? (21)ХIунда йалийтира ас сайгара и кIезгалла?»

(22)Иштта гIайгIане Мурад лелаш, цхьа-ши де а делира. (23)Цуьнан гIайгIане лелар нанна а хааделира. (24)Цунна хилларг а, цуьнан дагара а хаа гIерташ, нанас хеттарш дора. (25)Ткъа Мурада, могаш вац ша бохуш, цу тIе йерзайора ненан ойла.

(26)Кхин а цхьа кIира хан йелира. (27)Цхьана сарахь нанна улло охьахиира Мурад.

(28)Шена ахча карор а, ша цунах динарг а, хIетахь дуьйна шен деган ойланан латтам а, хIумма а къайла ца доккхуш, дерриг а ма-дарра дIадийцира цо нене.

(29)Нанас элира:

– (30)И гIуллакх ма-дарра ахь схьадийцар-м нийса ду. (31)Ткъа хьайна ахча карийча, ахь и долчунна дIацадалар – иза оьзда доцуш гIиллакх ду. (32)Гой

хьуна, Мурад, и йоккха стаг Забу, доьзал а боцуш, ша цхьа йисна  йу, цуьнца

и санна гӀуллакх мегар дац. (33)Цуьнца-м хаац суна, и санна гӀуллакх цхьаьнцца а мегар дац. (34)И стагехь тешам а, оьздангалла а цахилар ду. (35)ТӀаккхахула ма делахь и санна дерг. (36)Ткъа хӀинца, къинтӀерайаларан метта, ас ахсом лур ду хьоьга. (37)Иза а эций, Забун цӀа а гӀой, хӀумма а лачкъа а ца деш, ма-дарра цуьнга гӀуллакх дӀа а дийций, ахча дӀало. (38)ТӀаккха цуьнга деха ахь къинтӀерайалар. (39)И йалахь, со а йер йу хьуна къинтӀера.

(40)Нанас ма-баххара, ахсом а эцна, вахара Мурад Забу йолчу. (41)Ма-дарра цуьнга гӀуллакх дӀа а дийцина, цӀий а велла, ахча йоккхачу стаге дӀакховдийра Мурада. (42)Шена къинтӀерайалар дийхира цо цуьнга.

– (43)Со къинтӀерайолу хьуна, – элира йоккхачу стага. – (44)Амма тӀаккхахула и санна дерг кхин ма делахь. (45)Мел доккхачу рицкъанал а тоьлу тешаммий, оьздангаллий.

(46)Йоккхачу стагана баркалла а аьлла, сапаргӀатдаьлла, гӀадвахана цӀа веара Мурад. (47)ТӀера цхьа беза бала дӀабаьлла, сапаргӀатделира Мурадан. (48)И санна долу гӀалат ша кхин цкъа а шегара долуьйтург цахиларх йолу чӀагӀо шен даг чохь саца а йира цо.

*(Чантиев І.А.)*

6

***Текстан чулацаман анализ.***

«ХӀун бахьана дара Мурад гӀайгӀане хиларан?» бохучу хаттарна нийса **тӀечӀагӀдаран хаам** жоьпийн муьлхачу вариантехь бу?

***1) Мурад могуш вацара.***

***2) Мурада ахча къайладаккхар гучуделира нанна.***

***3) Йоккха стаг Забу шайга йарна кхоьрура Мурад.***

***4) Ша динчу гӀуллакхо, ша-шех эхь хоьтуьйтуш, дагна халахетар дора Мурадана.***

Жоп ______________________________________________

7

**Меттан суртхӀотторан гӀирсан анализ.**

Меттан исбаьхьаллин гӀирс – **фразеологизм** шеца йолу предложени билгалйаккха.

***1) Цуьнан гӀайгӀане лелар нанна а хааделира.***

***2) Амма цхьа ойла йоьхна, гӀайгӀане вара.***

***3) Иштта гӀайгӀане Мурад лелаш, цхьа-ши де а делира.***

***4) Кхин а цхьа кӀира хан йелира.***

Жоп ______________________________________________

8

**Лексически анализ.**

8-чу предложенера **«кхаллар»** бохучу дашна **синоним** йалайе. ДIайазйе иза.

Жоп ____________________________________________________

**3 дакъа**

***2-чу декъера йешначу текстах пайда а оьцуш, къаьстинчу кехата тIехь 9.1, 9.2 йа 9.3 тIедаххкарех кхочушде ЦХЬАЪ. Оцу тIедилларна, йалийначу клишех пайда а оьцуш, дуьззина йозанан жоп ло. Сочинени йазйан йолайале, дIайазйе хаьржинчу тIедилларан лоьмар: 9.1, 9.2 йа 9.3.***

9.1

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, сочинени-ойлайар йазйе, халкъан хьехархочун Абдуразаковн Ш.И. **«Нохчийн мотт башхачу жовхIарех йуьзна йоккха хазна йу. Оцу жовхIарех бу ойланан муьлхха а агIо гайта таро хуьлуьйту меттан суртхIотторан гIирсаш»** бохучу дешнийн маьIна а достуш. Хьайн жоп тIечIагIдеш, йешначу текста тIера **ши** масал даладе.

Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.

Лингвистически материал тIехь тема схьайоьллуш, Iилманан йа публицистически стилехь болх йазбан таро йу хьан.

Сочинени дIайоло мегар ду Абдуразаковн Ш.И. дешнащца.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Йешначу текстана (йалийначу текстана) тIе а ца тевжаш йазбинчу белхан мах хадош бац. Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Суна хетарехь, ... Иза иштта хилар шеко йоцуш ду ...
2. Масала, текстера ... предложенехь ...
3. Текстан ... предложени йешча, ...
4. Лакхахь далийнчу масалшка хьаьжча, ...

**<u>Магадо:</u>** йалийна клишеш хийца.

9.2

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе сочинени-ойлайар. Дийца, муха кхета хьо хIокху предложенин маьIнех: **«Мел доккхачу рицкъанал а тоьлу тешаммий, оьздангаллий».**

Сочиненехь айхьа йешначу текстера хьайн ойлайар нийса хилар гойтуш долу **ши** тIечIагIдар (аргумент) даладе.

Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. ХIокху предложенин маьIнех со иштта кхета ...
2. ХIокху кхетамах лаьцна сайна хетарг олуш, билгалдаккха лаьа, ...
3. Ткъа шолгIа ойла тIечIагIйеш, хьовсур вай йуха а тексте. ...
4. Текстера масалша тIечIагIдо ...

**<u>Магадо:</u>** йалийна клишеш хийца.

9.3

Муха кхета хьо **ОЬЗДАНГАЛЛА** бохучу дешан маьIнех? Кепе а далош, комментари йе айхьа цунах билгалдаькккхинчунна.

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе **«Нохчочун оьздангалла»** темина сочинени-ойлайар айхьа билгалдаькккхинчун буха тIехь. **Оьздангаллех** лаьцна айхьа билгалдаькккхинарг тIечIагIдеш, **ши** масал-тIечIагIдар даладе: **цхьа** масал-тIечIагIдар даладе йешначу текстера, **шолгIаниг** – хьайн дахарехь зеделлачух.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Оьздангалла – иза ... Сан кхетамехь, ...
2. ХIокху кхетамах лаьцна сайна хетарг олуш, билгалдаккха лаьа ...
3. Дахарера масал далош, лакхахь йалийна ойла тIечIагIйеш, ала лаьа ...
4. Цу тIера схьа жамI дан таро йу ...

**<u>Магадо:</u>** йалийна клишеш хийца.

## 14 ВАРИАНТ

### 1 дакъа

***Тексте ла а догІий, къаьстинчу кехата тІехь 1-ра тІедиллар кхочушде. Цкъа хьалха тІедилларан лоьмар дІайазйе, цул тІаьхьа – йозанан болх.***

1

Тексте ла а догІий, жима йозанан болх кхочушбе.

Хаалахь, хьо декхарийлахь ву, хІора хаттарна дуьззина (1-2 предложеница) жоп дала.

Йозанан белхан барам 50 дашал кІезиг хила ца беза.

Нагахь ладоьгІначу текстан буха тІехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбина йозанан болх ма-йарра схьайазйина ладоьгІна текст йелахь, оцу белхан **ноль баллаца** мах хадабо.

Жоьпаш терахьашца билгалдаха.

Хаттарш къаьстинчу кехата тІе схьайаздан ца оьшу.

Йозанан болх кхочушбе цІена а, йоза къаьсташ а.

**Хаттарш:**

1. Цхьана хазачу бІаьстенан дийнахь Шовда стенга йаханера?
2. ХІун гІуллакхаш дора Шовдас бабина?
3. Бабас шега масех шекаран бІелиг кховдийча, муха хетара йоІана?
4. Шовдина даима а хІун хазахетара?
5. ЙоІана хІун моьттура?

### 2 дакъа

***2-8 тІедахкарийн жоьпаш хуьлу белхан текстехь жоьпана билгалйинчу меттехь дІайаздан дезаш долу терахь, терахьийн хьалха-тІаьхьалла йа дош (дешнийн цхьаьнакхетар).***

2

***Синтаксически анализ.***

ДІайеша текст.

(1)Куьйрина Лечин ненах кхета лиира уггар хьалха, цуьнан майрачух а,

кIантах а хилларг церан нахах дIатоха. (2)Йуьртара йуьрта воьдуш, Лечин тайпанан нах хоьттуш, эххар а Малх-Аре кхечира иза. (3)Новкъахь чкъургех ловзуш доххура бераш, некъана пурх зил а баьккхина. (4)Шина декъе а декъаделла, самукъанечу маьхьаршца дIасайеттара цара дечиган чкъург.

Нийса **грамматически лард** къастийнчу жоьпан вариант билгалйаккха. ДӀайазйе цуьнан лоьмар.

1) ненах кхета лиира (1-ра предложени)
2) Малх-Аре кхечира (2-гӀа предложени)
3) зил а баьккхина (3-гӀа предложени)
4) дӀасайеттара цара (4-гӀа предложени)

Жоп ____________________

3

***Пунктуационни анализ.***
***Оьшу сацаран хьаьркаш хӀиттаде.*** Айхьа хӀиттийнчу цӀоьмалгийн терахьаш схьайазде.

Дерказа дийцина экха а ца гина (1) кхин а дӀа (2) йисте теккхира со. ТӀаккха гира суна цӀен-мокха (3) букъа йуккъехула охьадоьдуш (4) Ӏаьржа тача а долуш (5) хьажочу пӀелггал маӀаш йолу (6) жима экха. Иза сихделла дежаш дара (7) хетарехь (8) таханенна (9) тӀаьххьара катухуш.

Жоп ____________________

4

***Синтаксически анализ.***
Предложенера **тӀедерзар** схьайазде.

**ДӀайалахь, йоккха стаг, ахь диг хӀоттийча а, диг ирхъоьллича а, оцу эсашна хила гӀоли йац.**

Жоп ____________________

5

***Орфографически анализ.***

Билгалдаьккхина дош йаздаран нийса тӀечӀагӀдар далийнчу жоьпан вариант билгалйаккха. Оцу жоьпан лоьмар дӀайазйе.

1) **ЦА ТЕШАМ** – «ЦА» дакъалг цӀердашца къаьстина йаздо.
2) **ТИЙНА** – деха мукъа аьзнаш «И», «УЬ» билгалдеш, царна тӀехьа элп «Й» йаздо.
3) **ЦХЬА-ЖИММА** – ЦХЬА боху дош тӀекхетарца кхолладелла чолхе куцдешнаш дефисца йаздо.

4) **ТЕРК** – долахь цIердешнаш жимачу элпаца йаздо.

Жоп ______________________________________________________________

**Текст дIа а йеший, 6-9 тIедахкарш кхочушде.**

(1)«Де дика хуьлда хьан, сан хьоме Уми!» – халла, хIора дешдакъа къастош, дийшира кIанта, цецваьлла ненанене а хьоьжуш. (2)Умина-м лаьара нохчийн маттахь довха, эсала, мерза дешнаш хозийла.

– (3)Немцойн маттахь йаздина, – элира Султана, – немцойн меттан хьехархочуьнга кхайкха гIой со?

(4)Ненананас ца оьшу боххушехь, араикккхира.

(5)Уми ца кхетара. (6)Цунна цкъа а дага ца деанера кIантана шен ненан мотт бицлур бу бохург.

(7)Уми ойлане йуьйжира. (8)Цунна дагадеара шовзткье кхоалгIа шо. (9)Дагадеара цхьаъ бен воцу кIант ша тIаме новкъавакккхар. (10)Дагадеара вокзалехь дуккха а нах хьаьвддий-бевддий лелар. (11)ЦIаьххьана, бакъдолуш санна, цунна хезира шен кIентан аз, хIетахь оцу шийлачу Iуьйранна дегайовхонца декна долу: «Нана, ас дуй буу хьуна, со йухавоьрзур ву хьомечу лаьмнашка – Даймахке».

(12)Вочу ойланаша некхе лазар туьйхира кьеначу Умина. (13)ГIийла делха доладелира дог...

(14)Чуволлушехь кехат схьаийцира хьехархочо.

(15)«Де дика хуьлда хьан, сан хьоме Уми, – гочдан вуьйлира хьехархо. – (16)Муха Iаш йу хьо? (17)ДагавогIий хьуна со? (18)Ас йаздо хьоьга хIара могIанаш, гIийла велха а воьлхуш. (19)Хьуна ма мотталахь, шелехь, гIелехь, массарна а вицвелла, хийрачу нехан неIаршка хIуьттуш, со лелаш ву. (20)ХIан-хIа. (21)Сан цIа а, доьзал а, машен а йу. (22)Сингаттамо таIийнчу дагна йеззарг эца йиш йу сан. (23)Амма бац сан Даймохк, мел дукха ахча даларх, и эца таро а йац...

(24)Со хедира цунах фронте дIа ма-вахханехь: шовзткъе кхоалгIачу шеран декабрь баттахь со йиисаре вигира мостагIаша. (25)ТIаккха – концлагерь. (26)Французашца цу чуьра ведда, къилбен Франце вахара со. (27) Зуда йалийра. (28)Ткъа цул тIаьхьа цIа ван дага ца деара.

(29)Сан къизачу кхолламо со ца кхачош хIун меттиг йисира: ах дуьне теллира ас, айса лоьху синтем ца карош.

(30)Ткъа дукха хан йоцуш Истамал-гIалахь цхьа некъахо кхайкхира соьга. (31)Вай санна, кхайкхира: «ХIей!». (32)Некъаш хедош, со тIехьаьдира цунна, амма тIегIоьртинчу машенаша некъ бихкира сан.

(33)Со миччахь хиларх, суна тIаьхьауьду и тамашена аз: «ХIей!». (34)Набарх а воккху цо.

(35)Цул тIаьхьа ас ойла йира: «Сан нана йай и-м соьга кхойкхуш». (36)Даймохк бу шен тилвеллачу кIанте мохь бетташ. (37)Цхьана маьIаргонна цIа а вогIура со хIетахь: сайн хIуманаш дIа а хьарчийна, кехаташ а кечдина, тохавелира,

тIаккха а ца хIоьттира со: дIавоьдуш къона а, могаш а, хаза а ма вара со, ткъа бакъо йуй сан къежвелла, къанвелла, вуоча а ваьлла, вухаверза».

(38)Масийтта шо хьалха эвлах йелира адамийн тоба. (39)Царна деза дара шаьш дIавуллург дийна ву, вац цахаар. (40)Уми дуьхьал йара, цо дехарш дора моллига. (41)Амма гIиллакхо лоьхура дийнаверг а дIаволлар, нагахь цо Даймохк дIатеснехь, нагахь иза тIепаза вайнехь.

(42)Иштта дIавоьллира кIант.

(43)Умина хетара, шен кIанте болу безам лахьте берзийча санна.

(44)Амма и тешара, цо сатуьйсура, туьйранахь санна, цхьа тамашена хIума хиларе.

(45)Ткъа хIинца хIара кехат...

(46)ХIаъ, хIинца цIаьххьана кхийтира Уми шегара даьллачу гIалатах: цIа воьрзур вац цуьнан кIант цкъа а, вистхир вац цуьнга шен дайн маттахь, велла цуьнан кIант, велла тоххарехь.

(47)Оцу ойланах Уми гIийла къурдаш дан йуьйлира. (48)БIаьрхиша цуьнан садукъдора. (49)Дерриг дуьне бIаьрхиш хилла даьржинера.

(50)Ткъа и дахаре йухайерзийра геннара, стиглан бухара, схьахезачу маьхьарша. (51)Иза хьалахьаьжира, дехха могIанаш дина, цхьа Iаьржа тIадамаш дара цигахь гуш. (52)ТIаккха цунна хезира цхьа тамашена аьзнаш. (53)Иза дара дуьненахь а уггар гIийла илли – Даймахках къаьсташ гIаргIулийн илли.

*(Хатуев I.-Хь.I.)*

6

***Текстан чулацаман анализ.***

«ХIун бахьана дара кIант шен Даймахка цIа цаверзаран?» бохучу хаттарна нийса **тIечIагIдаран хаам** жоьпийн муьлхачу вариантехь бу?

1) ***Бахамо Iехийнера кIант.***
2) ***Шен Даймохк бицбеллера кIантана.***
3) ***Даймахко тIецалацарна кхоьрура кIант.***
4) ***Къанвелла, вуочаваьлла, вухаверза бехке хетара кIантана.***

Жоп ____________________________________________________________

7

***Меттан суртхIотторан гIирсийн анализ.***

Меттан суртхIотторан гIирс – **метафора** шеца йолу предложени билгалйаккха.

1) ***Сингаттамо таIийнчу дагна йеззарг эца йиш йу сан.***
2) ***Чуволлушехь кехат схьайийцира хьехархочо.***
3) ***Масийтта шо хьалха эвлах йелира адамийн тоба.***

***4) Ткъа дукха хан йоцуш Истамал-гIалахь цхьа некъахо кхайкхира соьга.***

Жоп ______________________________________________

8

***Лексически анализ.***

38-чу предложенера **«эвлах»** бохучу дашна **синоним** йалайе. ДIайазйе иза.

Жоп ______________________________________________

**3 дакъа**

***2-чу декъера йешначу текстах пайда а оьцуш, къаьстинчу кехата тIехь дIайазйе хаьржинчу тIедилларан лоьмар: 9.1, 9.2 йа 9.3.***

9.1

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, сочинени-ойлайар йазйе, халкъан хьехархочун Абдуразаковн Ш.И. **«Нохчийн мотт хьалдолуш а, аьхна а мотт бу, уггар хаза, кIорггера дог-ойланаш ма-йарра цIена, нийса, йуьззина йийца йиш йолуш»** бохучу дешнийн маьIна а достуш.

Хьайн жоп тIечIагIдеш, йешначу текста тIера **ши** масал даладе.

Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.

Лингвистически материал тIехь тема схьайоьллуш, Iилманан йа публицистически стилехь болх йазбан таро йу хьан. Сочинени дIайоло мегар ду Абдуразаковн Ш.И. дешнашца.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Йешначу текстана (йалийнчу текстана) тIе а ца тевжаш йазбинчу белхан мах хадош бац. Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль

баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Авторан дешнашца реза ца хила йиш йац … Хьовсур вай тексте …
2. Масална текстан … предложени йало мегар ду …
3. Меттан гIирс (хазалла) каро йиш йу текстан … предложенехь.
4. Вайна ма-гарра, …

**Магадо:** йалийна клишеш хийца.

9.2

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе сочинени-ойлайар. Дийца, муха кхета хьо хIокху предложенин маьIнех: **«Даймохк бу шен тилвеллачу кIанте мохь бетташ»**.

Сочиненехь айхьа йешначу текстера хьайн ойлайар нийса хилар гойтуш долу **ши** тIечIагIдар (аргумент) даладе.

Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Суна хетарехь, йеллачу кийсако текстан коьрта ойла чулоцу …
2. ХIокху текстехь авторан (авторан цIе) Iалашо йу …
3. Аьлларг тIечIагIдархьама, хьовсур вай предложенешка …
4. Текстера масалша тIечIагIдо …

**<u>Магадо:</u>** йалийна клишеш хийца.

9.3

Муха кхета хьо **ДАЙМОХК** бохучу дешан маьIнех? Кепе а далош, комментари йе айхьа цунах билгалдаьккхинчунна.

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе **«Стенах олу Даймохк?»** темина сочинени-ойлайар айхьа билгалдаьккхинчун буха тIехь. **Даймахках** лаьцна айхьа билгалдаьккхинарг тIечIагIдеш, **ши** масал-тIечIагIдар даладе: **цхьа** масал-тIечIагIдар даладе йешначу текстера, **шолгIаниг** – хьайн дахарехь зеделлачух.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Даймохк – иза … Йешначу текстан анализ йеш …
2. Текстан автора вайга ойлайойту …
3. И тезис тIечIагIйеш, йешначу произведенера иштта масал далор ду …
4. Лакхахь аьллачунна тIера билгалдолу …

**Магадо:** йалийна клишеш хийца.

## 15 ВАРИАНТ

### 1 дакъа

***Тексте ла а догIий, къаьстинчу кехата тIехь 1-ра тIедиллар кхочушде. Цкъа хьалха тIедилларан лоьмар дIайазйе, цул тIаьхьа – йозанан болх.***

1

Тексте ла а догIий, жима йозанан болх кхочушбе.
Хаалахь, хьо декхарийлахь ву, хIора хаттарна дуьззина (1-2 предложеница) жоп дала.

Йозанан белхан барам 50 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь ладоьгIначу текстан буха тIехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбина йозанан болх ма-йарра схьайазйина ладоьгIна текст йелахь, оцу белхан **ноль баллаца** мах хадабо.

Жоьпаш терахьашца билгалдаха.

Хаттарш къаьстинчу кехата тIе схьайаздан ца оьшу.

Йозанан болх кхочушбе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Хаттарш:**

1. Цхьана хазачу бIаьстенан дийнахь Шовда стенга йаханера?
2. ХIун гIуллакхаш дора Шовдас бабина?
3. Бабас шега масех шекаран бIелиг кховдийча, муха хетара йоIана?
4. Шовдина даима а хIун хазахетара?
5. ЙоIана хIун моьттура?

### 2 дакъа

***2-8 тIедахкарийн жоьпаш хуьлу белхан текстехь жоьпана билгалйинчу меттехь дIайаздан дезаш долу терахь, терахьийн хьалха-тIаьхьалла йа дош (дешнийн цхьаьнакхетар).***

2

***Синтаксически анализ.***
ДIайеша текст.

(1)Шерачу ара а ваьлла дIавоьдучу Iусамас, цкъа а, шозза а дIаэккхийтина, шен говре бехха мур байтира. (2)Iусамас, кест-кеста говр йуха а узуш, шед тухура, иза кхосса а луш дIаэккхийта, хIинццалц санна, шен самукъадалийта. (3)Амма Iаьржа дин, мерах шок а йетташ, некъана пурх дIасаидарх, Iусамин самукъа-м ца долура. (4)Бердах хаьдда беза боьжна Iуьллу кхера санна, Iусамин нуьйра чохь Iен дегI дай ца лора.

Нийса **грамматически бух** къастийнчу жоьпан вариант билгалйаккха. ДӀайазйе цуьнан лоьмар.

1) говре мур байтира (1-ра предложени)
2) кест-кеста шед тухура (2-гӀа предложени)
3) дин дӀасаидарх (3-гӀа предложени)
4) дегӀ дай ца лора. (4-гӀа предложени)

Жоп ___________________________________________________________

3

***Пунктуационни анализ.***

**Оьшу сацаран хьаьркаш хӀиттаде.** Айхьа хӀиттийнчу цӀоьмалгийн терахьаш схьайазде.

Стаг дукххаверг шен дагалецамашкахь веха (1) шен гӀенашкахь (2) йа лехамашкахь.
Ткъа хьан лехам – къонах хилар (3) хьан кхетамехь волу къонах. Къонах хила Ӏалашо хӀоттийнчо лов (4) дахаран вон а (5) дика а цхьабосса (6) дикане Ӏеха а ца войтуш (7) вонна кӀел а ца вуьсуш.

Жоп ___________________________________________________________

4

**Синтаксически анализ.**

Предложенера **меттиган латтам** схьайазбе.

**Дикачу дена шех гӀалат карийна дика воӀ санна, корта а оллийна, пхьоьханара дӀаволавелира Шида.**

Жоп ___________________________________________________________

5

**Орфографически анализ.**

Билгалдаьккхина дош йаздаран нийса тӀечӀагӀдар далийнчу жоьпан вариант билгалйаккха. Оцу жоьпан лоьмар дӀайазйе.

1) **ЦАГИНА ЙУРТ** – дакъалг «ЦА» лаамазчу причастица цхьаьна йаздо.
2) **ЛАЬЦНАКХ** – чӀагӀдаран дакъалг «КХ» дешнашца цхьаьна йаздо.
3) **ВАН** – доьшуш доцу (шеконан) чаккхенгара «Н» йаздо цхьана дешдекъах лаьттачу хандешнийн билгалзчу кепехь.

4) **СА ЦА ГАР** – чолхечу масдарехь шина орамна йуккъе нислахь, «ЦА» дакъалг къаьстина йаздо.

Жоп ___________________________________________________________

***Текст дIа а йеший, 6-9 тIедахкарш кхочушде.***

(1)ГIашлойн новкъа сихха ишколе доьлхуш дара бераш.

(2)Хьалха ваьлла воьду Iалавди, хьарчийна деакIов нисдина Iуьллучу газетах ког а Iуттуш, сацавелира: «Хьовсийша, хIара хIун йу?» – берашка а олуш.

(3)Газета схьадаьстича, гучуделира паспорт а, пенсин книжка а, пхи туьма ахча а.

– (4)Декъий вай! (5)Вай а пхиъ ву, ахча а вайна цхьацца туьма кхочу! – эккхийтира Нурдис.

(6)Цу хенахь паспорта тIе хьоьжуш лаьттачу Iалавдис, цо ахчанна тIекховдийна куьг оьгIазе духа а тоттуш, элира:

– (7)Мичахь ду хьан жимачу къонахчун сий? (8)Баха а бохий ахь!..

– (9)Дера-хIета! – тIечевхира накъостий а.

(10)Нурди, вагийча санна, вухавелира, цIий а велла.

– (11)Со хIинцца, долчуьнга ахчий, документашший дIа а делла, ведда дIавогIур ву. (12)Шу тIаьхьа а ца дуьсуш, дIадуьло ишколе, – берашка а аьлла, Iалавди, ма-ваххалу хьаьдда, новкъа охьавахара.

(13)ДIасахьоьжуш, Iалавди тIекхечира шена карийнчу паспорта тIерачу адресна. (14)ДIахьаьжча цIенна догIа тоьхна хилар хиъна, кертахь адам ца гина, йаздина цхьа кехатан цуьрг неIара йуккъе а лаьцна, Iалавди, кех а ваьлла, дIавахара. (15)Шайна ахчий, документашший карийнчу кхачале, цуьнан бIаьрг кхийтира охьа а теIаш лелачу йок-кхачу стагах.

– (16)И йу-кх и! – хазахетта ша-шега а олуш, ведда тIевахара иза…

– (17)Де дика дойла хьан, баба! (18)Хьуьллахь тхуна карийра хьан ахчий, документашший. (19)ДIаэца.

(20)Аьтту буйнара Iаса лаьттах гIортийна, букара букъ ма-хуьллу хьала а нисбеш, цхьа шен йоцу хIума цо шега луш санна, Iалавдин бIаьра хьаьжира йоккха стаг, иза дIа а оьцуш. (21)Газета схьа а даьстина, туьма кховдийра йоккхачу стага:

– (22)ХIан, хьанал ду хьуна, дукхавахарг!

– (23)ХIан-хIа! ХIан-хIа, со ахча далийта ца веана. (24)Со накъосташа ваийтина. (25)Iодика йойла, баба! – чехкка дIахьаьдира Iалавди.

– (26)Хьенан ву мукъа а дийцахьа? – мохь туьйхира йоккхачу стага. (27)Амма Iалавдина ца хезира, иза генаваьллера. (28)Йоккха стаг меллаша ишколе йахара, цунна тIаьххье. (29)Цунна дуьхьал а бетталуш, перемене арауьдуш бара дешархой. (30)Хьаьжа тIе куьг а лоьцуш, леррина берашка хьоьжуш йоккха стаг гича, хIетта арайаьллачу йоьалгIачу классан

хьехархочо, де дика а деш, хаьттира:

– (31)Баба, ахь мила лоьху?

– (32)Цхьа кӀант лоьхура аса-м.

– (33)ЦIе хIун йу цуьнан? (34)Цхьа вон хIума-м ца дина?

– (35)ХIан-хIа. (36)Мелхо а, цо динчу диканна баркалла ала йоллура-кх.

(37)ЦIе а ца йиийци, ахча дIа а ца ийци. (38)Со баркалла ала а ца кхуьуш, ведда ишколе схьавеара-кх иза…

– (39)И мила ву хIинца суна хаьа хьуна, баба. (40)Сан дешархо Iалавди ву. (41)Бераша дийцинера суна иза ахча а, документаш а дIадала вахар. (42)Класса чохь ву и.

– (43)Гайтахь суна, дукхайахарг, и кIант, – элира йоккхачу стага.

– (44)Схьайола, дера гойтур ву, баба, – улло йаьлла пхьарс а лаьцна, класса чу йигира иза Асет Абуевнас.

(45)«Ахча ца тоьъна йа кхин хIума галдаьлла йогIу техьа?» – дагатесира Iалавдина, йоккха стаг гучуйаьлча.

(46)Делахь а, йелаелла шен хьехархо а, йоккха стаг а гича, сапаргIатделира. (47)ДегI нисдеш хьалагIаьттина кIант, тIе а йахана, маравоьллира цо.

– (48)Баркалла хьуна, Iалавди! (49)Баркалла! (50)Пенси схьа а эцна, цIа йоьдуш охьадоьжна хиллера сан ахча а, кехаташ а. (51)Массанхьа а со леллачухула хьоьжуш, догдиллина йаьллера со. (52)Баркалла! (53)Цхьана йамартчу буйна ахча кхаьчнехь, дайна даьллера, – йелхар иккхира йоккхачу стаге…

*(Кагерменов Д.Д.)*

6

***Текстан чулацаман анализ.***
«ХIун бахьана дара йоккха стаг ишколе йаран?» бохучу хаттарна нийса ***тIечIагIдаран хаам*** жоьпийн муьлхачу вариантехь бу?

1) ***Iалавдис диначу диканна баркалла ала йогIура.***
2) ***Ахча тIе ца тоьъна, бехк баккха йогIура.***
3) ***Iалавдина ахча дала йогIура.***
4) ***Бераша муха доьшу хьажа йогIура.***

Жоп ____________________________________________________________

7

***Меттан суртхIотторан гIирсан анализ.***
Меттан суртхIотторан гIирс – **дустар** шеца долу предложени билгалйаккха.

1) ***Хьуьллахь тхуна карийра хьан ахчий, документашший.***
2) ***Нурди, вагийча санна, вухавелира, цIий а велла.***
3) ***Мелхо а, цо диначу диканна баркалла ала йоллура-кх.***
4) ***Бераша дийцинера суна иза ахча а, документаш а дIадала вахар.***

Жоп ______________________________________________________________

120

8

***Лексически анализ.***

22-чу предложенера **«хьанал»** бохучу дашна **антоним** йалайе. ДӀайазйе иза.

Жоп ___________________________________________________________

**3 дакъа**

***2-чу декъера йешначу текстах пайда а оьцуш, къаьстинчу кехата тӀехь 9.1, 9.2 йа 9.3 тӀедахкарех кхочушде ЦХЬАЪ. Оцу тӀедилларна, йалийнчу клишех пайда а оьцуш, дуьззина йозанан жоп ло. Сочинени йазйан йолайале, дӀайазйе хаьржинчу тӀедилларан лоьмар: 9.1, 9.2 йа 9.3.***

9.1

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, сочинени-ойлайар йазйе, Толстойн Л.Н. **«Нохчийн мотт уггар хазачу а, хьалдолчу а меттанех цхьаъ бу, нагахь кхоччуш дика иза хууш хьо велахь»** бохучу дешнийн маьӀна а достуш.

Хьайн жоп тӀечӀагӀдеш, йешначу текста тӀера **ши** масал даладе.
Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.
Лингвистически материал тӀехь тема схьайоьллуш, Ӏилманан йа публицистически стилехь болх йазбан таро йу хьан.

Сочинени дӀайоло мегар ду Толстойн Л.Н. дешнащца.

Сочиненин барам 70 дашал кӀезиг хила ца беза.
Йешначу текстана (йалийнчу текстана) тӀе а ца тевжаш йазбинчу белхан мах хадош бац. Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайаз-йина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цӀена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Авторан дешнащца реза ца хила хала ду ...
2. Масална текстан ... предложени йало мегар ду ...
3. Текстан ... предложенехь ... кхин цхьаъ ...
4. Вайн тӀечӀагӀдан йиш йу ...

<u>**Магадо:**</u> йалийна клишеш хийца.

9.2

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе сочинени-ойлайар. Дийца, муха кхета хьо хӀокху предложенин маьӀнех: **«Мичахь ду хьан жимачу къонахчун сий? Баха а бохий ахь!..»** Сочиненехь айхьа йешначу текстера

хьайн ойлайар нийса хилар гойтуш долу **ши** тIечIагIдар (аргумент) даладе. Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Йеллачу текстан маьIнех (цитированих пайдаэца мегар ду) со иштта кхета ...
2. ХIокху кхетамах лаьцна сайна хетарг олуш, билгалдаккха лаьа ...
3. Ткъа шолгIа ойла тIечIагIйеш, хьовсур вай йуха а тексте ...
4. Вайна ма-гарра, ...

<u>**Магадо:**</u> йалийна клишеш хийца.

9.3

Муха кхета хьо **СИЙ** бохучу дешан маьIнех? Кепе а далош, комментари йе айхьа цунах билгалдаьккхинчунна.

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе **«Сий лардар»** темина сочинени-ойлайар айхьа билгалдаьккхинчун буха тIехь. **Сий** лардарх лаьцна айхьа билгалдаьккхинарг тIечIагIдеш, **ши** масал-тIечIагIдар даладе: **цхьа** масал-тIечIагIдар даладе йешначу текстера, **шолгIаниг** – хьайн дахарехь зеделлачух.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

I. Сий – иза ... Сан кхетамехь, ...
2. Текстан авторна хетарехь, хIокху кхетамо вайн ойла тIекхиайо ...
3. И тезис тIечIагIйеш, ... иштта масал далор ду ...
4. Вайна ма-гарра, ...

<u>**Магадо:**</u> йалийна клишеш хийца.

## 16 ВАРИАНТ

### 1 дакъа

***Тексте ла а догӀий, къаьстинчу кехата тӀехь 1-ра тӀедиллар кхочушде. Цкъа хьалха тӀедилларан лоьмар дӀайазйе, цул тӀаьхьа – йозанан болх.***

1

Тексте ла а догӀий, жима йозанан болх кхочушбе.
Хаалахь, хьо декхарийлахь ву, хӀора хаттарна дуьззина (1-2 предложеница) жоп дала.
Йозанан белхан барам 50 дашал кӀезиг хила ца беза.
Нагахь ладоьгӀначу текстан буха тӀехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбина йозанан болх ма-йарра схьайазйина ладоьгӀна текст йелахь, оцу белхан **ноль баллаца** мах хадабо.
Жоьпаш терахьашца билгалдаха.
Хаттарш къаьстинчу кехата тӀе схьайаздан ца оьшу.
Йозанан болх кхочушбе цӀена а, йоза къаьсташ а.

**Хаттарш:**

1. Муьлха де а, хьенан сурт а ца дицло суна?
2. Массарал а хьоме мила хетара тхуна?
3. Мила вара Белитех тарвала гӀерташ?
4. Муха дара тхуна йуккъера доттагӀалла?
5. Муха жоп лора Белитас шега деллачу хаттарна?

### 2 дакъа

***2-8 тӀедахкарийн жоьпаш хуьлу белхан текстехь жоьпана билгалйинчу дош (дешнийн цхьаьнакхетар).***

2

***Синтаксически анализ.***
ДӀайеша текст.

(1)Iуьйре шийло йара, генах хаьдда гIа наггахь дитта кIел охьадужуш ха-

алора. (2)Дуьнен чохь йорт йиттина кIадйелча санна, мархаш ламанца набарна тевжинера. (3)Стигалан гар, хи ца кхоош йилча санна, цIена а, сийна а дара.(4) Хи йистерчу чхора тIера дIахьаьжча, аьрру агIор бIаьрго схьа ма-лоццу йолчу арахь, дикачу дайша леррина куьг тоьхна йалташ чу а дерзийна, йерзина йаьхна аренаш йара серлайовлуш.

Нийса **грамматически бух** къастийнчу жоьпан вариант билгалйаккха. ДӀайазйе цуьнан лоьмар.

1) гӀа охьадужуш хаалора (1-ра предложени)
2) йорт йиттина (2-гӀа предложени)
3) хи цӀена а, сийна а дара (3-гӀа предложени)
4) аренаш йара серлайовлуш (4-гӀа предложени)

Жоп ______________________________________________

3

***Пунктуационни анализ.***

**Оьшу сацаран хьаьркаш хӀиттаде.** Айхьа хӀиттийнчу цӀоьмалгийн терахьаш схьайазде.

КӀентан пхоьалгӀа шо бен дацара. Иза шен дененаца Ӏаш вара (1) ламчохь. КӀантана денана чӀогӀа дукхайезара. Цо цунах нана а (2) баба а (3) шена хьалха дагадеънарг (4) олура. Дененас дуккха а (5) туьйранаш дуьйцура кӀантана (6) цхьогалх а (7) барзах а (8) лаьцна долу.

Жоп ______________________________________________

4

***Синтаксически анализ.***

Предложенера **нийса кхачам** схьайазбе.

**Къонахчун сибаташ дуьйцуш, тайп-тайпана произведенеш кхоьллина нохчийн йаздархоша.**

Жоп ______________________________________________

5

***Орфографически анализ.***

Билгалдаьккхина дош йаздаран нийса тӀечӀагӀдар далийнчу жоьпан вариант билгалйаккха. Оцу жоьпан лоьмар дӀайазйе.

1) **ЦӀЕНЧУ** – шина дешдекъах лаьттачу лаамазчу мухаллин билгалдешнийн чаккхенгара «А» лач дожаршкахь ца йаздо.

2) **БӀЕ ТКЪЕ ПХИЪ** – хӀоттаман терахьдешнаш къаьстина йаздо.

3) **КЪЕ** – доьшуш доцу (шеконан) чаккхенгара «Н» ца йаздо цхьана дешдекъах лаьттачу билгалдешнийн йуьхьанцарчу кепехь.

4) **ДУЬЙЦУ-КХ** – дешдакъа ца кхуллуш долу дакъалг «КХ» ша сехьадаккха мега.

Жоп ________________________________________________

***Текст дIа ай йеший, 6-9 тIедахкарш кхочушде.***

(1)Йуххерчу хьуьнха вахана хилла Лоьмий, Хьасанний. (2)Ловзуш, цIазамаш лехьош, чIогIа самукъадаьлла лелаш хилла хьуьнхахула и шиъ. (3)Делкъхан хуьллуш, мокхачу мархаша марабоьллина, къайлабаьлла малх. (4)Олхазарша шайн эшарш совцийна, Iаламехь хила безачу цхьана хийцаме ладоьгIуш дIатийна хьун.

– (5)ДогIа догIур ду вайна, – олуш, хьалахьаьжна Лоьма боданечу стигала. (6)Йуьртана лакхахьара схьадеана стигал къевкъаш даьлла тата.

– (7)ЦIа гIо вайша, – дехна жимачу Хьасана.

–(8)Вало, – олуш, йуьрта боьдучу новкъа сихвелла Лоьма.

(9)Стигал къекъаш, йуххера схьа тата деана. (10)Iаьржачу мархаша къайладаьхна гина цунна лаьмнийн баххьаш. (11)Хаалуш хилла цигахь кхевсина догIа догIуш хилар.

(12)Болар сихдина Лоьмас. (13)ХIинца а дикка дIа бан беза некъ.

– (14)Волало чехкка! – олуш хилла Лоьмас кест-кеста.

(15)Амма Хьасане хIумма а ала оьшуш ца хилла. (16)Лоьмел тIаьхьа ца вуьсуш, йоргIа эцна цо. (17)Лоьма сакхваьлла хилар гуш, шекваьлла Хьасан, кхерам герга гIерташ буй-те бохуш.

(18) Эххар а хьун чекх а йаьлла, йурттий, хьунний къастош болчу бовра тIекхаьчна и шиъ. (19)Йуьртана лакхахьара схьа йоккха гIовгIа хезна. (20)Цо, тIаьхь-тIаьхьа чIагIлуш, буьрса кхерам туьйсуш хилла. (21) «Хи», – дагатесна Лоьмина.

– (22)Хьасан, вадалахь! – аьлла, мохь а тоьхна, дIаиккхина иза.

(23)Дика хууш хилла цунна, хи дистина догIуш берриге а боьра цо дIа а лоций, йуьрта кхача йиш йоцуш, дийнна де а даккха дезаш хилар. (24)Ткъа хIинца схьахезаш йолу и гIовгIа доккха догIучу хин гIовгIа хиларх тешна а хилла Лоьма.

(25)Боьри чу ма-воьсси жагIа бу, йоккха меттиг дIалоцуш. (26)Лоьмина тIаьхьа ведда вогIучу Хьасанан когах сицкъар дахана. (27)Ирча мохь а хьоккхуш, цхьана кога тIехь цкъа-шозза кхосса а велла, оцу сохьта охьавоьжна Хьасан. (28)Вухахьаьжначу Лоьмина гина иза. (29)Цул сов, цуьнан бIаьрг кхетта геннахь, мокха пен хилла, дистина догIучу хих а. (30)Сиха вуха а ведда, катоьхна Хьасанан пхьарс лаьцна цо.

– (31)Вада! Хин йуьхь йогIу! – бохуш, дIаозийна Хьасан.

(32)Амма вукхунна когах деттачу лазаро дерриге а диццдина.

– (33)Вай сан ког! – бохуш, воьлхуш хилла Хьасан.

(34)Сиха охьа а лахвелла хьаьжначу Лоьмина, нисса ах когах а дахана,

шай санна, доккха сицкъар гина. (35)Катоьхна схьа а лаьцна, озийна схьадаьккхина цо иза, оцу сохьта цIий хьаьдда хадийнчу когах охьа. (36)Дукха чехка йовлакхца шад бина Лоьмас, чов дIайоьхкуш. (37)Лазар жимма тийна, Хьасан хьалагIаьттина. (38)Цуьнан пхьарс шен белш тIехула а баьккхина, и а текхош, дIахьаьдда Лоьма. (39)Хин чалх герга кхочуш хилла. (40)Хьасан чехка вадалуш ца хилла. (41) «Кхуьур вац, кхуьур вац», – бохуш, детталуш хилла Лоьмин дог.

(42)Ша цхьаъ хиллехьара-м, мох санна, дIалаллалур вара иза, амма Хьасан дIа а тесна вадар дагахь а дацара цунна.

(43)Хин мокха пен хIинца шерра гуш, тIаьхь-тIаьхьа схьатIешершаш, боккха хуьлуш хилла. (44)«Кхуьур вац, хIаллакьхили тхойшиъ», – аьлла Лоьмина дагатоссушехь, ма-йоггIу говр хаьхкина шайна орцах вогIу бере гира цунна. (45)Иза объездчик Салахь хилла. (46)Цунна дуьхьалхьаьдда Лоьма, Хьасан а текхош. (47)Салахьа, ша тIекхоччушехь говр йуха а хьовзош, катоьхна шена хьалха хьалаваьккхина Хьасан.

– (48)СхьатIетасало тIехьа! – мохь тоьхна цо Лоьмига.

– (49)ДIалалла! – аьлла Лоьмас, мохал маса ша дIа а эккхаш.

*(Хасаев Хь.Б.)*

6

**Текстан чулацаман анализ.**

«ХIун бахьана дара ведда вогIу Хьасан охьавожаран?» бохучу хаттарна нийса **тIечIагIдаран хаам** жоьпийн муьлхачу вариантехь бу?

1) ***Дукха идда гIелвелла, гIора эшнера Хьасанан.***
2) ***ЧIогIа кхераваларна, цуьнан когаш чуьра са дIадаьллера.***
3) ***Хьасанан когах сицкъар даханера.***
4) ***Хьасанан дог кIадделлера.***

Жоп ________________________________________________

7

**Меттан суртхIотторан гIирсан анализ.**

Меттан суртхIотторан гIирс – **метафора** шеца йолу предложени билгалйаккха.

1) ***Йуххерчу хьуьнха вахана хилла Лоьмий, Хьасанний.***
2) ***Йуьртана лакхахьара схьа йоккха гIовгIа хезна.***
3) ***Делкъхан хуьллуш, мокхачу мархаша марабоьллина, къайлабаьлла малх.***
4) ***Амма Хьасане хIумма а ала оьшуш ца хилла.***

Жоп ________________________________________________

8

***Лексически анализ.***

9-чу предложенера ***«йуххера»*** бохучу дашна ***антоним*** йалайе. ДӀайазйе иза.

Жоп ____________________________________________________________

**3 дакъа**

***2-чу декъера йешначу текстах пайда а оьцуш, къаьстинчу кехата тӀехь 9.1, 9.2 йа 9.3 тӀедахкарех кхочушде ЦХЬАЪ. Оцу тӀедилларна, йалийнчу клишех пайда а оьцуш, дуьззина йозанан жоп ло. Сочинени йазйан йолайале, дӀайазйе хаьржинчу тӀедилларан лоьмар: 9.1, 9.2 йа 9.3.***

9.1

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, сочинени-ойлайар йазйе, Толстойн Л.Н. **«Нохчийн мотт уггар хазачу а, хьалдолчу а меттанех цхьаъ бу, нагахь кхоччуш дика иза хууш хьо велахь»** бохучу дешнийн маьӀна а достуш.
Хьайн жоп тӀечӀагӀдеш, йешначу текста тӀера **ши** масал даладе.
Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.
Лингвистически материал тӀехь тема схьайоьллуш, Ӏилманан йа публицистически стилехь болх йазбан таро йу хьан.
Сочинени дӀайоло мегар ду Толстойн Л.Н. дешнашца.
Сочиненин барам 70 дашал кӀезиг хила ца беза.
Йешначу текстана (йалийначу текстана) тӀе а ца тевжаш йазбинчу белхан мах хадош бац. Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.
Сочинени йазйе цӀена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Цу тӀехь авторца (авторан цӀе) реза ца хила йиш йац ...
2. Масала, текстера ... предложенехь ...
3. Текстан ... предложени йешча, ...
4. Вайн тӀечӀагӀдан йиш йу ...

**Магадо:** йалийна клишеш хийца.

9.2

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе сочинени-ойлайар. Дийца, муха кхета хьо хӀокху предложенин маьӀнех: **«Ша цхьаъ хиллехьара-м,**

**мох санна, дIалаллалур вара иза, амма Хьасан дIа а тесна вадар дагахь а дацара цунна».** Сочиненехь айхьа йешначу текстера хьайн ойлайар нийса хилар гойтуш долу **ши** тIечIагIдар (аргумент) даладе.
Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайиийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. ХIокху предложенин маьIнех (цитированих пайдаэца мегар ду) со иштта кхета ...
2. ХIокху текстехь авторан (авторан цIе) Iалашо йу ...
3. Аьлларг тIечIагIдеш, хьовсур вай предложенешка ...
4. Чаккхенехь (дерзорехь) билгалдолу ...

**<u>Магадо:</u>** йалийна клишеш хийца.

9.3

Муха кхета хьо **ТЕШАМ** бохучу дешан маьIнех? Кепе а далош, комментари йе айхьа цунах билгалдаьккхинчунна.
Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе **«Тешаме доттагI»** темина сочинени-ойлайар айхьа билгалдаьккхинчун буха тIехь.
**Тешамах** лаьцна айхьа билгалдаьккхинарг тIечIагIдеш, **ши** масал-тIечIагIдар даладе: **цхьа** масал-тIечIагIдар даладе йешначу текстера, **шолгIаниг** – хьайн дахарехь зеделлачух.
Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.
Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайиийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.
Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Тешам – иза ... Суна хетарехь, ...
2. ХIокху текстан автора (авторан цIе) къаьсттана вайна гайта лиънарг ду...
3. Дахарера масал далош, ала лаьа ...
4. Лакхахь аьллачунна тIера билгалдолу ...

**<u>Магадо:</u>** йалийна клишеш хийца.

## 17 ВАРИАНТ

### 1 дакъа

***Тексте ла а догIий, къаьстинчу кехата тIехь 1-ра тIедиллар кхочушде. Цкъа хьалха тIедилларан лоьмар дIайазйе, цул тIаьхьа – йозанан болх.***

1

Тексте ла а догIий, жима йозанан болх кхочушбе.

Хаалахь, хьо декхарийлахь ву, хIора хаттарна дуьззина (1-2 предложеница) жоп дала.

Йозанан белхан барам 50 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь ладоьгIначу текстан буха тIехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбина йозанан болх ма-йарра схьайазйина ладоьгIна текст йелахь, оцу белхан **ноль баллаца** мах хадабо.

Жоьпаш терахьашца билгалдаха.

Хаттарш къаьстинчу кехата тIе схьайаздан ца оьшу.

Йозанан болх кхочушбе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Хаттарш:**

1. Муьлха де а, хьенан сурт а ца дицло суна?
2. Массарал а хьоме мила хетара тхуна?
3. Мила вара Белитех тарвала гIерташ?
4. Муха дара тхуна йуккъера доттагIалла?
5. Муха жоп лора Белитас шега деллачу хаттарна?

### 2 дакъа

***2-8 тIедахкарийн жоьпаш хуьлу белхан текстехь жоьпана билгалйинчу дош (дешнийн цхьаьнакхетар).***

2

***Синтаксически анализ.***

ДIайеша текст.

(1)Нохчийн синкъерам кегийрхой вовшашна бовзийта вовшахтухуш меттиг хилла, кхочушбан безаш шен билггала лехамаш а болуш. (2)Ловзар синкъерамах мелла а къаьсташ хуьлу. (3)Уггар хьалха иза доьзна ду ловзарехь дакъалоцуш дуккха а адам хиларца. (4)Тхьамда а, цуьнан гӀоьнчий а баьрччехь хӀоттийнчу стоьла хьалха Ӏаш хуьлу, шайна хьалхарчу шуьнехь тайп-тайпана кхачанаш а, кхехкийна нӀаьна а йолуш.

Нийса **грамматически бух** къастийнчу жоьпан вариант билгалйаккха. ДӀайазйе цуьнан лоьмар.

1) кегийрхой хилла (1-ра предложени)
2) ловзар къаьсташ хуьлу (2-гӀа предложени)
3) дакъалоцуш адам (3-гӀа предложени)
4) тхьамда хьалха Ӏаш хуьлу (4-гӀа предложени)

Жоп ______________________________________________

3

***Пунктуационни анализ.***

**Оьшу сацаран хьаьркаш хӀиттаде.** Айхьа хӀиттийнчу цӀоьмалгийн терахьаш схьайазде.

ЦӀаьххьана чӀогӀа мох а баьлла (1) догӀа тоьхна (2) массо а кегий а (3) даккхий а (4) олхазарш шайн-шайн хӀусамашкахь дӀалевчкъина хилла. Цхьа жима хьоза дисина (5) лачкъа хӀусам йоцуш. Цуьнан хӀусам-м хилла (6) амма генахь. Хьозанан бен цхьана (7) татол тӀехула долчу дитта тӀехь хилла.

Жоп ______________________________________________

4

**Синтаксически анализ.**

Предложенера **йукъадало дош** схьайазде.

**Йиллинчу метте ша цавахарна, мелхо а, цунна хьалха бехкала вахана хьаьвзира Тойсум.**

Жоп ______________________________________________

5

**Орфографически анализ.**

Билгалдаьккхина дош йаздаран нийса тӀечӀагӀдар далийнчу жоьпан вариант билгалйаккха. Оцу жоьпан лоьмар дӀайазйе.

1) **ЛАН** – доьшуш доцу (шеконан) чаккхенгара «Н» йаздо цхьана дешдекъах лаьттачу хандешнийн билгалзчу кепехь.

2) **ЦХЬА ШИЪ** – чолхе билгалза-масаллин терахьдешнаш къаьстина йаздо.

3) **СИХСИХА** – дош карладоккхуш кхолладелла чолхе куцдешнаш цхьаьна йаздо.

4) **ЛЕК-ХА** – дош сехьадоккхуш, шалха элпаш декъа мега.

Жоп ____________________________________________________________

***Текст дIа а йеший, 6-9 тIедахкарш кхочушде.***

(1)Аьхкенан довхачу дийнахь луьйчуш дуккха а бераш дара. (2)Луьйчуш, ловзура бераш, лекхачу берда тIера чулелхара уьш. (3)Нуржан йеара хин йисте, шеца жима Зарет а йалош. (4)ТIера хIуманаш дIа а йаьхна, луьйчуш йоллучу Нуржанна тIаьххье хи чу йолайелира Зарет. (5)Шена хи гIодайуккъе кхаччалц дIа а йахна, хино гал а йохуш, лаьттара иза.

(6)Царна лакхахьо луьйчуш воллучу Хьусайнан бIаьрг кхийтира жимачу Заретах. (7)ТIаккха хи чуьра хьала а ваьлла, и йолчухьа хьаьдира иза. (8)Оцу минотехь галйуьйлуш лаьтта Зарет, охьа а йоьжна, хинан айми чу йаьхьира.

(9)Хьусайн, шен ницкъ ма-кхоччу, чехка тIеведира. (10)Ша тIекхачале хино чутакхийна йоI айми чу кхачаро буьрса кхерам тесира Хьусайнна. (11)«Чуэккхал, хьо вахьахь, ас дIакхоллур ву хьо», – бохуш санна, тулгIенашца керчаш тIекIел а йуьйлуш, буьрса кхерам туьйсура хин аймано. (12)Шен акхачу ницкъаца йаьхьна, бIаьрзе хьовзийнера цо Зарет. (13)«Хьуна хирг бен хир дуй суна, хьо йаккхалахь, кIелхьарайоккхур йу ас, ца йаккхалахь, хьо санна, лийр ву-кх», – бохург а дагахь, ма-воддара, корта хьалха Iункар айми чу иккхира иза. (14)Ша чуоьзна са кхачадале, айми бухахула ка-мIараш хьоькхуш, каде хьаьвзира Хьусайн.

(15)Хьусайнан ка дегIа тIе кхоччушехь, цIубдар санна, схьахьаьрчира хино бIарзйина, садала гергайахна Зарет. (16)Иза шен караеъча, хи буха ши ког а тоьхна, хьалакхоссавелла Хьусайн, йоI а марахь, хи тIе велира. (17)Легашка а, кийра а хи дахана Зарет, са ца даккхалуш, ши бIаьрг а къаьрзина, йиснера. (18)Тасавелла йисте велира кIант.

(19)Ши ког а лаьцна, чехка охьа а йерзийна, йоьIан кийрара хи охьадахийтира Хьусайна.

(20)Зарет хи чу йахна аьлла, цIа орца деъча, йуург йан дама ловсуш йоллучуьра цаца охьа а кхоьссина, шийлачу маьхьарца дIахьаьдира Заретан нана Асмаъ.

(21)Йилхина, бIаьргаш а цIийдина, вовшийн куьйгаш а лаьцна, гонахадевлла бераш а долуш, Нуржанний, Заретттий цIа йогIуш гича, тIекхетта схьаэцна, марайоьллира нанас йоI.

– (22)Бераш, хIара хьала хьан йаьккхира? – хьаттира цо.

– (23)Хьусайна йаьккхира-кх, – жоп делира Нуржана.

– (24)Мичахь ву иза?

– (25)ДIогахь луьйчуш воллу-кх, – Хьусайн волчухьа пIелг хьажийра Нуржана.

(26)Луьйчуш воллучу Хьусайнна тIейахара Асмаъ, цунна баркалла ала.

(27)Ткъа Хьусайн, шек а воцуш, тохара санна, берда тIера хи чу а лелхаш, луьйчуш вара.

(28)Асмаа чIогIа баркалла элира Хьусайнна. (29)Цул тIаьхьа цунна деза совгIат делира цо.

– (30)Доьналла а долуш, дика кIант а хир ву, кхиъна ваьлча, Хьусайнах, – олура Асмаа, ша къамел дан охьахиъча.

(31)Цо иза хестор бахьана долуш, церан лулахоша а везаш лорура иза.

*(Берсанов Х.-А.А.)*

6

***Текстан чулацаман анализ.***

«Асмаа Хьусайнна баркалла аларан хIун бахьана дара?» бохучу хаттарна нийса **тIечIагIдаран хаам** жоьпийн муьлхачу вариантехь бу?

***1) Хьусайнна дика нека дан хаьара.***

***2) Жима Зарет хи буха йоьдучуьра кIелхьарайаьккхинера Хьусайна.***

***3) Хьусайна гIиллакх хIоттийнера цуьнца.***

***4) Хьусайна ишколехь дика доьшура.***

Жоп ____________________________________________________________

7

***Меттан суртхIотторан гIирсан анализ.***

Меттан суртхIотторан гIирс – **фразеологизм** шеца йолу предложени билгалйаккха.

***1) Хьусайн, шен ницкъ ма-кхоччу, чехка тIеведира.***

***2) Шен аккхачу ницкъаца йаьхьна, бIаьрзе хьовзийнера цо Зарет.***

***3) Луьйчуш воллучу Хьусайнна тIейахара Асмаъ, цунна баркалла ала.***

***4) Цо иза хестор бахьана долуш, церан лулахоша а везаш лорура иза.***

Жоп ____________________________________________________________

8

**Лексически анализ.**

19-чу предложенера **«чехка»** бохучу дашна **синоним** йалайе. ДIайазйе иза.

Жоп ____________________________________________________________

## 3 дакъа

*2-чу декъера йешначу текстах пайда а оьцуш, къаьстинчу кехата тIехь дIайазйе хаьржинчу тIедилларан лоьмар: 9.1, 9.2 йа 9.3.*

9.1

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, сочинени-ойлайар йазйе, халкъан хьехархочун Абдуразаковн Ш.И. **«Нохчийн мотт башхачу жовхIарех йуьзна йоккха хазна йу. Оцу жовхIарех бу ойланан муьлхха а агIо гайта таро хуьлуьйту меттан суртхIотторан гIирсаш»** бохучу дешнийн маьIна а достуш. Хьайн жоп тIечIагIдеш, йешначу текста тIера **ши** масал даладе.
Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.
Лингвистически материал тIехь тема схьайоьллуш, Iилманан йа публицистически стилехь болх йазбан таро йу хьан.
Сочинени дIайоло мегар ду Абдуразаковн Ш.И. дешнашца.
Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.
Йешначу текстана (йалийнчу текстана) тIе а ца тевжаш йазбинчу белхан мах хадош бац. Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.
Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Авторан дешнашца реза ца хила хала ду ...
2. ХIара тезис тIечIагIйеш, айса йешначу текстера ... предложенера ... масал далор ду.
3. Текстан ... предложенехь ... кхин цхьаъ ...
4. Вайн таро йу жамI дан ...

**<u>Магадо:</u>** йалийна клишеш хийца.

9.2

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе сочинени-ойлайар. Дийца, муха кхета хьо хIокху предложенин маьIнех: **«Доьналла а долуш, дика кIант хир ву, кхиъна ваьлча, Хьусайнах, – олура Асмаа, ша къамел**

**дан охьахиъча».**

Сочиненехь айхьа йешначу текстера хьайн ойлайар нийса хилар гойтуш долу **ши** тIечIагIдар (аргумент) даладе.

Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированних пайдаэца.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайиийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Суна хетарехь, хIокху кийсакан коьрта ойла иштта йу ...
2. Текстан авторна хетарехь, хIокху кхетамо духе кхиаво ...
3. Лакххахь йалийна ойла тIечIагIйеш, ала лаьа ...
4. Текстера далийнчу масалша тIечIагIдо ...

**<u>Магадо:</u>** йалийна клишеш хийца.

9.3

Муха кхета хьо **ДОЬНАЛЛА** бохучу дешан маьIнех? Кепе а далош, комментари йе айхьа цунах билгалдаькхинчунна.

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе **«Доьналлех цавохар»** темина сочинени-ойлайар айхьа билгалдаькхинчун буха тIехь. **Доьналлех** лаьцна айхьа билгалдаькхинарг тIечIагIдеш, **ши** масал-тIечIагIдар даладе: **цхьа** масал-тIечIагIдар даладе йешначу текстера, **шолгIаниг** – хьайн дахарехь зеделлачух.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайиийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Доьналла – иза ... Сан кхетамехь, ...
2. Автора (авторан цIе) вайна ... предложенешкахь гойту ...
3. Сайн дахарехь зеделлачуьнга а хьаьжна, айса йалийна ойла тIечIагIйан лаьа ...
4. Вайна ма-гарра, ...

**<u>Магадо:</u>** йалийна клишеш хийца.

## 18 ВАРИАНТ

### 1 дакъа

***Тексте ла а догІий, къаьстинчу кехата тІехь 1-ра тІедиллар кхочушде.***

***Цкъа хьалха тІедилларан лоьмар дІайазйе, цул тІаьхьа – йозанан болх.***

1

Тексте ла а догІий, жима йозанан болх кхочушбе.

Хаалахь, хьо декхарийлахь ву, хІора хаттарна дуьззина (1-2 предложеница) жоп дала.

Йозанан белхан барам 50 дашал кІезиг хила ца беза.

Нагахь ладоьгІначу текстан буха тІехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбина йозанан болх ма-йарра схьайазйина ладоьгІна текст йелахь, оцу белхан **ноль баллаца** мах хадабо.

Жоьпаш терахьащца билгалдаха.

Хаттарш къаьстинчу кехата тІе схьайаздан ца оьшу.

Йозанан болх кхочушбе цІена а, йоза къаьсташ а.

**Хаттарш:**

1. Муьлха де а, хьенан сурт а ца дицло суна?
2. Массарал а хьоме мила хетара тхуна?
3. Мила вара Белитех тарвала гІерташ?
4. Муха дара тхуна йуккъера доттагІалла?
5. Муха жоп лора Белитас шега деллачу хаттарна?

### 2 дакъа

***2-8 тІедахкарийн жоьпаш хуьлу белхан текстехь жоьпана билгалйинчу дош (дешнийн цхьаьнакхетар).***

2

***Синтаксически анализ.***

ДІайеша текст.

(1)Делкъхенан малх самукъане хьоьжура, цхьа а марха йоцуш, шенна йи-
синчу хьаьънача стиглара. (2)Басеш маьІ-маьІІера кІайеш, шурул-кІайн
заза охьаэгош, дайн дегадора бошмийн гаьннаш. (3)Цу йуьрта йуккъехь не-
къаца Іуьллучу бацо сенйинчу майданахь геннара дуьйна а къаьсташ схьа-
гучу ишколехь йоккхачу перерывана горгали бийкира. (4)Классаш чуьра
аралилхинчу дешархоша синкъерамечу зевнех йуьзира и йерриге а уьйтІе.

Нийса **грамматически бух** къастийнчу жоьпан вариант билгалйаккха. ДӀайазйе цуьнан лоьмар.

1) малх самукъане хьоьжура (1-ра предложени)
2) заза охьаэгош (2-гӀа предложени)
3) горгали бийкира (3-гӀа предложени)
4) йуьзира и уьйтӀе (4-гӀа предложени)

Жоп ____________________

3

***Пунктуационни анализ.***

**Оьшу сацаран хьаьркаш хӀиттаде.** Айхьа хӀиттийнчу цӀоьмалгийн терахьаш схьайазде.

Нийсса (1) шина берда йуккъехь кхозура чубузу малх. Сехьарчу бердан йистех чухьаьжча гуш дерг (2) ирча дара. Жа оцу чу кхийсинера. Цхьа лазаме узам белира кхуьнан кийрахь (3) амма кхуо иза ара ца балийтира. ХӀара говрийн лорах (4) Шина бердан алмазаш тийжачу кӀаже кхечира. Дийнахь а ларло (5) улло ма гӀо олуш меттиг йара хӀара.

Жоп ____________________

4

***Синтаксически анализ.***

Предложенера **тӀедерзар** схьайазде.

**ТӀаккха цара цуьнга дехна боху: «Воккха стаг, тхо хӀинца кхин а дӀадаха дезаш ду, ткъа хьо кхузахь вуьсу, хьайна дахарехь зеделлачух хьехамаш бехьа тхуна».**

Жоп ____________________

5

**Орфографически анализ.**

Билгалдаькккхина дош йаздаран нийса тӀечӀагӀдар далийнчу жоьпан вариант билгалйаккха. Оцу жоьпан лоьмар дӀайазйе.

1) **КХО ВИЪ** – чолхе билгалза-масаллин терахьдешнаш къаьстина йаздо.
2) **БУЬЙСА** – деха мукъа аьзнаш «И», «УЬ» билгалдеш, царна тӀехьа элп «Й» йаздо.

3) **ТА-ЙНИГ** – дош сехьадоккхуш, «Й» шайна хьалхарчу элпех (дешдекъах) къасто мега.

4) **ЖИМЧУ** – шина дешдекъах лаьттачу лаамазчу мухаллин билгалдешнийн чаккхенгара «А» лач дожаршкахь ца йаздо.

Жоп ______________________________________________________

***Текст дIа а йеший, 6-9 тIедахкарш кхочушде.***

(1)БIаьсте – шеран уггар а хаза мур. (2)Тайп-тайпанчу зевнечу аьзнаша дузу гонахара Iалам. (3)Къаьсттана чIогIа хезаш хуьлу ловзучу берийн аьзнаш. (4)Зурaана дукхадезара бераш, царна ша йезийта а хаьара цунна. (5)Цундела деша йоьдуш, цо дукха ойланаш а ца йира.(6)Хьехархочун корматалла хаьржира цо.

(7)Ша хIинццалц гIоттучул а хьалхе хьалагIаьттира Зураъ тахана.

(8)Иза ишколе кхайкхина йара.

(9)Зураъ ишколе дIакхечира. (10)Берашна хууш дара шайна керла хьехархо йогIуш хилар. (11)Цуьнга чIогIа сатесна бара уьш, цундела хIинца ша-ша цунна улло хIотта а гIерташ, бераша сиха дIакхачийра иза ишколан директорна тIе. (12)ЙоIах шен бIаьрг кхетташехь, цуьнга хьал-де а хоттуш, кабинета чу йигира цо иза. (13)Дуккха а дийцира цо балхах лаьцна, тIаккха къамел дерзош элира:

– (14)ПхоьалгIачу классехь чIогIа дика дешархой бу хьуна, амма цхьа шатайпа дешархо а ву цхьаъ. (15)Ахьмад йу цуьнан цIе. (16)Нагахь цуьнца хьо ларайахь, болх дIагIур бу хьан.

(17)Ахьмада гуттар а хIиттабора хьехархой холчу: цо цара бохург а ца дора, наггахь дуьхьала дош а даладора. (18)Амма классехь болчеран даг тIера ца вужура иза. (19)Цара иза лорура. (20)Цу тIе, цо боххург дан кийча вара царах милла а. (21)Нийсархоша иза ларарехь хетара Зураана, Ахьмад ледара кIант хир вац аьлла.

(22)Зураъ балха арайаьлла масех кIира делира. (23)ПхоьалгIа класс а шайн керлачу куьйгалхочух гIеххьа йоьлла йогIура. (24)Ахьмадна а хетара Зураъ шайн боллучу хьехархойх къаьсташ. (25)Иза чIогIа къинхетаме а, хьекъал долуш а, самукъане а хетара цунна. (26)Цуьнан а шен бахьана дара, хIунда аьлча Зураа классехь дан дезарг Ахьмадах тешадора.

– (27)Вайн класс кхана экскурсе гIур йу. (28)Амма эксурсе вай дахале, ишколехь дIахьош долчу къовсадаларшкахь дакъалаца дезаш ду вай. Ахьмад, хьайна тоба кечйелахь. (29)Ткъа оха, дисинчара, вайна экскурсе даха оьшу кечамаш бийр бу, – элира цо берашка.

(30)Берашна чIогIа тайра и кхаъ, массарал а воккхавера Ахьмад. (31)Тахана дуьххьара диллинера оццул жоьпалле долу гIуллакх цунна тIе. (32)ЧIогIа ирсе винера Ахьмад оцу гIуллакхо.

(33)Цу къовсадаларшкахь хьалхара меттиг йаьккхира Ахьмадан тобано. (34)ЧIогIа самукъадаьллера тахана пхоьалгIачу классан а, церан куьйгалхочун а. (35)Цундела шаьш экскурсе а дахана, хIума йаа охьахевшича, Зураа

баркалла элира шен классана а, Ахьмадна а.

– (36)Ахьмад, хьуна къаьсттана баркалла ала лаьара суна. (37)Со тешна йу, хьайна тIедиллина муьлхха а гIуллакх ахьа кхочушдийр ду аьлла, ледарло а ца йеш. (38)Дела реза хуьлда хьуна! (39)Бераш, нагахь шу реза делахь, хIара Ахьмад вайн классан староста хIоттор вара аса. (40)ХIун аьлла хета шуна? (41)Бераша резахиларца куьйгаш туьйхира.

(42)Цу дийно хийцира Ахьмадан дерриг дахар. (43)Массара а тидам бинера цуьнан. (44)Иза чIогIа хийцавелира дикачу агIор. (45)Шайн классан куьйгалхочун тешамо беллера цунна и ницкъ. (46)Белхан накъосташа хIинца Ахьмад хеставора, Зураана баркалла а олуш.

(47)…Эрна дац доьхначу дагна тешам луш аьлла долу дош. (48)Дагах а кхеташ аьллачу дешан ницкъ боккха бу.

*(Темирбулатова Л. Н.)*

6

***Текстан чулацаман анализ.***

«ХIун бахьана дара Зураа жоьпалле гIуллакх Ахьмадна тIедиллар?» бохучу хаттарна нийса **тIечIагIдаран хаам** жоьпийн муьлхачу вариантехь бу?

***1) И гIуллакх тIедилла кхин дешархо вацара.***

***2) Дешархоша дехар динера классан куьйгалхочуьнга.***

***3) Зураъ Ахьмадах тешара.***

***4) Ахьмада хьехархоша бохург ца дора.***

Жоп ____________________________________________

7

***Меттан суртхIотторан гIирсан анализ.***

Меттан суртхIотторан гIирс – **фразеологизм** шеца йолу предложени билгалйаккха.

***1) Тайп-тайпанчу зевнечу аьзнаша дузу гонахьара Iалам.***

***2) Амма классехь болчеран даг тIера ца вужура иза.***

***3) Зураъ балха арайаьлла масех кIира делира.***

***4) Цу дийно хийцира Ахьмадан дерриг дахар.***

Жоп ____________________________________________

8

***Лексически анализ.***

13-чу предложенера **«къамел»** бохучу дашна **синоним** йалайе. ДIайазйе иза.

Жоп ____________________________________________

### 3 дакъа

***2-чу декъера йешначу текстах пайда а оьцуш, къаьстинчу кехата тIехь 9.1, 9.2 йа 9.3 тIедаххкарех кхочушде ЦХЬАЪ. Оцу тIедилларна, йалийнчу клишех пайда а оьцуш, дуьззина йозанан жоп ло. Сочинени йазйан йолайале, дIайазйе хаьржинчу тIедилларан лоьмар: 9.1, 9.2 йа 9.3.***

9.1

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, сочинени-ойлайар йазйе, Толстойн Л.Н. **«Нохчийн мотт уггар хазачу а, хьалдолчу а меттанех цхьаъ бу, нагахь кхоччуш дика иза хууш хьо велахь»** бохучу дешнийн маьIна а достуш.

Хьайн жоп тIечIагIдеш, йешначу текста тIера **ши** масал даладе.

Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.

Лингвистически материал тIехь тема схьайоьллуш, Iилманан йа публицистически стилехь болх йазбан таро йу хьан.

Сочинени дIайоло мегар ду Толстойн Л.Н. дешнашца.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Йешначу текстана (йалийнчу текстана) тIе а ца тевжаш йазбинчу белхан мах ходош бац. Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Цу тIехь йаздархочуьнца реза ца хила йиш йац …
2. ХIара тезис тIечIагIйеш, хьовсур вай ...
3. Масала, текстан ... предложенехь ...
4. Лакхахь далийнчу масалшка хьаьжча ...

**<u>Магадо:</u>** йалийна клишеш хийца.

9.2

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе сочинени-ойлайар. Дийца, муха кхета хьо текстан тIаьххьарчу предложенийн маьIнех: **«Эрна дац доьхначу дагна тешам луш аьлла долу дош. Дагах а кхеташ аьллачу дешан ницкъ боккха бу».**

Сочиненехь айхьа йешначу текстера хьайн ойлайар нийса хилар гойтуш долу **ши** тIечIагIдар (аргумент) даладе.

Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Йеллачу кийсакан маьIнех со ишттa кхета ...
2. Шен текстехь авторан Iалашо йу ...
3. ХIокху тезисан нийса хилар текстера ... предложенешца тIечIагIдо вай.
4. Цу тайпана, баккъала а ойла нийса йу...

**Магадо:** йалийна клишеш хийца.

9.3

Муха кхета хьо **ТЕШАМ** бохучу дешан маьIнех? Кепе а далош, комментари йе айхьа цунах билгалдаьккхинчунна.

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе **«Муха хила веза тешаме стаг?»** темина сочинени-ойлайар айхьа билгалдаьккхинчун буха тIехь.

Тешамах лаьцна айхьа билгалдаьккхинарг тIечIагIдеш, **ши** масал-тIечIагIдар даладе: **цхьа** масал-тIечIагIдар даладе йешначу текстера, **шолгIаниг** – хьайн дахарехь зеделлачух.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Тешам – иза ... Сан кхетамехь, ...
2. Текстан авторна хетарехь, ...
3. Дахарера масал далош, ала лаьа ...
4. Цу тIера схьа жамI дан таро йу ...

**Магадо:** йалийна клишеш хийца.

# 19 ВАРИАНТ

## 1 дакъа

***Тексте ла а догӀий, къаьстинчу кехата тӀехь 1-ра тӀедиллар кхочушде.***

***Цкъа хьалха тӀедилларан лоьмар дӀайазйе, цул тӀаьхьа – йозанан болх.***

1

Тексте ла а догӀий, жима йозанан болх кхочушбе.
Хаалахь, хьо декхарийлахь ву, хӀора хаттарна дуьззина (1-2 предложеница) жоп дала.

Йозанан белхан барам 50 дашал кӀезиг хила ца беза.
Нагахь ладоьгӀначу текстан буха тӀехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбина йозанан болх ма-йарра схьайазйина ладоьгӀна текст йелахь, оцу белхан **ноль баллаца** мах хадабо.

Жоьпаш терахьашца билгалдаха.

Хаттарш къаьстинчу кехата тӀе схьайаздан ца оьшу.
Йозанан болх кхочушбе цӀена а, йоза къаьсташ а.

**Хаттарш:**

1. Колхозо йуьртана гена йоцуш хӀун йиллира?
2. Бедаш Ӏалашйан тӀейиллинчу кхаа белхалочо муха Ӏалашйора уьш?
3. Бедаш чуйерзо баннаш муха йина йара?
4. ХӀун бахьана долуш аьтто бара бад лаца чагӀалкхийн а, цхьогалийн а?
5. Хехочух ларлуш, бедашна муха тебара акхарой?

## 2 дакъа

***2-8 тӀедахкарийн жоьпаш хуьлу белхан текстехь жоьпана билгалйинчу меттехь дӀайаздан дезаш долу терахь, терахьийн хьалха-тӀаьхьалла йа дош (дешнийн цхьаьнакхетар).***

2

***Синтаксически анализ.***
ДӀайеша текст.

(1)Дукха хьолахь гуьйренан тӀаьххьарчу деношкахь дуьллу ло. (2)И догӀуш массарна а хаза ца хетахь а, амма цо дерриге а гонаха мел дерг башхачу басе дерзадо. (3)Кир тоьхча санна, кӀайло некъаш. (4)Диттийн гаьннаш а кӀайчу бамбех дуьзна ду, амма хьо шайх дӀахьакхалушшехь, дерриш а хецалой, хьуна тӀеоьгу уьш.

Нийса **грамматически бух** къастийнчу жоьпан вариант билгалйаккха. ДӀайазйе цуьнан лоьмар.

1) деношкахь дуьллу ло (1-ра предложени)
2) мел дерг басе дерзадо (2-гӀа предложени)
3) кӀайло некъаш (3-гӀа предложени)
4) бамбех дуьзна ду (4-гӀа предложени)

Жоп ____________________

3

***Пунктуационни анализ.***

**Оьшу сацаран хьаьркаш хӀиттаде.** Айхьа хӀиттийнчу цӀоьмалгийн терахьаш схьайазде.

Къеналле лестина (1) доьдучу шен дахаро дай баьхначу махка берзийнера Тумишин некъ. Кхузахь шена сагатдеш цхьа а воций хаьара (2) делахь а ДегӀастане са лаьттара цуьнан. Йахар ца хиллехь а (3) йалар мукъане а (4) нохчашна йукъахь хила лаьара. ТӀегӀертачу суьйрено йазйинера (5) шен дахарх лаьцна (6) цо йеш йолу ойланаш.

Жоп ____________________

4

***Синтаксически анализ.***

Предложенера **даран суьртан латтам** схьайазбе.

**Тайп-тайпанчу меттигашкара схьабаьхкинехь а, кхузахь болу нах бертахь Ӏаш бара.**

Жоп ____________________

5

**Орфографически анализ.**

Билгалдаьккхина дош йаздаран нийса тӀечӀагӀдар далийнчу жоьпан вариант билгалйаккха. Оцу жоьпан лоьмар дӀайазйе.

1) **КӀАЙН** – доьшуш доцу (шеконан) чаккхенгара «Н» йаздо цхьана дешдекъах лаьттачу билгалдешнийн йуьхьанцарчу кепехь.

2) **ДУ-КХ** – дешдакъа ца кхуллуш долу дакъалг «КХ» ша сехьадаккха мега.

3) **ВОКХКХА** – дашехь шалха ши элп йух-йуххехь нислахь, и ши элп дуьззина дІайаздо.

4) **ЙУЬХЬ** – дукхаллин терахьехь хІокху цІердешан чаккхенгара мукъаза аз шала ца долу.

Жоп ____________________________________________________________

*Текст дІа а йеший, 6-9 тІедахкарш кхочушде.*

(1)БІаьсте йаьлчахьана дуьйна бина барт а болуш, аьхка ишколера цІа хецча, эвлана хьалхарчу ахка тІе гуллора бераш. (2)Муха долу а ца хууш, самукъане чекхдолу йоьккхане де. (3)Бераша тайп-тайпана ловзарш вовшахтухура кхузахь: бай тІехь охьатохархь латар, чхар цхьана куьйгаца гена кхоссар, секхаІодаца пха нийса тохар.

(4)Къийсадаларшкахь бІаьрлаволуш вара йуьртара Дауд боху кІант. (5)Деккъа цхьана хьуьнарш къовсарехь дакъалаьцна а ца Іара иза. (6)Цо ишколехь «Дешархо» цІе йолчу пенан газетана дохкучу суьрташна бІаьрг тІехІуттура массеран а. (7)Цундела «ишколан суртдиллархо» олура Даудах. (8)Тахана иза айми тІехь, малхбасахь, Іаш вара, суьрташ дохкуш. (9)Цигара дІасахьаьжча, дика гора цунна шен нийсархой а, гонахара хаза Іалам а. (10)Иштта тидамца хьоьжуш Іаш цунна гира, дІога лахахь, тІулга тІехь, ког шершина хи чу стаг охьакхеташ. (11)Стаг охьаваххьал доккха доцчу хи чуьра иза хьала ца гІаттавелча, Даудна дагатесира: «Билггал Іийса ву-кх!»

(12)Йуьртара заьІап жима стаг вара иза. (13)Цхьа куьг а, цхьа ког а чолакх хиларна, уллохь накъост воцуш шерачу новкъа дІасаваха а вуно хала дара цунна. (14)ХІетте а бераш гуллучу айми тІе а веана, цаьрца хан йаккха лууш, хи чухула дехьавала гІерташ хиллера иза. (15)ТІай кхузахь дан а дацара.

(16)Вагийча санна, хьалаикккхина Дауд, ког ма-боллу ведда, Іийсана гІоьнна вахара. (17)Иза хьаьдда воьдуш гина, бераш а дахара тІаьхьа. (18)Ма-воддара тІеккхеттачу Дауда Іийса хи чуьра хьалагІаттийра.

– (19)Лаза-м ца вина хьо, Іийса?

– (20)ХІан-хІа, хІумма а ца дина суна, – элира Іийсас. – (21)Баркалла хьуна, Дауд. (22)Баркалла шуна, бераш, массарна а! (23)ДІадуьло. (24)Со вухавоьрзур ву, малхехь сайн бедарш йакъа а йалийтина. (25)Со охьакхетта ма алалаш нанига. (26)ДогкІеда йу иза, йоьлхур йу.

(27)Эхь хеташ вухагІерташ воллушехь, цуьнан белшаш кІел хІоьттина, Даудий, Олхазарий татолах дехьаваьккхира Іийса. (28)Иза бегІийлачу метте охьа а хаийна, цуьнан тІехулара бедарш йакъо малхе а тесна, бераш айми чу лилхира, пхьидаш санна. (29)Шозза-кхузза чу а кхетта, схьавеана Дауд-м, ша йолийна эскизаш чекхйохуш, суьрташ дахка волавелира.

(30)Кхано, де дохлучу хенахь, кетІахь Іийсана тІедаьхкира дукkха а бераш, хьалха Дауд а волуш. (31)Цара шайца айми тІе вигира Іийса.

(32)ЭхІ, ма цецваьллера-кх Іийса шаьш ахка чу дІакхаьчча. (33)Сел-

хана Дауда шен альбома тIехь ма-диллара, лаьтташ жима гIашлойн тIай дара татола тIехь, шина а агIор, охьа ца кхетийта схьалаца йина ларанаш а йолуш. (34)Сийссарехь барт а бина, хIораммо а шайн цIера у, дечигаш, диг, херх, жIов, морзах беана, Iуьйранна дуьйна тилла долийна тIай де дохдалале тиллина а даьлла, Iийса вига даьхкина хиллера бераш. (35)ТIай тIехула дехьа а ваьлла, цхьа даггара баркалла элира Iийсас берашна.

(36)Иштта баркалла олура берашна богIу-боьлхучу баккхийчара а. (37)Массарна а дакъа ма дара цуьнан.

(38)ХIетахь дуьйна царна йукъахь тасаделла доттагIалла гуттаренна а чIагIделира.

– (39)ХIинца-м хьо ишколе а лелалур вара хьуна, Iийса, – элира Дауда, дешарх иза мел хьоьгу хууш.

(40)Iийса ойлане вуьйлура, ша хIун дича бакъахьа хир ду, ца хаьара цунна.

ду вай ишколе.

– (44)Дика ду. (45)Цхьаьна дIаса а гIур ду, оха гIо а дийр ду хьуна, Iийса. (46)Шек ма валахь.

(47)...Тамашийна хетаелира Iийсана гуьйренан и хаза Iуьйре, Дауд а, Олхазар а ша волчу а веана, цаьрца ша ишколе ваха араваьлча.

(48)Хазахетаро даьхна хиш бIаьргашкахь а къегаш, тIаьхьа хьоьжура Iийсан нана Себила:

– (49)Дешарний, дахарний йуьстах ца виси-кх сан кIант шу беркате бераш бахьанехь. (50)Баркалла шуна!

*(Кагерманов Д.Д.)*

6

***Текстан чулацаман анализ.***

«ХIун бахьана дара Iийсана ша охьакхетар нанна хаийта цалааран?» бохучу хаттарна нийса **тIечIагIдаран хаам** жоьпийн муьлхачу вариантехь бу?

***1) Нанас айми тIе кхин вохуьйтур вацара Iийса.***
***2) КIант нанас шена довдарна кхоьрура.***
***3) КIентан накъостий бехке бийр бара нанас.***
***4) Iийса шен нана йелхарна кхоьрура.***

Жоп ______________________________________________

7

***Меттан суртхIотторан гIирсан анализ.***

Меттан суртхIотторан гIирс – **фразеологизм** шеца йолу предложени бил-

галйаккха.

***1) Со вухавоьрзур ву, малхехь сайн бедарш йакъа а йалийтина.***

***2) ДогкIеда йу иза, йоьлхур йу.***

***3) Тахана иза айми тIехь, малхбасахь, Iаш вара, суьрташ дохкуш.***

***4) ЭхI, ма цецваьллера-кх Iийса, шаьш ахка чу дIакхаьчча.***

Жоп ____________________________________________________________

8

***Лексически анализ.***

1-чу предложенера **«эвлана»** бохучу дашна **синоним** йалайе. ДIайазйе иза.

Жоп ____________________________________________________________

**3 дакъа**

***2-чу декъера йешначу текстах пайда а оьцуш, къаьстинчу кехата тIехь 9.1, 9.2 йа 9.3 тIедахкарех кхочушде ЦХЬАЪ. Оцу тIедилларна, йалийнчу клишех пайда а оьцуш, дуьззина йозанан жоп ло. Сочинени йазйан йолайале, дIайазйе хаьржинчу тIедилларан лоьмар: 9.1, 9.2 йа 9.3.***

9.1

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, сочинени-ойлайар йазйе, халкъан хьехархочун Абдуразаковн Ш.И. «**Нохчийн мотт хьалдолуш а, аьхна а мотт бу, уггар хаза, кIорггера дог-ойланаш ма-йарра цIена, нийса, йуьззина йийца йиш йолуш»** бохучу дешнийн маьIна а достуш.

Хьайн жоп тIечIагIдеш, йешначу текста тIера **ши** масал даладе.

Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.

Лингвистически материал тIехь тема схьайоьллуш, Iилманан йа публицистически стилехь болх йазбан таро йу хьан. Сочинени дIайоло мегар ду Абдуразаковн Ш.И. дешнашца.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Йешначу текстана (йалийнчу текстана) тIе а ца тевжаш йазбинчу белхан мах хадош бац. Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Суна хетарехь ... Тезис тIечIагIйеш, хьовсур вай ...
2. Масална текстан ... предложени йало мегар ду.
3. Автора шен текстан ... предложенехь меттан гIирсах ... пайдаоьцу.
4. Вайна ма-гарра, ...

**<u>Магадо:</u>** йалийна клишеш хийца.

9.2

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе сочинени-ойлайар. Дийца, муха кхета хьо текстан тӀаьххьарчу предложенийн маьӀнех: **«Дешарний, дахарний йуьстах ца виси-кх сан кӀант шу беркате бераш бахьанехь. Баркалла шуна!»** Сочиненехь айхьа йешначу текстера хьайн ойлайар нийса хилар гойтуш долу **ши** тӀечӀагӀдар (аргумент) даладе.
Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.

Сочиненин барам 70 дашал кӀезиг хила ца беза.

Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цӀена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Суна хетарехь, автора (авторан цӀе) йешархо ойлайарна тӀевуьгу...
2. ХӀокху тезисан нийса хилар текстера ... предложеница (-ешца) тӀечӀагӀдо вай.
3. Предложенино (-еша) тӀечӀагӀйо ойла …
4. Вайна ма-гарра, ...

<u>**Магадо:**</u> йалийна клишеш хийца.

9.3

Муха кхета хьо **КЪИНХЕТАМ** бохучу дешан маьӀнех? Кепе а далош, комментари йе айхьа цунах билгалдаьккхинчунна.
Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе **«Муха хила веза къинхетаме стаг?»** темина сочинени-ойлайар айхьа билгалдаьккхинчун буха тӀехь. **Къинхетамах** лаьцна айхьа билгалдаьккхинарг тӀечӀагӀдеш, **ши** масал-тӀечӀагӀдар даладе: **цхьа масал**-тӀечӀагӀдар даладе йешначу текстера, **шолгӀаниг** – хьайн дахарехь зеделлачух.

Сочиненин барам 70 дашал кӀезиг хила ца беза.

Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цӀена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Къинхетам – иза ... Сан кхетамехь, ...
2. Автора (авторан цӀе) вайна ... предложенехь гойту ...
3. Сайн дахарехь зеделлачуьнга а хьаьжна, айса йалийна ойла тӀечӀагӀйан лаьа ...
4. Цу тӀера схьа жамӀ дан таро йу ...

**Магадо:** йалийна клишеш хийца.

## 20 ВАРИАНТ

### 1 дакъа

***Тексте ла а догӀий, къаьстинчу кехата тӀехь 1-ра тӀедиллар кхочушде.***

***Цкъа хьалха тӀедилларан лоьмар дӀайазйе, цул тӀаьхьа – йозанан болх.***

1

Тексте ла а догӀий, жима йозанан болх кхочушбе.

Хаалахь, хьо декхарийлахь ву, хӀора хаттарна дуьззина (1-2 предложеница) жоп дала.

Йозанан белхан барам 50 дашал кӀезиг хила ца беза.

Нагахь ладоьгӀначу текстан буха тӀехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбина йозанан болх ма-йарра схьайазйина ладоьгӀна текст йелахь, оцу белхан **ноль баллаца** мах хадабо.

Жоьпаш терахьашца билгалдаха.

Хаттарш къаьстинчу кехата тӀе схьайаздан ца оьшу.

Йозанан болх кхочушбе цӀена а, йоза къаьсташ а.

1. Колхозо йуьртана гена йоцуш хӀун йиллира?
2. Бедаш Ӏалашйан тӀейиллинчу кхаа белхалочо муха Ӏалашйора уьш?
3. Бедаш чуйерзо баннаш муха йина йара?
4. ХӀун бахьана долуш аьтто бара бад лаца чагӀалкхийн а, цхьогалийн а?
5. Хехочух ларлуш, бедашна муха тебара акхарой?

### 2 дакъа

***2-8 тӀедахкарийн жоьпаш хуьлу белхан текстехь жоьпана билгалйинчу меттехь дӀайаздан дезаш долу терахь, терахьийн хьалха-тӀаьхьалла йа дош (дешнийн цхьаьнакхетар).***

2

***Синтаксически анализ.***

ДӀайеша текст.

(1)БІешерийн дохалла нохчочун хьолан цхьаъ бен доцу хьоста хилла лаьттира латта. (2)Долахь ши-кхо урд, шуьста йа иттех уьстагІ болу доьзал хьалдолуш лорура. (3)Йаа сискал а, даго дечиг а, тІейуха чордачу машин бедарш а хилчахьана, тоам бора стага. (4)Амма мел къен велахь а, тІехууш дика дин а, йукъах доьхкуш тоьлла герз а хила дезара боьршачу стеган.

Нийса **грамматически бух** къастийнчу жоьпан вариант билгалйаккха. ДӀайазйе цуьнан лоьмар.

1) хьоста хилла лаьттира (1-ра предложени)
2) доьзал лорура (2-гӀа предложени)
3) тоам бора стага (3-гӀа предложени)
4) герз хила дезара (4-гӀа предложени)

Жоп ______________________________________________

3

***Пунктуационни анализ.***

**Оьшу сацаран хьаьркаш хӀиттаде.** Айхьа хӀиттийнчу цӀоьмалгийн терахьаш схьайазде.

Тхевнаш тӀера ладаршца ледда (1) лайн хишца аренашка Іаьнна (2) дӀадахара Іа. Лаьттера хьоналла дӀайаларна кхоьруш санна (3) дитташ тӀехь а (4) аренашкахь а (5) цхьатерра гӀаьттира гӀа-буц. Сихха зазадаьккхира бошмаша а. Денна а (6) бохлуш болчу малхах къехкаш санна (7) стиглахь цхьа а марха ца хаалора.

Жоп ______________________________________________

4

***Синтаксически анализ.***

Предложенера **латтам** схьайазбе.

**Нохчийн къоман оьздангаллехь Іаламат мехала йу стеган Іаламца йолу йукъаметтиг.**

Жоп ______________________________________________

5

***Орфографически анализ.***

Билгалдаьккхина дош йаздаран нийса тӀечӀагӀдар далийнчу жоьпан вариант билгалйаккха. Оцу жоьпан лоьмар дӀайазйе.

1) **ГАН** – доьшуш доцу (шеконан) чаккхенгара «Н» йаздо цхьана дешдекъах лаьттачу хандешнийн билгалзчу кепехь.

2) **БА-ЙРАКХ** – дош сехьадоккхуш, «Й» шайна хьалхарчу элпех (дешдекъах) къасто мега.

3) **МА ГАРРА** – дакъалг «МА» къаьстина йаздо, шеца лелачу дешан орамера мукъаза аз шалхадолуш делахь.

4) **ЧӀАРХ АЬЛЛА** – АЬЛЛА боху дош тӀекхетарца кхолладелла чолхе куцдешнаш къаьстина йаздо.

Жоп ___________________________________________________________

***Текст дӀа а йеший, 6-19 тӀедахкарш кхочушде.***

(1)БӀаьстенан бовха малх хьаьжча, кех ара а ваьлла, гӀанта тӀехь Ӏара Адам. (2)Дезткъа шо дуьзна стаг вара иза.

(3)ХӀара кетӀа ваьлла гина, схьагӀертара кхуьнан лулахо Сурхо. (4)ХӀара шиъ жима волуш дуьйна цхьаьна хьалакхиъна вара: цхьаьна левзина а, махках ваьккхина а, жималла дӀакхехьна а.

– (5)ХӀей! (6)Жима къонах, ассаламу Ӏалайкум! – велавелла, тӀевеара иза Адамна.

– (7)Малхе ваьлла хьо, хьайн неӀ дохдан?

– (8)Ва Ӏалайкум салам! (9)НеӀ-м дохлучуьра даьллера вайшиннан, кестта шеллур ду…

– (10)Жима волуш дуьйна шеллуш ву-кх хьо, Адам.

(11)«ДоттагӀ! ДоттагӀ!», – мохь хезира кху шинна. (12)Новкъахула вогӀу цхьайтта-шийтта шо долу кӀант вара и мохь беттарг. (13)Генаваьлла воьдучу шен нийсархочуьнга кхойкхура иза. (14)Схьагарехь, цӀе хуучух тера дацара, цундела «доттагӀ» бохура цо.

– (15)Маржа-йаӀ, – сингаттаме вистхилира Сурхо, корта а ластош. – (16)Ма атта олу-кх хӀинцалерчу кегийрхоша «доттагӀ», цхьана хенахь ма деза дара-кх и дош. (17)Вешел а уллера вара дика доттагӀ…

(18)Сурхона дика дагадогӀура массо а хӀума, Дала ира иэс деллера цунна, тӀулга тӀехь аьгна зайла-йоза санна, лаьттара цуьнан дагахь йахна зама. (19)Кхуо кест-кеста хьахадора и, Адам жима волуш дуьйна шеллуш ву олий. (20)Иза ларамза дацара. (21)ХӀара шиъ дукха жима волуш, буьрсо Ӏа деъначу заманахь, дечиган салазаш а эцна, эвла йисте уьш хахка вахча, ша кагбелла, Сурхо хи чу вахара. (22)Кхача орца а дацара, мохь хезехь стаг а ца гора. (23)Шен кегийчу озачу куьйгашца шийлачу маьхьарца тӀелеттера цунна Адам, дӀа ца хоьцура доттагӀчун кетар. (24)Хино ша буха ийзавора Сурхо, балдаш сенделлера, куьйгаш дахьийнера, хица а, шелонца а къийса ницкъ ца биснера.

– (25)Адам, дӀахецахь со, ма кӀордий-кх суна хӀара шело а, хьан мохь а. (26)Кху хино хӀинцца ший а ша буха хьур ву-кх вайшиъ.

– (27)Вахьийта! (28)ХӀумма а дац! (29)Ас хоьцур вац хьо дӀа! – цуьнан гӀорийнчу беснеш тӀехь бӀаьрхиша тачанаш дехкинера.

(30)«ХӀара валийта йиш ма йац» аьлча санна, тохавелира Сурхо, ницкъ карийна, шан йистах а тасавелла, хьалаозийра цо орамаш йуккъе бахна ши ког. (31)НеӀармачаш хи чохь а йуьсуш, гучубелира ши ког, Адама хьа лаозийча.

(32)ТIаккха кхетамчуьра велира Сурхо…

(33)Хала а, атта а, карчийна салаз тIе а виллина, иза цIехьа озийра кIанта. (34)Салаз озо тесна бахтар хедира. (35)ТIехьара а титтира, шен ницкъ ма-ббу. (36)Охьаветтавелла, голаш хедийнера. (37)Кхоьлина йара, новкъахь стаг ца гора, дIо генахь туьнталгийн кIур бен. (38)Адамна шена наб йогIура, шело а ца хаалора, салаз мел теттича а, дIа а ца йоьдура. (39)ТIаккха салазан хьалха а ваьлла, Сурхон когаш шен кетар буха мара а боьхкина, наб кхийтира цунна.

(40)Дечкера вогIучу Салманна гира и сурт. (41)Ши кIант дийна а хир вац моьттура цунна. (42)Сихха говрана тIаьхьара дечиг дIа а хецна, ши кIант говрахь йуьрта вадийра цо.

(43)Вехха Iиллира ши кIант меттахь. (44)Цул тIаьхьа, гIоле а хилла, и шиъ араваьлла дуьххьара гича, бIаьсте а йаьллера. (45)Ши кIант вехха Iийра, тахана санна, кху кетIарчу попан гуьйриг тIехь.

– (46)Адам, хьо сан уггар уллера, уггар а дика доттагI ву хьуна, – элира Сурхос. – (47)Велла дIаваллалц со а ву хьан доттагI, – куьг кховдийра кIанта.

– (48)Вайшиъ ишта а ма вара ши доттагI, – куьг къевлира Адама. (49)БIаьргаш чохь воккхавер а гора, ша зуьйш тIехIоьттинчу бохамах чекхвала доьналла тоарх. (50)Дахаран доккха декхар кхочушхиллера Адаман, кхин сов доьналла ца гайтича а.

(51)Ши стаг вист ца хуьлуш Iара, догIу-доьлху берашка а хьоьжуш. (52)Iаламах, хIаваах, хIора мIаьргонах марзо эца Iамийнера и шиъ дахаро.

*(Закриева А.М.)*

6

***Текстан чулацаман анализ.***

«ХIун бахьана дара Сурхос Адам жима волуш дуьйна шеллуш ву аларан?» бохучу хаттарна нийса **тIечIагIдаран хаам** жоьпийн муьлхачу вариантехь бу?

***1) Адаман жимчохь дуьйна тIейуха йовха бедарш йацара.***

***2) Адам даима а шийлачу хих кхоьруш вара.***

***3) Адам йовхо дукхайезаш вара.***

***4) Сурхо ша буха воьдучуьра хьалавоккхуш, шелвеллера Адам.***

Жоп ___________________________________________________________

7

***Меттан суртхIотторан гIирсан анализ.***

Меттан суртхIотторан гIирс – **эпитет** шеца йолу предложени билгалйаккха.

***1) Генаваьлла воьдучу шен нийсархочуьнга кхойкхура иза.***

***2) НеIармачаш хи чохь а йуьсуш, гучубелира ши ког, Адама хьалаозийча.***
***3) Шен кегийчу озачу куьйгашца шийлачу маьхьарца тIелеттера цунна Адам, дIа ца хоьцура доттагIчун кетар.***
***4) Кхоьлина йара, новкъахь стаг ца гора, дIо генахь туьнталгийн кIур бен.***

Жоп ______________________________________________

8

***Лексически анализ.***

14-чу предложенера **«доттагI»** бохучу дашна **синоним** йалайе. ДIайазйе иза.

Жоп ______________________________________________

**3 дакъа**

***2-чу декъера йешначу текстах пайда а оьцуш, къаьстинчу кехата тIехь 9.1, 9.2 йа 9.3 тIедахкарех кхочушде ЦХЬАЪ. Оцу тIедилларна, йалийнчу клишех пайда а оьцуш, дуьззина йозанан жоп ло. Сочинени йазйан йолайале, дIайазйе хаьржинчу тIедилларан лоьмар: 9.1, 9.2 йа 9.3.***

9.1

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, сочинени-ойлайар йазйе, халкъан хьехархочун Абдуразаковн Ш.И. **«Нохчийн мотт башхачу жовхIарех йуьзна йоккха хазна йу. Оцу жовхIарех бу ойланан муьлхха а агIо гайта таро хуьлуьйту меттан суртхIотторан гIирсаш»** бохучу дешнийн маьIна а достуш. Хьайн жоп тIечIагIдеш, йешначу текста тIера **ши** масал даладе.

Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.

Лингвистически материал тIехь тема схьайоьллуш, Iилманан йа публицистически стилехь болх йазбан таро йу хьан.

Сочинени дIайоло мегар ду Абдуразаковн Ш.И. дешнашца.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Йешначу текстана (йалийнчу текстана) тIе а ца тевжаш йазбинчу белхан мах хадош бац. Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьа-йазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Авторан дешнашца реза ца хила хала ду ...
2. ХIара тезис тIечIагIйеш, айса йешначу текстера ... предложенера ... масал далор ду.
3. Текстан ... предложенехь ... кхин цхьаъ ...
4. Вайн таро йу жамI дан ...

**Магадо:** йалийна клишеш хийца.

9.2

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе сочинени-ойлайар. Дийца, муха кхета хьо хIокху предложенин маьIнех: **«Ма атта олу-кх хIинцалерчу кегийрхоша «доттагI», цхьана хенахь ма деза дара-кх и дош. Вешел а уллера вара дика доттагI…».**
Сочиненехь айхьа йешначу текстера хьайн ойлайар нийса хилар гойтуш долу **ши** тIечIагIдар (аргумент) даладе.
Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.
Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.
Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.
Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Суна хетарехь, хIокху кийсакан коьрта ойла иштта йу ...
2. Текстан авторна хетарехь, хIокху кхетамо духе кхиаво ...
3. Лакхахь йалийна ойла тIечIагIйеш, ала лаьа ...
4. Текстера далийнчу масалша тIечIагIдо ...

**Магадо:** йалийна клишеш хийца.

9.3

Муха кхета хьо **ДОТТАГIАЛЛА** бохучу дешан маьIнех? Кепе а далош, комментари йе айхьа цунах билгалдаькххинчунна.
Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе **«Муха хуьлу бакъволу доттагI?»** темина сочинени-ойлайар айхьа билгалдаькххинчун буха тIехь. **ДоттагIаллех** лаьцна айхьа билгалдаькххинарг тIечIагIдеш, **ши** масал-тIечIагIдар даладе: **цхьа** масал-тIечIагIдар даладе йешначу текстера, **шолгIаниг** – хьайн дахарехь зеделлачух.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. ДоттагIалла – иза ... Сан кхетамехь, ...
2. Автора (авторан цIе) вайна ... предложенешкахь гойту ...
3. Сайн дахарехь зеделлачуьнга а хьаьжна, айса йалийна ойла тIечIагIйан лаьа ...
4. Вайна ма-гарра, ...

**<u>Магадо:</u>** йалийна клишеш хийца.

## 21 ВАРИАНТ

### 1 дакъа

***Тексте ла а догIий, къаьстинчу кехата тIехь 1-ра тIедиллар кхочушде.***

***Цкъа хьалха тIедилларан лоьмар дIайазйе, цул тIаьхьа – йозанан болх.***

1

Тексте ла а догIий, жима йозанан болх кхочушбе.

Хаалахь, хьо декхарийлахь ву, хIора хаттарна дуьззина (1-2 предложеница) жоп дала.

Йозанан белхан барам 50 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь ладоьгIначу текстан буха тIехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбина йозанан болх ма-йарра схьайазйина ладоьгIна текст йелахь, оцу белхан **ноль баллаца** мах хадабо.

Жоьпаш терахьашца билгалдаха.

Хаттарш къаьстинчу кехата тIе схьайаздан ца оьшу.

Йозанан болх кхочушбе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Хаттарш:**

1. Колхозо йуьртана гена йоцуш хIун йиллира?
2. Бедаш Iалашйан тIейиллинчу кхаа белхалочо муха Iалашйора уьш?
3. Бедаш чуйерзо баннаш муха йина йара?
4. ХIун бахьана долуш аьтто бара бад лаца чагIалкхийн а, цхьогалийн а?
5. Хехочух ларлуш, бедашна муха тебара акхарой?

### 2 дакъа

***2-8 тIедахкарийн жоьпаш хуьлу белхан текстехь жоьпана билгалйинчу меттехь дIайаздан дезаш долу терахь, терахьийн хьалха-тIаьхьалла йа дош (дешнийн цхьаьнакхетар).***

2

***Синтаксически анализ.***

ДIайеша текст.

(1)ТIехIоьттинчу Iуьйрено теттина Башломан дукъа тIехьара гучубаьккхира дашо малх. (2)Йекъа Iохкучу ламанийн басешкара йуткъачу шакаршца, эшаршца гIевттина, тIемадевлла, хIаваэхь декъадала дуьйладелира олхазарш. (3)БIаьрг мел кхочучу а дIайоьттина, литтанаш, холанаш, такхораш дина, лаьттара гурахь ламанхоша хьаькхна йол. (4)Царах цхьайерш ламанхоша Iаьнна дIакхехьна, эхе йевлла а, кхачайелла а йара.

Нийса **грамматически бух** къастийнчу жоьпан вариант билгалйаккха. ДІайазйе цуьнан лоьмар.

1) Іуьйрено гучубаьккхира (1-ра предложени)
2) гІевттина олхазарш (2-гІа предложени)
3) ламанхоша хьаькхна (3-гІа предложени)
4) цхьайерш ккхачайелла а йара (4-гІа предложени)

Жоп ____________________________________________

3

***Пунктуационни анализ.***

**Оьшу сацаран хьаьркаш хІиттаде.** Айхьа хІиттийнчу цІоьмалгийн терахьаш схьайазде.

Шеца дисна долу лайн хиш дІасадекъа (1) сихделира латта. Арахь техкачу зезагаша а (2) стоьмийн дитташа (3) лесточу генаша а (4) догІа доьхура. Къаьсттана (5) чІогІа и оьшура хьалайевллачу хьаьжкІашна. Іаламан доІина жоп луш санна (6) Дала аренашка догІа а Іанийра (7) бІаьстенан тІаьххьарчу деношкахь.

Жоп ____________________________________________

4

***Синтаксически анализ.***

Предложенера **къастам** схьайазбе.

**Сов сиха говрара охьа а иккхина, говра хаа элира беречо къеначу стаге.**

Жоп ____________________________________________

5

***Орфографически анализ.***

Билгалдаьккхина дош йаздаран нийса тІечІагІдар далийнчу жоьпан вариант билгалйаккха. Оцу жоьпан лоьмар дІайазйе.

1) **ГО-ВР** – дош сехьадоккхуш, цхьана дешдекъах лаьтта дош декъа мегар ду.

2) **КІОН** – доьшуш доцу (шеконан) чаккхенгара «Н» йаздо цхьана дешдекъах лаьттачу билгалдешнийн йуьхьанцарчу кепехь.

3) **ПХИ ЙАЛХ** – чолхе билгалза-масаллин терахьдешнаш къаьстина йаздо.

4) **СО, ХЬО, ТХО** – хIара йаххьийн цIерметдешнаш хотталург, дустург дожаршкахь ораман мукъа аз хуьйцуш йаздо.

Жоп ______________________________________________________

***Текст дIа а йеший, 6-9 тIедахкарш кхочушде.***

(1)Селимин йалх шо кхаьчнера. (2)Иза йехаш йара хазачу, исбаьхьчу йуьртахь – Шуьйтахь. (3)СелимагIеран боккха доьзал бара – дедай, денаний, дай-наний, жимахволу ши ваший: Исламмий, Идриссий. (4)Церан хаза, йоккха беш йара. (5)Беш Iалашйеш, иза лелош вара Селимин деда – Салман.

(6)Iуьйранна массо а доьзал доккхачу туьркийн дитта кIелахь чай мала охьахуура.

(7)И туьркийн дитт Салмана къона волчу хенахь дIадоьгIна дара. (8)Салмана шен кIентан йоIе олура:

– (9) Цу дитта бухахь дашочу тIорказ чохь дIадоьллина ду хьан а, хьан шина вешин а ирс. (10)Шу даккхий хилча, схьадоккхур ду вай цу бухара и тIорказ.

(11)Ткъа йоIа, цецйолий, шен дедега хоттура:

– (12)Дада, оццул дукха садетта хIунда деза? (13)ХIинццехь схьадаккха мегар дацара и цу бухара?

(14)Дедас, вела а къежий, жоп лора:

– (15)Мегар дац. (16)Собар дан деза йоккха хиллалц. (17)Йоккха хилча, кхетар йу хьо ас бохучух.

(18)Цкъа, цхьана дийнахь, дагахь а доццург хилира. (19)Ловзуш лаьтташехь, вон а хилла, охьавуьйжира Селимин ваша – Идрис. (20)Дас-нанас катоьхна гIала лоьрех чекхваккха охьавигира иза. (21)Лоьраша кIантана сихонца операци йан йезар хаийтира. (22)Ткъа и операци кхечу пачхьалкхехь бен йеш йацара. (23)Сарахь Салмана сацам бира шен кIентан доьзал Франце дIабахийта.

(24)Идрисана Парижехь, тоьллачу клиникехь, операци а йира. (25)Операци йиначу профессоро кхин а йалх шарахь шена тIевало веза элира кIант, дикка иза товаллалц.

(26)ДIаоьхура денош, Идрис товелла вогIуш вара.

(27)Иштта дIайелира йалх шо хан-зама. (28)Идрисана операци йиначу профессоран куьйгаш дашо хилар бахьана долуш, кIант кхоччуш товелира. (29)ХIинца СелимагIеран доьзалан цIа баха йиш йара.

(30)Масех де даьлча, шайн лулахошца а, доттагIашца а, халачу хенахь гIо лаьцначаьрца а Iодика а йина дIасакъаьстинчул тIаьхьа, Селимин дешичас Мохьмада аэропорте дIабигира хIорш.

(31)Соьлжа-ГIаларчу аэропорте СелимагIарна дуьхьал баьхкинера дуккха а гергара нах.

– (32)Мама, ма хаза ду вайн Нохчийчохь! (33)Ма дика ду вай цIа даьх-

кина – Іен а ца йелла, мохь туьйхира Селимас.

– (34)Дера ду-кх, Селима. (35)Шен цІахь доцург дош а ма дац, – тІетодира нанас.

(36)Аэропортера Шуьйта боьду некъ бахбеллера массарна а, ма-дарра аьлча, сихха цІа кхача лаьара.

(37)Машенаш кхеран цІийнан хьалха севцира. (38)Селима, массарел хьалха охьа а йоьссина, чуйедира. (39)Уггар хьалха бІаьрг кхийтира цуьнан туьркийн дитта кІелахь хІоттийнчу йоккхачу стоьлах а, шен дедех а. (40)Дада къевллина маравоьллира Селимас.

– (41)Дада, и туьркийн дитта бухара дашо тІорказ хІинца а долуш дуй?– хаьттира цо.

– (42)Дера ду. (43)Хьо цІахь йоцуш, ас лардира и тІорказ, – велавелира деда.

(44)Селима хІинца йоккха йара. (45)Хаьара цунна дитта бухахь цхьа а тІорказ доцийла, кхийтира иза шен деден дешнийн маьІнех, иза хІун ала гІертара.

(46)Селимин ирс шен цІахь ду ала гІертара цуьнан деда Салман. (47)Массо а стеган ирс цуьнан орамаш болчохь – иза винчу, вехачу меттехь, гергара нах а, доттагІий а болчохь ду.

(48)Ирс – иза хьан ненан аганан илли а, ахь буьйцу ненан мотт а бу.

(49)Ирс – иза нанас бина кхача бу. (50)Ирс – иза стеган Даймохк бу. (51)Стеган дахаран некъаша иза мичхьа а вигахь, шен Даймохк а, шен ненан мотт а, орамаш а бицбан бакъо йац цуьнан. (52)Иза хууш, цунах кхетта верг ирс долуш стаг ву.

*(Мажаева М. А.)*

☐

6

***Текстан чулацаман анализ.***

«ХІун бахьана дара Селимина Францера сиха цІа йан лааран?» бохучу хаттарна нийса **тІечІагІдаран хаам** жоьпийн муьлхачу вариантехь бу?

1) ***Селимин цІахь ловзаргаш йисинера.***
2) ***Селимин туьркан диттана хи тоха сагатделлера.***
3) ***Селимина шен Даймохк дукхабезара.***
4) ***Парижехь хаза ца хетара Селимина.***

Жоп ___________________________________________________________

☐

7

***Меттан суртхІотторан гІирсан анализ.***

Меттан суртхІотторан гІирс – **метафора** шеца йолу предложени билгалйаккха.

***1) ДІаоьхура денош, Идрис товелла вогІуш вара.***

***2) Иштта дIайелира йалх шо хан-зама.***

*3) Идрисана операци йиначу профессоран куьйгаш дашо хилар бахьана долуш, кIант кхоччуш товелира.*

*4) ХIинца СелимагIеран доьзалан цIа баха йиш йара.*

Жоп ________________________________________________________________

8

***Лексически анализ.***

39-чу предложенера **«йоккхачу»** бохучу дашна **антоним** йалайе. ДIайазйе иза.

Жоп ________________________________________________________________

**3 дакъа**

***2-чу декъера йешначу текстах пайда а оьцуш, къаьстинчу кехата тIехь***

***9.1, 9.2 йа 9.3 тIедахкарех кхочушде ЦХЬАЪ. Оцу тIедилларна, йалийнчу клишех пайда а оьцуш, дуьззина йозанан жоп ло. Сочинени йазйан йолайале, дIайазйе хаьржинчу тIедилларан лоьмар: 9.1, 9.2 йа 9.3.***

9.1

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, сочинени-ойлайар йазйе, халкъан хьехархочун Абдуразаковн Ш.И. **«Нохчийн мотт хьалдолуш а, аьхна а мотт бу, уггар хаза, кIорггера дог-ойланаш ма-йарра цIена, нийса, йуьззина йийца йиш йолуш»** бохучу дешнийн маьIна а достуш.

Хьайн жоп тIечIагIдеш, йешначу текста тIера **ши** масал даладе.

Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.

Лингвистически материал тIехь тема схьайоьллуш, Iилманан йа публицистически стилехь болх йазбан таро йу хьан. Сочинени дIайоло мегар ду Абдуразаковн Ш.И. дешнашца.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Йешначу текстана (йалийнчу текстана) тIе а ца тевжаш йазбинчу белхан мах хадош бац. Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Суна хетарехь, ... Тезис тIечIагIйеш, хьовсур вай ...

2. Масална текстан ... предложени йало мегар ду.
3. Авторо шен текстан ... предложенехь меттан гIирсах ... пайдаоьцу.
4. Вайна ма-гарра, ...

**<u>Магадо:</u>** йалийна клишеш хийца.

9.2

Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе сочинени-ойлайар. Дийца, муха кхета хьо текстан тIаьххьарчу предложенийн маьIнех: **«Дера ду-кх, Селима. Шен цIахь доцург дош а ма дац, – тIетодира нанас».** Сочиненехь айхьа йешначу текстера хьайн ойлайар нийса хилар гойтуш долу **ши** тIечIагIдар (аргумент) даладе.
Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.
Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.
Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайиийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.
Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Суна хетарехь, авторо (авторан цIе) йешархо ойлайарна тIевуьгу...
2. ХIокху тезисан нийса хилар текстера ... предложеница (-ешца) тIечIагIдо вай.
3. Предложенино (-еша) тIечIагIйо ойла …
4. Вайна ма-гарра, ...

**<u>Магадо:</u>** йалийна клишеш хийца.

9.3

Муха кхета хьо **ИРС** бохучу дешан маьIнех? Кепе а далош, комментари йе айхьа цунах билгалдаьккхинчунна.
Лахахь йалийнчу клишех пайда а оьцуш, йазйе **«Стенца доьзна ду адаман ирс?»** темина сочинени-ойлайар айхьа билгалдаьккхинчун буха тIехь. **Ирсах** лаьцна айхьа билгалдаьккхинарг тIечIагIдеш, **ши** масал-тIечIагIдар даладе: **цхьа масал**-тIечIагIдар даладе йешначу текстера, **шолгIаниг** – хьайн дахарехь зеделлачух.
Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.
Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайиийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.
Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Ирс – иза ... Сан кхетамехь, ...
2. Автора (авторан цIе) вайна ... предложенехь гойту ...
3. Сайн дахарехь зеделлачуьнга а хьаьжна, айса йалийна ойла тIечIагIйан лаьа ...
4. Цу тIера схьа жамI дан таро йу ...

**<u>Магадо:</u>** йалийна клишеш хийца.

## 22 ВАРИАНТ

### 1 дакъа

***Тексте ла а догIий, къаьстинчу кехата тIехь 1-ра тIедиллар кхочушде.***

***Цкъа хьалха тIедилларан лоьмар дIайазйе, цул тIаьхьа – йозанан болх.***

1

Хаалахь, хьо декхарийлахь ву, хIора хаттарна дуьззина (1-2 предложени-ца) жоп дала.

Йозанан белхан барам 50 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь ладоьгIначу текстан буха тIехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбина йозанан болх ма-йарра схьайазйина ладоьгIна текст йелахь, оцу белхан **ноль баллаца** мах хадабо.

Жоьпаш терахьашца билгалдаха.

Хаттарш къаьстинчу кехата тIе схьайаздан ца оьшу.

Йозанан болх кхочушбе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Хаттарш:**

1. Стенах йозуш йу адаман син хазалла?
2. Мичара схьабогIуш хила беза дикачу синхаамийн орамаш?
3. ХIун ду кхетош-кхиорехь уггаре халаниг?
4. Маца хир дац берах бакъдолу адам?
5. Муьлха бу адамна уггаре а богIуш болу некъ?

### 2 дакъа

***2-8 тIедахкарийн жоьпаш хуьлу белхан текстехь жоьпана билгалйинчу дош (дешнийн цхьаьнакхетар).***

2

***Синтаксически анализ.***

ДIайеша текст.

(1)Доккхачу хи тIехь сов чIогIа синкъераме дара. (2)Детин басахь йолу хин тулгIеш а хедош, сихха дIа-схьа лелаш гора кегийра а, даккхийра а хIордан кеманаш, иштта цIена, сийна катерш а. (3)Церан сихалло тIехьайуьту йаккхий тулгIенаш, шурул-кIайн мекхаш санна, лаьттара. (4)Хьун санна лаьттачу мачташна тIера бес-бесара байракхаш махо ловзош йара.

Нийса **грамматически бух** къастийначу жоьпан вариант билгалйаккха. ДIайазйе цуьнан лоьмар.

1) хи синкъераме дара (1-ра предложени)
2) гора хIордан кеманаш (2-гIа предложени)
3) сихалло тIехьайуьту (3-гIа предложени)
4) махо ловзош йара (4-гIа предложени)

Жоп ____________________________________________

3

***Пунктуационни анализ.***

**Оьшу сацаран хьаьркаш хIиттаде.** Айхьа хIиттийначу цIоьмалгийн терахьаш схьайазде.

Вайнехан уггар дикачу гIиллакхех цхьаъ ду (1) веллачун сий дар. Оцу гIиллакхо нахана доьхкура стаг веллачу йукъана (2) йуьртахь ловзар дар (3) синкъерам вовшахтохар (4) веллачун доьзал бехачу кетIахула дIасавалар. Бохам хиллачу доьзалан догъэцар (5) цуьнгара бала байбан гIертар (6) нахана тIедуьллура цо.

Жоп ____________________________________________

4

***Синтаксически анализ.***

Предложенера **йукъадало дош** схьайазде.

**Кхузахь тIех мел волучун хаттарна жоп луш лаьтташ ву со, цул сов, хьо кхин дIа водахь, хьуна хьалха цхьа кхерам нислур буй хаийта а лаьа суна.**

Жоп ____________________________________________

5

***Орфографически анализ.***

Билгалдаьккхина дош йаздаран нийса тIечIагIдар далийначу жоьпан вариант билгалъяккха. Оцу жоьпан лоьмар дIайазйе.

1) **МА ТУЬЙХХИ** – дакъалг «МА» къаьстина йаздо, шеца лелачу дешан орамера мукъаза аз шалхадолуш делахь.

2) **ЦАХЕЗНА** – «ЦА» дакъалг дацаран маьIнехь хандашца цхьаьна йаздо.
3) **ЛЕН** – доьшуш доцу (шеконан) чаккхенгара «Н» йаздо цхьана деш-декъах лаьттачу хандешнийн билгалзчу кепехь.

4) **ТИНАЛЛА** – деха мукъа аьзнаш «И», «УЬ» билгалдеш, царна тIехьа элп «Й» ца йаздо.

Жоп ________________________________________________

***<u>Текст дIа а йеший, 6-9 тIедахкарш кхочушде.</u>***

(1)Йуха а тIекхечира дерриг Iалам хаздеш йогIу эсала бIаьсте.

(2) Беша йистехь кIеззиг цIен бос кхета кIайн заза дуьйхина, кура лаьттара туьркан дитт. (3)БIаьстено, керла гIабали а йелла, кечдинера и. (4)Дитт цигахь лаьтташ долуш хийла хийцаелира шеран заманаш. (5)Хийла бераш левзира диттан IиндагIехь.

(6)Ишта дIаоьхура шераш, и къанлуш, стамлуш. (7)Цуьнца цхьаьна къанвеллера кху декъа тIера воккха стаг Нажмудди. (8)Цо жима волуш, безамна дугIу аьлла, доьгIнера иза. (9)Хи а детташ, гуо оххуш, кхиийра. (10)Шена халахетар йа хазахетар хилча, цунна тIе воьдура Нажмудди. (11)Дика стом луш дитт дара и, амма тIаьхьарчу шина-кхаа шарахь туьркаш ца летайора цу тIе. (12)Инзаре хаза хуьлура заза, ткъа стом ца кхуьура. (13)ХIетте а, Нажмуддин даг тIера бала дIаойура цуьнан зазано. (14)ХIинца а Iара и, сих-сиха дитта кIел гIант а дуьллий, кетIа хьоьжуш. (15)Цу диттана и массарел дика вевзара.

(16)Цхьана Iуьйранна бешахь цхьацца гIуллакхаш деш дара Нажмуддин нуссий, кIанттий.

– (17)ХIара дитт дIахадо деза ахь, эрна IиндагI а ца латтадойтуш, – элира Лайлаа хIусамдега. – (18)Кхунах бала кхин пайда а бац, тIелетош туьркаш ца хилча. (19)Ас кхуза сьрамсекх йа хох буьйр бу.

(20)Жимачу Сулиймех самукъадаьлла воллуш Нажмудди а волуш, тIевеара диг а карахь цуьнан кIант:

– (21)Дада, и туьркан дитт дIадаккха воллу со. (22)Цу тIе кхин туьркаш летош йац, – элира цо.

(23)Воккхачу стеган йуьхь кхоьлира:

– (24)ДIадаккха воллу, тов! (25)Суна ца лаьа и дIадаккха. (26)Сан ду-кха дагалецамаш бу цуьнца, кIант. (27)Со дIаваьлчахьана, кхуьур ву хьо айхьа бохург дан а.

– (28)ХIан, дика ду, – ахь бохург дийр ду-кх ас тIаккха, – аьлла, чувахара кIант.

(29)Сарахь воккха стаг беша веара. (30)Шен хебаршка дахана къинхетаме куьг хьаькхира цо диттa тIе: «ХIун деш ду хьо, сан гIийлачу ойланийн ладогIархо? – олуш. – (31)Хьан хазалло гуттар а дог доккхадедина сан, гIайгIанаш тейина. (32)Хьо дIадаккха муха эр дара? (33)Вайшиъ даима а цхьаьна хилла ма дара. (34)Сан деган доттагIа, со мел ву, хьо лаьттар ду хьуна!»

(35)Мохехь техкара туьркан дитт, воккхачу стеган дешнаш хезаш санна. (36)«Хьо цкъа а вац со дицделла лелла. (37)Хьо мел ву, со лаьттар ду. (38)Ткъа ас… ас хIора а бIаьста хьуна заза Iенор ду, хьан дуьне йалсаманех тардеш», – хезаш боцчу шен маттахь къаночуьнга бохуш санна, гIийла шабарш дора цуьнан гIаша.

(39)Цул тIаьхьа йелира диъ шо зама. (40)Iа дIадала гергадаханера. (41)Юха а бIаьстенан йовхоне сатуьйсуш Iара дитт. (42)И санна дуьне дохдаларе хьежна волу Нажмудди бIаьстенга ца велира. (43)Шен диттан Iодика йан а цIа кхуьуш, дIавахара и гуттаренна а.

(44)Йеана схьахIоьттира сийна бIаьсте. (45)Цу бIаьстенна доьлуш, хазлуш дара Iалам. (46)Массо а дитт самаделира, цхьаъ доцург. (47)Нажмуддин туьрко заза ца даьккхира. (48)Ша дукхадезнарг дIаваьлча, дакъаделира и.

(49)ДIауьдура денош. (50)Гурахь йуха а шен хIусамдега и дIадаккхарх лаьцна къамел долийра Лайлаа.

– (51)И дитт сан ду! (52)Ас гуттар а, дадас санна, лелор ду и, хи а тухуш, гуо а охкуш!– цIаьххьана вистхилира хIинццалц баккхийчара дуьйцучуьнга ладоьгIуш йуххе хьийзина Сулима.

– (53)Сулима бакъ лоь. (54)Дитт вай хадор дац, и мукха делахь а. (55)Сулима, хьан ду-кх и дитт. (56)Ас сайн ден безамна хьуна делла-кх и, – элира Хьусайна.

(57)КIентан йуьхь йекхаелира. (58)И хазахетар кийра тар ца делла, тIекхетта да маравоьллира цо.

(59)ДIайелира гуьйре, цунна тIаьххье Iа а дIадахара. (60)IиндагIе хIотта Нажмудди воцуш, дуьххьара бIаьсте йара туьркан диттана йеанарг. (61)Амма хан йухахьаьвзича санна, цунна гонаха хьийзара шен аматаш чIогIа дедечух тера долу Сулима. (62)Цу беран деган йовхо эххар а кхечира диттан орамашка. (63)Iуьйранна набарх долу бер санна, самаделира туьркан дитт. (64)Массо а цецвоккхуш, йуха а даьстира цо шен исбаьхьа заза. (65)Цу тIехь ца сецира диттан хаза туьйра. (66)Дукха ца Iаш, гаьннаш дуьззина туьркаш летийра цунна тIе, кхин а инзарбохуш нах.

*(Саламбиева Я.Б.)*

☐

6

***Текстан чулацаман анализ.***

«ХIун бахьана дара Нажмуддина туьркан дитт дIадаккха цалааран?» бохучу хаттарна нийса **тIечIагIдаран хаам** жоьпийн муьлхачу вариантехь бу?

1) ***Цу тIе дуккха а туьркаш латайора.***
2) ***И бен кертахь кхин дитт дацара.***
3) ***Воккхачу стеган дукха дагалецамаш бара цуьнца.***
4) ***Цуьнан кIантана Хьусайнна дукхадезара и дитт.***

Жоп ______________________________________________

7

***Меттан суртхIотторан гIирсан анализ.***

Меттан суртхIотторан гIирс – **эпитет** шеца йолу предложени билгалйаккха.

1) ***Йуха а тIеккхечира дерриг Iалам хаздеш йогIу эсала бIаьсте.***
2) ***ХIинца а Iара и, сих-сиха дитта кIел гIант а дуьллий, кетIа хьоьжуш.***
3) ***Цу бIаьстенна доьлуш, хазлуш дара Iалам.***
4) ***Нажмуддин туьрко заза ца даьккхира.***

Жоп ______________________________________________

8

***Лексически анализ.***

39-чу предложенера **«зама»** бохучу дашна **синоним** йалае. ДIайазйе иза.

Жоп ______________________________________________

**3 дакъа**

***2-чу декъера йешначу текстах пайда а оьцуш, къаьстинчу кехата тIехь дIайазйе хьаржинчу тIедилларан лоьмар: 9.1, 9.2 йа 9.3.***

9.1

Лахахь йалийначу клишех пайда а оьцуш, сочинени-ойлайар йазйе, Усларан П.К. **«Нохчийн мотт чIогIа къен хетар даржош берш цунах цхьана а кепара кхеташ боцу нах бу. Мелхо а, и мотт, шен гIоьнца адаман ойланан уггаре кIоргера агIонаш а йийцалур йолуш, чIогIа хьалдолуш бу»** бохучу дешнийн маьIна а достуш.

Хьайн жоп тIечIагIдеш, ешначу текста тIера **ши** масал даладе.

Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.

Лингвистически материал тIехь тема схьайоьллуш, Iилманан йа публицистически стилехь болх йазбан таро йу хьан.

Сочинени дIайоло мегар ду Усларан П.К. дешнашца.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Йешначу текстана (йалийначу текстана) тIе а ца тевжаш йазбинчу белхан

мах хадош бац. Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайиийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.
Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

1. Цу тIехь авторца (авторан цIе) реза ца хила йиш йац ...
2. Масала, текстера ... предложенехь ...
3. Текстан ... предложени йешча, ...
4. Вайн тIечIагIдан йиш йу ...

**Магадо:** йалийна клишеш хийца.

9.2

Лахахь йалийначу клишех пайда а оьцуш, йазйе сочинени-ойлайар. Дийца, муха кхета хьо хIокху предложенин маьIнах: **«Цу беран деган йовхо эххар а кхечира дитташ орамашка».** Сочиненехь айхьа йешначу текстера хьайн ойлайар нийса хилар гойтуш долу **ши** тIечIагIдар (аргумент) даладе Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.
Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.
Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайиийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.
Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Суна хетарехь, автора (авторан цIе) ешархо ойлайарна тIевуьгу...
2. ХIокху тезисан нийса хилар текстера ... предложеница (-ешца) тIечIагIдо вай.
3. Предложенино (-еша) тIечIагIйо ойла …
4. Вайна ма-гарра, ...

**Магадо:** йалийна клишеш хийца.

9.3

Муха кхета хьо **ДЕГАН ЙОВХО** бохучу дешан маьIнах? Кепе а далош, комментари йе айхьа цунах билгалдаькkхинчунна.
Лахахь йалийначу клишех пайда а оьцуш, йазйе **«Муха хуьлу деган йовхо йолу стаг?»** темина сочинени-ойлайар айхьа билгалдаькkхинчун буха тIехь. **Деган йовхонах** лаьцна айхьа билгалдаькkхинарг тIечIагIдеш,

**ши** масал-тIечIагIдар даладе: **цхьа** масал-тIечIагIдар даладе йешначу текс-тера, **шолгIаниг** – хьайн дахарехь зеделлачух.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Деган йовхо – иза ... Сан кхетамехь, ...
2. Автора (авторан цIе) вайна ... предложенехь гойту ...
3. Сайн дахарехь зеделлачуьнга а хьаьжна, айса йалийна ойла тIечIагIйан лаьа ...
4. Цу тIера схьа жамI дан таро йу ...

**<u>Магадо:</u>** йалийна клишеш хийца.

## 23 ВАРИАНТ

### 1 дакъа

***Тексте ла а догIий, къаьстинчу кехата тIехь 1-ра тIедиллар кхочушде.***

***Цкъа хьалха тIедилларан лоьмар дIайазйе, цул тIаьхьа – йозанан болх.***

1

Тексте ла а догIий, жима йозанан болх кхочушбе.
Хаалахь, хьо декхарийлахь ву, хIора хаттарна дуьззина (1-2 предложеница) жоп дала.
Йозанан белхан барам 50 дашал кIезиг хила ца беза.
Нагахь ладоьгIначу текстан буха тIехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбина йозанан болх ма-йарра схьайазйина ладоьгIна текст йелахь, оцу белхан **ноль баллаца** мах хадабо.
Жоьпаш терахьашца билгалдаха.
Хаттарш къаьстинчу кехата тIе схьайаздан ца оьшу.
Йозанан болх кхочушбе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Хаттарш:**

1. Стенах йозуш йу адаман син хазалла?
2. Мичара схьабогIуш хила беза дикачу синхаамийн орамаш?
3. ХIун ду кхетош-кхиорехь уггаре халаниг?
4. Маца хир дац берах бакъдолу адам?
5. Муьлха бу адамна уггаре а богIуш болу некъ?

### 2 дакъа

***2-8 тIедахкарийн жоьпаш хьуьлу белхан текстехь жоьпана билгалйинчу дош (дешнийн цхьаьнакхетар).***

2

***Синтаксически анализ.***
ДIайеша текст.

(1)Заманан йохаллехь хийламмо йийцина хьо, Кавказан исбаьхьа хазал-

ла! (2)Набаран тар тесча гIенах дуьхьал а туьйсуш, сайн нанна тIаьхьа со беран хенахь ма-велххара, хийла вилхина со хьуна, со вина, со кхиий-на болу сан Нана-Даймохк. (3)Карадац суна дешнаш хьо бийца а, хасто а! (4)Амма цхьана а тайпана ницкъ хир бац хьоьга болу бовха безам сан кийрара башо.

Нийса **грамматически бух** къастийначу жоьпан вариант билгалйаккха. ДӀайазйе цуьнан лоьмар.

1) хийламмо йийцина (1-ра предложени)
2) хийла вилхина со (2-гӀа предложени)
3) хьо бийца а, хасто а (3-гӀа предложени)
4) ницкъ хир бац хьоьга (4-гӀа предложени)

Жоп ________________________________________

3

***Пунктуационни анализ.***

**Оьшу сацаран хьаьркаш хӀиттаде.** Айхьа хӀиттийначу цӀоьмалгийн терахьаш схьайазде.

Баккхийчу нахана хаьара шайна тӀехӀиттина лаьттачу къоначарна йукъахь хьекъална а (1) хьуьнаршна а (2) шайл цаоьшурш буйла. Хаьара шайл тӀаьхьа цара оцу майданахь шайн меттиг дӀалаца езийла а (3) цундела баккхийчу наха сий дора тӀекхуьучу къоначийн. Царалахь къастабой (4) шайна тӀеийзабора хьекъале (5) хьуьнаре (6) кегийрхой.

Жоп ________________________________________

4

***Синтаксически анализ.***

Предложенера **нийса кхачам** схьайазбе.

**ТӀаьххьара а, ша лелориг дош доцийла а хиъна, бӀаьстене дӀайелира Ӏаьно шен меттиг.**

Жоп ________________________________________

5

***Орфографически анализ.***

Билгалдаьккхина дош йаздаран нийса тӀечӀагӀдар далийначу жоьпан вариант билгалйаккха. Оцу жоьпан лоьмар дӀайазйе.

1) **ЦА БЕЗАМ** – «ЦА» дакъалг цӀердашца къаьстина йаздо.
2) **ГӀИЛА** – деха мукъа аьзнаш «И», «УЬ» билгалдеш, царна тӀехьа элп «Й» ца йаздо.
2) **ЦХЬАЖИММА** – ЦХЬА боху дош тӀекхетарца кхолладелла чолхе куцдешнаш цхьаьна йаздо.

4) **СОЬЛЖА** – долахь цIердешнаш жимачу элпаца йаздо.

Жоп

***Текст дIа а еший, 6-9 тIедахкарш кхочушде.***

(1)Шен уггаре дика доттагI Хьамзат волчу хьошалгIа веънера Ахьмад, хIара ишколе оьхуш хIунда вац-те аьлла, сагатделла, кхуьнца жимма ловза дагахь а. (2)Иза ишколе ванза кхо-диъ де а дара. (3)Шен нана Айза дIайахчахьана Хьамзат ишколе ван дог догIуш а, йа башха самукъадолуш а вацара. (4)Цхьа тамашийна гIайгIане воьжна вара иза даима а.

(5)Ахьмад уггар уллера доттагI вара Хьамзатан. (6)Цуьнга балхабора цо даима шен бала, даг тIера тIулг охьабоьжча санна, сапаргIатдолура тIаккха. (7) Шен дан долчу агIор накъосталла дора Ахьмада доттагIчунна даима а. (8)Доцца аьлча, Хьамзатан деган доттагI вара Ахьмад.

– (9)Хьамзат, со дика кхеташ ву хьоьгарчу хьолах, сан пхи шо долуш дIайаьлла сан нана. (10)Тахана а, хIинций-хIинций чоьхьайолу-кх бохуш, ларйо ас и. (11)Суна хIинца а ца дицло цуьнан кIеда, ховха куьйгаш, цуьнан безамехь й е л акъажар. (12)ДIавалахь, Хьамзат, Айза-м схьайалор йара, сел гIайгIане ма хилахь, – жимма Хьамзатан бала дIаайа дагахь хилира Ахьмад. – (13)Хьо ишколе ванза кхо-диъ де а ду, хьан хьехархо а йу, бахара, хьуна сагатдеш, хьо ишколе хIунда ца вогIу-те бохуш.

(14)Шен доттагIчо аьлларг тан а тайна, йуьхь тIера бос хийцира Хьамзата:

– (15)Ахьмад, Дела реза хуьлда хьуна! (16)Дика ду, со вогIур ву тахана ишколе, – элира цо.

(17)ХIара ишколе дIакхаьчча, хьехархочун чIогIа самукъадаьллера:

– (18)Хьамзат, хьо ишколе хIунда ца вогIура, – аьлла, йелакъажарца бегаш бан йуьйлира Марьям Майрбековна. (19)Хьамзат вистхилале, цу меттехь Ахьмад кхечира кху шинна тIе. (20)Хьамзатана хьалха дийца башха бегIийла ца хетта:

– (21)Вало, Хьамзат, урок йолайелла, – олуш, и йуьстахваьккхина, ша Марьям Майрбековнина йуххехь сецна, дийцира цо Хьамзатан хьал.

(22)Хьалхара урок нохчийн меттан урок йара ХьамзатгIеран, ткъа нохчийн меттан хьехархо кхеран куьйгалхо Марьям Майрбековна йара. (23)Урок дIайолайелира. (24)Цу урокехь ненах лаьцна сочинени йазйан йезаш йара.

(25)Кест-кеста стоьла буха хьожура Хьамзат. (26)Ткъа Марьям Майрбековнас цуьнан тидам бо дикка хан йара. (27)Горгали бека ма-бийкки, цхьа хIума кисана таIийра Хьамзата. (28)Переменехь Хьамзат тIекхайкхира хьехархочо:

– (29)Дийцахьа, Хьамзат, хIун йу хьоьгахь йерг?

(30)Меллаша шен киснара сурт хьаладаьккхира Хьамзата. (31)Ненан сурт дара цуьнгахь дерг.

– (32)Нана йала хьан, Хьамзат! – аьлла, маравоьллира хьехархочо кIант. (33)Ша хIун дина цуьнан дог паргIатдоккхур дара ца хууш, йоьхнера иза. (34)ХIара шиъ иштта лаьтташ долуш, Ахьмад веара кхарна тIе. (35)Буйнахь доллу сурт гича, бIаьргех хи даьлла, хорам хилира Ахьмадна а. (36)Цо чIагIо йира, цIа вахча, шен дега накъосталла а дехна, Хьамзатан нана схьайало.

*(Шовхалова Хь.Н.)*

6

***Текстан чулацаман анализ.***

«ХIун бахьана дара Хьамзат, ишколе ца оьхуш, йукъахваларан?» бохучу хаттарна нийса **тIечIагIдаран хаам** жоьпийн муьлхачу вариантехь бу?

***1) Хьамзат могуш воцуш хиллера.***

***2) Дас ишколе ца вохуьйтура Хьамзат.***

***3) Шен нана дIайахчахьана Хьамзат ишколе ван дог догIуш вацара.***

***4) Хьехархочо дов динера кIантана.***

Жоп ____________________________________________________________

7

***Меттан суртхIотторан гIирсан анализ.***

Меттан суртхIотторан гIирс – **фразеологизм** шеца йолу предложени билгалйаккха.

***1) Цхьа тамашийна гIайгIане воьжна вара иза даима а.***

***2) Тахана а, хIинций-хIинций чоьхьайолу-кх бохуш, ларйо ас и.***

***3) Хьамзат вистхилале, цу меттехь Ахьмад кхечира кху шинна тIе.***

***4) Цу урокехь ненах лаьцна сочинени йазйан йезаш йара.***

Жоп ____________________________________________________________

8

***Лексически анализ.***

25-чу предложенера **«кест-кеста»** бохучу дашна **синоним** йалае. ДIайазйе иза.

Жоп ____________________________________________________________

## 3 дакъа

***2-чу декъера йешначу текстах пайда а оьцуш, къаьстинчу кехата тІехь 9.1, 9.2 йа 9.3 тІедахкарех кхочушде ЦХЬАЪ. Оцу тІедилларна, йалийначу клишех пайда а оьцуш, дуьззина йозанан жоп ло. Сочинени йазйан йолайале, дІайазйе хаьржинчу тІедилларан лоьмар: 9.1, 9.2 йа 9.3.***

9.1

Лахахь йалийначу клишех пайда а оьцуш, сочинени-ойлайар йазйе, Толстойн Л.Н. **«Нохчийн мотт уггар хазачу а, хьалдолчу а меттанех цхьаъ бу, нагахь кхоччуш дика иза хууш хьо велахь»** бохучу дешнийн маьІна а достуш.

Хьайн жоп тІечІагІдеш, йешначу текста тІера **ши** масал даладе.
Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.
Лингвистически материал тІехь тема схьайоьллуш, Іилманан йа публицистически стилехь болх йазбан таро йу хьан.

Сочинени дІайоло мегар ду Толстойн Л.Н. дешнашца.

Сочиненин барам 70 дашал кІезиг хила ца беза.
Йешначу текстана (йалийначу текстана) тІе а ца тевжаш йазбинчу белхан мах хадош бац. Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цІена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Цу тІехь йаздархочуьнца реза ца хила йиш йац
2. ХІара тезис тІечІагІйеш, хьовсур вай ...
3. Масала, текстан ... предложенехь ...
4. Лакхахь далийначу масалшка хьаьжча, ...

**<u>Магадо:</u>** йалийна клишеш хийца.

9.2

Лахахь йалийначу клишех пайда а оьцуш, йазйе сочинени-ойлайар. Дийца, муха кхета хьо текстан тІаьххьарчу предложенийн маьІнах: **«Доцца аьлча, Хьамзатан деган доттагІ вара Ахьмад».**
Сочиненехь айхьа йешначу текстера хьайн ойлайар нийса хилар гойтуш долу **ши** тІечІагІдар (аргумент) даладе.
Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.

Сочиненин барам 70 дашал кІезиг хила ца беза.

Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

1. Йеллачу кийсакан маьIнах со иштта кхета ...
2. Шен текстехь авторан Iалашо йу...
3. ХIокху тезисан нийса хилар текстера ... предложенешца тIечIагIдо вай.
4. Цу тайпана, баккъала а ойла нийса йу ...

**<u>Магадо:</u>** йалийна клишеш хийца.

9.3

Муха кхета хьо **ДОТТАГIАЛЛА** бохучу дешан маьIнах? Кепе а далош, комментари йе айхьа цунах билгалдаькkхинчунна.

Лахахь йалийначу клишех пайда а оьцуш, йазйе **«Муха хуьлу дика доттагI?»** темина сочинени-ойлайар айхьа билгалдаькkхинчун буха тIехь. **ДоттагIаллех** лаьцна айхьа билгалдаькkхинарг тIечIагIдеш, **ши** масал- тIечIагIдар даладе: **цхьа** масал-тIечIагIдар даладе йешначу текстера, **шолгIаниг** – хьайн дахарехь зеделлачух.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. ДоттагIалла – иза ... Сан кхетамехь, ...
2. Текстан авторна хетарехь, ...
3. Дахарера масал далош, ала лаьа ...
4. Цу тIера схьа жамI дан таро йу ...

**<u>Магадо:</u>** йалийна клишеш хийца.

## 24 ВАРИАНТ

### 1 дакъа

***Тексте ла а догӀий, къаьстинчу кехата тӀехь 1-ра тӀедиллар кхочушде.***

***Цкъа хьалха тӀедилларан лоьмар дӀайазйе, цул тӀаьхьа – йозанан болх.***

1

Тексте ла а догӀий, жима йозанан болх кхочушбе.

Хаалахь, хьо декхарийлахь ву, хӀора хаттарна дуьззина (1-2 предложеница) жоп дала.

Йозанан белхан барам 50 дашал кӀезиг хила ца беза.

Нагахь ладоьгӀначу текстан буха тӀехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбина йозанан болх ма-йарра схьайазйина ладоьгӀна текст йелахь, оцу белхан **ноль баллаца** мах хадабо.

Жоьпаш терахьашца билгалдаха.

Хаттарш къаьстинчу кехата тӀе схьайаздан ца оьшу.

Йозанан болх кхочушбе цӀена а, йоза къаьсташ а.

**Хаттарш:**

1. Стенах йозуш йу адаман син хазалла?
2. Мичара схьабогӀуш хила беза дикачу синхаамийн орамаш?
3. ХӀун ду кхетош-кхиорехь уггаре халаниг?
4. Маца хир дац берах бакъдолу адам?
5. Муьлха бу адамна уггаре а богӀуш болу некъ?

### 2 дакъа

***2-8 тӀедахкарийн жоьпаш хьулу белхан текстехь жоьпана билгалйинчу меттехь дӀайаздан дезаш долу терахь, терахьийн хьалха-тӀаьхьалла йа дош (дешнийн цхьаьнакхетар).***

2

***Синтаксически анализ.***

ДӀайеша текст.

(1)Сарахь, йерриге стигал дӀалоцуш, Ӏаьржа мархаш гулйелира, Эскинойн тӀехула бода хӀоттош. (2)Селита, коре а хиъна, арарчу бодане хьоьжуш Ӏара. (3)ЦӀаьххьана коран бӀаьргах, тата а доккхуш, геннахь гулделлачу догӀанан дуьххьарлера тӀадам кхийтира. (4)Стелахаьштигийн цхьамзанаш хӀинца лаьмнийн некхех хьалхачул а сих-сиха деттара, шайн татанаш генна даржош.

Нийса **грамматически бух** къастийначу жоьпан вариант билгалйаккха. ДӀайазйе цуьнан лоьмар.

1) мархаш гулйелира (1-ра предложени)
2) бодане хьоьжуш Ӏара (2-гӀа предложени)
3) догӀанан тӀадам кхийтира (3-гӀа предложени)

Жоп ____________________________________________________________

3

***Пунктуационни анализ.***

**Оьшу сацаран хьаьркаш хӀиттаде.** Айхьа хӀиттийначу цӀоьмалгийн терахьаш схьайазде.

Хьанна ца йевза и таме (1) хьожа йогӀу буц? Ӏаждарбуц хьалайолу тӀуьна йоцчу хьуьнхахь (2) ирзошкахь (3) хинан бердашкахь. Вайн лаьмнашкахь буц йолучу меттехь (4) иза массанхьа ю. Ӏаждарбуц дуккха а (5) шерийн буц йу. Иза деба орамашца а (6) хӀуца а.

Жоп ____________________________________________________________

4

***Синтаксически анализ.***

Предложенера **йукъадало дош** схьайазде.

**Сан ирсана, мох со волчу агӀор хьоькхуш а бара, башха шийла а бацара.**

Жоп ____________________________________________________________

5

***Орфографически анализ.***

Билгалдаькккхина дош йаздаран нийса тӀечӀагӀдар далийначу жоьпан вариант билгалйаккха. Оцу жоьпан лоьмар дӀайазйе.

1) **КЕЧЙО** – цхьана дешдекъах лаьттачу хандешан гӀоьнца кхолладелла чолхе хандешнаш цхьаьна йаздо.
2) **ЦА ДИЙЦИНЧУХ** – дакъалг «ЦА» лаамечу причастица къаьстина йаздо.
3) **ДУЬЙЦА** – хьалхарчу спряжени чудогӀучу карарчу хенан хандешан

4) **ТУР** – дукхаллин терахьехь хIокху цIердешан чаккхенгара мукъаза аз шала ца долу. чаккхенгахь «А» йаздо.

Жоп ___

## *Текст дIа а йеший, 6-9 тIедаххарш кхочушде.*

(1)Тахана хьалххе самавелира бархI шо кхачаза волу Мохьмад. (2)Цуьнца цхьаьна самайелира цуьнан цхьайтта шо долу йиша Малика а, ненанана Ровзан а. (3)Ровзан Соьлжа-ГIалин йуккъерчу цхьана ишколехь болх беш йара, нохчийн моттий, литературий хьоьхуш, ткъа Мохьмаддий, Маликий оцу ишколан шолгIачуй, пхоьалгIачуй классийн дешархой бара. (4)Ишкол дикка генахь йара кхарна, делахь а гIаш лелара уьш ишколе. (5)Ровзан тахана а йара шен шина дешархочуьнца ишколе йоьдуш. (6)ХIорш дукха гена бовлале, Мохьмадан лере цхьа гIийла, узаме аз деара. (7)Ведда, аз хезначу агIор дIавахара Мохьмад.

(8)ДIакхаьчча кIантана гинарг ирча сурт дара: бетонан экъан тIехь Iуьллуш жима цициган кIорни йара. (9)Цуьнан хьалхара ког, цхьана гIоргIа жарж боккхучу хьера кIел нисбелча санна, «аьхьна» бара, цул сов, цхьана лерган ах йацара. (10)Мохьмад шена тIекхоччушехь, цхьа гIийла, орца доьхуш, узам болийра цо. (11)Ишта а, Ровзана «Къинхетаме дог» олий хьостуш волчу кхунна, лерина нисдича санна, нисделлера хIара сурт хIинца. (12)Мохьмадан дог Iаьвжира, лезира, кийрара схьадала санна. (13)Мохьмада, цициган кIорнина коьртах куьг а хьаькхна, халла хозуьйтуш элира: «Писолиг, аса гIо дийр ду хьуна, суна хаьа, хIун дан деза, хьо дала ца далийта…». (14)Иштта Мохьмад холчухIоьттина воллуш, тIекхиира Ровзан а, Малика а. (15)Цара шайн ницкъ кхочу гIо дира Писолигна. (16)ХIорш Писолигна гIо деш Iаш, дикка хан йелира, тIаккха хIорш, тIаьхьацабисархьама, дIабахара шайн дешаран хьукмате.

(17)Мохьмадна дуьхьалхIуьттура новкъахь шена гина ирча сурт. (18)Цо шен беран хьекъалца туьдура шен жимачу коьрте хьийза ойланаш: «… Суна-м, гIо эшча, орцахйала ненанана а йу, ткъа мила вер ву Писолигна орцах, цуьнан ма йац йа нана а, йа ненанана а?»

(19)Жима велахь а, Мохьмадна дагахь дара: «Адамаш, уггар хьалха, къинхетаме хила деза, цул тIаьхьа дешар, болх… (20)Адаман кийрахь къинхетаме дог дацахь, иза акхаройх къаьсташ хир ма дац…». (21)Цу ойланаша хьийзош, чекхдевлира дерриг а хьехарсахьташ.

(22)Мохьмад чехка вогIура цIа. (23)Амма кхуьнан сихвалар эрна хилира: хIара тIекхача сихвелла Писолиг дацара ша хьалха хиллачохь. (24)ТIаккха цунна гIо дан шен ницкъ цакхачарна, Мохьмад, корта а оллийна, лаьтта бIаьра а хьоьжуш, цIа кхечира.

(25)ХIинца Мохьмад, кхин дIа ша хIун дийр ду ца хууш, йиш йоьхна виснера. (26)Шен даг тIера бала жимма байбалийта, шен хьомечу шина ненавеше дIабийцца дагадеана чувахара, амма и шиъ чохь вацара, тIаккха цо ненада лехира. (27)Мохьмада, тIе а вахана, хаьттира: «Дада, Ислам а, ИсмаIал а стенга вахана?» (28)Ненадас жоп делира: «Текхна, вайн уьйтIа йеанера жIаьлеша Iийшина дакъазйаьккхина цхьа жима цициган кIорни, иза а эцна, дийнатийн дарбанан цIийне вахана и шиъ». (29)Ненадас аьллачух чIогIа цецваьлла Мохьмад, хIара дерриг дуьне шена схьаделча санна, самукъадаьлла дIахIоьттира.

(30)Дукха хан йалале, Мохьмадан ши ненаваша цIа веара, Писолигна кхоъ операци а йайтина, иза дарбанан цIа чу а дижийна.

(31)Iа дIа а даьлла, бIаьсте а тIейеара. (32)То а делла, тIера чо а шарбелла, доккха цициг а хилла, дIахIоьттира Писолиг.

*(Магомадова Р. А.)*

6

***Текстан чулацаман анализ.***

«ХӀун бахьана дара Мохьмад ши ненаваша волчу чувахаран?» бохучу хаттарна нийса **тӀечӀагӀдаран хаам** жоьпийн муьлхачу вариантехь бу?

***1) Цициг дарбанан цӀийне дига ала воллура Мохьмад.***

***2) Шина ненавашас схьакхайкхинера цуьнга.***

***3) Шен даг тӀера бала жимма байбалийта, шина ненавеше дӀабийца дагадеанера цунна.***

***4) Ненананас аьллера цуьнга, цициг цу шингахь ду аьлла.***

Жоп ______________________________________

7

***Меттан суртхӀотторан гӀирсан анализ.***

Меттан суртхӀотторан гӀирс – **фразеологизм** шеца йолу предложени билгалйаккха.

***1) Ведда, аз хезачу агӀор дӀавахара Мохьмад.***

***2) ХӀинца Мохьмад, кхин дӀа ша хӀун дийр ду ца хууш, йиш йоьхна виснера.***

***3) Ишкол дикка генахь йара кхарна, делахь а гӀаш лелара уьш ишколе.***

***4) То а делла, тӀера чо а шарбелла, доккха цициг а хилла, дӀахӀоьттира Писолиг.***

Жоп ______________________________________

8

***Лексически анализ.***

17-чу предложенера **«ирча»** бохучу дашна **антоним** йалае. ДӀайазйе иза.

Жоп ______________________________________

## 3 дакъа

***2-чу декъера йешначу текстах пайда а оьцуш, къаьстинчу кехата тӀехь***

***дӀайазйе хаьржинчу тӀедилларан лоьмар: 9.1, 9.2 йа 9.3.***

9.1

Лахахь йалийначу клишех пайда а оьцуш, сочинени-ойлайар йазйе, Усларан П.К. **«Нохчийн мотт чӀогӀа къен хетар даржош берш цунах цхьана а кепара кхеташ боцу нах бу. Мелхо а, и мотт, шен гӀоьнца адаман ойланан уггаре кӀоргера агӀонаш а йийцалур йолуш, чӀогӀа хьалдолуш бу»** бохучу дешнийн маьӀна а достуш.

Хьайн жоп тӀечӀагӀдеш, ешначу текста тӀера **ши** масал даладе.

Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.

Лингвистически материал тӀехь тема схьайоьллуш, Ӏилманан йа публицистически стилехь болх йазбан таро йу хьан.

Сочинени дӀайоло мегар ду Усларан П.К. дешнашца.

Сочиненин барам 70 дашал кӀезиг хила ца беза.

Йешначу текстана (йалийначу текстана) тӀе а ца тевжаш йазбинчу белхан мах хадош бац. Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цӀена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Цу тӀехь авторца (авторан цӀе) реза ца хила йиш йац ...
2. Масала, текстера ... предложенехь ...
3. Текстан ... предложени ешча, ...
4. Вайн тӀечӀагӀдан йиш йу ...

**Магадо:** йалийна клишеш хийца.

9.2

Лахахь йалийначу клишех пайда а оьцуш, йазйе сочинени-ойлайар. Дийца, муха кхета хьо хIокху предложенин маьIнах: **«Адаман кийрахь къинхетаме дог дацахь, иза акхаройх къаьсташ хир ма дац».**

Сочиненехь айхьа йешначу текстера хьайн ойлайар нийса хилар гойтуш долу **ши** тIечIагIдар (аргумент) даладе.

Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

1. Йеллачу текстан маьIнах со иштта кхета ...
2. Сайн жамIаш тIечIагIдеш, ... предложенера (-шкара) масал далор ду ас.
3. ... предложенино (-еша) тIечIагIйо ойла ...
4. Дерзорехь билгалдоккху ...

**<u>Магадо:</u>** йалийна клишеш хийца.

9.3

Муха кхета хьо **КЪИНХЕТАМ** бохучу дешан маьIнах? Кепе а далош, комментари йе айхьа цунах билгалдаьккхинчунна.

Лахахь йалийначу клишех пайда а оьцуш, йазйе **«Муха хила веза къинхетаме стаг?»** темина сочинени-ойлайар айхьа билгалдаьккхинчун буха тIехь. **Къинхетамах** лаьцна айхьа билгалдаьккхинарг тIечIагIдеш, **ши** масал-тIечIагIдар даладе: **цхьа** масал-тIечIагIдар даладе йешначу текстера, **шолгIаниг** – хьайн дахарехь зеделлачух.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Къинхетам – иза ... Йеллачу текстан анализ йеш, ...
2. ХIокху текстан автора нийса билгал ма-даккхара ...
3. ХIара ойла тIечIагIйан таро йу гIараваьллачу (Iилманчин, йаздархочун, суртдиллархочун) дешнашца.
4. Ойла йинчул тIаьхьа вайна билгалдолу ...

**<u>Магадо:</u>** йалийна клишеш хийца.

## 25 ВАРИАНТ

### 1 дакъа

***Тексте ла а догІий, къаьстинчу кехата тІехь 1-ра тІедиллар кхочушде.***

***Цкъа хьалха тІедилларан лоьмар дІайазйе, цул тІаьхьа – йозанан болх.***

1

Тексте ла а догІий, жима йозанан болх кхочушбе.

Хаалахь, хьо декхарийлахь ву, хІора хаттарна дуьззина (1-2 предложеница) жоп дала.

Йозанан белхан барам 50 дашал кІезиг хила ца беза.

Нагахь ладоьгІначу текстан буха тІехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбина йозанан болх ма-йарра схьайазйина ладоьгІна текст йелахь, оцу белхан **ноль баллаца** мах хадабо.

Жоьпаш терахьашца билгалдаха.

Хаттарш къаьстинчу кехата тІе схьайаздан ца оьшу.

Йозанан болх кхочушбе цІена а, йоза къаьсташ а.

**Хаттарш:**

1. Муьлха ойланаш йора охашимма тІаьххьарчу дешаран шарахь?

3. ХІунда бацара тхойшиннан хьехархочун говзалла Іамо аьтто?
4. Стен йайинера наб аттестаташ каракхаьчначу буса?
5. Муха тесира охашимма хьалхара гІулч?

### 2 дакъа

***2-8 тІедахкарийн жоьпаш хуьлу белхан текстехь жоьпана билгалйинчу дош (дешнийн цхьаьнакхетар).***

2

***Синтаксически анализ.***

ДІайеша текст.

(1)Тап-аьлла тийна и 1алам самадоккхуш, ц1аьххьана кхин цкъа а уьг1ира берзалой. (2)Цкъа тийжаш, цкъа доьлхуш, цкъа доьлуш, т1аккха «г1алкх» бохуш леташ, сингаттаме а, инзаре а дара церан уг1аран акха аьзнаш.

(3)Халидна синтем бацара, берзалойн дахарх шен дена хууш долчуьнга цкъа ла ца доьг1ча. (4)Даьхни 1алашдарх, дан дезачу г1уллакхех, дешарх лаьцна йен ойланаш а, ден къамел а йукъахдаькххира берзалойн уг1аро.

Нийса **грамматически бух** къастийначу жоьпан вариант билгалйаккха. Д1айазйе цуьнан лоьмар.

1) 1алам самадоккхуш (1-ра предложени)
2) дара церан аьзнаш (2-г1а предложени)
3) синтем бацара дена (3-г1а предложени)
4) йукъахдаькххира уг1аро (4-г1а предложени)

Жоп ____________________________________________________

1) 3

***Пунктуационни анализ.***

**Оьшу сацаран хьаьркаш хIиттаде.** Айхьа х1иттийначу ц1оьмалгийн терахьаш схьайазде.

Эпитеташа дешнаш къагадо(1) оьшуш долу басарш т1е а тухуш(2) авторан синхаамаш а бовзуьйтуш. Цара гучуйоху(3) х1уманийн синхаамна а(4) кхетамна а(5) уггар ч1ог1а 1аткъам беш йолу билгалонаш. Эпитетан г1оьнца авторан таро йу(6) дуьйцучуьнца йоьзна шен йукъаметтиг(7) массо а кепара гайта. (124)

Жоп ____________________________________________________

4

***Синтаксически анализ.***

Предложенера **йукъадало дош** схьайазде.

**Мусан когах шен муцIар дIа ма-IоттаIелли, саца а сецна, чухьарчийна, корта къайлабаькххира цо. Хетарехь, б1аьрса дика дацара цуьнан.**

Жоп ______хетарехь______________________________________

5

***Орфографически анализ.***

Билгалдаькххина дош йаздаран нийса т1еч1аг1дар далийначу жоьпан вариант билгалйаккха. Оцу жоьпан лоьмар д1айазйе.

1) **КХЕТИЙНА-КХ** – ч1аг1даран дакъалг «КХ» дешнашца дефисца йаздо.
2) **К1АЙ** – доьшуш доцу (шеконан) чаккхенгара «Н» ца йаздо цхьана дешдекъах лаьттачу билгалдешнийн йуьхьанцарчу кепехь.
3) **ВИСТ ЦА ХИЛАР –** чолхечу масдарехь шина орамна йуккъе нислахь, «ЦА» дакъалг къаьстина йаздо.
4) **ЛОК-ХУ** – дош сехьадоккхуш шалха элпаш декъа мега.

Жоп ______________________________________________________

**_Текст д1а а йеший, 6-9 т1едахкарш кхочушде._**

(1)Сарахь ц1а веара да. (2)Чоьхьаволлушехь хаьттира цо:

–(3)Кехат деаний?

(4)Ши ваша вовшашка хьаьжира. (5)Нанас жоп делира:

–(6)Ца деана.

–(7)Ма хьеделла иза. (8)Д1а ца кхаьчна-те ас йахьийтина чертежаш?

–(9)Дог1ур ду. (10) Толлуш хир бай уьш-м.

–(11)Хаац, суна хетарехь, дика аттачу бер бара тхан заводера цхьаболу белхаш, ас яхьийтинчу чертежаш т1ехь санна, цхьацца хийцамаш бича. (12)Коьрта инженер а и къобалдеш ву.

(13)Суьйранна, стоьла хьалха а хиъна, цхьацца йаздеш вара да. (14)Цхьана а х1уманна т1ехь ойла ца соцура Вадудан, синтем байна. (15)Ша х1ун дича бакъахьа ду ца хууш, йиш йоьхна вара иза, кехато садоура. (16)Оццул ч1ог1а дас сатуьйсуш долу и мехала кехат шолг1а дог1ур доцийла хиира цунна, нене цхьацца хиттинчул т1аьхьа.

–(17)Мама, цкъа даийтича кхин доуьйтур дуй и кехат?

–(18)Дац.

–(19)Х1унда?

–(20)Шолг1ачух дан х1ума ма дац, хьалхарчунна т1ехь дерриге а йаздина хилча.

(21)Кхин д1а са ца тохаделира Вадуде. (22)Болх беш 1ачу дена т1евахара иза. (23)Ц1енкъа а хьоьжуш, элира цо:

–(24)Хьан кехат деана тахана.

(25)Сиха схьавирзира да.

–(26)Мичахь ду иза?–хаьттира цо, к1ентан коьрта т1е куьг а дуьллуш.

–(27)Ас… ас д1о аннашна йуккъехула чудожийна.

(28)Дов а ца дира дас. (29)Ц1енкъара цхьа у дагарца схьа а даькккхина, схьаийцира кехат. (30) Конверт а йаьстина, кехат деша волавеллачу ден йуьхь т1аьхь-т1аьхьа йекхалора. (31)Салаьцца хьоьжуш волу Вадуд а велакъежира.

–(32)Къобалйина!–элира дас, ч1ог1а воккхавеш.

–(33)Кхечу тайпана хуьлийла а дацара,– элира хазахеттачу нанас.

(34)1уьйранна самаваьллачу Даудана, вижа а ца вижча санна, стоьла хьалха болх беш 1аш гира да. (35) Оцу сохьта дагадеара цунна селхана деана кехат а, и ша аннаш йуккъехула чудожадар а. (36)Дог-ойла йуьйхира. (37)Х1инццалц санна хьала а иккхина, ловза дог ца дог1ура. (38)Шен маьнги т1еххула тховх цхьана метте б1аьргаш доьг1на 1ара иза, кехатан сурт дуьхьалара д1а ца долуш. (39)Йуха ц1еххьана хьала а иккхина, дена т1еведира Дауд.

–(40)Дада, цхьана стага хьуна кехат деара. (41)Ас и д1о чудожийна, – элира цо сихха.

(42)Цкъа цецвелира да, йуха велакъежира. (43)Стоьла т1ера конверт схьа а эцна, гайтира цо:

–(44)Х1ара дарий иза?

(45)Вовшийн куьйгаш а лаьцна лаьттачу берийн сурт дара конверта т1ехь. (46)Девзира иза Даудана. (47)Вадуда д1а а дийцина, х1инца билггал шена дов а дийр ду аьлла, хийтира Даудана.

(48)Эццахь т1евеара Вадуд а. (49)Леррина шингге а хьаьжна, дас элира:

–(50)Шуьшиннах муьлхачо дожийра бохуш, хетта ца воллу со. (51) Суна шуьшингахь тайнарг х1ун ду аьлча, ашшимма и чудожор лачкъацадар ду. (52)Кехат деана хилар мацца а цкъа хааза дуьсур дацара. (53)Т1аккха сан шуьшиннах тешам бовр бара. (54)Адамехь уггаре а мехалниг тешам хилар ду. (55)Шех тешам байина стаг цхьана а х1уманан меха вац. (56)Ч1ог1а дагахь латтаделаш и!

(*Гайсултанов 1.Э.*)

6

***Текстан чулацаман анализ.***

**«Х1ун бахьана дара Даудан, хьалха санна, ловза дог цадаран?»** бохучу хаттарна нийса **т1еч1аг1даран хаам** муьлхачу вариантехь бу?

1) ***Даудна наб ца тоьънера.***
2) ***Дас дов динера Даудна.***
3) ***Даудна дагадеанера ша кехат чудожор.***
4) ***Вадуда халахетийтинера Даудна.***

Жоп ___________________________________________________

7

***Меттан суртхIотторан гIирсан анализ.***

Меттан суртх1отторан г1ирс – **фразеологизм** шеца йолу предложени билгалйаккха.

***1)*** **Суьйранна, стоьла хьалха а хиъна, цхьацца йаздеш вара да.**
***2)*** **Оццул ч1ог1а дас сатуьйсуш долу и мехала кехат шолг1а дог1ур доцийла хиира цунна, нене цхьацца хиттинчул т1аьхьа.**
***3)*** **Iуьйранна самаваьллачу Даудна, вижа а ца вижча санна, стоьла хьалха болх беш Iаш гира да.**
***4)*** **Дог-ойла йуьйхира.**

Жоп ___________________________________________________

8

***Лексически анализ.***

32-чу предложенера **«воккхавеш»** бохучу дашна **синоним** йалае. Д1айазйе иза.

Жоп ___________________________________________________

**3 дакъа**

***2-чу декъера йешначу текстах пайда а оьцуш, къаьстинчу кехата тIехь 9.1, 9.2 йа 9.3 тIедахкарех кхочушде ЦХЬАЪ. Оцу тIедилларна, йалийначу клишех пайда а оьцуш, дуьззина йозанан жоп ло. Сочинени йазйан йолайале,***

***дIайазйе хаьржинчу тIедилларан лоьмар: 9.1, 9.2 йа 9.3.***

9.1

Лахахь йалийначу клишех пайда а оьцуш, сочинени-ойлайар йазйе, халкъан хьехархочун Абдуразаковн Ш.И. **«Нохчийн мотт башхачу жовх1арех йуьзна йоккха хазна йу. Оцу жовх1арех бу ойланан муьлхха а аг1о гайта таро хуьлуьйту меттан суртх1отторан г1ирсаш»** бохучу дешнийн маь1на а достуш.

Хьайн жоп т1еч1аг1деш, йешначу текста т1ера **ши** масал даладе.

Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.

Лингвистически материал т1ехь тема схьайоьллуш, 1илманан йа публицистически стилехь болх йазбан таро йу хьан.

Сочинени д1айоло мегар ду Абдуразаковн Ш.И. дешнашца.

Сочиненин барам 70 дашал к1езиг хила ца беза.

Йешначу текстана (йалийначу текстана) т1е а ца тевжаш йазбинчу белхан мах хадош бац. Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени язъе ц1ена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Суна хетарехь, ... Т1еч1аг1дийр ду иза текстера масалшца.
2. Меттан г1ирс каро йиш йу текстан ... предложенехь.
3. Шолг1ачу масална текстан ... предложени йало мегар ду.
4. Текстера масалшка хьаьжча, ...

**<u>Магадо</u>**: йалийна клишеш хийца.

9.2

Лахахь йалийначу клишех пайда а оьцуш, йазйе сочинени-ойлайар. Дийца, муха кхета хьо х1окху предложенин маь1нах: **«Шех тешам байина стаг цхьана а х1уманан меха вац».**

Сочиненехь айхьа йешначу текстера хьайн ойлайар нийса хилар гойтуш долу **ши** т1еч1аг1дар (аргумент) даладе.

Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.

Сочиненин барам 70 дашал к1езиг хила ца беза.

Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе ц1ена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Суна хетарехь, автор йешархошка тидам байта г1ерта ...
2. Х1окху тезисан нийса хилар текстера ... предложеница (-шца) т1е-ч1аг1до вай.
3. ... предложенино (-ша) т1еч1аг1йо шолг1а ойла.
4. Цундела ...

**<u>Магадо</u>**: йалийна клишеш хийца.

9.3

Муха кхета хьо **ТЕШАМ** бохучу дешан маь1нах? Кепе а далош, комментари е айхьа цунах билгалдаьккхинчунна.

Лахахь йалийначу клишех пайда а оьцуш, йазйе **«Тешаман мехалла»** темина сочинени-ойлайар айхьа билгалдаьккхинчун буха т1ехь. **Тешамах** лаьцна айхьа билгалдаьккхинарг т1еч1аг1деш, **ши** масал-т1еч1аг1дар даладе: **цхьа** масал – т1еч1аг1дар даладе йешначу текстера, **шолг1аниг** – хьайн дахарехь зеделлачух.

Сочиненин барам 70 дашал к1езиг хила ца беза.

Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе ц1ена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Тешам – иза ... Х1окху дешнийн маь1нах со иштта кхета ...
2. Х1окху текстан авторо нийса билгал ма даккхара ...
3. Сайн дахарехь зеделлачуьнга а хьаьжна, айса йалийна ойла т1е-ч1аг1йан лаьа ...
4. Айса йинчу ойланийн жам1 деш, ала лаьа ...

**<u>Магадо</u>**: йалийна клишеш хийца.

## 26 ВАРИАНТ

### 1 дакъа

***Тексте ла а догIий, къаьстинчу кехата тIехь 1-ра тIедиллар кхочушде.***

***Цкъа хьалха тIедилларан лоьмар дIайазйе, цул тIаьхьа – йозанан болх.***

1

Тексте ла а догIий, жима йозанан болх кхочушбе.

Хаалахь, хьо декхарийлахь ву, хIора хаттарна дуьззина (1-2 предложеница) жоп дала.

Йозанан белхан барам 50 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь ладоьгIначу текстан буха тIехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбина йозанан болх ма-йарра схьайазйина ладоьгIна текст йелахь, оцу белхан **ноль баллаца** мах хадабо.

Жоьпаш терахьашца билгалдаха.

Хаттарш къаьстинчу кехата тIе схьайаздан ца оьшу.

Йозанан болх кхочушбе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Хаттарш:**

1. Муьлха ойланаш йора охашимма тIаьххьарчу дешаран шарахь?
2. ХIун лаьара тхойшинна?

3. ХІунда бацара тхойшиннан хьехархочун говзалла Іамо аьтто?
4. Стен йайинера наб аттестаташ каракхаьчначу буса?
5. Муха тесира охашимма хьалхара гІулч?

**2 дакъа**

***2-8 тІедахкарийн жоьпаш хьулу белхан текстехь жоьпана билгалйинчу меттехь дІайаздан дезаш долу терахь, терахьийн хьалха-тІаьхьалла йа дош (дешнийн цхьаьнакхетар).***

2

***Синтаксически анализ.***
ДІайеша текст.

(1)Гонаха б1аьрг а тухуш, саьнгар а, к1орга харш а, таь1на ор а, боьранаш а дол-долчухьа ларлуш лела иза. (2)Бакъду, дуьхьалнисвелла стаг шена кхераме велахь а, вацахь а, дика хаьа барзана, цуьнгахь герз хилча а хаьа. (3)Шена кхераме волу таллархо, кхераме воцу ахархо йа некъахо дика къастало цуьнга. (4)Стаг шена дуьхьало йан ницкъ боцуш вуйла ма-хиънехь, «г1иллакхах» йуху борз.

Нийса **грамматически бух** къастийначу жоьпан вариант билгалйаккха. Д1айазйе цуьнан лоьмар.

1) б1аьрг а тухуш (1-ра предложени)
2) дуьхьалнисвелла стаг (2-г1а предложени)
3) къастало цуьнга (3-г1а предложени) +
4) ницкъ боцуш вуйла (4-г1а предложени)

Жоп ____________________________________________

3

***Пунктуационни анализ.***
**Оьшу сацаран хьаьркаш х1иттаде.** Айхьа х1иттийначу ц1оьмалгийн терахьаш схьайазде.

Ч1ог1а хазачу меттехь йара йурт. Б1аьргашна хьалха х1оьттинарг 1аламат(1) дукха хаза сурт хиларна(2) ша волччохь сецира к1ант. Меллаша д1а-схьа б1аьрг кхарстийра цо. Гобаьккхина лаьтта(3) хьаннаша дукъдина(4) лекха лаьмнаш. Сийначу стигалахь(5) бамбин оьланаш санна(6) шурул-к1айн мархаш ю гуш. (256)

Жоп ____________________________________________

4

***Синтаксически анализ.***
Предложенера **къастам** схьайазбе.

**Мекарниг а хьийзинера буса х1айт-аьлла. Кхунна шелонах кхоьрийла йацара. Цхьогалан кетар йовха, к1еда йу.**

Жоп _____________ цхьогалан __________________________

5

***Орфографически анализ.***

Билгалдаькххина дош йаздаран нийса т1еч1аг1дар далийначу жоьпан вариант билгалйаккха. Оцу жоьпан лоьмар д1айазйе.

*1*) **ЦАХЬАЬЖНА** – дацаран дакъалг «*ЦА»* хандашца цхьаьна йаздо.
*2*) **ЛУЬЙТА –** деха мукъа аьзнаш «И», «УЬ» билгалдеш, царна т1ехьа элп «Й» йаздо.
*3*) **СА-ЙРА –** дош сехьадоккхуш, «Й» шайна хьалхарчу элпех /дешдекъах/ къасто мега.
*4*) **ХАЗЧУ** – шина дешдекъах лаьттачу лаамазчу мухаллин билгалдешнийн чаккхенгара «А» лач дожаршкахь ца йаздо.

Жоп _____________________________________________________

***Текст дIа а йеший, 6-9 тIедаххарш кхочушде.***

(1)Спорт дукха йезаш вара тхан ден вешин к1ант Мохьмад. (2)Цундела х1ора 1уьйранна эвла йисте воьдий, физически упражнениш йора цо, шен дег1 хьуьнаре хилийта, могашалла ч1аг1йан. (3)Иштта, цкъа Г1ойт1а боьдучу новкъахь ведда вог1учу цунна, ц1еххьана баца йуккъера схьаиккхина, нийса кхунна дуьхьал а йоьрзуш, некъа йуккъехь охьахиира цхьа мокха-1аьржа къиг. (4)Цу къийгана йуьстах а волуш, шен новкъахь уьдуш, д1авахара жима стаг. (5)Амма х1ара вухавирзича а, ша хьалха диннарг дира цу къийго. (6)Шен чуьрабаьлла, оллабелла т1ам а теккхош, йуха а некъа йуккъе йедда, кхунна дуьхьал а йирзина, охьахиира иза.

(7)Шозза-кхузза а цо шена и кеп х1оттийча, цунах цецваьлла, сецира к1ант. (8)Охьалахвелла, цуьнга леррина хьаьжира Мохьмад. (9)Шен оллабелла т1ам а теккхош, шен маттахь цхьа г1ийла-миска чалх а йуьйцуш, кхунна улле г1ертара и г1о оьшуш йолу пекъар. (10)Г1о оьшуш, лоьралла оьшуш йара и дархо, цундела Мохьмадан тидам шена т1ебахийта г1ертара иза. (11)Иштта адамна улле г1ерта кхоьллина ду-кх Дала муьлхха а садолу дийнат. (12)Шех къинхетам бар доьхуш йара и бохам хилла, бала хьоьгу къиг.

– (13)Т1ам лазийна хьан, ва Къакъи? – элира Мохьмада, цунах къахетта.

– (14)Вашис ледара йуьтур йац хьо, – аьлла, караэцна, шайн цIа йеара цо иза.

(15)Мохьмада ша цIа йеъча, дIайаха ца гIерташ, даиманна а цаьргахь Iен-йаха йисира иза. (16)Шена тиллина «Къакъи» цIе а тIелецира цо. (17)Амма цуьнан бойна хилла тIам, кхин хотта ца луш, иштта оллабелла бисира, цунах заьIапхо хуьлуш. (18)Даиманна и текхош лела дийзира цу мисканан. (19)Цунах тхан куьг

хьакхаделча а ца дезара цунна, иза экама хиларна, кхоччуш хотта цабаларна. (20)Шеца к1оршаме, шогаверг а ца везара цунна. (21)Иштта адам цу сохьта гамлора Къакъина. (22) Масала, цкъа кхаьрга веанчу йуьртахочо ша стоьла тIера чуластийчхьана, и бIаьргаваан ца везаш, холчахь йара Къакъи. (23)И вогIу гича, къайлайолий, саццаза «къа-къа-къа!» дора цо. (24)«ДIавала кхучуьра, сан чам бац хьоьца, ва хьо жIаьла!» – бохург дара иза цуьнан маттахь. (25)И кех валлалц, цунна йаппарш йора Къакъис.

(26)Ша заь1ап хиларе терра, массарна а «несала» йахна, массаьрца амал тайна, хьесталуш, г1уллакх дан г1ерташ хуьлура Къакъи. (27)Шен керлачу доттаг1аша т1елацарна, уьш шена резабан г1ерташ, лерина лелара. (28)Вукху къийгел мелла а кхетаме а, эсала а йара иза.

(*Сулейманова З.А.*)

6

***Текстан чулацаман анализ.***

«Новкъахула уьдуш волчу Мохьмадна хьалха а йолий, къиг охьахийшаран х1ун бахьана дара?» бохучу хаттарна нийса **тIечIагIдаран хаам** жоьпийн муьлхачу вариантехь бу?

***1) Мохьмад кхеро г1ертара къиг.***
***2) Шена т1е тидам бахийта г1ертара къиг.***
***3) Къийгана адамаш дукха дезара.***
***4) Мохьмадца цабезам бара къийган.***

Жоп ____________________________________________________________

7

***Меттан суртхIотторан гIирсан анализ.***

Меттан суртхIотторан гIирс – **фразеологизм** шеца йолу предложени билгалйаккха.

***1) Цу къийгана йуьстах а волуш, шен новкъахь уьдуш, д1авахара жима стаг.***
***2) Шен оллабелла т1ам а текхош, шен маттахь цхьа г1ийла-миска чалх а йуьйцуш, кхунна улле г1ертара и г1о оьшуш йолу пекъар.***
***3) – Т1ам лазийна хьан, ва Къакъи? – элира Мохьмада, цунах къахетта.***
***4) Даиманна и текхош лела дийзира цу мисканан.***

Жоп ____________________________________________________________

8

***Лексически анализ.***

10-чу предложенера **«лоьралла»** бохучу дашна **синоним** йалае. ДIайазйе иза.

Жоп ____________________________________________________________

**3 дакъа**

***2-чу декъера йешначу текстах пайда а оьцуш, къаьстинчу кехата тIехь 9.1, 9.2 йа 9.3 тIедахкарех кхочушде ЦХЬАЪ. Оцу тIедилларна, йалийначу клишех пайда а оьцуш, дуьззина йозанан жоп ло. Сочинени йазйан йолайале, дIайазйе хаьржинчу тIедилларан лоьмар: 9.1, 9.2 йа 9.3.***

9.1

Лахахь йалийначу клишех пайда а оьцуш, сочинени-ойлайар йазйе, Усларан П.К. «**Нохчийн мотт ч1ог1а къен хетар дархжош берш цунах цхьана а кепара кхеташ боцу нах бу. Мелхо а, и мотт, шен г1оьнца адаман ойланан уггаре к1оргера аг1онаш а йийцалур йолуш, ч1ог1а хьалдолуш бу**» бохучу дешнийн маь1на а достуш.

Хьайн жоп т1еч1аг1деш, йешначу текста т1ера **ши** масал даладе.

Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.

Лингвистически материал т1ехь тема схьайоьллуш, 1илманан йа публицистически стилехь болх йазбан таро йу хьан.

Сочинени д1айоло мегар ду Усларан П.К. дешнашца.

Сочиненин барам 70 дашал к1езиг хила ца беза.

Йешначу текстана (йалийначу текстана) т1е а ца тевжаш йазбинчу белхан мах хадош бац. Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе ц1ена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Цу т1ехь авторца (авторан ц1е) реза ца хила йиш йац ...
2. Масала, текстера ... предложенехь ...
3. Текстан ... предложени йешча, ...
4. Вайн т1еч1аг1дан йиш йу ...

**<u>Магадо</u>**: йалийна клишеш хийца.

9.2

Лахахь йалийначу клишех пайда а оьцуш, йазйе сочинени-ойлайар. Дийца, муха кхета хьо хIокху предложенин маьIнах: «**Иштта адамна улле г1ерта кхоьллина ду-кх Дала муьлхха а садолу дийнат**». Сочиненехь айхьа йешначу текстера хьайн ойлайар нийса хилар гойтуш долу **ши** тIечIагIдар (аргумент) даладе.

Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Суна хетарехь, авторо (авторан цIе) йешархо ойлайарна т1евуьгу...
2. ХIокху тезисан нийса хилар текстера ... предложеница (-ешца) тIечIагIдо вай.

3. … Предложенино (-еша) т1еч1аг1йо ойла …
4. Вайна ма-гарра, ...

**<u>Магадо</u>**: йалийна клишеш хийца.

9.3

Муха кхета хьо **КЪИНХЕТАМ** бохучу дешан маьIнах? Кепе а далош, комментари йе айхьа цунах билгалдаьккхинчунна.
Лахахь йалийначу клишех пайда а оьцуш, йазъе **«Къинхетаме стаг»** темина сочинени-ойлайар айхьа билгалдаьккхинчун буха тIехь. **Къинхетамах** лаьцна айхьа билгалдаьккхинарг тIечIагIдеш, **ши** масал-тIечIагIдар даладе: **цхьа** масал-тIечIагIдар даладе йешначу текстера, **шолгIаниг** – хьайн дахарехь зеделлачух.
Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.
Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайиийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.
Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Къинхетам – иза ... Сан кхетамехь, ...
2. Автора (авторан цIе) вайна ... предложенехь гойту ...
3. Сайн дахарехь зеделлачуьнга а хьаьжна, айса йалийна ойла тIе-чIагIйан лаьа ...
4. Цу т1ера схьа жам1 дан таро йу ...

**<u>Магадо</u>**: йалийна клишеш хийца.

## 27 вариант

### 1 дакъа

***Тексте ла а догIий, къаьстинчу кехата тIехь 1-ра тIедиллар кхочушде. Цкъа хьалха тIедилларан лоьмар дIайазйе, цул тIаьхьа – йозанан болх.***

1

Тексте ла а догIий, жима йозанан болх кхочушбе.
Хаалахь, хьо декхарийлахь ву, хIора хаттарна дуьззина (1-2 предложеница) жоп дала.
Йозанан белхан барам 50 дашал кIезиг хила ца беза.
Нагахь ладоьгIначу текстан буха тIехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбина йозанан болх ма-йарра схьайазйина ладоьгIна текст йелахь, оцу белхан **ноль баллаца** мах хадабо.
Жоьпаш терахьашца билгалдаха.
Хаттарш къаьстинчу кехата тIе схьайаздан ца оьшу.
Йозанан болх кхочушбе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Хаттарш:**

1. Муьлха ойланаш йора охашимма тIаьххьарчу дешаран шарахь?

2. ХIун лаьара тхойшинна?
3. ХIунда бацара тхойшиннан хьехархочун говзалла Iамо аьтто?
4. Стен йайинера наб аттестаташ каракхаьчначу буса?
5. Муха тесира охашимма хьалхара гIулч?

**2 дакъа**

***2-8 тIедахкарийн жоьпаш хуьлу белхан текстехь жоьпана билгалйинчу дош (дешнийн цхьаьнакхетар).***

2

***Синтаксически анализ.***

Д1айеша текст.

(1)Х1инца къеначу Халида арабаькkхина некъ кхин 1алашо йолуш бара. (2)Таллархо наггахь, кочара турмал караоьций, лаьмнийн баххьашка хьожура. (3)Цуьнан тидам хуьлура массо а х1уманан, хьуьн чуьра хезачу шах-татанийн а, бухахула охьадог1учу Шаройн-Органан г1овг1анан а. (4)Дийнаташна туьха ч1ог1а оьший хууш, таьлсаш чохь Халида хьош йара туьханан тархаш.

Нийса **грамматически бух** къастийначу жоьпан вариант билгалйаккха.
Д1айазйе цуьнан лоьмар.

1) арабаькkхина некъ (1-ра предложени)
2) таллархо хьожура (2-г1а предложени) +
3) тидам хуьлура х1уманан (3-г1а предложени)
4) хьош йара тархаш (4-г1а предложени)

Жоп ________________________________________________

3

***Пунктуационни анализ.***

**Оьшу сацаран хьаьркаш х1иттаде.** Айхьа х1иттийначу ц1оьмалгийн терахьаш схьайазде.

Окуев Шимин кхолларалла – иза ламанхойн дахар(1) нохчийн халкъан къийсам(2) Даймахках(3) цуьнан хазаллех(4) цуьнга болчу безамах(5) долу зевне илли ду. Ламанан шовданаш санна(6) поэтан деган к1оргенашкара(7) хьалаг1ертара и мог1анаш. Шен дерриг дахар цо д1аделла нохчийн(8) къоман литература кхиорна. (12346)

Жоп ________________________________________________

4

***Синтаксически анализ.***

Предложенера **нийса кхачам** схьайазбе.

**Лаккхарчу идейни айамца кхочушдира вайн литературо оцу халачу хенахь шена хьалха латтина сийлаллин декхарш.**

Жоп _____________ декхарш ___________________________

5

***Орфографически анализ.***

Билгалдаьккхина дош йаздаран нийса т1еч1аг1дар далийначу жоьпан вариант билгалйаккха. Оцу жоьпан лоьмар д1айазъе.

1) **ЗЕН –** доьшуш доцу (шеконан) чаккхенгара «Н» йаздо цхьана дешдекъах латтачу хандешнийн билгалзчу кепехь.
2) **ШИ КХОЪ –** чолхе билгалза-масаллин терахьдешнаш къаьстина йаздо.
3) **ЖИМЖИМА** – дош карладоккхуш кхолладелла чолхе куцдешнаш цхьаьна йаздо.
4) **ДУЬЙЦУ-КХ** – дешдакъа ца кхуллуш долу дакъалг «КХ» ша сехьадаккха мега.

Жоп _______________________________________________________

***Текст дIа а йеший, 6-9 тIедахкарш кхочушде.***

(1)ГIизлара ваха ваханчу Багратиони Иванан кIант, Петр шайх летар ла ца даллал халахеташ нохчий хилар дерриг бохург санна, дойура цу къоначу эпсаран къонахаллой, цуьнан майраллой, тIамна хьуьнаре хиларой. (2)Ламанхоша даим а Iаламат чIогIа сий дора майраллин, иза хьаьнггахь йелахь а, доттагIий, мостагIий ца къестош.

(3)Нохчий тамаша бина ца бовлура оцу стеган нийсаллех. (4)Бакъду, Багратиони ванне а реза вацара, эрна адамаш дойуш, тIом барна. (5)Цо мостагIа вен ца хьовзавора, и эшо кхин некъ карабойла шена йелахь. (6)Я тIамехь адам дер цуьрриг къонахалла а ца лорура цо, верна а кхеравелла, озалуш Iедал шен цкъа а доццушехь...

(7)Турмал чухула дIахьаьжначу полковникна, шаьш ма-барра къаьсташ, кхекхийн куйнаш техкина божарийн тоба гира. (8)Цхьана гIуллакхан-м барт беш болу куц дара уьш. (9)Церан лер ца хезара, амма хьийзочу куьйгийн леларехь, карзахбевлла хеталора уьш. (10)Йуха оцу тобанах кхоъ схьахедира…

(11)Полковника чIогIа тамаша беш тергалдора и дерриг, амма холчохь вара иза, цигахь хирг хIун ду ца хууш. (12)Кхин а ши стаг схьахедира оцу нохчийн тобанах. (13)Хьала айира хIинццалц гуш ца хилла барам. (14)Полковникна гира оцу бараман йуьхьигаш адамаша шайн белшаш тIе йоххуш. (15)ТIехьа латтачо коьртара схьабаьккхина шен куй белша тIе биллира, и лаза ца йайта.

(16)Ткъара бен валаза Багратиони Пьерин отта (адъютант) вара оцу тIелатарехь. (17)Цул хьалха динчу шина тIелатарехь а дакъалаьцнера цо.

(18)Полковника Тамара, турмал охьа а йахийтина, шен отте салташка цу богIучу нохчашна топ кхосса мегар доцийла хаийта аьлла, буьйр дира.

(19)Петр Багратиони бер долуш ГIизларехь дуьйна вевзинарш бара нохчашлахь. (20)ТIемашкахь и гойла хилларш бара. (21)Цуьнан тамашена йуьхь-сибатан безамехь аматаш, битамаш цкъа а биц ца бала дагахь бисинарш а хилира кхузахь. (22)Нохчий цецбевлла ца Iара оцу къоначу бIаьхочун къонахаллех, нийсо цунна йезарх. (23)Ткъа хIокху йоккхачу минотехь, цуьнан къонахчун амалш лерина, дика дан лиира нохчашна чIогIа.

(24)Багратиони цара кхузахь сихонца бинчу барам тIехь вадийна шайн лоьра тIе кхачийра…

(25)ТIаккха айина ваьхьна, Соьлжа-хих а ваьккхина, оьрсийн туьпе охьавиллира цара и чIогIа чевнаш хилла эпсар.

(26)Нохчаша мискъалан зарратал бIо ца къажийра майрачу, къонахалла йолчу стеган дуьхьа шаьш дан догIучунна...

(27)Нохчий, оьрсийн полковникан Iодика йеш, юха а бирзина, буьйлабелла шайн новкъа бевлира.

(28)Тамара шен отте цхьаъ-м элира. (29)Отта, хьаьдда нохчашна тIаьхьа а вахана, церан маттахь вистхилира цаьрга:

– (30)Аша хIун до, нохчий? (31)Ахча ца деза шуна? (32)Аша веанчу Багратионих и шортта лур ма ду!

(33)Лекхачу нохчочо, тамехь корта хьала а тосуш, шечарах бIаьрг тоьхна, йуха отте хьаьжна, элира:

– (34)ХIан-хIа. (35)Къонахаша къонахий бухкуш ца хуьлу!_

(*Авалиани Л.Ш.*)

6

***Текстан чулацаман анализ.***

«ХIун бахьана дара нохчаша Багратионих мах цабаккхаран?» бохучу хаттарна нийса **тIечIагIдаран хаам** жоьпийн муьлхачу вариантехь бу?

1) ***Багратионих мах лур боций хаьара нохчашна.***
2) ***Нохчаша сийдеш хилла къонахийн.***
3) ***Багратионина чевнаш йар ца лалора нохчашка.***
4) ***Багратиони дIавелча, машаре сатуьйсура нохчаша.***

Жоп ________________________________________________

7

***Меттан суртхIотторан гIирсийн анализ.***

Меттан суртхIотторан гIирс – **эпитет** шеца йолу предложени билгалйаккха.

1) ***Полковникна гира оцу бараман йуьхьигаш адамаша шайн белшаш тIе йоххуш.***
2) ***Петр Багратиони бер долуш ГIизларехь дуьйна вевзинарш бара нохчашлахь.***
3) ***Нохчий цецбевлла ца Iара оцу къоначу бIаьхочун къонахаллех, нийсо цунна йезарх.***
4) ***Ткъа хIокху йоккхачу минотехь, цуьнан къонахчун амалш лерина, дика дан лиира нохчашна чIогIа.***

Жоп ________________________________________________

8

***Лексически анализ.***

22-чу предложенера **«нийсо»** бохучу дашна **антоним** йалае. ДIайазйе иза.

Жоп ____________________________________________________

**3 дакъа**

***2-чу декъера йешначу текстах пайда а оьцуш, къаьстинчу кехата тIехь 9.1, 9.2 йа 9.3 тIедахкарех кхочушде ЦХЬАЪ. Оцу тIедилларна, йалийначу клишех пайда а оьцуш, дуьззина йозанан жоп ло. Сочинени йазйан йолайале, дIайазйе хаьржинчу тIедилларан лоьмар: 9.1, 9.2 йа 9.3.***

9.1

Лахахь йалийначу клишех пайда а оьцуш, сочинени-ойлайар йазйе, халкъан хьехархочун Ш.И. Абдуразаковн **«Нохчийн мотт башхачу жовхIарех йуьзна йоккха хазна йу. Оцу жовхIарех бу ойланан муьлхха а агIо гайта таро хуьлуьйту меттан суртхIотторан гIирсаш»** бохучу дешнийн маьIна а достуш.
Хьайн жоп тIечIагIдеш, йешначу текста тIера **ши** масал даладе.
Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированиг пайдаэца.
Лингвистически материал тIехь тема схьайоьллуш, Iилманан йа публицистически стилехь болх йазбан таро йу хьан.
Сочинени дIайоло мегар ду Ш.И. Абдуразаковн дешнашца.
Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.
Йешначу текстана (йалийначу текстана) тIе а ца тевжаш йазбинчу белхан мах хадош бац. Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.
Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. ... Иза иштта хилар шеко йоцуш ду ...
2. Масала, текстера ... предложенехь ...
3. Текстан ... предложени йешча ...
4. ... вайн аьтто хуьлу ... тIечIагIдан ...

<u>**Магадо**</u>: йалийна клишеш хийца.

9.2

Лахахь йалийначу клишех пайда а оьцуш, йазйе сочинени-ойлайар. Дийца, муха кхета хьо хIокху предложенин маьIнах: **«Къонахаша къонахий бухкуш ца хуьлу!»**.
Сочиненехь айхьа йешначу текстера хьайн ойлайар нийса хилар гойтуш долу **ши** тIечIагIдар (аргумент) даладе.

Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.
Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.
Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.
Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Текстан тIаьххьарчу могIанийн маьIна ду ...
2. Сайн жамIаш тIечIагIдеш, ... предложенера (- шкара) масал далор ду ас.
3. ... предложенино (- еша) тIечIагIйо ойла ...
4. Дерзорехь билгалдоккху ...

**Магадо**: йалийна клишеш хийца.

9.3

Муха кхета хьо **КЪОНАХАЛЛА** бохучу дешан маьIнах? Кепе а далош, комментари е айхьа цунах билгалдаьккхинчунна.
Лахахь йалийначу клишех пайда а оьцуш, йазйе **«Къонахчун амалш»** темина сочинени-ойлайар айхьа билгалдаьккхинчун буха тIехь.
**Къонахаллех** лаьцна айхьа билгалдаьккхинарг тIечIагIдеш, **ши** масал-тIечIагIдар даладе: **цхьа** масал-тIечIагIдар даладе йешначу текстера, **шолгIаниг** – хьайн дахарехь зеделлачух.
Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.
Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.
Сочиненийазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Къонахалла – иза ... Суна хетарехь, ...
2. ХIокху текстан авторна (авторан цIе) къаьсттина вайна гайта лиънарг ду ...
3. Сайн дахарехь зеделлачуьнга а хьаьжна, айса йалийна ойла тIечIагIйан лаьа ...
4. Цу тIера цхьа жамI дан таро йу ...

**Магадо**: йалийна клишеш хийца.

## 28 вариант

### 1 дакъа

***Тексте ла а догIий, къаьстинчу кехата тIехь 1-ра тIедиллар кхочушде. Цкъа хьалха тIедилларан номер дIайазйе, цул тIаьхьа – йозанан болх.***

1

Тексте ла а догӀий, жима йозанан болх кхочушбе.

Хаалахь, хьо декхарийлахь ву, хӀора хаттарна дуьззина (1-2 предложеница) жоп дала.

Йозанан белхан барам 50 дашал кӀезиг хила ца беза.

Нагахь ладоьгӀначу текстан буха тӀехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбина йозанан болх ма-йарра схьайазйина ладоьгӀна текст йелахь, оцу белхан **ноль баллаца** мах хадабо.

Жоьпаш терахьашца билгалдаха.

Хаттарш къаьстинчу кехата тӀе схьайаздан ца оьшу.

Йозанан болх кхочушбе цӀена а, йоза къаьсташ а.

**Хаттарш:**

1. Ша валале шен кӀенташна хӀун дан кхиъна да?
2. Хьан доладо жимахволчу вешин?
3. Вовшашца муха бара вежарий?
4. Шаьш лелочух Дала царна беркат даран хӀун бахьана дара?
5. Муха вехара кхо ваша?

**2 дакъа**

***2-8 тӀедахкарийн жоьпаш хуьлу белхан текстехь жоьпана билгалйинчу дош (дешнийн цхьаьнакхетар).***

2

***Синтаксически анализ.***

Д1айеша текст.

(1)Г1енах санна, сан б1аьргашна дуьхьалх1оьттира суна цкъа а дицлур доцу тхан дененан хаза йуьхь-сибат. (2)Со шен кара а хаавой, ховхачу шен куьйган йовхо хаа а йолуьйтуш, и сан коьрта т1ехула а хьокхий, хийла дуккха а туьйранаш дуьйцура цо суна. (3)Цуьнан туьйранаша сан даг чохь дикане кхийда ойланаш кхуллура, кхиайора сан деган дикалла, оьздангалла, г1иллакх. (4)Гуттар эшо лаьара харцо.

Нийса **грамматически бух** къастийначу жоьпан вариант билгалйаккха. Д1айазйе цуьнан лоьмар.

1) дуьхьалх1оьттира суна (1-ра предложени)
2) дуьйцура цо (2-г1а предложени) +
3) ойланаш кхуллура (3-г1а предложени)
4) эшо лаьара харцо (4-г1а предложени)

Жоп ________________________________________________________

3

***Пунктуационни анализ.***

**Оьшу сацаран хьаьркаш х1иттаде.** Айхьа х1иттийначу ц1оьмалгийн терахьаш схьайазде.

Хьийзинчу холхазах тера хеталучу(1) лекхачу лаьмнашна йуккъехь 1уьллу нохчийн(2) шира йурт. Моттало комаьршачу 1аламо(3) цхьа озабезам бина(4) шен йерриг хазалла(5) шен уггар исбаьхьа басарш ца кхоош(6) леррина х1ара меттигаш кхелина. Ткъа сийна стигал хазйо меллаша(7) йистйоцчу паналле д1аоьхучу(8) к1айчу мархаша. (3456)

Жоп ________________________________________________________

4

***Синтаксически анализ.***

Предложенера **лач кхачам** схьайазбе.

**Безамца бусту поэта стеган мах, цуьнан сий, оьздангалла, доьналла, йахь, къинхетаме хилар.**

Жоп _____________безамца______________________

5

***Орфографически анализ.***

Билгалдаькккхина дош йаздаран нийса т1еч1аг1дар далийначу жоьпан вариант билгалйаккха. Оцу жоьпан лоьмар д1айазйе.

1) **МОЬТТА** – хьалхарчу спряжени чудогIучу карарчу хенан хандешан чаккхенгахь «А» йаздо.

2) **ЦХЬАК1ЕЗЗИГ** – ЦХЬА боху дош т1екхетарца кхолладелла чолхе куцдешнаш цхьаьна йаздо.

3) **ЦА ЛЕХНАРГ** – «ЦА» дакъалг лаамечу причастица къаьстина йаздо.

4) **ЛАР ЙО –** цхьана дешдекъах лаьттачу хандешан г1оьнца кхолладелла чолхе хандешнаш къаьстина йаздо.

Жоп ________________________________________________________

**2 дакъа**

| ***Текст дIа а йеший, 6-9 тIедаххарш кхочушде.*** |
| --- |

(1)Цхьана довхачу дийнахь Ануй, Салманний догIанаш дилхинчул тIаьхьа дистинчу хине хьажа даха араделира. (2)ДIадихккина долу Борзик цу шинна тIаьхьакхоссаделира, амма кочарчу зIено дIа а ца хецна, ша долччохь дIасатохаделла, цIийза доладелира иза.

(3)– Мама, Борзик а ... – дийхира Салмана, саца а сецна, шен доттагI долчухьа дIа а гIуртуш.

(4)КIантана дагахь долчух, цо бохучух кхетча санна, кхин а чIогIа тохаделира жIаьла: «ГIав-гIав-гIав! ДIахеца со, суна а лаьа шуьца ловза дан», – бохуш санна.

(5)– Дитахьа, диканиг, ца оьшу хьуна Борзик, – элира Анус. (6)–Вайша дукха ца Iаш, духа ма догIу...

(7)– Оьшу, мама!.. ДIахецахьа Борзик, – чIогIа доьхура Салмана, велха а ийзош.

(8)ГIийлачу бIаьргашца кIелдIашхула цу шинга хьоьжура жIаьла. (9)«Ма дитийша со»,– бохуш санна, цIийзара иза. (10)«Суна а лаьа шуьца дан», – бохура цуьнан бIаьргаша.

(11)– ХIан, дало хIинца суна, вон а ца лелаш, – арайелира Ану. (12)Цунна тIаьхьа доладелира ши доттагI а. (13)Кертал арадоллушехь, кIентан куьйгах бат а Iоьттина, хьалхара дIаиккхира жIаьла. (14)Цунна тIаьхьа вада дагахь, дIакхоссалуш воллу Салман:

– Собар, собар! Ахь хIун до? – куьг а лаьцна, сацийра Анус. (15)– Суна хаа а дера хаьара шуьшиъ Iийр доцийла. (16)Валол, суна улло а хIоттий.

(17)...Дистинчу хин гIовгIа геннахь дуьйна хезаш йара. (18)Берда йистехь дукха адамаш гулделлера.

(19)– О-о-о, ма доккха а ду! – ши куьг хьала а ойбуш, мохь туьйхира Салмана.

(20)– Борзик, хьо йисте ма гIолахь, чудужур ду хьо, – аьлла, цIога а лаьцна, духаозийра цо жIаьла.

(21)Гена доццуш ловзуш бераш дара. (22)Царех цхьадолчара хи чу сицкъарш кхуьйсура, цаьрца «чIепалгаш» дахар а къуьйсуш. (23)Берех бIаьрг кхийтира Салманан.

(24)– Мама, суна а лаьа тIулг кхосса, – хьала а гIаьттина, тIулгаш лехьо вуьйлира иза.

(25)Салман, тIулг дIаластошшехь, ког а шершина охьа а кхетта, басах керчина, маьхьарца хи чу вуьйжира.

(26)– Сал-ма-а-а-н! – шийла мохь белира Анун. (27)Кхоьссина хIума санна, хьала а иккхина, хи тIе йедира иза. (28)Амма цул а каде хьалаиккхира Борзик. (29)Доьддушехь, кхоссаделла хи чу иккхира иза.

(30)– Ва-а-а! (31)Орца дала!.. (32)Сан кIант дIахьо шуна! – бохучу маьхьарца бердаца йедда йоьдура Ану. (33)Кхерайаларна а, йохарна а къаьрзина, хийцабеллера цуьнан ши бIаьрг. (34)Сихха нека а деш, кIантана тIаьхьакхуьуш лаьттара жIаьла. (35)Йедда йоьдуш йолу Ану, ког а тасабелла, нисса бертал, йахйелла хин йисте охьайуьйжира. (36)Цунна ца гира кIантана тIаьхьа а кхиъна, катоьхна цуьнан кучан кач а лаьцна, неканца берда йисте духадогIуш долу жIаьла. (37)Иза кхетамчуьра йелира... (38)ЖIаьлина гIо дан, дуьхьалдевдира генахь доццуш ловзуш хилла бераш. (39)Амма цара гIо дан ца оьшуш, шен доттагI а текхош, йисте кхаьчна Борзик, цкъа-шозза кхоссаделла, гомхачу бердах хьаладелира. (40)КIант лаьтта охьахецна, шена тIера хи дIадоккхуш, лестира жIаьла.

(41)Девдда тIекхаьчначу берех цхьамма, накъостийн гIоьнца лаьттара схьа а эцна, кIант берталнехьа, шен гуола тIе а виллина, охьаверзийра, цуьнан гIодайукъа тIе куьйгаш а теIош. (42)Салманан мерах а, багах а хи охьахьаьдира. (43)Йуха лаьтта охьавиллича, доккха са а даьккхина, бIаьргаш биллира кIанта.

(44)– ХIей, зуда, хьалагIатта! (45)Хьан кIантана хIумма а ца хилла, хи чуьра хьалаваьккхина иза, – элира, Ануна тIе а веана, кхечу шина кIанта.

(46)– Вай, сан диканиг!.. (47)Ва-а-ай, сан Салман!.. (48)Ас хIун дийр дара?! –

кIант маракъуьйлуш, цунна обанаш бохура нанас.

(49)– ХIинца хIумма а хир дац, – тейира нана, берех воккхахволчо. (50)– Амма хIара жIаьла ца хиллехьара... – корта дIасаластийра цо.

(51)КIант когаш тIе хIуттушехь, тIе а дедда, цуьнан йуьхьах мотт хьаькхира жIаьло. (52)Схьа а лаьцна, цуьнан тIеда ворта марайоьллира Салмана. (53)Амма Анус хIинца и шиъ човха ца дира: Борзик хIинца церан доьзалхо ма вара…

(*Саракаев Хь.Б.)*

6

***Текстан чулацаман анализ.***

«ХIун бахьана дара Анус шен кIанттий, жIаьлий хIинца човхацадаран?» бохучу хаттарна нийса **тIечIагIдаран хаам** жоьпийн муьлхачу вариантехь бу?

1) ***Иза хIинца а метта ца йеанера.***
2) ***Борзик хIинца церан доьзалхо вара.***
3) ***Цунна цу шиннах эхь хетара.***
4) ***Бераша кхерийнера иза.***

Жоп ______________________________________________

2) 7

***Меттан суртхIотторан гIирсийн анализ.***

Меттан суртхIотторан гIирс – **эпитет** шеца йолу предложени билгалйаккха.

1) ***Цунна тIаьхьа доладелира ши доттагI а.***
2) ***ГIийлачу бIаьргашца кIелдIашхула цу шинга хьоьжура жIаьла.***
3) ***Берда йистехь дукха адамаш гулделлера.***
4) ***КIант лаьтта охьахецна, шена тIера хи дIадоккхуш, лестира жIаьла.***

Жоп ______________________________________________

8

***Лексически анализ.***

35-чу предложенера **«бертал»** бохучу дашна **антоним** йалае. ДIайазйе иза.

Жоп ______________________________________________

**3 дакъа**

***2-чу декъера йешначу текстах пайда а оьцуш, къаьстинчу кехата тIехь 9.1, 9.2 йа 9.3 тIедахкарех кхочушде ЦХЬАЪ. Оцу тIедилларна, йалийначу клишех пайда а оьцуш, дуьззина йозанан жоп ло. Сочинени йазйан йолайале, дIайазйе хаьржинчу тIедилларан лоьмар: 9.1, 9.2 йа 9.3.***

9.1

Лахахь йалийначу клишех пайда а оьцуш, сочинени–ойлайар йазйе, халкъан хьехархочун Ш.И. Абдуразаковн **«Нохчийн мотт башхачу жовхIарех йуьзна йоккха хазна йу. Оцу жовхIарех бу ойланан муьлхха а агIо гайта таро хуьлуьйту меттан суртхIотторан гIирсаш»** бохучу дешнийн маьIна а достуш.
Хьайн жоп тIечIагIдеш, ешначу текста тIера **ши** масал даладе.
Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.
Лингвистически материал тIехь тема схьайоьллуш, Iилманан йа публицистически стилехь болх йазбан таро йу хьан.
Сочинени дIайоло мегар ду Ш.И. Абдуразаковн дешнашца.
Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.
Йешначу текстана (йалийначу текстана) тIе а ца тевжаш йазбинчу белхан мах хадош бац. Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.
Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. ... Иза иштта хилар шеко йоцуш ду ...
2. Авторо меттан суртхIотторан гIирс гойтучу ... предложенин масалца тIечIагIдан йиш йуу и ойла нийса хилар.
3. Текстан ... предложенехь ... кхин цхьаъ ...
4. Вайна ма-гарра ...

**<u>Магадо</u>**: йалийна клишеш хийца.

9.2

Лахахь йалийначу клишех пайда а оьцуш, йазйе сочинени-ойлайар. Дийца, муха кхета хьо текстан тIаьххьарчу предложенин маьIнах: **«Амма Анус хIинца и шиъ човха ца дира: Борзик хIинца церан доьзалхо ма вара…».**
Сочиненехь айхьа йешначу текстера хьайн ойлайар нийса хилар гойтуш долу **ши** тIечIагIдар (аргумент) даладе.
Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.
Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.
Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.
Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

I. Текстан тIаьххьарчу могIанийн (текстера йеллачу кийсакан) маьIна ду ...
2. Аьлларг тIечIагIдархьама, хьовсур вай предложенешка ...
3. Сайн жамIаш тIечIагIдеш, ... предложенера (-шкара) масал далор ду ас.
4. Вайна ма-гарра ...

**<u>Магадо</u>**: йалийна клишеш хийца.

9.3

Муха кхета хьо **ТЕШАМ** бохучу дешан маьIнах? Кепе а далош, комментари е айхьа цунах билгалдаьккхинчунна.
Лахахь йалийначу клишех пайда а оьцуш, йазйе **«Тешаман мехалла»** темина сочинени-ойлайар айхьа билгалдаьккхинчун буха тIехь. **Тешамах** лаьцна айхьа

билгалдаькххинарг тIечIагIдеш, **ши** масал-тIечIагIдар даладе: **цхьа** масал-тIечIагIдар даладе йешначу текстера, **шолгIаниг** – хьайн дахарехь зеделлачух.
Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.
Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайиийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.
Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Тешам – иза ... ХIокху дешнийн маьIнах со иштта кхета ...
2. Хьовсур вай тексте ...
3. И тезис тIечIагIйеш, йешначу произведенера иштта масал далор ду ...
4. Лакхахь аьллачун тIера билгалдолу ...

**<u>Магадо</u>**: йалийна клишеш хийца.

## 29 вариант

### 1 дакъа

***Тексте ла а догIий, къаьстинчу кехата тIехь 1-ра тIедиллар кхочушде. Цкъа хьалха тIедилларан номер дIайазйе, цул тIаьхьа – йозанан болх.***

1

Тексте ла а догIий, жима йозанан болх кхочушбе.
Хаалахь, хьо декхарийлахь ву, хIора хаттарна дуьззина (1-2 предложеница) жоп дала.
Йозанан белхан барам 50 дашал кIезиг хила ца беза.
Нагахь ладоьгIначу текстан буха тIехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбина йозанан болх ма-йарра схьайазйина ладоьгIна текст йелахь, оцу белхан **ноль баллаца** мах хадабо.
Жоьпаш терахьашца билгалдаха.
Хаттарш къаьстинчу кехата тIе схьайаздан ца оьшу.
Йозанан болх кхочушбе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Хаттарш:**

1. Ша валале шен кIенташна хIун дан кхиьна да?
2. Хьан доладо жимахволчу вешин?
3. Вовшашцца муха бара вежарий?
4. Шаьш лелочух Дала царна беркат даран хIун бахьана дара?
5. Муха вехара кхо ваша?

### 2 дакъа

***2-8 тIедахкарийн жоьпаш хуьлу белхан текстехь жоьпана билгалйинчу дош (дешнийн цхьаьнакхетар).***

2

***Синтаксически анализ.***

Д1айеша текст.

(1)ТIе а вахана, кертана тоьхначу аннаш йуккъехула чухьаьжира тхойшиъ. (2)Йо1 кертахь йара, боккхачу кхура к1ел лаьттачу г1антахь аьрру аг1ор хьалха охьахецна йолу шен месаш шарйеш. (3)1ела хьоьжжучохь а витина, цунна ца хоуьйтуш, къайлаха т1улг кхоьссира ас кхура т1е. (4)Т1улг д1акхетташехь, сиха хьала а оьккхуш, кхерамца кхуре хьалахьаьжира йо1.

Нийса **грамматически бух** къастийначу жоьпан вариант билгалйаккха. Д1айазйе цуьнан лоьмар.

1) чухьаьжира тхойшиъ (1-ра предложени) +
2) охьахецна месаш (2-г1а предложени)
3) т1улг кхоьссира (3-г1а предложени)
4) кхуре хьалахьаьжира (4-г1а предложени)

Жоп ___________________________________________________

3

***Пунктуационни анализ.***

**Оьшу сацаран хьаьркаш х1иттаде.** Айхьа х1иттийначу ц1оьмалгийн терахьаш схьайазде.

Шуьйта мосазза кхечи (1) безаме хетара цунна (2) йаьржина Iуьллу ламанан (3) хаза чоь. Лахенца кхоьлина йара. Iаннаш чохь дохк Iуьллура. Шен комаьрша ЗIаьнарш Iенош (4) серлабаьлла богура малх. Генахь гуш дара (5) кIайн заза санна (6) къегина лаьмнаш. (1456)

Жоп ___________________________________________________

4

***Синтаксически анализ.***

Предложенера **лач кхачам** схьйазбе.

**Меттан хазйинчу кепаша до йаздархочун хатI, уьш йозуш йу исбаьхьаллин некъаца.**

Жоп _______________ некъаца ____________________

| 5 |
|---|

***Орфографически анализ.***

Билгалдаьккхина дош йаздаран нийса т1еч1аг1дар далийначу жоьпан вариант билгалйаккха. Оцу жоьпан лоьмар д1айазйе.

1) **ЦАХАЗАР** – «*ЦА*» дакъалг масдарца цхьаьна йаздо.

2) **КХУЗТIКЪА** – дашехь шалха ши элп йух-йуххехь нислахь, и ши элп дуьззина д1айаздо.

3) **ДОЬХКА** – хьалхарчу спряжени чудог1учу хандешан чаккхенгахь «А» йаздо.

4) **ШЕЛА** – долахь ц1ердешнаш жимачу элпаца йаздо.

Жоп ______________________________________________________

**2 дакъа**

| ***Текст дIа а йеший, 2-14 тIедахкарш кхочушде.*** |
|---|

(1)ЧIогIа хазачу гIутакх чохь Iашурина цхьамма совгIатна къоламаш деллера. (2) ГIутакх эчиган дара. (3)Цуьнан негIар тIехь диллина стелаIодан сурт дара, ворхI тайпана бос а болуш. (4)Чохь шортта къоламаш а дара, уьш вуно дика ирдина а дара. (5)Iашурас, уьш шена чIогIа хазахетарна, кхоош, наггахь бен ца леладора.

(6)КIезиг хан йаьлча, гIутакх чохь долу къоламаш вовшашца къийсадала дуьйлира. (7)ЦIечу къоламо сихха дIахьедира:

(8)– Со коьртаниг бу!

(9)– И бохург хIун ду, хьо стенна хуьлуш бу коьртаниг? – аьлла, меттахбелира баьццара бос болу къолам. (10)– Цу тIе даьлча, массарел хаза бос сан бу, со хила беза коьрта.

(11)– Соьца хьалхе къийса ма гIертийша, соьга кхочуш цхьа а къолам бац кху чохь, – аьлла, кхоссабелира боьмаша къолам.

(12)– Вай, и бохург хIун ду? (13)Тхо шул хIун оьшуш ду? – аьлла, гIовгIа йаьккхира вукху къоламаша.

(14)Цу гIовгIанна йуккъехь царна ца хааделира Iашурас шаьш караэцна хилар. (15)ЙоIа гIутакх схьадиллира. (16)Тап-аьлла дIатийра къоламаш. (17)Iашурас схьаийцира баьццара бос болу къолам. (18)Цуьнца бецан сурт диллира. (19)ТIаккха боьмашниг схьаийцира. (20)Цуьнца цхьа хаза бой коьртахь а йолуш йоьIан сурт диллира. (21)Йуха схьаэцначу цIечу къоламца цу баьццарчу арен тIехь шортта петIаматан зезагаш дехкира.

(22)– Хьовсал, оха элирий тхо ду кху чохь коьртанаш?! – дозаллица элира цIечо.

(23)Массо а ладоьгIуш тийна Iара. (24)Массарна а лаьара йоIа шайца суьрташ дохкийла. (25)Юха Iашурас сийначу къоламца хIорд биллира, цу тIехь Iаьржачу къоламца хIордан кеманаш а дохкуш. (26)Можачуьнца малх биллира. (27)Цхьа а къолам дIатеттина ца битира цо.

(28)ГIутакхан агIонах дIа а летта, Iара кIайн къолам.

(29)– Со бац-кх цхьанна а оьшуш, со кху чу хIунда биллина хилла-те, – бохуш, гIийла ойланаш йора цо. (30)– КIайчу къоламах хIун до, кIайчу кехат тIехь и гур ма бац, – бохуш, ша шен тебора цо. (31)Дегабаам чIогIа бара.

(32)ТIаьхххьара а йоIа караийцира кIайн къолам.

(33)– Вай, со бац цо схьаэцнарг?! – аьлла, хазахийтира къоламна. (34)Амма эццахь йоIа охьабиллира иза. (35)Доккха садаьккхира къоламо.

(36)–ХIун дийр ду? (37)Дан хIума дац-кх. (38)Иштта бу-кх сан кхоллам, – аьлла, йуха а, дог а диллина, дIатийра къолам.

(39)ЙоIа йуха а кIайн къолам схьа а эцна, стигалахь кIайн мархаш йеххира, хIордкеманна тIехь мохлоцу четар диллира. (40)Йуха цхьана доккхачу ирзу тIехь шортта хаза кIайдаргаш дехкира цо.

(41)– Хьажахьа, со а цхьана хIуманна пайде хилла-кх! – аьлла, доккха са а даьккхина, паргIатбелира къолам.

(42)Дукха суьрташ дехкира Iашурас. (43)Массо а къоламах пайдаэца хиира цунна. (44)Лекха лаьмнаш, можа малх, сийна хIорд, баьццара аренаш, хьаннаш яра цуьнан суьрташ тIехь… (45)Цо дехкинчу суьрташка а хьаьжна, нанас хаьттира Iашуре: (46)«Iашура, уггаре а дукха муьлха бос болу къолам беза хьуна?»

(47)И дерриге къоламаш шен мара а доьхкина, жоп делира йоIа: (48)«Суна дерриге дукха а деза, хаза а хета хIорш!»

(49)И массо а къолам, нисбеш, гIутакх чу биллира цо. (50)Цуьнан довхачу дешнаша барт бира къоламашна йуккъехь. (5I)Вовшах а ийна, тап-аьлла дIатийра къоламаш. (52)Хьажахьа, ма дукха хIума оьшуш ца хилла барт бан! (53)Хаза, мерза, довха дош, ларам оьшуш хилла-кх. (54)Оццул жимачу йоIана хии-кх карзахдевллачу къоламашна йуккъехь барт бан. (55)Iашура ловза йахара, баркаллица йоIана тIаьхьа гIутакх а хьоьжуш. (56)Ткъа къоламаш, вовшашна тIеттIа а теIаш, вовшашка хьал-де а хоьттуш, дукха чIогIа сапаргIат дIатийра.

*(Дамаева И.С.)*

6

***Текстан чулацаман анализ.***

«ХIун бахьана дара Iашурас къоламаш наггахь бен цалеладаран?» бохучу хаттарна нийса **тIечIагIдаран хаам** жоьпийн муьлхачу вариантехь бу?

1) ***Iашурина суьрташ дахка ца хаьара.***
2) ***Цу къоламийн беснаш хаза ца хетара йоIана.***
3) ***Iашурас къоламаш, шена чIогIа хазахетарна, кхоадора.***
4) ***ЙоI мукъа ца хуьлура къоламаш схьаэца.***

Жоп ________________________________________________________

3) 7

***Меттан суртхIотторан гIирсийн анализ.***

Меттан суртхIотторан гIирс–**эпитет** шеца йолу предложени билгалйаккха.

1) ***Цуьнан довхачу дешнаша барт бира къоламашна йуккъехь.***
2) ***Чохь дуккха а къоламаш дара, уьш вуно дика ирдина а дара.***
3) ***Iашурас схьаийцира баьццара бос болу къолам.***
4) ***И массо а къолам, нисбеш, гIутакх чу биллира цо.***

Жоп ________________________________________________________

***Лексически анализ.***

10-чу предложенера **«хаза»** бохучу дашна **антоним** йалае. ДIайазйе иза.

Жоп ____________________________________________________________

**3 дакъа**

***2-чу декъера ешначу текстах пайда а оьцуш, къаьстинчу кехата тIехь 9.1, 9.2 йа 9.3 тIедахкарех кхочушде ЦХЬАЪ. Оцу тIедилларна, йалийначу клишех пайда а оьцуш, дуьззина йозанан жоп ло. Сочинени йазйан йолайале, дIайазйе хаьржинчу тIедилларан лоьмар: 9.1, 9.2 йа 9.3.***

9.1

Лахахь йалийначу клишех пайда а оьцуш, сочинени-ойлайар йазйе, халкъан хьехархочун Ш.И. Абдуразаковн **«Нохчийн мотт хьалдолуш а, аьхна а мотт бу, уггаре хаза, кIорггера дог-ойланаш ма-йарра цIена, нийса, йуьззина йийца йиш йолуш»** бохучу дешнийн маьIна а достуш.

Хьайн жоп тIечIагIдеш, йешначу текста тIера **ши** масал даладе.

Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.

Лингвистически материал тIехь тема схьайоьллуш, Iилманан йа публицистически стилехь болх йазбан таро йу хьан. Сочинени дIайоло мегар ду Ш.И. Абдуразаковн дешнашца.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Йешначу текстана (йалийначу текстана) тIе а ца тевжаш йазбинчу белхан мах хадош бац. Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Суна хетарехь (суна хета) ... Тезис тIечIагIйеш, хьовсур вай ...
2. Масална текстан ... предложени йало мегар ду.
3. Авторо шен текстан ... предложенехь меттан гIирсах ... пайдаоьцу.
4. Вайна ма-гарра, ...

**Магадо**: йалийна клишеш хийца.

9.2

Лахахь йалийначу клишех пайда а оьцуш, йазйе сочинени-ойлайар. Дийца, муха кхета хьо хIокху предложенин маьIнах: **«Цуьнан довхачу дешнаша барт бира къоламашна йуккъехь».**

Сочиненехь айхьа йешначу текстера хьайн ойлайар нийса хилар гойтуш долу **ши** тIечIагIдар (аргумент) даладе.

Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.

Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.

Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайиийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.
Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

I. Йеллачу предложенин маьIнах со иштта кхета ...
2. Сайн жамIаш тIечIагIдеш, ... предложенера (-шкара) масал далор ду ас.
3. ... предложенино (-еша) тIечIагIйо ойла ...
4. Текстера масалша тIечIагIдо ...

**Магадо**: йалийна клишеш хийца.

9.3

Муха кхета хьо **ДОВХА ДОШ** бохучу дешнийн маьIнах? Кепе а далош, комментари йе айхьа цунах билгалдаькхинчунна.
Лахахь йалийначу клишех пайда а оьцуш, йазйе **«Довхачу дешан ницкъ»** темина сочинени-ойлайар айхьа билгалдаькхинчун буха тIехь. **Довхачу дашах** лаьцна айхьа билгалдаькхинарг тIечIагIдеш, **ши** масал-тIечIагIдар даладе: **цхьа** масал-тIечIагIдар даладе йешначу текстера, **шолгIаниг** – хьайн дахарехь зеделлачух.
Сочиненин барам 70 дашал кIезиг хила ца беза.
Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайиийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.
Сочинени йазйе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Довха дош – иза ... Сан кхетамехь, хIокху дешнийн маьIна иштта ду ...
2. ХIокху текстан автора нийса билгал ма-даккхара ...
3. Сайн дахарехь зеделлачуьнга а хьаьжна, айса йалийна ойла тIечIагIйан лаьа …
4. Цу тIера схьа жамI дан таро йу ...

**Магадо**: йалийна клишеш хийца.

## 30 ВАРИАНТ

### 1 дакъа

***Тексте ла а догIий, къаьстинчу кехата тIехь 1-ра тIедиллар кхочушде.***

***Цкъа хьалха тIедилларан лоьмар дIайазйе, цул тIаьхьа – йозанан болх.***

1

Тексте ла а догIий, жима йозанан болх кхочушбе.
Хаалахь, хьо декхарийлахь ву, хIора хаттарна дуьззина (1-2 предложени-ца) жоп дала.

Йозанан белхан барам 50 дашал кIезиг хила ца беза.
Нагахь ладоьгIначу текстан буха тIехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбина йозанан болх ма-йарра схьайазйина ладоьгIна текст йелахь, оцу белхан **ноль баллаца** мах хадабо.

Жоьпаш терахьашца билгалдаха.

Хаттарш къаьстинчу кехата тIе схьайаздан ца оьшу.

Йозанан болх кхочушбе цIена а, йоза къаьсташ а.

**Хаттарш:**

1. Ша валале шен кIенташна хIун дан кхиъна да?
2. Хьан доладо жимахволчу вешин?
3. Вовшашца муха бара вежарий?
4. Шаьш лелочух Дала царна беркат даран хIун бахьана дара?
5. Муха вехара кхо ваша?

**2 дакъа**

| |
|---|
| ***2-8 тIедахкарийн жоьпаш хуьлу белхан текстехь жоьпана билгалйинчу дош (дешнийн цхьаьнакхетар).*** |

2

***Синтаксически анализ.***
Д1айеша текст.

| |
|---|
| (1)Шина некъахочо шайн некъ д1аболийра лаьмнашкахьа. (2)Х1има д1акхачале, цхьана басах д1алатийча санна лаьттачу лохо теxкина тхевнаш долчу ц1енош т1е кхечира Халиддий, Аьстамаррий. (3)Адамаш тосаделлачу ж1аьло г1овг1а йаьккхира, х1орш хьуьнан хехо вехачу х1усамна гергакхочуш. (4)Ж1аьлин г1овг1а хезна арайаьллачу х1усамнанас, Халиде маршалла а хаьттина, ши говр д1а1алашйира, царна буьйсанна х1оъ луш. |

Нийса **грамматически бух** къастийначу жоьпан вариант билгалйаккха. Д1айазйе цуьнан лоьмар.

1) шина некъахочо д1аболийра (1-ра предложени) +
2) ц1енош т1е кхечира (2-г1а предложени)
3) г1овг1а йаьккхира (3-г1а предложени)
4) говр д1а1алашйира (4-г1а предложени)

Жоп ______________________________________________________

3

***Пунктуационни анализ.***

**Оьшу сацаран хьаьркаш х1иттаде.** Айхьа х1иттийначу ц1оьмалгийн терахьаш схьайазде.

Поэтессин (1) кхолларалл ин чулацам шуьйра бу. Цуьнан стихаший(2) поэмаший(3) чулоцу философин маь1на долу ойланаш дукха йу. Къаьсттана дагах хьакхалуш бу(4) цо шен дукхахйолчу произведенешкахула чекхбоккху(5) Даймахке болу безам. Цуьнан дукхахйолу стихаш к1еда-мерза(6) мукъамехь йека(7) цундела йирзина(8) уьш эшаршка а. (267)

Жоп ________________________________________________

4

***Синтаксически анализ.***

Предложенера **меттиган латтам** схьайазбе.

**Шайн произведенещца цара кхин а алсамбоккхура Даймахке а, халкъе а болу мерза безам, б1аьхойн дегнашкахь стогалла, майралла кхиайора.**

Жоп ____________ дегнашкахь ____________

5

***Орфографически анализ.***

Билгалдаьккхина дош йаздаран нийса т1еч1аг1дар далийначу жоьпан вариант билгалйаккха. Оцу жоьпан лоьмар д1айазйе.

1) **КIА-НТ –** дош сехьадоккхуш, цхьана дешдекъах лаьтта дош декъа мегар ду.
2) **ВОН** – доьшуш доцу (шеконан) чаккхенгара «Н» йаздо цхьана дешдекъах лаьттачу билгалдешнийн йуьхьанцарчу кепехь.
3) **СО, ХЬО, ТХО** – х1ара йаххьийн ц1ерметдешнаш хотталург, дустург дожаршкахь ораман мукъа аз хуьйцуш йаздо.
4) **МА ХЕТТА** – дакъалг «МА» къаьстина йаздо, шеца лелачу дешан орамера мукъаза аз шалхадолуш делахь.

Жоп ________________________________________________

***Текст дIа а йеший, 6-9 тIедахкарш кхочушде.***

(1)Сан кегий доттаг1ий! (2)Шун хеннара хир волу цхьа к1ант Висади шен нанас базара вахийтинера, пхи туьма ахча а делла, ши кийла шекар эца аьлла.

(3)Базарахь мах бечу зудчуьнгара шекар а эцна вухавирзича, цо духаделла ахча сов карийра Висадина. (4)Пхеа туьманах кхунна йухадала дезарг ши туьма дара, ткъа йухаделларг – ворх1 туьма. (5)Хетарехь, йохкархочунна кхуо шега делларг итт туьман кехат ду моттаделлачух тера дара.

(6)Ч1ог1а самукъаделира Висадин. (7)Сов деллачу ахчанах шена шортта х1уманаш эца дагадеара цунна: шоколадаш, сег1аз, къоламаш, альбом… (8)Делахь

а даго и дан ца витира иза, стенна делахь а. (9) «Цкъа маме хоттур ду ас»,– ойла хилира цуьнан. (10)Ц1а кхаьчча, шен нене д1адийцира цо хилларг.

(11)Нанас элира:

– (12)Висади, иза хьарам ахча ду! (13)Йуха а хьой, оцу йоккхастаге д1ало и. (14)Хьарам рицкъанах ларвала веза, ц1арах санна. (15)Ца ларлахь, жоьжаг1атин ц1арах вогур ву…

– (16)Ас лачкъийна ма дац х1ара,– г1ийлла элира Висадис.

– (17)Лачкъийна дацахь а, хьарам ду.(18)Ойлайел ахь оцу йоккхастеган. (19)И сом даккха г1ерташ, лаьтташ ма йу иза малхехь а, мохехь а, дорцехь а. (20)Цуьнан метта хилча, хьуна муха хетар дара?

– (21)Дика ду, мама,– аьлла, Висади вухавахара базара.

(22)Ч1ог1а самукъадаьллера йоккхастеган, кхуо ахча йухаделла аьлла.

– (23)Дела реза хуьлда. (24)Дала дукха вахаве хьо, – бохуш, дуккха а ловцаш бира цо к1антана.

(25)Кхуо ца оьшу боххушехь, кхунна цхьа сег1аз а делира.

– (26)Д1аделира ас, мама,– элира Висадис чуьеъча.

(*Ахмадов М.М.*)

6

***Текстан чулацаман анализ.***

«Х1унда ца ийцира Висадис сов деллачу ахчанах х1уманаш?» бохучу хаттарна нийса **т1еч1аг1даран хаам** жоьпийн муьлхачу вариантехь бу?

***1*) *Ша йохкархочунна вовзарна кхоьрура Висади.***
***2*) *Даго ца витира Висади оцу ахчанах х1уманаш эца.***
***3*) *Нанна а ца хоуьйтуш, ахча къайладаккха дагадеара Висадина.***
***4*) *Шена духаделла ахча нийса ду моьттира Висадина.***

Жоп ______________________________________________________

7

***Меттан суртх1отторан г1ирсийн анализ.***

Меттан суртх1отторан г1ирс – **дустар** шеца долу предложени билгалйаккха.

***1) Шун хеннара хир волу цхьа к1ант Висади шен нанас базара вахийтинера, пхи туьма ахча а делла, ши кийла шекар эца аьлла.***
***2) Ч1ог1а самукъаделира Висадин.***
***3) Хьарам рицкъанах ларвала веза, ц1арах санна.***
***4) Ц1а кхаьчча, шен нене д1адийцира цо хилларг.***

Жоп ______________________________________________________

8

***Лексически анализ***

12-чу предложенера **«хьарам»** бохучу дашна **антоним** йалае. Д1айазйе иза.

Жоп ______________________________________________________

***2-чу декъера йешначу текстах пайда а оьцуш, къаьстинчу кехата тIехь 9.1, 9.2 йа 9.3 тIедахкарех кхочушде ЦХЬАЪ. Оцу тIедилларна, йалийначу клишех пайда а оьцуш, дуьззина йозанан жоп ло. Сочинени йазйан йолайале, дIайазйе хаьржинчу тIедилларан лоьмар: 9.1, 9.2 йа 9.3.***

9.1

Лахахь йалийначу клишех пайда а оьцуш, сочинени–ойлайар йазйе, Усларан П.К. **«Нохчийн мотт ч1ог1а къен хетар даржош берш цунах цхьана а кепара кхеташ боцу нах бу. Мелхо а, и мотт, шен г1оьнца адаман ойланан уггаре к1оргера аг1онаш а йийцалур йолуш, ч1ог1а хьалдолуш бу»** бохучу дешнийн маь1на а достуш.

Хьайн жоп т1еч1аг1деш, йешначу текста т1ера **ши** масал даладе.

Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.

Лингвистически материал т1ехь тема схьайоьллуш, 1илманан йа публицистически стилехь болх йазбан таро йу хьан.

Сочинени д1айоло мегар ду Усларан П.К. дешнашца.

Сочиненин барам 70 дашал к1езиг хила ца беза.

Йешначу текстана (йалийначу текстана) т1е а ца тевжаш йазбинчу белхан мах хадош бац. Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе ц1ена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Суна хетарехь ... Т1еч1аг1дийр ду иза текста масалшца ...
2. Масала, текстера ... предложенехь ...
3. Текстан ... предложени йешча, кхин цхьаъ ...
4. Цу тайпана ...

**<u>Магадо</u>**: йалийна клишеш хийца.

9.2

Лахахь йалийначу клишех пайда а оьцуш, йазйе сочинени-ойлайр. Дийца, муха кхета хьо х1окху предложенин маь1нах: **«Хьарам рицкъанах ларвала веза, ц1арах санна».**

Сочиненехь айхьа йешначу текстера хьайн ойлайар нийса хилар гойтуш долу **ши** т1еч1аг1дар (аргумент) даладе.

Масалш далош, оьшучу предложенийн терахьаш билгалдаха йа цитированих пайдаэца.

Сочиненин барам 70 дашал к1езиг хила ца беза.

Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе ц1ена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

1. Суна хетарехь, йеллачу кийсако текстан коьрта ойла чулоцу ...
2. ... предложенино (-ша) т1еч1аг1йо ойла ...
3. Ткъа шолг1а ойла т1еч1аг1йеш, хьовсур вай йуха а тексте ...
4. Текстера масалша т1еч1аг1до ...

<u>**Магадо**</u>: йалийна клишеш хийца.

| 9.3 |
|---|

Муха кхета хьо **ХЬАРАМЛО** бохучу дешан маь1нах? Кепе а далош, комментари е айхьа цунах билгалдаькхинчунна.

Лахахь йалийначу клишех пайда а оьцуш, йазйе **«Хьарамлонах ларвалар»** темина сочинени-ойлайар айхьа билгалдаькхинчун буха т1ехь. **Хьарамлонах** лаьцна айхьа билгалдаькхинарг т1еч1аг1деш, **ши** масал-т1еч1аг1дар даладе: **цхьа** масал-т1еч1аг1дар даладе йешначу текстера, **шолг1аниг** – хьайн дахарехь зеделлачух.

Сочиненин барам 70 дашал к1езиг хила ца беза.

Нагахь санна сочинени ша ма-йарра схьайийцина йа схьайазйина йуьхьанцара текст хилахь, цхьа а комментари йоцуш, и санна болчу белхан мах ноль баллаца хадабо.

Сочинени йазйе ц1ена а, йоза къаьсташ а.

**Клишеш:**

Хьарамло – иза ...

1. Йешначу текстан анализ йеш, ...
2. Х1окху текстан авторна (автора ц1е) къаьсттина вайна гайта лиънарг ду ...
3. Дахарера масал далош, ала лаьа ...
4. Ойла йинчул т1аьхьа вайна билгалдолу ...

<u>**Магадо**</u>: йалийна клишеш хийца.

~~**Нохчийн меттан экзаменационни**~~

*1 таблица*

| № | ЛадоьгІначу текстан буха тІехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбинчу йозанан белхан мах хадоран критереш | |
|---|---|---|
| ХЖК1 | **Жоп тІедилларца догІуш хилар** | |
| | Жоп тІедилларца догІуш ду (хаттаршна жоьпаш йаздина) | 1 |
| | Жоп тІедилларца догІуш дац (текст ма-йарра схьайазйина) | 0 |
| ХЖК2 | **Жоьпийн барам** | |
| | Экзамен лучо ладоьгІначу текстан буха тІехь хІиттийначу дерриге а хат-<br>таршна нийса жоьпаш делла<br>**йа**<br>4 хаттарна нийса жоп делла | Ба |
| | | |
| | | 0 |
| ХЖК3 | **Белхан дІахІоттам** | |
| | Экзамен лучо далийна жоьпаш йозучу тексте дирзина | 2 |
| | Экзамен лучо далийна жоьпаш йозучу тексте дерзар нисделла<br><br>**амма**<br>2 жоьпан хьалха-тІаьхьалла галйаькkхина | |
| | | |
| **ХЖК1–<u>ХЖК3 критерешца кхочушбинчу йозанан белхан баллийн лаккхара барам</u>** | | **5** |

**Х**

**ЖК** – хаттарийн жоьпийн критереш

**Тидам бе!**

Нагахь ладоьгІначу текстан буха тІехь билгалдаьхначу хаттаршна жоьпаш даларца кхочушбина йозанан болх ма-йарра схьайазйина ладоьгІна текст йелахь, оцу белхан **ХЖК1–ХЖК3** талларан критерешца **ноль баллаца** мах хадабо.

Экзамен лучун йозанан къамелан нийсайаздаран а, фактически нийса хиларан а мах хадор ша къаьстина кхочушдо (6 таблица)

## 2 дакъа

## 2–8 тІедахкарш таллар

Экзаменационни белхан 2 декъан тІедахкарш нийса кхочушдарна экзамен лучунна хІора тІедилларна цхьацца балл хІоттайо. Нийса доцчу жоьпана йа жоп цадаларна ноль балл хІоттайо.

## 3 дакъа

## 9 (1; 2; 3) тӀедилларан мах хадоран критереш

9.1 (сочинени-ойлайар) тӀедилларан жоьпан мах хадабо хӀокху критерешца

*3 таблица*

| № | **Лингвистически темина сочиненин-ойлайаран (9.1) мах хадоран критереш** | **Ба** |
|---|---|---|
| **С1К1** | **Нийса жоп хилар** | |
| | Экзамен лучо ойлайар теоретически барамехь далийна. Тезисах кхетарца доьзна долу фактически гӀалаташ дац | 2 |
| **С1К2** | Экзамен лучо текстера цхьа масал- Экзамен лучо тезис ойлайар теоретически | 1 |
| | Экзамен лучо ойлайар теоретически барамехь далийна. Тезисах кхетарца доьзна долу фактически шиъ 1а цул сов гӀалат далийтина,<br>**йа**<br>тезис тӀе ца чӀагӀйина,<br>**йа**<br>ойлайар тӀедилларан контекстаца догӀуш дац,<br>**йа**<br>тезис тӀечӀагӀйина лаххарчу барамехь | 0 |
| | | |
| | | 3 |
| | Экзамен лучо текстера ши масал-тӀечӀагӀдар далийна,<br>**амма** текстехь церан долу маьӀна билгал ца дина,<br>**йа**<br>текстера ши масал-тӀечӀагӀдар далийна, текстехь церан долу маьӀна цхьаннан бен билгал а ца деш,<br>**йа**<br>текстера цхьа масал-тӀечӀагӀдар далийна, текстехь цуьнан долу маьӀна билгал а деш | 2 |
| | | 1 |
| | | 0 |
| **С1К3** | **МаьӀнийн цхьаалла, сочиненин къамелан уьйр а, хьалха-тӀаьхьалла а** | |
| | Экзамен лучо бинчу белхан мах хадабо маьӀнийн цхьаалло, схьадийцаран<br><br>къамелан уьйро а, хьалха-тӀаьхьалло а:<br>– маьӀнин гӀалаташ дац, схьадийцаран хьалха-тӀаьхьалла гал ца йаьккхина;<br>– балха тӀехь текст абзацашка йекъар гал ца даьккхина | 2 |

180 Йохка-эцаран

Ӏал
ашонца копи яккхар, дӀасаярждор, пайдаэцар, авторийн йозанан бакъо йоцуш, магош дац

| | | |
|---|---|---|
| С1К4 | Экзамен лучо бинчу белхан мах хадабо маьIнийн цхьаалло, схьадийцаран къамелан уьйро а, хьалха-тIаьхьалло а, маьIнин цхьа гIалат далийтина балха тIехь текст абзацашка йекъарехь цхьа гIалат далийтина | 1 |
| | | 0 |
| | | |
| | | 2 |
| | | 1 |
| | Балха тIехь текстан дIахIоттамехь шиъ йа цул сов гIалат далийтина | 0 |
| **С1К1 – С1К4 критерешца сочиненин баллийн лаккхара барам** | | **9** |

**Тидам бе!**

Нагахь сочинени ма-йарра схьайазйина йа схьайийцина текст йелахь, оцу белхан С1К1 – С1К4 талларан критерешца **ноль баллаца** мах хадабо.

Кхочушйечу вариантан 9.1 тIедилларехь йалийначу цитатех къаьсташ йолчу цитатин буха тIехь йазйинчу сочиненин талларан йерриге а критерешца ноль баллаца мах хадабо.

Экзамен лучун йозанан къамелан нийсаяздаран а, фактически нийса хиларан а мах хадор ша къаьстина кхочушдо (6 таблица)

## 9.2 тIедилларан мах хадоран критереш

9.2 (сочинени-ойлайар) тIедилларан жоьпан мах хадабо хIокху критерешца

*4 таблица*

| № | Текстан анализца йогIучу темина йазйинчу сочиненин-ойлайаран (9.2) мах хадоран критереш | |
|---|---|---|
| С2К1 | **Текстан кийсакан маьIнах кхетар** | **Ба** |
| | Экзамен лучо нийса кхетам белла кийсакан чулацаман. Кхетам баларехь гIалаташ дац | 2 |
| | | 1 |

| | | |
|---|---|---|
| | Экзамен лучо нийса кхетам ца белла кийсакан чулацаман,<br>**йа**<br>экзамен лучо шиъ йа цул сов гӀалат далийтина текстан кийсакан чулацаман кхетам баларехь,<br>**йа**<br>экзамен лучун балха тӀехь кийсакан чулацаман кхетам балар дац | 0 |
| | | |
| | | 3 |
| | | 2 |
| | Экзамен лучо масал (-ш) – тӀечӀагӀдар (- ш) йешначу текстера ца далийна | 1 |
| | Экзамен лучо йалийначу кийсакан чулацамна кхетам луш долу цхьа а масал ца далийна,<br>**йа**<br>экзамен лучо масална-тӀечӀагӀдарна метта тӀедилларехь йолу цитата<br>**йа**<br>цуьнан дакъа далийна | |
| | | |
| | | 2 |
| | Экзамен лучо бинчу белхан мах хадабо маьӀнийн цхьаалло, схьадийцаран къамелан уьйро а, хьалха-тӀаьхьалло а,<br>**амма**<br>маьӀнин цхьа гӀалат далийтина<br>**йа**<br>балха тӀехь текст абзацашка йекъарехь цхьа гӀалат далийтина | 1 |
| | | 0 |
| | | |
| | | 2 |
| | | 1 |
| | Балха тӀехь текстан дӀахӀоттамехь шиъ йа цул сов гӀалат далийтина | 0 |
| **С2К1 – С2К4 критерешца сочиненин баллийн лаккхара барам** | | **9** |

**Тидам бе!**

Нагахь сочинени ма-йарра схьайазйина йа схьайийцина текст йелахь, оцу белхан С2К2 – С2К4 талларан критерешца **ноль баллаца** мах хадабо.



Йохка-эцаран Іалашонца копи йаккхар, дІасайаржор, пайдаэцар, авторийн йозанан бакъо йоцуш, магош дац

Экзамен лучо къамел нийсайаздаран а, фактически нийса хиларан а мах хадор ша къаьстина кхочушдо (6 таблица).

## 9.3 тIедилларан мах хадоран критереш

9.3 (сочинени-ойлайар) тIедилларан жоьпан мах хадабо хIокху критерешца

*5 таблица*

| № | Текстан анализца йогIучу темина йазйинчу сочиненин-ойлайаран (9.3) мах хадоран критереш | Ба |
|---|---|---|
| С3К1 | Дешан маьIнадар | |
| | | 2 |
| | Экзамен лучо (сочиненин муьлххачу а цхьана декъехь муьлххачу кепехь) билгалдаккхар далийна, **амма** комментари ца йина | 1 |
| | Экзамен лучо нийсадоцу | 0 |
| С3К2 | **Масал-тIечIагIдарш хилар** Экзамен лучо бинчу белхан мах хадабо маьIнийн цхьаалло, схьадийцаран хаало коммуникативни дагадарам, къамелан уьйро а, хьалха-тIаьхьалло а, Экзамен лучо далийна шиъ масал- **амма** | |
| | | 3 |
| | Экзамен лучо йешначу текстера цхьа масал-тIечIагIдар далийна | 2 |
| | Экзамен лучо дахарера масал (-ш)-тIечIагIдар (-ш) далийна | 1 |
| | Экзамен лучо цхьа а масал-тIечIагIдар ца далийна | 0 |
| С3К3 | **МаьIнийн цхьаалла, сочиненин къамелан уьйр а, хьалха-тIаьхьалла а** | |
| | Экзамен лучо бечу белхан мах хадабо маьIнийн цхьаалло, схьадийцаран къамелан уьйро а, хьалха-тIаьхьалло а:<br>– маьIнин гIалаташ дац, схьадийцаран хьалха-тIаьхьалла гал ца яьккхина;<br>– балха тIехь текст абзацашка екъар гал ца даьккхина | |
| | | |
| | | 0 |

| | | |
|---|---|---|
| **СЗК4** | **Белхан дIахIоттам** | |
| | Болх шен дIахIоттам нийса хиларца а, чекхбаларца а билгалболу, текстан дIахIоттамехь гIалаташ дац | 2 |
| | | 1 |
| | Балха тIехь текстан дIахIоттамехь шиъ йа цул сов гIалат далийтина | 0 |
| **СЗК1 – СЗК4 критерешца сочиненин баллийн лаккхара барам** | | **9** |

**Т**

**идам бе!**

Нагахь сочинени ма-йарра схьайазйина йа схьайийцина текст йелахь, оцу белхан СЗК1 – СЗК4 талларан критерешца **ноль баллаца** мах хадабо.

Экзамен лучун йозанан къамелан нийсайаздаран а, фактически нийса хиларан а мах хадор ша къаьстина кхочушдо (6 таблица)

*6 таблица*

| № | Экзамен лучо къамел нийса йаздаран а, фактически нийса хиларан а мах хадоран критереш | |
|---|---|---|
| **ГК1** | **Орфографически норманаш ларйар** 2 | **Ба** |
| | Орфографически гIалаташ дац, **я** 2-нал сов гIалат ца далийтина | 2 |
| | 3, 4 гIалат далийтина | 1 |
| | 5 **я** цул сов гIалат далийтина | 0 |
| **ГК2** | **Пунктуационни норманаш ларйар** | |
| | Пунктуационни гIалаташ дац, **йа** 3-нал сов гIалат ца далийтина | 2 |
| | 4, 5 гIалат далийтина | 1 |
| | 6 **йа** цул сов гIалат далийтина | 0 |
| **ГК3** | **Грамматически норманаш ларъяр** | |
| | Грамматически гIалат дац, **йа** 2 гIалат далийтина | 2 |
| | 3 гIалат далийтина | 1 |
| | 4 **йа** цул сов гIалат далийтина | 0 |
| **ГК4** | **Къамелан норманаш ларйар** | |
| | Къамелан гIалаташ дац, **йа** 3-нал сов гIалат ца далийтина | 2 |
| | 4, 5 гIалат далийтина | 1 |
| | 6 **йа** цул сов гIалат далийтина | 0 |
| **ФК1** | **Йозанан къамелан фактически нийса хилар** | |
| | Материал схьайийцарехь **йа** терминех кхетарехь а, йукъайалорехь а гIалат ца далийтина | |
| | | |
| | | |
| | | |

184

Нийсайаздаран мах хадорехь (ГК1 – ГК4) тидаме эца беза **жима йозанан белхан а, сочиненин а барам.**

6-чу таблицехь гайтинчу нормативех пайдаоьцу вовшахтоьхча 120 **йа** цул сов дешнийн барам болу **жима йозанан болх а, сочинени а** таллarexь, мах хадорехь.

Нагахь **сочиненин, жима йозанан белхан** вовшахтоьхна барам 50 – 119 дош хилахь, ГК1 – ГК4 хIора критерина 1 баллал сов ца хIоттайо.

ГК1 – 1 балл хIоттайо, нагахь орфографически гIалаташ дацахь **йа** 2 доккха доцу гIалат далийтинехь;

ГК2 – 1 балл хIоттайо, нагахь пунктуационни гIалаташ дацахь **йа** 3 доккха доцу гIалат далийтинехь;

ГК3 – 1 балл хIоттайо, нагахь грамматически гIалаташ дацахь **йа** 2 доккха доцу гIалат далийтинехь;

ГК4 – 1 балл хIоттайо, нагахь къамелан гIалаташ дацахь **йа** 3 доккха доцу гIалат далийтинехь.

Нагахь **жима йозанан белхан а, сочиненин а** барам 50 дашал лахара хилахь, цу тайпанчу белхан ГК1 – ГК4 критерешца ноль баллаца мах хадабо.

Нагахь дешархочо кхолларallин цхьа болх бен кхочуш ца бинехь (**йа** жима йозанан болх, йа сочинени), ГК1 – ГК4 критерешца мах хадор цу белхан бараме хьаьжжина хуьлу:

– нагахь белхан барам 120 дашал лахара бацахь, нийсайаздаран мах хадабо, 6-чу таблицех пайдаоьцуш;

– нагахь белхан барам 50 – 119 дош делахь, ГК1 – ГК4 хIора критерина 1 баллал сов ца хIоттайо (хьажа лакхахь);

– нагахь белхан барам 50 дашал лахара белахь, цу тайпанчу белхан ГК1 – ГК4 критерешца ноль баллаца мах хадабо.

Экзамен лучо берриге а экзаменационни болх кхочушбарна хила йиш йолчу **баллийн лаккхара барам-31**

Коьрта йукъарчу дешаран программашца йолу Пачхьалкхан жамIдаран аттестаци дIайахьаран Бакъонца догIу (*Нохчийн Республикин дешаран а, Iилманан а Министерствон 2014-чу шеран ноябрь беттан 26-чу дийнан № 1181-п омра).*

Экзаменационни белхаш шина эксперто толлу. Эксперташа экзаменационни белхан хIора тIедилларна йогIуш йолу балл хIоттайо. Нагахь санна цу шина эксперто хIиттийна баллаш цхьаьнайогIуш ца хилахь, и болх кхоалгIачу эксперто толлу. Дешаран предметаца йогIуш йолчу мах хадоран критерешкахь билгалдина ду баллийн цхьаьнацадар.

Предметни комиссин председателo кхоалгIа талламхо (эксперт) хIоттаво хьалха и белхаш толлуш цахиллачарех.

Хьалха теллинчу белхийн мах хадоран баллийн информаци кхоалгIачу талламхочуьнга (эксперте) дIало.

КхоалгӀачу талламхочо (эксперто) хӀиттийна баллаш тӀаьххьара йу.

Ладам боллуш лору шина талламхочо 1, 9-гӀий тӀедахкарш кхочушдарехь хӀиттийначу баллийн барам **10** а, цул сов а цхьаьнацабар нислахь (хӀора эксперто тӀедахкарийн мах хадоран массо позицешца (критереш- ца) хӀиттийна баллаш вовшахтуху: ХЖК1 – ХЖК3, С1К1 – С1К4, С2К1 – С2К4, С3К1 – С3К4, ГК1 – ГК4, ФК1).

*И тайпа хьал нислахь, кхоалгӀачу талламхочо (эксперто) мах хадоран йерриге а позицешца*

*1, 9-чуй тӀедахкаршна йуха а таллам бо.*

### Экзаменационни болх кхочушбаран мах хадабо 5 баллан тӀегӀанца (шкала)

**«2»** дуьллу, нагахь дешархочо ша бинчу экзаменационни белхан массо а декъана **11** баллал **(0 – 11)** сов ца йаьккхинехь.

**«3»** дуьллу, нагахь дешархочо ша бинчу экзаменационни белхан массо а декъана **12** баллал кӀезиг а, **19** баллал дукха а йоцуш **(12 – 19)** баллаш йаьхнехь.

**«4»** дуьллу, нагахь дешархочо ша бинчу экзаменационни белхан массо а декъана **20** баллал кӀезиг а, **26** баллал дукха а йоцуш **(20 – 26)** баллаш йаьхнехь. Цу тӀе, дешархо декхарийлахь ву нийсайаздарна (ГК1 – ГК4 критерешца) **4** балл йаккха. Нагахь ГК1 – ГК4 критерешца дешархочо **4** баллал кӀезиг йаьккхинехь, тӀаккха **«3»** дуьллу.

**«5»** дуьллу, нагахь дешархочо ша бинчу экзаменационни белхан массо а декъана **27** баллал кӀезиг а, **31** баллал дукха а йоцуш **(27 – 31)** баллаш йаьхнехь. Цу тӀе, дешархо декхарийлахь ву нийсайаздарна (ГК1 – ГК4 критерешца) **6** балл йаккха. Нагахь ГК1 – ГК4 критерешца дешархочо **6** баллал кӀезиг йаьккхинехь, тӀаккха **«4»** дуьллу.



## ЖИМА ЛИНГВИСТИЧЕСКИ ДОШАМ

**Аллегори** – исбаьхьаллин произведенин йукъара маьӀна билггал долу васт кхолларца, къеггина гуш долчу хӀуманехула гучудаккхар. Къаьсттана билгалйолу аллегори туьйранашкахь, туьйра – кицанашкахь.
Кхузахь, дукхахьолахь, адамийн амалш дийнатийн, акхаройн васташкахула билгалйоху: сай – оьздангалла, зингат – къинхьегам, ча – ницкъ, ондалла, цхьогал – хӀилла, пхьагал – стешхалла гойтуш хуьлу.

**Антитеза** – исбаьхьаллин произведенехь дуьхь-дуьхьал маьӀна долу хӀуманаш цхьаьнадалорца къеггина долу васт кхоллар.

**Антоним** – вовшийн дуьхьал маьӀна долу дешнаш: серло – бода, йовхо – шело, стигал – латта, йахь – хьагӀ.

**Архаизм** – хӀинца лелаш доцу, маттана йуккъера дӀадаьлла, ширделла дош. Баттам – жима кӀудал, буьйр – приказ, валти – аганан жима гоь.

**Гипербола** – исбаьхьаллин васт хӀотторца хӀума тӀех доккха гайтар. Исбаьхьаллин произведенехь гипербола йалорца автора йоьшуш волчун ойла ша гойтуш долчунна тӀехь

сацайо иза айарца, чIагIдарца йа йемалдеш лахдарца.

**Дустар** – исбаьхьаллин кепехь цхьа хIума йа гIуллакх кхечуьнгахула билгалдаккхар, шех тера долчу кхечух дустуш гайтар.

**Инверси** – грамматикин бакъонца йогIуш йолу дешнийн раж поэтически къамелехь хийцар.

**Клишé** – къамелан кеп, йукъадаьржина алар.

**Метоними** – поэтически къамелехь цхьа хIума йа хилам вайн кхетамехь даима а цаьрца йогIуш йолчу кхечу хIуманехула я хиламехула билгалбар.

**Метафора** – исбаьхьаллин сурт хIоттош цхьа хIума шех тера долчу кхечу хIуманехула билгалдаккхар, шен ма-даррачу маьIнехь а доцуш, кхечу маьIнехь дош далош хIума йа гIуллакх гайтар.

**Неологизм** – керлачу хIуманан йа керлачу кхетаман цIе йаккха, маттахь долуш долчу дешнех тоам ца хилча,йукъадолу дош.

**Омоним** – йаздар а, алар а цхьаъ а долуш, маьIна тайп-тайпана долу дешнаш. Ча (экха), ча (кIа оруш кенаш схьаэцначул тIаьхьа схьадоккхург), хьайба (бежана), хьайба (стом), мохь (чIогIа аьлларг), мохь (адамийн а, дийнатийн а кийрахь хуьлуш йолу).

**Олицетворени** – исбаьхьаллин сурт хIоттош, Iаламера муьлхха а хIума, адаман хьесапе дерзийна, синхаамаш а, кхетам а болуш санна гайтар.

**Риторически тIедерзар** – поэтически произведенехь тIедерзаран кепехь дог-ойла билгалйаккхар.

**Риторически хаттар** – поэтически произведенехь хIума чIагIдаран маьIнехь далийна хаттар. Нохчийн барта кхоллараллехь ду цхьа шатайпа, кицанех тера а долуш, деккъа шаьш лелаш риторически хаттарш. Масала: Вай массо а элий хилча, аттана цIов хьан буьллур бу? Ас хIун до кху дагах, доккхадеш ца хилча?

**Синоним** – шен дӀаалар а, яздар а тайп-тайпана а долуш, маьӀна кхечу дешан маьӀнина герга долу дош. БӀаьрмециг – сутара – саьхьара; маса – чехка – сиха.

**Тема** – шех цхьа маьӀна даккхархьама исбаьхьаллин произведени тӀехь йаздархочо гойтуш дерг.

**Фразеологизм** – къамелехь карлабуьйлуш олуш болу карчам, шена чудогӀучу дешнаша гойтуш дерг цхьа маьӀна долуш, маьӀнин агӀонгахьара дешнашца цхьаьнабогӀуш. Фразеологизмана йукъадогӀучу дешнийн маьӀнаш вовшех дозуш, «лацаделла» хуьлу, дуккхахьолахь, хӀора дош ша схьаэцча, йа шен къаьстина маьӀна дан а доцуш, йа кхин долуш: бӀаьрг тоха; бӀаьрг буза; цӀом а оллийна; стиглара седа баккха; ког хецца; шал шера; кхаж бала; тидамехь латто; йист йаккха.

Фразеологизмаш, шайн дешнийн хӀоттам хийца а ца хуьйцуш, йукъайоьлху къамелана, ткъа наггахь нислуш долу церан дешнийн хӀоттам хийцар цхьана стилистически Ӏалашонца доьзна хуьлу. Масала, ког тоьхча, хи а доккхур долуш…

**Эпитет** – цхьана хӀуманан йа хиламан шатайпана васт, сурт хӀоттош, цуьнан билгало гойтуш лелош долу дош йа карчам, дуккхахьолахь, цӀердешнийн къастамаш а, хандешнийн, причастийн, деепричастийн латтамаш а санна нислуш болу. Эпитетийн гӀуллакхехь, дуккхахьолахь, тӀедеъначу маьӀнин дешнаш хуьлу: дашо (маьлхан) зӀаьнарш; кийра кхераме ша биллина; бамбин аренаш; кхехка дог; карзахе тийналла; мархаш йеза дӀасатекха; къора мохь бетта. Эпитетех шуьйра пайдаоьцу исбаьхьаллин литературехь, иза суртхӀотторан гӀирсашна йукъахь коьртачех гӀирс бу. Нохчийн фольклорехь, къаьсттана иллешкахь, эпитеташа йоккха меттиг дӀалоцу кхечу суртхӀотторан гӀирсашна юкъахь: кхузахь уьш шатайпана хаза а, вуьшта къамелехь хуьлуш доцу дустарш деш хуьлу.

# ТАЛЛАМАН ЛАРАРАН КОЬЧАЛИЙН ХЬАЛХАРЧУ ДЕКЪАН ТІЕДАХКАРИЙН ЖОЬПАШ

**1. Оьзда мотт (ТЛК №1, 2, 3)**

1. Дайн орамашкара дуьйна схьадогІуш цхьа гІиллакх ду вайн – стаг верг а, стаг воцург а шен дашца къастош.

2. Далла а, нахана а гергахь деза, сийлахь ду адамо шен меттан доладар йа багах схьа мел долучу дешан оьздангалла ларйар.

3. Оьзда мотт бийца стаг шен бераллехь дуьйна Іама веза, баккхийчаьрга ла а дугІуш, цаьргара масал а оьцуш.

4. Оьзда мотт – иза вайх хІораннан сица, кхетамца хила догІу жовхІар ду.

5. Цо гІо до оьзда боцчу нехан лаамна кІел ца воьдуш, цунах ларвала а, шен дахаран новкъахь цІена чекхвала а.

**2. Къинхетам (ТЛК №4, 5, 6)**

1. ХІара дерриге а дуьне ду Делан къинхетамах дуьзна.

2. Дала, къинхетам беш, адамна делла бІаьрса а, лерса а, баккха ког а, кховдо куьг а, ойлайан хьекъал а.

3. Вовшашца а, гонахьарчу Іаламца а къинхетаме хилар а тІедиллина вайна.

4. Къинхетам гучуболу хьан комаьршаллица, хьайн долчух кхечунна дакъа дан хьо кийча хиларца.

5. Ахь хьайна дитинарг, ахь айхьа пайда а эцна, дІадер ду.

**3. Вайнехан доьзал (ТЛК №7, 8, 9)**

1. Халкъан уггаре доккха хьал хІора доьзал сица а, дегІаца а могаш хилар ду.

2. Нохчийн къам шена тІехІиттинчу халонех чекхдалар вайнехан доьзалан чІогІаллех доьзна дара.

3. Хьалха заманахь берана дуьненах болу кхетам дас-нанас, йижарша, вежарша луш хилла.

4. Вайнехан доьзалехь бераш, коьрта долчунна, нанас кхетош-кхиош хилла, ткъа дас оцу гІуллакхехь ненехула дакъалоцуш хилла.

5. Иштташу доьзалшкахь ийман а, беркат а лаьттина. Цара шайн къоман йуьхь а, сий а лардина.

**4. Оьзда кІант (ТЛК №10, 11, 12)**

1. Гонахара дерриг Іалам а шен дуьхьа кхолладелла хеташ вара исс шо кхаьчна Іела.

2. Цу Іаламца санна, берашца уьйр-марзо а, балхаца шовкъ а чІогІа йара цуьнан.

3. Шен ненера пурба доцуш, цхьана а метте ца воьдура кІант.

4. Ков-кертахь гІуллакх деш, нанна гІо дора цо.

5. Ша тидам болуш а, болх безаш а хиларе терра, уьстагІий Іалашдаран, уьш дажоран говзалла дика карайерзийнера Іелас.

**5. Бабин тlорказ (ТЛК №13, 14, 15)**

1. Цхьана хазачу бIаьстенан дийнахь Шовда денана йолчу йаханера, жимма цуьнца марзо эца.
2. Бабина Шовдас чу нуй, горгам хьокхура, пхьегIаш йуьлура, уьйтIе а цIанйора.
3. Шен даг тIе гилгаш дохуш санна, хетара йоIана, бабас шен куьйган кераюкъахь масех шекаран бIелиг кховдийча.
4. Шовдина даима а хазахетара бабин тIорказ.
5. ЙоIана моьттура, бабин массо а къайле цу чохь лачкъийна йу.

**6. Дуьххьарлера хьехархо (ТЛК №16, 17, 18)**

1. Суна диц ца ло со школе йахана де а, сайн дуьххьарлерчу хьехархочун сурт а.
2. Тхуна Белител дагна хьоме адам дацара.
3. Тхо дерриш цунах тардала гIертара.
4. Тхуна йукъахь тасаделла доттагIалла, милла а хьоьгур волуш, довха, безаме дара.
5. Муьлхха хаттар шега даларх, эсала йела а къежаш, нийса жоп лора цо.

**7. Фермера дахар (ТЛК №19, 20, 21)**

1. Колхозо йуьртана гена йоцуш, тогIи чу хи а хецна, бедийн ферма йиллира.
2. Бедаш Iалашъян тIейиллинчу кхаа белхалочо шен хенахь хIоъ а тосура бедашна, бIаьргъIуналла а дора.
3. Буьйсанна бедаш чуйерзо бIаьлланган серий а дуцуш, эрз тIе а тухуш, йина баннаш йара.
4. Iомана гонаха луьстта коьллаш хилар бахьана долуш, йуьстахйаьлла бад лаца боккха аьтто бара чагIалкхийн а, цхьогалийн а.
5. Хехочух ларлуш, кондаршна кIелахь дIа а лечкъий, гIа меттах ца хьадеш, бедашна къайлаха тебара уьш.

**8. Деган йовхо (ТЛК №22, 23, 24)**

1. Адаман син хазалла дикаллех йозуш йу.
2. Дика синхаамаш шайн орамашца бераллера схьабогIуш хила беза.
3. Кхетош-кхиорехь уггаре халаниг ду синхааме а, къинхетаме а хила Iамор.
4. Нагахь бер адамашца хуьлуш дерг бен ца хеташ, дог ца лозуш кхиахь, цунах цкъа а хир дац бакъдолу адам.
5. Адамна уггаре богIуш болу цхьаъ бен боцу некъ – иза диканан некъаца вар ду.

**9. Хьалхара гIулч (ТЛК №25, 26, 27)**

1. ТIаьххьарчу дешаран шарахь охашимма дукха ойланаш йора, дахаран муьлхачу нов-къа гIуо-техьа вайша бохуш.
2. Дог-ойла школана тIехь сецарна, тхойшинна лаьара, хьехархо а хилла, школе вуха-верза.
3. Итт класс чекхйоккхуш ткъаткъа шо хенаш а йолуш, кхин дIа а доьшуш лела воккха хиларна, хьехархочун говзалла Iамо аьтто бацара тхойшиннан.
4. Аттестаташ каракхаьчначу буса хазахетаро а, шолгIачу дийнахь дахаре дуьххьара таса йезачу гIулчо а йайинера наб.
5. И хьалхара гIулч тесира охашимма тракторна тIаьхьа тийсинчу нахаршца йалтийн аренаш охуш.

**10. Вежарийн гӀиллакх (ТЛК №28, 29, 30)**

1. Ша валале шина кӀантана зударий бало а, и шиъ боввавьккхина охьахао а кхиъна да.

2. Шина вашас тесна ца вуьту шайн жимахволу ваша.

3. Вовшашка олуш, дуьйцуш хӀума доцуш, вовшашца къинхетаме бара вежарий.

4. Церан йукъаметтиг иштта мерза, аьхна хиларна, Дала царна шаьш лелочух беркат дора.

5. Шайн жимахволчу вешина дикачу цӀентӀера зуда а йалийна, лулахой, йуьртахой хьоьгуш, вехара кхо ваша.

## ТАЛЛАМАН ЛАРАРАН КОЬЧАЛИЙН ШОЛГІАЧУ ДЕКЪАН ТІЕДАХКАРИЙН ЖОЬПАШ

**ТЛК №1** – 2) 4; 3) 2347; 4) корех; 5) 2; 6) 4; 7) 3; 8) валар.

**ТЛК №2** – 2) 2; 3) 13467; 4) сан жима олхазар; 5) 4; 6) 3; 7) 2; 8) пекъар.

**ТЛК №3** – 2) 2; 3) 1346; 4) экханан; 5) 4; 6) 1; 7) 4; 8) нилха.

**ТЛК №4** – 2) 1; 3) 23679; 4) тхан турпал; 5) 4; 6) 2; 7) 2; 8) накъост.

**ТЛК №5** – 2) 1; 3) 246; 4) атта; 5) 3; 6) 1; 7) 3; 8) харцдан.

**ТЛК №6** – 2) 2; 3) 2357; 4) кийрахь; 5) 3; 6) 3; 7) 4; 8) накъостий.

**ТЛК №7** – 2) 4; 3) 135; 4) шеко йоццуш; 5) 2; 6) 3; 7) 2; 8) накъосталла.

**ТЛК №8** – 2) 1; 3) 235; 4) хетарехь; 5) 1; 6) 3; 7) 2; 8) даима.

**ТЛК №9** – 2) 3; 3) 256; 4) воккха; 5) 1; 6) 3; 7) 2; 8) къена.

**ТЛК №10** – 2) 3; 3) 23489; 4) сирлачу; 5) 3; 6) 4; 7) 2; 8) жима.

**ТЛК №11** – 2) 4; 3) 24569; 4) Даймохк; 5) 2; 6) 3; 7) 2; 8) къамелашка.

**ТЛК №12** – 2) 2; 3) 246; 4) мелхо а; 5) 3; 6) 3; 7) 1; 8) хьарам.

**ТЛК №13** – 2) 2; 3) 1456; 4) месаш; 5) 2; 6) 4; 7) 2; 8) бепиг йа хьокхам.

**ТЛК №14** – 2) 4; 3) 13578; 4) йоккха стаг; 5) 2; 6) 4; 7) 1; 8) йуьртах.

**ТЛК №15** – 2) 4; 3) 13567; 4) пхьоьханара; 5) 3; 6) 1; 7) 2; 8) хьарам.

**ТЛК №16** – 2) 4; 3) 2367; 4) произведенеш; 5) 2; 6) 3; 7) 3; 8) геннара < йа > генара

**ТЛК №17** – 2) 2; 3) 12356; 4) мелхо а; 5) 1; 6) 2; 7) 2; 8) сиха йа маса.

**ТЛК №18** – 2) 3; 3) 35 < йа > 53; 4) воккха стаг; 5) 2; 6) 3; 7) 2; 8) хабар.

**ТЛК №19** – 2) 3; 3) 23 < йа > 32; 4) бертахь; 5) 1; 6) 4; 7) 2; 8) йуьртана.

**ТЛК №20** – 2) 3; 3) 12347; 4) оьздангаллехь; 5) 1; 6) 4; 7) 3; 8) накъост.

**ТЛК №21** – 2) 1; 3) 26 < йа > 62; 4) къеначу; 5) 2; 6) 3; 7) 3; 8) жимачу.

**ТЛК №22** – 2) 4; 3) 345; 4) цул сов; 5) 3; 6) 3; 7) 1; 8) хан.

**ТЛК №23** – 2) 1; 3) 1345; 4) меттиг; 5) 3; 6) 3; 7) 1; 8) сих-сиха.

**ТЛК №24** – 2) 1; 3) 236; 4) сан ирсана; 5) 1; 6) 3; 7) 2; 8) хаза йа исбаьхьа.

**ТЛК №25** – 2) 4; 3) 124; 4) хетарехь; 5) 1; 6) 3; 7) 4; 8) хазахеташ.

**ТЛК №26** – 2) 3; 3) 256; 4) цхьогалан; 5) 2; 6) 2; 7) 2; 8) дарба.

**ТЛК №27** – 2) 2; 3) 12346; 4) декхарш; 5) 1; 6) 2; 7) 4; 8) харцо.

**ТЛК №28** – 2) 2; 3) 3456; 4) безамна; 5) 2; 6) 2; 7) 2; 8) аркъал.

**ТЛК №29** – 2) 1; 3) 1456; 4) некъаца; 5) 1; 6) 3; 7) 1; 8) ирча.

**ТЛК №30** – 2) 1; 3) 267; 4) дегнашкахь; 5) 2; 6) 2; 7) 3; 8) хьанал.

# ПАЙДАЭЦНА ЛИТЕРАТУРА

1. Байсултанов Д.Б., Байсултанов Д.Б. Чечено-русский фразеологический словарь. Грозный: Книга, 1992. – 320с.

2. Исмаилов А.Т. «Дош». Элиста: ЗАО «НПП «Джангар», 2009. – 800 с.

3. Джамалханов З.Д. Орфографически словарь. Нохчийн меттан нийсайаздаран дошам. – Соьлжа-ГIала: ГУП «Книжни издательство», 2009. – 304 агIо.

4. Арсанукаев А.М. Словарь литературоведческих терминов. – Грозный: ГУ «Институт развития образования ЧР», 2010. – 304 с.

5. Мациев А.Г. Чеченско-русский словарь. – Москва. «Государственное издательство иностранных и национальных словарей», 1961. – 630 с.

6. Эсхаджиев Я.У. Йуккъерчу школехь нохчийн меттан орфографи а, пунктуаци а Iамор. Хьехархочунна гIоьнна. 5-11 кл. – Грозный: Издательство «Арфа-пресс», 2010.– 220 агIо.

7. Тимаев В.Д. ХIинцалера нохчийн мотт. – ГУП «ИПК «Грозненский рабочий», 2007. – 416 агIо.

8. Халидов А.И. Словарь лингвистических терминов чеченского языка. /А.И. Халидов. – Грозный: ГУП «Книжное издательство», 2012. – 448 с.

9. Гостева Ю.Н. ОГЭ (ГИА-9) 2015. Русский язык. 9 класс. Основной государственный экзамен. 50 вариантов типовых тестовых заданий /Гостева Ю.Н., Васильевых И.П., Егорова Г.Т. – М.: Издательство «Экзамен», 2015. – 239, [1] с.

10. Русский язык. 9-й класс. Подготовка к ОГЭ – 2015. Тренировочные варианты по новой демоверсии на 2015 год: учебно-методическое пособие /Под ред. Сениной Н.А.. – Ростов н/Д: Легион, 2014. – 375 с. – (ГИА-9).

11. ОГЭ-2020. Русский язык: типовые экзаменационные варианты: 36 вариантов/ под ред. Цыбулько И. П. – М.: Национальное образование, 2019 – С. 12-15, 23-24, 41-42.

12. Материалы для 9 класса «32 ступени к успеху» – практико-ориентированный проект. (http://32stupeni.univer.omsk.su/).